# ІУЭРЫІУАТЭ ТХЫГЪЭ КЪЫХЭХАХЭР

*Тхылъыр зыгъэхьэзырар*

*ТІЫМЫЖЬ Хьэмыщэщ*

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
2004

Р е ц е н з е н т х э р:

*ШащIэ Къ. Хь.*, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор,
Адыгей къэрал университетым и профессор,
ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик;

*Къуныжь М. Ш.*, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат,
Адыгей къэрал университетым и профессор,
ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик

**Мир** мухаджиров: Сборник/Сост.: Х. Т. Тимижев.
М Нальчик: Эльбрус, 2004. – 252 с.

Сборник составили произведения устно-поэтического творчества адыгов, проживающих в странах Ближнего Востока и Турции, а также лучшие рассказы, пьесы, стихи, отрывки из повестей и романов писателей черкесского зарубежья.

**М $\frac{4702240600\text{-}024}{М\ 125(03)\text{-}2004}$ 2004**

ISBN 5-7680-1978-2

© «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 2004 гъ.

*Зыгуэр уэ фIыуэ плъагъумэ е фIыуэ умылъагъумэ,*
*Зыгуэрым уигъэпIейтеймэ е гупсэхугъуэ къуитмэ,*
*Зыгуэрым уигъэдыхьэшхмэ е уигъагъмэ –*
*Абы щыгъуэ уэ уцIыхущ.*

**КъурIэн**

## ТХЫЛЪЫР ЗЭХЭЗЫЛЪХЬАМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Ныбжьэгъу лъапIэхэ, тхылъитIу зэхэтщ мы лэжьыгъэр. Фи пащхьэ итлъхьэ япэ тхылъым хыхьащ хамэ хэгъуэгухэм щыпсэу адыгэхэм я IуэрыIуатэм щыщу зэхуэтхьэсыжахэмрэ абыхэм къахэкIа тхакIуэхэм я тхыгъэ къыхэхахэмрэ. ЕтIуанэм итынущ хамэщI къыщыхъуа ди лъэпкъэгъу тхакIуэхэмрэ абыхэм я Iэдакъэ-щIэкIхэмрэ теухуа очеркхэр. Ари мыгувэу къыдэкIыну дыщогугъ.

ГурыIуэгъуэщ мыбы жыжьэуи къыщызэщIэкъуа зэрымыхъуар, щхьэусыгъуэ пыухыкIахэм къыхэкIыу, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум адыгэ диаспорэр къызэрыщыунэхурэ абы и художественнэ зэхэщIыкIым къигъэщIа псори. Мы тхылъым нэхъыбэу ихуахэр тыркубзэм, хьэрыпыбзэм,инджылыбзэм къитхыу къэбэрдей адыгэбзэм къидгъэзэгъа тхыгъэхэрщ.

Абыхэм хохьэ Тыркум, Сирием, Иорданием, Мысырым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр. Дэ къыхэтхахэр хамэ цIыхухэмрэ хабзэхэмрэ къаухъуреихь хэхэс тхакIуэхэм я тхыгъэу адыгэ лъэпкъым и псэ къабзагъэмрэ и хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэхэмрэ щыхъумахэрщ.

Куэдрэ щызэхэтх щыIэщ лъэпкъ литературэр щылъапIэри, ар ууей щыхъури уи бзэкIэ щытхам дежщ, жаIэу. НэхъыфIт апхуэдэу щытамэ, ауэ езыхэм я къуаншагъэ зыхэмылъ щхьэусыгъуэкIэ хамэбзэкIэ тхэхэри мащIэкъым. ЦIыхум ишхынрэ ирифынрэ игъуэт къудейкIэ зэфIэкIыркъым. Ерыскъы, псы зэрыхуейм хуэдэ дыдэу ар хуэныкъуэщ псалъи – и гум, и псэм щыхъэхэр кърыриIуэтэну.

Хамэ щIыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу тхакIуэхэм сыт нэхъри нэхъ къащтэнт ди бзэкIэ къыдэпсэлъэну. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ хъуауэ зыхэс лъэпкъхэм я бзэр, я псэукIэ-щыIэкIэр къатекIуащ, сыт хуэдизу емыныкъуэкъуами. Ар узытемыкIуэну гъащIэ хабзэ гущIэгъуншэщ. Адыгэхэм хэкIэсауэ фIэкI тхыбзэ зэрызэдмыгъэпэщыфами и зэран къыдэкIыжащ. Ауэ хэхэсхэм я бзэр яфIэкIуэдами, я адыгэпсэр яхъумэжащ. Къахуэнэжращи, яIурылъ хъуа хамэбзэр адыгэпсэкIэ япсыхьурэ, абыкIэ къыдопсалъэхэр.

Лъэпкъыпсэм къыпкърыкI защIэщ мы тхылъым ихуа тхыгъэхэр. АдыгэбзэкIэ тхакъым жыпIэу, ахэр Iумпэм пщIыныр

щыуагъэ ину сэ къызолъытэ. Зи ныбжьыр илъэс минкIэрэ къабж хьэрып, тырку, къэжэр, инджылыз литературэ къулейхэр абыхэм хуэныкъуэкъым. А бзэхэмкIэ хэхэс адыгэхэм ятхахэр ткIуэпс закъуэщ а литературэ тенджызхэм я дежкIэ. А тхыгъэхэм хуэныкъуэри зыхуэщхьэпэнури дэращ. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ ипэкIэ псэуа ди лъэпкъэгъухэр зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтейуэ щытахэр, я художественнэ дуней еплъыкIэр, я гупсысэм и къэухьыр зыхуэдэр нобэ къыдэзыгъэщIэжыр Йиас аль-Хьэнэфи, Юсуф аль-Макдиси, Сами аль-Баруди, Мыдхьэт Ахьмэд, Джарым Алий, Омер Сейфеддин сымэ хуэдэхэм къытхуагъэна тхыгъэ гъуэзэджэхэрщ. НтIэ, а цIыху щэджащэхэм я IэдакъэщIэкIхэр адыгэбзэкъым зэрытхар жыпIэу, дауэ зэрыIубгъэкIуэтынур?..

Адыгэ тхакIуэу щыIэу хъуам – хэт дэнэ щIыпIэ щыпсэуми, сыт хуэдэбзэкIэ тхэми – я тхыгъэхэм мащIэ-куэдми лъэпкъ Iуэрыiуатэм ижь къыщIимыхуу къанэркъым. «Къэбэрдей-шэрджэс литературэ», «адыгей литературэ», «нэгъуэщI къэрал адыгэ литературэ» жыхуэтIэхэр шхэпсым хуэдэу зэрызыгъэубыдыжри аращ. ЩIэджыкIакIуэхэм гу лъатэнщ тхыгъэхэр тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ тхэ ди лъэпкъэгъухэм къагъэщIами, ахэр зы лъабжьэм зэрытетым, зы фащэ зэращыгъым. Абы и щхьэусыгъуэр тхыгъэ псоми тыншу къыпхухэгъэщхьэхукI лъэпкъ гупсысэр зэрыщытепщэрщ.

«Шы пщIэгъуалэ утесмэ, и цым щыщи къыпкIэрыпщIэнщ», жаIэ игъащIэми адыгэхэм. Апхуэдиз илъэскIэ уащыхэскIэ, уащыдэпсэукIэ, гъэщIэгъуэнкъым абыхэм я щэн гуэрхэр къапщтэкIэ. Апхуэдэу я тхыгъэхэм дызыщрихьэлIэхэри, езы тхакIуэхэм я хъэтIри зэрыдмыгъэкIуэдыным дыхуэсакъащ я лэжьыгъэхэр щызэддзэкIым щыгъуэ. Язынықъуэхэм деж усэ тхыкIэм и хабзэхэм дакъыщытекIи къэхъуащ, усакIуэм и жыIэкIэр, и гупсысэкIэр зэхъуэкIа хъууэ къытфIэщIмэ. Ди гугъэщ апхуэдэу щIэтщIар ди щIэджыкIакIуэхэм къагурыIуэну. Нобэ къэбэрдей-шэрджэс, адыгей литературэхэр здынэса лъагапIэхэм утету адыгэбзэкIэ тхэуэ езыгъэжьа къудей хэхэс усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр шыбзэм щIэбгъэкI хъунукъым. Иужьрей илъэс зыбгъупщIырщ ар псыIэрышэ цIыкIуу щежьари… япэщIыкIэ дыщывгъэгуфIыкI.

ЗэрыжысIауэ, мы тхылъыр си щхьэ закъуэ лэжьыгъэу щыткъым. Абы ит хъыбархэр, гъыбзэхэр, псалъэжьхэр зэхуэхьэсынымкIэ, художественнэ тхыгъэхэр зэдзэкIынымкIэ, усэхэр зэгъэзэхуэжынымкIэ къыздэIэпыкъуащ Тыркум къикIыжа си ныбжьэгъуфIхэу Едыдж Нихай, Инэмыкъуэ Мулид, МэшхуэфI Нэждэт, Едыдж Батрай, Хъуажь Фахърий, Сирием къиIэпхъукIыжахэу Къалмыкъ Аднан, Дыгъужь ФуIэд, Уджыхъухэ Азизрэ Iилъхьэмрэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, усакIуэхэу Мыкъуэжь Анатолэ, Брай Адэлбий, ПщыукI Латмир сымэ. ФIыгъуэу щыIэ псомкIи сахуохъуахъуэ абыхэм.

Апхуэдэу фIыщIэ лей яхузощI тхылъым и рецензентхэм – Адыгей къэрал университетым и профессорхэу, ЩIэныгъэхэм я Дунейпсо Адыгэ Академием и академикхэу ШащIэ Къэзбэчрэ Къуныжь Мухьэмэдрэ.

Мыри дыщIызгъуэжынут. ПщIэ е фейдэ къызыпэкIуэ лэжьыгъэу мыпхуэдэхэр зэрыщымытыр сэри къызгуроIуэ, гугъуехь куэд пыщIами. Уеблэмэ мыбы и ужь сызэритыр зыщIэхэм мызэ-мытIэу къызаIуэкIащ, си къэрури зэманри пщIэншэу сымыгъэкIуэду, си щхьэм къыхуэщхьэпэжын гуэр стхамэ, зэрынэхъыфIыр. Уи щхьэ закъуэм Iуэхур тепщIыхьмэ – аращ, ауэ лъэпкъым имыIэм, нобэ ар зыхуэныкъуэм уегупсысмэ...

Илъэс зыбгъупщI ипэкIэ республикэр гуэшыным, лъэпкъхэм щхьэхуэ защIыным теухуа псалъэмакъым зэщIигъэплъауэ хасэр екIуэкIырт. Зэдауэ купщIэншэхэм ирагъэша цIыхухэм зы щIалэжь къахэтэджыкIри лIыщхьэхэр здэщысымкIэ зигъэзащ: «Ей, гъуэгу махуэрэ, – жиIащ абы, – ди щхьэр вгъэунэзащ хасэр езыгъэкIуэкIынум фризэдауэурэ! Ди лъэпкъым и Iуэху дэкIын щхьэкIэ, тщIэн хуейр къыджефIи, дызэбгрывгъэкIыж!»

Пэжщ, узэдауэу узэхэскIэ лъэпкъ Iуэхури дэкIынукъым, нэхъыфIуи псэуа ухъунукъым. Ауэ сэ си жагъуэ хъур «лъэпкъ гупсысэ, лъэпкъ дуней еплъыкIэ щхьэхуэ» жыхуэтIэхэр дэнэ къэна, я акъылрэ я зэхэщIыкIкIэ езыхэм я унафэ ямыщIыжыфу ди цIыхухэр къызэрагъанэрщ. Системэ зэхуэмыдэхэм зэкIэщIэчауэ игъэпсэуа адыгэхэм я гупсысэ ужьыгуар тыншкъым а зрагъэтIысхьа къупхъэхэм къиишыжыныр, зэуIу щIыжыныр. Зыми жиIэфынкъым ар къалэн цIыкIуу. Ауэ, итIани, ар зыгуэрым къыщIидзэн хуейкъэ? А гупсысэрщ сэ мы лэжьыгъэм сезышэлIар.

Лъэпкъым и Iуэху дигъэкIыну и ужь ит дэтхэнэри зыхущIэкъун хуейр, сэ сызэреплъымкIэ, нобэ зыхуэIэижьыр абы хуищIэнырщ, армыхъумэ ищхьэкIэ къикIыну унафэм ежьэу щысыныркъым. ГурыIуэгъуэщ, лъэпкъым зиужьын щхьэкIэ, абы иIэн хуейщ къэралыгъуэрэ ар зыгъэбелджылы къэрал фащэхэмрэ. Ар политикэщ. Ауэ нэхъ цIыкIукъым узыпэрыт IэнатIэм зегъэубгъуным, уи IэрыкIыр фIы дыдэу щIыным, абыхэм лъэпкъ плъыфэ етыным я мыхьэнэри. Апхуэдэхэр – нэгъуэщIхэм щапхъэ зытраххэр – и лъэпкъым хуэлажьэу аращ. Псалъэм и хьэтыркIэ, ухуакIуэм унэ ищIрэ е дакIуэм щыгъын идрэ – къырырагъэсэбэп лъэпкъ нэщэнэхэр; пщафIэм ипщэфIхэм хрырелъхьэ адыгэ шхынхэлъхьэхэри, къыддекIуэкI фIэщыгъэцIэ шхыныгъуэм фIырещыж; лэжьапIэщIэ къызэIузыхыр абы зэреджэнур хамэбзэхэм къыщимылъыхъуэу ирыреIэбэ лъэпкъыпсэр зэрылъ ди псалъэ кIадэм. Политикри, щIэныгъэлIри, щэнхабзэм и лэжьакIуэри, тхакIуэри, егъэджакIуэри ... аращ.

Апхуэдэущ сэ мы Iуэхум сызэрыбгъэдыхьэр: адэ-мыдэкIэ щикъухьа лъэпкъ гупсысэр къэсщыпыжыфыну Тхьэм зэфIэкI нобэ къыщызитакIэ, ар нэгъуэщIым хуезгъэкIуэтэкI е къыхуэзгъанэ

хъунукъым. Абы щыгъуэ зи дуней сыхэтым, зи псэ схэлъым, зи бзэ сIурылъым сепцIыжу аращ. Адрейуэ мы Iуэхум елэжьыну зи мурад псоми ягу къызогъэкIыж икIи къыхузоджэ: «Сэ сщIыр уэри щIы, сэ зэрысщIым хуэдэу щIы, сэ нэхърэ нэхъыфIыжу щIы!» Нэхъыбэ дызэдэлэжьэху, лъэпкъым ди сэбэп нэхъыби екIынущ.

Аращи, мы тхылъыр щIэныгъэ IуэхукIэ къигъэсэбэпыну е хамэщI щыпсэу адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэхэм щыгъуазэ зыхуищIыну къэзыщтэ, фIы зигу илъ дэтхэнэми къыхуэщхьэпэн Тхьэм ищI!

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ**

# ІУЭРЫІУАТЭ –
# ДЫЩЭ
# ПХЪУАНТЭ



# ГЪЫБЗЭХЭМРЭ УЭРЭДХЭМРЭ

## РАХЬМЭ И ГЪЫБЗЭ

«Рахьмэ и гъыбзэр» щаусар къухьэпIэмкIэ щыпсэу адыгэхэм я дежщ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, Унэрокъуэхьэблэщ. XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм я щIыналъэр зыбгына мухьэжырхэм ар Тыркум здахьащ. Гъыбзэм, Хъымсад, Гуащэгъагъ сымэ я уэрэдхэм хуэдэу, макъамэ дахэ щIэлъщ, зэгъэщIэгъуафIэщ. Тыркум и Анталие, Эскишехир вилайетхэм щыпсэу адыгэхэм мы уэрэдыр фIы дыдэу ялъагъу икIи нобэр къыздэсым жаIэ.

Гъыбзэр зытхыжар философие щIэныгъэхэм я доктор, Германием щыпсэу Озбек (Едыдж) Батрайщ. Езыгъэтхыжар и анэрщ – Жанчэтхэ япхъу Гуащэхъурейщ. Абы къызэриIуэтэжамкIэ, Рахьмэ нэхъ хъыджэбз дахэ жылэ псом дэстэкъым, ауэ и дахагъым насыпыфIэ дэхъуакъым. Гъунэгъу къутырым щыпсэу къэзакъ къулеижь гуэр къылъыхъуати, пщащэр хуэмейуэ абы иратащ. И псэм фIыуэ илъэгъуа къуажэ щIалэм – «шордакъым тесу» пщащэм къыкIэлъыплъым – пэIэщIэ ящIа цIыхубзым зыхэхуа псэукIэр къытохьэлъэ, уеблэмэ сабий иIэнуми игъэгуфIэркъым.

Рахьмэ и гъыбзэр абазэхэхэрщ зыусар. Къэбэрдей псэлъэкIэм уэрэдыр къыщидгъэзагъэм, псалъэхэм я мыхьэнэр къэнами, езым щIэлъ жьыуэр щIыпIэ-щIыпIэхэм деж къута щыхъуащ. ИтIанэ тIэкIу егъэлеиныгъэу къыпщыхъунухэри гъыбзэм хэтщ.

*Я тхьэмахуэр къэсмэ, члисэр къагъаджэ,*
*Азэн джэ макъ гущэм сэ сыныщIохъуэпс.*

***Ежьу:*** *Уей-нэ, уей-нэ-ринэ, уей-нэ-рей,*
*Рахьмэ мыгъуэм тхьэр еуаи.*

*Уей-нэ, ринэ-рей, уей-нэ, уей-нэ-ринэ,*
*Рахьмэ мыгъуэм тхьэр еуаи.*
*А, си ныбжьэгъу пщащэхэ, тхьэр сэ къызэуаи.*
*Мы Истамбыл къурIэныр къызогъэбзэрабзэ,*
*Я къуалэбзу гущэри си гъуэмылэ шхынщ.*
***Ежьу.***
*Я нэщI мазищри сэ къызагъэнэщIыр,*
*Сызэрыхагъэщхьэж гущэри я кхъуэлыжь гъэгъуарщ.*
***Ежьу.***
*Я лъахъстэн вакъэр сэ къызагъэлъыхъуэ,*
*Сэ къыслъыхъуа гущэри джаурыжь нащхъуэрт.*
***Ежьу.***
*Мы си данэ джанэр зэрыбухъарыбгъэ,*
*Ныбэм ихъухьа гущэри къэзакъыжьым ейщ.*
***Ежьу.***
*Мы си чэсей джанэр нэпсым игъэфащ,*
*А си бгъафэ хужь гущэри къэзакъыжь гъуэгущ.*
***Ежьу.***
*Мы ди къуажэ щIалэхэр я шордакъым къисщ,*
*Дэ ди къуажэ нысэхэр гущэри ческIэ кърахьэкI.*
***Ежьу.***
*Мы си лъахъстэн вакъэм си лъакъуэхэр къехуз,*
*Си гур мэуз гущэри гъыбзэр сегъэус.*
***Ежьу.***

## ПСЫИКIЫЖЫР ГУАУЭШХУЭТ

Мы гъыбзэр 1983–1986 гъэхэм Уппертал (ФРГ) къалэм къыщыдэкIыу щыта «Щыблэ» журналым тридзащ. Ар тыркубзэри, адыгэбзэри, нэмыцэбзэри зэхэту Германием щыIэ Адыгэ щэнхабзэ хасэм къыдигъэкIыу щытащ. Гъыбзэр зытхыжам и цIэр щIэткъым, ауэ адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымкIэ куэд зылэжьа щIэныгъэлI Озбек (Едыдж) Батрай къиугъуеижахэм ящыщу худогъэфащэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тамзэкъуш О., Хъуажь Э., Бидэнокъуэ Хь. сымэ я гъусэу Батраи елэжьащ «Щыблэ» журналыр къыдэгъэкIыным.

Гъыбзэр щаусар Кавказ зауэм и ужькIэщ, зыусар кIахэ адыгэхэрщ. Дэ ар къэбэрдей псэлъэкIэм къидгъэзэгъэжащ, ауэ и гъэпсыкIэри, зэпэдзыж псалъэхэм ящIэт жьыуэри зэрыщытам хуэдэу къэдгъэнэжащ.

*Урысым и пщышхуэхэр Кавказым къыхуолIэ,*
*ЛIыгъэр зэтрахыу жаIэурэ, зауэр къыдащIылIэ.*

***Ежьу:***
*ПсыикIыж мы махуэхэр сыту лажьэшхуэ,*
*Лажьэу къыттехьа мыгъуэхэм ди гур кърашхыкI.*

*Ар къыдэзыщIылIэ гущэри мелуанищэм щIегъур,*
*ЗращIылIэ лъэпкъыр Iэбжьыб хуэдиз мыхъу.*
***Ежьу.***
*ЛIы ящэхуагъэу тхэтхэри зэрыгъаблэ нэгухэ,*
*Былымыжь нэкIухэти, ди хэгъуэгур ящэ.*
***Ежьу.***
*Молэ ныкъуэу тхэтхэм уаз пхэнжхэр къытхуащIыр,*
*Дэ тхуэпсэу хуэдэу жаIэурэ, леишхуэ къыдахыр.*
***Ежьу.***
*Нэдж-нэпцIу тхэтхэм гущэ загъэщихъышхуэ,*
*Абыхэм тхьэ Iуэху дащIри дызэтралъащIэ.*
***Ежьу.***
*Дэ ди хьэдэ пхъэбгъухэу ди щIыбхэм ипхахэр*
*Ирыдагъэхыжыну жаIэурэ, псори дагъэшынэ.*
***Ежьу.***
*Хым и уае сыджхэри кхъухь ныбэхэм къоуэ,*
*ЗэтелIа бдзэжьейхэр ди бгъумкIэ щызоуэ.*
***Ежьу.***
*Урысым и пщышхуэхэр IэщэкIэ къытхуолъыр,*
*Муслъымэн хэгъуэгу гущэхэр нэфIкIэ къыдоплъыр.*
***Ежьу.***

## ДИ ГУР КЪУТАУЭ ХЭКУР ДОБГЫНЭ

Мы гъыбзэр зыусар къэбэрдей адыгэхэрщ. Ахэр зэуIуу щопсэу Анадолэм и курыкупсэм хуэзэ Узун-ЯйлакIэ зэджэ щIыпIэм. Пшынэм дежьуурэ, ноби гъыбзэр щыжаIэ Тыркум щыIэ къэбэрдей къуажэхэм. Дэзыгъэтхыжар Истамбыл щыпсэу Джэрэш Нихьэдщ.

*Анзор и къуэжьым Iуэхухэр зэрехьэ,*
*Хъыбар къэзыхьыжыр Пщыунэ Къазийщ,*
*Хэкум докIыж мыгъуэри!*
*Налшыч тетыжьым паспорт къыдет,*
*Ди гум къыщIитхъыурэ, хэкум драш,*
*Хэкум докIыж мыгъуэри!*
*Пщэдджыжь мафIэгур къыткIэщIолъадэ,*
*Дызэхолъадэри, ди щхьэр догъей,*
*Хэкум драш мыгъуэри!*
*Данэ IэлъэщIыр жьыуейм зэрехьэ,*
*А зы Алыхьым дызэхуихьыж,*
*Хэкум дыпокI мыгъуэри!*
*Тенджыз ФIыцIэжьым кхъухьхэр щызоуэ,*

*Щауей хьэжыжьым Iуфэр къежыхь,*
*Хэкур добгынэ мыгъуэри!*
*Балъкъызу дахэм пшынэр къегъаджэ,*
*Благъэр къыдэджэм, дамыгъуэтыж,*
*Хэкур тIэщIокI мыгъуэри!*
*Консулым щIэсыр пащIэ бзииплъщ,*
*Сабийхэм дахэплъэмэ, ди гур мэуз,*
*Хэкур къытфIонэ мыгъуэри!*
*Тырку къурIэнаджэр ди гум и жагъуэщ,*
*Мыр зи Iэужьым бгышхуэр къытеуэ!*
*Ди гур къутауэ хэкум докIыж!*

## ДЫГЪУ МЭРЗАН И УЭРЭД

Тхьэм уи натIэм къритхам уфIэкIыфынукъым, жыхуаIэрагъэнщ – муслъымэн щIыналъэм Iэпхъуэжа адыгэхэр иужькIи зауэ-банэм хэкIакъым. Зи зэхэщэщэжыгъуэр къэса Уэсмэн къэралыгъуэжьым ежат дыгъэ къухьэпIэмкIэ щыIэ къэралышхуэхэр – иджы нэхъыщхьэр хэт сыт абы къыгуиудынуми арат. Мыдрейми, и Iуэху къызэримыкIыжынуIар фIы дыдэу къыгуры1уэ пэтми, зауэ щхьэлыжьым и бэсым щымысхьыжу ирикIутэрт и щIыналъэ абрагъуэм ис лъэпкъхэм я цIыхухэр, шэрджэсхэри яхэту.

Япэ дунейпсо зауэм щыгъуэ Дарданелл псыдэжыпIэм деж зауэлI хьэдэ мин 242-рэ къыщинащ Уэсмэн къэралыгъуэжьым. Абдежым я щхьэхэр щагъэтIылъащ шэрджэс минхэми. ГъэщIэгъуэнракъэ, къэралым и тетхэм я закъуэтэкъым Антантэм зэрыпэмылъэщынур зыщIэр, къызэрамыгъэзэжынур фIы дыдэу къагурыIуэу зауэм Iухьэрт адыгэхэри. Абы и щыхьэтщ Анталие вилайетым хыхьэ Елэмэ къуажэм щауса мы уэрэдыр. Тыркум и курыкупсэм щыIэу ябж Афион вилайетым хиубыдэ адыгэ жылагъуэхэм щыпсэу нэхъыжьхэм ноби уэрэдыр фIы дыдэу ящIэж.

Уэрэдыр зыусауэ щытар зауэм ираджа Дыгъу Мэрзанщ. Гузэвэгъуэ мыухыж хэтт шэрджэс жылагъуэхэр. КIэ зимыIэж зауэхэмрэ лъэпкъ щхьэхуитщIыжакIуэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ зи гущ1эр щIиха шэрджэс къуажэхэр фэншэт, щIалэ къыдэнэжатэкъыми, «пщащэхэр лIыжьхэм иратыжырт».

Мы уэрэдыр езыгъэтхыжа Дыгъу ФуIэд къызэриIуэтэжамкIэ, Мэрзан фIыуэ илъагъу пщащэ иIэт, къишэнуи зэгурыIуат. Ауэ анэнэпIэсым Iуэхур къызэпиудащ. «Жыхьэнмэр зыхуагъэплъыр си анэнэпIэсырщ»

псалъэхэм къыбжаIэ щIалэщIэм ар и жагъуэ зэрыхъуар. Арати, «и гур кърисыкIыурэ, и гурылъ закъуэр къигъанэри», Мэрзан зауэм кIуащ. КIуащ къызэримыгъэзэжынури ищIэу, «зигухэр къытхуэплъахэм ягу ирырагъэтIысыж иджы», жиIэри. Уэрэдыр дэ дэзыгъэтхыжар Едыдж Нихайщ.

Мы уэрэдым макъамэ дахэ щIэлъщ, ар пшынэм къэрагъэкIыу куэдрэ Тыркум щызэхэпхынущ. Мис и псалъэхэр:

*Дзэм докIуэ гущэри нысащIэхэр къыдонэ,*
*Пщащэу къыдэнахэр лIыжьхэм иратыжыр.*
*Аскэр гъуэгу гущэри уэ гъуэгужь кIыхькъэ,*
*Фи пIалъэ кIыхьым дригъэзэшащ.*
*Уей, пыIэ фIыцIэжь гущэри натIэгурыскъэ,*
*Ди гур кърисыкIыурэ, жылэр къыдогъанэ.*
*Уей, сэшхуэжь къуанщIэ гущэри уи бгъэгурылъкъэ,*
*Уи гурылъ закъуэр, Мэрзан, жылэм къыдэбнащ.*
*Уей, сэшхуэжь къуанщ1э гущэри уи жьэгужьэгъутхьэщ,*
*Жыхьэнмэр зыхуагъэплъыр си анэнэпIэсырщ.*
*Джэдыр ягъэгъуалъхьэ гущэри джэдыкIэр ягъэфыр,*
*Зигу къытхуэплъахэм ягу иретIысыж.*

## КЪАРС ЗАУЭМ И УЭРЭД

«Дыгъу Мэрзан и уэрэдыр» зытеухуа лъэхъэнэ хьэлъэрщ «Къарс зауэ» уэрэдми къыхэщыжыр. Япэр Тыркум и къуэхьэпIэ лъэныкъуэмкIэ – тенджызхэм я Iуфэхэм – щыпсэу абазэхэ адыгэхэм яусамэ, Къарс зауэм теухуа гъыбзэр зейр Узун-Яйла щIыналъэр зи хэщIапIэ къэбэрдей адыгэхэрщ.

Уэсмэн империем Европэм щыщу иIыгъ щIыналъэм сыт хуэдизкIи нэхъыбэ къыгуиудыну еIэ Антантэм зыкъыкIэригъэхуну хуейтэкъым Урысейри. А къэралыгъуэм хыхьэу щыта куржы, ермэлы, къэжэр лъахэхэм ефIэкIыжауэ урысеидзэр Къарс, Эрзурум быдапIэхэм ебгъэрыкIуэрт.

Кавказ щIыбым щекIуэкI лъыгъажэ зауэм лъэныкъуитIымкIи адыгэхэр хэтт. Псом хуэмыдэу хэщIыныгъэшхуэ игъуэтауэ щытащ еIэ-епхъуэу Портэм къызэригъэпэщу Къарс къалэ-быдапIэм и Iэхэлъахэм деж урысей топхэм щапэщIидзэгъа адыгэ шуудзэм. Абы къелар Сарыкъамыш быдапIэм топкIэ даукIыхьыжыгъащ.

А насыпыншагъэ иным теухуауэ ясыжа гъыбзэм макъамэ дахэ щIэлъщ. Ар зытхыжари япэу зыгъэза-

щIэу зэхэтхари IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымкIэ куэд зэфIэзыгъэкI, Тыркум щыпсэу адыгэ усакIуэ Къущхьэ Догъанщ.

*Урысей топми, уей-рэу, фи чэр къекъутэри, уей,*
*Мыгъэрей бжьыхьэм къэмыкъутэжмэ,*
*дынэгугъэжыркъым дэ.*

*Шы щхъуантIэжь цIыкIури, уей-рэу, зэрыкIэмащIэри, уей,*
*Адыгэ щIалэхэу зи гъащIэр мащIэхэр*
*Къарс фагъэкIуа мыгъуи, ей!*

*ХьэпцIий хьэнтхъупсми, уей-рэу, фыкърагъафэри, уей,*
*Дэ дызыщыгугъхэми Къарсым и губгъуэхэр*
*лъым евгъэфа мыгъуи, ей!*

*Сарыкъамышми, уей-рэу, шэр къыдолъалъэри, уей,*
*Узун-Яйла шухэри Сарыкъамышмэ*
*щелъэлъэха мыгъуи, ей!*

*Мо къуалэбзухэми, уей-рэу, къыздагъэзэжри, уей,*
*КъэвгъэзэжынкIэрэ дэ дыфщыгугъырти,*
*гугъэ димыIэж мыгъуэ, ей!*

## ТХЫДЭ КЪЭХЪУГЪЭЩ ЛЪАБЖЬЭ ХУЭХЪУАР

«Зэхэзедзэну дыкъагъэнащ» гъыбзэр щаусар Сирием и щIыналъэрщ. Уэрэдым вариантитI иIэщ – ар жаIэ къэбэрдей хьэжрэтхэми абазэхэхэми. Зытеухуар XX лIэщIыгъуэм и 30–40 гъэхэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щекIуэкIа Iуэхугъуэхэрщ. Гъыбзэр Сирием къыщалъхуа, къыщыхъуа, иджы Германием щыпсэу дохутыр Iэзэ Уджыхъу Ихьсан филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик Щхьэлахъуэ Iэбу иригъэтхыжащ («Адыгэ макъ», 2002 гъэм мазаем и 20-м). Къэбэрдейхэм зэрыжаIэр, нэмыщIысыпами, дигъэтхыжауэ щытащ щIэныгъэлI, усакIуэ Дыгъужь ФуIэд. ВариантитIыр зэдгъэпщэжри, мы гъыбзэр къыхэкIащ.

20 гъэхэм Уэсмэн империер лъэлъэжу Трансиорданиер франджхэмрэ инджылызхэмрэ зэхуагуэшыжа щхьэкIэ, увыIакъым лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ зэщIэхъееныгъэр. Псом хуэмыдэу ар гуащIэу щекIуэкIащ Францием и протекторатым щIэхуа Сириемрэ Ливанымрэ я щIыналъэхэм. Къунейтрэ я щыхьэру лъэпкъ автономие къратыну зыщыгугъа франджхэм

ар къыщыхуамыщIэм, адыгэхэм я щIыб абыхэм хуагъэзэжащ. Апхуэдэу ди лъэпкъэгъухэр игъэгубжьат сыт хуэдизу хьэлэлу франджхэм я дзэм къулыкъу щащIэми, капитаным ищхьэкIэ адыгэхэр зэрыдрамыгъэкIуейм. Ахэр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм зэщIигъэстыжа хьэрып лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ зэщIэхъееныгъэм и сатырхэм адыгэ зауэлIхэр къыхэхутэу зэрыщIидзам. Шэрджэс шуудзэм и офицер Шурдым Ихьсан зы гупышхуэ и гъусэу яхыхьэгъащ зыкъэзыIэта хьэрыпхэм.

Iэл-Джисир къалэм зыкъыщызыIэтахэр зэтраукIэну франдж зауэлIхэр зэрагъакIуэр зэхахри, къалэдэсхэр Шурдымым къелъэIуащ ядэIэпыкъуну. Ихьсан и шуудзэр лъэщу бийм ебгъэрыкIуащ икIи ар иригъэкIуэтыжащ. Абы ирихьэлIэу къэса инджылызхэм ерагъкIэ лъэныкъуитIыр зэIэпашыжауэ аращ – «инджылыз кхъухьлъатэхэм» сэшхуэкIэ сыт пхуещIэнт?!

Шурдымым и гупыр иужькIи партизан зауэм хыхьэн хуей хъуащ. 1947 гъэм Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм и Генеральнэ Ассамблеем унафэ къищтащ Палестинэр тIу иращIыкIыу къэралитI (журт, хьэрып) къызэрагъэпэщыну. Палестинэм ар, дауи, идакъым, абы и телъхьэу къэуващ адрей хьэрып къэралхэри. Журтхэри щысакъым я Iэр зэтедзауэ. ООН-м и унафэр тегъэщIапIэ ящIри хьэрыпхэр зыщыпсэу щIыпIэхэм кърахуу, цIыху мамырхэр зэтраукIэу хуежьащ.

Палестинэ хьэрыпхэми фидаин (партизан) гупхэр къызэрагъэпэщу хуежьащ. Абыхэм ядэIэпыкъурт Сириери. А къэралым и унафэщIыр адыгэхэм къелъэIуащ, хьэрыпхэм я партизан зэщIэхъееныгъэр даIыгъыну. ЛъэIур игъэзащIэу, Шурдым Ихьсан адыгэ зауэлI 350-рэ и гъусэу зауэм хыхьащ. Ахэр сирие-палестинэ къэрал гъунапкъэр зыхъумэхэм яхэтащ, Наблус деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм къахэжаныкIащ.

А тхыдэ къэхъугъэхэрщ «Зэхэзедзэну дыкъагъэнащ» гъыбзэм лъабжьэ хуэхъуар. Нэхъ гуауэ дыдэр «адыгэ быныр аскэр (зауэлI) хуэлажьэу къызэрагъэнарщ». Зэм ахэр яхуозауэ тыркухэм, зэми франджхэм, итIанэ инджылызхэм, хьэрыпхэм, журтхэм. Зэуэнбэнэным лъахэр зригъэбгына адыгэхэм а здэIэпхъуами къащыпэплъэр ар дыдэрт. Аращ «мы дуней хъурей мыгъуэр дэ къыдоцIыкIуэкI» гъыбзэм щIыжиIэр. Я пкъыр къинами, зы махуэ «уэху» щыжамыIа Сирие щIыналъэр я псэм ибгынащ, ауэ, итIани, мэгугъэхэр – а зырщ къахуэнэжари, «мы зы Алыхьталэм дэ дызэхуихьыж», – жаIэу мэлъаIуэхэр...

*Инджылыз тIаярэхэр Къунейтрэ къыдоуэ,*
*Дэ ди гум къеуэ закъуэ мыгъуэр Шурдым Ихьсанщ.*
*Инджылыз тIаярэхэр дяужь имыкIыххэ,*
*Ди гум пымыкIыххэ мыгъуэр адыгэ бынхэрщ.*

*Фидаин зауэлI гущэр аскэрхуэлажьэщ,*
*Дэ дызыхуэзыгъэлажьэр франдж зауэлIыжьхэращ.*
*Фидаин зауэлIым мэхъур и гур цIыкIу,*
*Мы дуней хъурей мыгъуэр дэ къыдоцIыкIуэкI.*

*Хьэсанэ щIалэ гущэр псынэпс щIыIэ йофэ,*
*Шэ къызытехуа закъуэр БетIар Хъусеныращ.*
*Шэриф Тауфикъым Магъэрэр къекIухьыр,*
*Къумым къыщыткIухь мыгъуэурэ дыкъызэхэнащ.*

*Хьэрып аскэрыжь гущэхэр IэпэкIэ машхэ,*
*Дэ дызышхыжынур инджылызхэращ.*
*Къунейтрэ жылэбгъу гущэм псыIэрышэр щожэр,*
*Лъыпсыр щежэх мыгъуэр Джолан губгъуэращ.*

*Тель Iэл-Абузие гущэм дыгъэр кIэропсэ,*
*Ди псэм и ныкъуэм Сириер ибгынащ.*
*Кэрим Чэрим гущэм бэракъыр къехьыжыр,*
*Мы зы Алыхьталэм дэ дызэхуихьыж.*

## АДЫГЭ БЫНХЭМ Я КIУЭДЫКIЭ

Адыгэ уэрэдыжьхэм я гъэпсыкIэм тету яусащ «Адыгэ бынхэм я кIуэдыкIэ» гъыбзэри. Зытеухуар 1948 гъэм екIуэкIа журт-хьэрып зауэм хэта адыгэ зауэлIхэрщ. Мы гъыбзэри Уджыхъу Ихьсан Щхьэлахъуэ Iэбу иригъэтхыжахэм къахэтхащ.

Щхьэхуитыныгъэ зыгъуэта хьэрыпхэр я къэралыгъуэр гъэбыдэным еужьэрэкIыу и ужь итт, я щIыналъэр яубыдыну журтхэр къыщежьам щыгъуэ. Абы ирихьэлIэу Франджым дзэ академие къыщызыуха Анзор Джэуад Ракъкъэ къалэм щыпсэу и адэ-анэм я деж къэкIуэжат. Ауэ щIалэм къыхуиухатэкъым зыхуэзэша и Iыхьлыхэм гу ящихуэху ябгъэдэсыну – ар псынщIэу дзэм ираджэжащ. Джэуад унафэщI хуащIащ еIэепхъуэкIэ къызэрагъэпэща «шэрджэс батальоным».

Анзор Джэуадрэ Шурдым Ихьсанрэ я къыхуеджэныгъэкIэ «шэрджэс эскадроныр» шу 800-м нагъэсат. Абыхэм лъэщу къадэIэпыкъуащ мы гъыбзэм зи цIэ къыхэщ Хьэлау Абдул-Къадыр, ГъукIэлI Абдул-Рауф,

Ансокъуэ Издин сымэ. «Шэрджэс шуудзэр» Сирием и дзэ бригадэм щынэхъыфI хъуат. Ар хахуэу щызэуащ Самахь, Тель-Риш, Тель-Азизиат, Дагъание, Дар-Дарэ щIыпIэхэм. Тель-Риш быдапIэр къыщащтэм адыгэ зауэлIу 22-рэ хэкIуэдащ, 25-рэ уIэгъэ хъуащ.

Псом хуэмыдэу зауэ гуащIэ щекIуэкIащ Тель-Азизиат Iуащхьэм. Мыбы журтхэм хуабжьу зыщагъэбыдат. Iуащхьэм Сирием и армэм и командующэ нэхъыщхьэ полковник Хъусни аз-Заим я пашэу хьэрыпыдзэр ебгъэрыкIуащ, ауэ хэщIыныгъэшхуэ игъуэтауэ къикIуэтыжащ. Иужьым а къалэн гугъур Анзор Джэуад и шуудзэм и пщэ кърралъхьащ. Тель-Азизиат лъагапIэм тет Къэхьуэш жылагъуэр щIытIхэр, щIыунэхэр, щIы щIагъ хъумапIэхэр зиIэ быдапIэ журтхэм ящIат. Джэуад щIыпIэм щыгъуазэ зыхуищIщ, бийм и тIасхъапIэхэр зригъащIэри и зауэлIхэр иришэжьащ. Езыр япэ итт: «Маржэ, фыкъимыкIуэт! Маржэ, фыкъимыкIуэт!» – жиIэу. И тутынри Iурыст, шэ къыстехуэнщ жиIэуи зигъэщхъыртэкъым. Джэуад и «шэрджэс шууейхэм» Къэхьуэш къащтэри, адэкIэ кIуэтащ. А зауэм папщIэ Анзор Джэуад «Сирием и лIыхъужь» цIэр къыфIащащ, «Мушахь Умая» щIыхь лентIри кърататщ.

Гуузщ лIыхъужьыр зытекIуэдэжа щхьэусыгъуэр жыпIэну. ЩIалэр егъэлеяуэ тутын ефэрейт. Жэщ гуэрым тутын ефэну щIыунэм къыщIэкIауэ, нэхум гу къылъитэри бийр топкIэ къеуащ. Топышэ къутахуэхэм яхьащ адыгэлI щэджащэр, хьэрып лъахэм и лIыхъужьыр.

Анзор Джэуад и цIэр мыкIуэдыжын ищIащ ар зыхуэзэуа лъэпкъми – абы и цIэр зэрехьэ Дамаск и уэрам нэхъ дахэ дыдэм. Дэри къытхуэнащ хамэм шапэIудз хуащIу къекIуэкIа адыгэ бынхэм я кIуэдыкIэ хъуам теухуа гъыбзэр.

*Рэу-уей, уэтIымей фочыжь гущэри*
*Фи плIэ тIэкIум къыфхураблэкIри,*
*Зи псэ IэфIым емыблэжа гущэри*
*Хьэлау Абдул-Къадыр мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.*

*Рэу-уей, ди Абдул-Къадыр цIыкIу гущэми*
*Ныбжьэгъухэм IуэрыIуэдз захуещIри,*
*«Зауэ» жаIэм, зызымыщIэжа гущэри*
*ТIэшхэ я Мэдин мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.*

*Рэу-уей, хьэрып мэджахьед гущэми*
*Бийшэм зыкъыдегъазэри,*

*Япэу шэм зыхуэзыгъазэ гущэри*
*Абазэ Гъаний мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.*

*Рэу-уей, хьэрып лъакъуапцIэ гущэри*
*Динар парэкIэ ящэри.*
*Динар лъыпсыджэр къэзыщэхуа гущэри*
*Адыгэ бынхэра мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.*

*Рэу-уей, уэтIымей бэракъ гущэри*
*Жьыбгъэ мащIэм зэрехьэри,*
*Хабзэм фыкъимыхьыж гущэурэ*
*Фи хьэдэр къытхуахьыжа мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.*

*Рэу-уей, Анзор Джэуад гущэми*
*Дзэ пашэу зауэр еублэри,*
*Уащхъуэдэмыщхъуэу зауэр зыублэ гущэри*
*Ансокъуэ Издин мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.*

*Рэу-уей, фи шыщхъуэ цIыкIу гущэхэри*
*Хы Iуфэм щывогъэджэгури,*
*Зи псэ IэфIым ириджэгуа гущэри*
*Хъалид Мыхьэмэт мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.*

## ГУАЩЭНАГЪУЭ ДАХЭ

XIX лIэщIыгъуэм и кIэух дыдэм Тыркум Iэпхъуахэм ящыщщ иджыпсту Анталие вилайетым щыIэ абазэхэ къуажэхэр. Ахэр Къоние къалэм и Iэшэлъашэхэм куэду ягъэIэпхъуэ адыгэ жылагъуэхэм къапыхури, абдеж къинауэ нобэми щопсэу. А жылагъуэхэм языхэзым зэреджэр Елэмэщ. Аращ мы гъыбзэм къиIуэтэжри къыщыхъуар.

Къуажэм дэсыр нэхъыбэу абазэхэ щхьэкIэ, абыхэм яхэтIысхьауэ ядэпсэурт нэгъуэщI адыгэ лъэпкъхэм ящыщхэри. Апхуэдэт беслъэней уэркъ АкIэжьхи. «Уей-уей» жезыгъэIэ зэшиблым зы шыпхъу тхьэIухуд яIэт, драхьеймэ, гъущIэу, кърахьэхмэ, щIытэу. Псэлъыхъуу сыт хуэдиз пщащэм къыхуэкIуэми, зэшхэм зэрапэс къахэкIыртэкъым. Ауэ езы Гуащэнагъуэ и псэм щэхуу щигъафIэу зы щауэ щыIэт, ЛIыгъэтыкъуэ КязымкIэ еджэу. Уэркъ лъэпкъым къыхэкIа щхьэкIэ, мылъкуи къыкъуэувэни зимыIэ щIалэ Iэщхьэ пцIанэр АкIэжь зэшхэм зыбгъэдагъэхьакъым.

Апхуэдэхэм и деж къызэрыхъу хабзэм хуэдэу, Кязымым пщащэр игъэкIуэсащ. Ар ядэнт зэшхэм?! Я

шыпхъур здрахьэлIар къагъуэтри, къытрахыжащ. Кязыми абыхэм япэувыфакъым. Аращ иужькIэ Гуащэнагъуэ гъыбзэм щIыхилъхьар: «Гугъэу къагъэнар Кязым хуэмыхущ», жиIэу. Езы щIалэри Къоние къалэм пэгъунэгъуу щыIэ Забиляр адыгэ къуажэ цIыкIум дэтIысхьащ.

Гуащэнагъуэри Шагужьхэ я лIыжь къулеижь гуэрым, УмаркIэ еджэу, иратыжащ. ИужькIэ Гуащэнагъуэ Едыджхэ я нысэ хъуащ. Ауэ дзэм къулыкъу щищIэну ираджа и щхьэгъусэм Гуащэнагъуэ жыIэмыдаIуэу бзэгу хуахьри ирырагъэкIыжыгъащ. ИкIэм-икIэжым УэсмэнкIэ еджэу тырку лIыжь гуэрым дэкIуэжащ, щIалитIи зэдагъуэтыжащ. АкIэжь зэшиблри Япэ дунейпсо зауэм хэкIуэдащ.

Гъыбзэм вариантитI иIэщ. Елэмэм щыжаIэр къэзыIуэтэжар Къэсеикъуэ Кязымщ, Къонием щыжаIэр – Жэмбэчыкъуэ Назымщ. 1969 гъэм ахэр Тыркум щызытхыжар Едыдж Нихайщ. Мы гъыбзэм макъамэ дахэ щIэлъщ. Ар фIы дыдэу пшынэм къизыгъэкIхэри щыIэщ.

Елэмэм зэрыщыжаIэр:

*Мыхьмуд и шы щхъуантIэр зэрылъэнкIапIашэ,*
*ЩIалэ лъэнкIапIашэм сигъэунэхъуащ.*
*ДэнэкIи сыплъэми, дыгъэр къыщопс,*
*Си фэхъутэмыпсымкIэ ФатIимэт феупщI.*
*ЛIыгъэтыкъуэ Алъхъэс зегъэлIакъуэлIэш,*
*Уэркъышхуэ нысэти, срашэхыж.*
*Хьэжымыкъуэ Бацэр данэм щогугъ,*
*Гугъэу къагъэнар Кязым хуэмыхущ.*
*ХьэткIужь лъапэрыкIуэм бжьэхэр къегъалIэ,*
*Мы хьэблэ лIар Хьэнанэхьэблэрщ.*
*Си дыщэ пыIэр натIэгурысщ,*
*Си гур кърисыкIыурэ, срашэхыж.*
*Си адэмрэ си анэмрэ зэдызимыIэ,*
*СимыIэжын Нухьыр унэм къохьэж.*
*ХъурэлIыкъуэ Исхьэкъыр бжэIум тотIысхьэ,*
*БжэIупэм Iусу КIуэкIунэ мэкIий.*
*Си дыщэ щIыIур бгъэгум щонэху,*
*Мы дуней нэхум сыщIэхъуэпсыжкъым.*
*Алътес зэгъэлъар зэрыхуэкусэ,*
*Сысыхьэт нысэти, срашэхыж.*

Къонием зэрыщыжаIэр:

*Ныжэбэрей жэщым хьэхэр мэбанэ,*
*Сэ къэдзыгъуэ банэ си гум къыхоуэри.*

*Уэхъри-ринэ, ринэти, си Гуащэнагъуэ,*
*Тхьэр зэуа гущэр уэрати, си мыгъуэ.*
*ДэнэкIэ сыплъэми, дыгъэр къыщопс,*
*Си фэхъутэмыпсымкIэ ФатIимэт феупщI.*
*Уэхъри-ринэ, ринэти, си Гуащэнагъуэ,*
*Тхьэр зэуа гущэр уэрати, си мыгъуэ.*
*Си адэмрэ анэмрэ зэдызимыIэ,*
*Сэ симыIэжынум Нухьыр яхэкIащ.*
*Уэхъри-ринэ, ринэти, си Гуащэнагъуэ,*
*Гуащэнагъуэ жиIэурэ, Кязым цIыкIур магъ.*
*Си данэ бохъшэр блыгум щIызолъхьэ,*
*Си гум къыдэплъхъахэр хэт мыгъуэм жесIэжын?*
*Уэхъри-ринэ, ринэти, си Гуащэнагъуэ,*
*Гуащэнагъуэ жиIэурэ, щIалэ цIыкIур магъ.*
*Си папыщитIыр пхъэбгъум щопсалъэ,*
*Мыхьмуд и псалъэмакъым си щхьэр иудэгуащ.*
*Уэхъри-ринэ, ринэти, си Гуащэнагъуэ,*
*Гуащэнагъуэ жиIэурэ, Кязым цIыкIур магъ.*

## ПСЭУХУ ХУЭПЭЖАЩ

Гуащэнагъуэ дахэм и уэрэдым лъабжьэ хуэхъуа социальнэ зэхуэмыдэныгъэрщ «Си Цыцу дахэ» гъыбзэри зытеухуар. Гуащэнагъуэ и дэлъхухэм Кязым тхьэмыщкIэр зэрапэсакъым, Жанхъуэтхи ядакъым я пхъум къылъыхъу Абдулэхь щIалэ ибэр. Уэрэдыр щаусари абы къиIуатэ Iуэхур къыщыхъуари Сирием хыхьэ Тель-Хьамрэ (Джэджэхьэблэ) къуажэрщ.

Хъыбарыр зэщхьэщыкIауэ къаIуэтэж, ауэ псори зыхуэкIуэжыр фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIэхэм я насып зы зэрахуэмыщIарщ. ЖаIэж, Цыцу и фызышэм и ужь иту, Абдулэхь гъунэгъу жылэм нэс кIуэгъауэ, и нэпсхэр къелъэлъэхыу. Уэрэдыр зыусауэ къаIуэтэжри езы Абдулэхьщ.

Иужьым, Кязыми хуэдэу, Абдулэхьи жылэм дэкIри абы зэи игъэзэжакъым. Египетым кIуэри дуней псом нэхъ цIэрыIуэ дыдэ университетхэм ящыщ зы аз-Азхарым щеджащ. Къигъэзэжри дин лэжьакIуэу Сирием и къалэшхуэ гуэрым щыпсэуащ. ЖаIэж нэгъуэщI щхьэгъусэ ищIын имыдэжауэ, псэуху и япэ лъагъуныгъэм хуэпэжауэ. Аращ, апхуэдэуи къохъу: мы дунеижьым фIымрэ емрэ зэрыщытегъакIуэркъым.

Уэрэдыр, лъэпкъ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымкIэ куэд зылэжьа, щIэныгъэлI Уджыхъу Ихьсан профессор Щхьэлахъуэ Iэбу иригъэтхыжахэм къахэтхыжащ. ЩIэ-

ныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, мыбыи вариантитI иIэщ – кIахэ адыгэхэми къэбэрдейхэми жаIэ, макъамэ дахи щIэлъщ.

*Дыхьэрэну уи нэкIущхьитI гущэми*
*Нэпс шыугъэр къыпфIытолъадэри,*
*Уасэ Iыхьэр нэзгъэтIылъынути, уей,*
*ЩIалэ ибэм ар къыстохьэлъэ мыгъуэри-тIэ.*

*Щауэ цIыкIум и пыхьэ макъ гущэри*
*КъуажэкIэм ныщызэхахри,*
*Къуажэкум щызэфIаха Iуэхуми, уей,*
*Дигу тIэкIур иухыпа мыгъуи-тIэ.*

*Жырыбзэурэ фи сэмэуар гущэми*
*Бахъаер къыдрехуейри,*
*Жанхъуэтхэ я чо куэбжэшхуэми, уей,*
*Шууейхэр къызэрыдох мыгъуи-тIэ.*

*Жанхъуэтхэ я чо куэбжэшхуэ гущэми*
*Шууейхэр къызэрыдохри,*
*Жанхъуэтхэ я Цыцу дахэри, уей,*
*Щауэ щIалэм ирешэхыж мыгъуи-тIэ.*

*Жанхъуэтхэ я кIэмодышхуэ гущэри*
*Лъакъуищым трагъэзагъэри,*
*Лажьэшхуэ къыттезыгъэхьэри, уей,*
*Дакъэжь мафIэм исыну мыгъуэщ-тIэ.*

*Дыжьыну уи хьэкIустул гущэри*
*Тутын Iугъуэм зэрыхуэмащIи,*
*ГущIэгъу зи мащIэ дыдэри, уей,*
*Уи анэу ФатIимэт мыгъуи-тIэ.*

*Рэй-уей, си шы щхъуантIэ цIыкIу гущэми*
*ФIалъэкIэрэ уэсыр еутэри,*
*Сыибэщ, сызэгуоуд, си дуней,*
*СыгуIэу мащэжьым сит мыгъуи-тIэ.*

# *ПСАЛЪЭЖЬХЭР*

Дэгум жиIэн егъуэтри, нэфым игъуэтыр екъуз.

Делэм пщIэншэу хугу ирагъэгу.

Джэгуми нагуэ къыхокI.

Джэду фIэкI щыскъым жыпIэу, уи щэху умыIуатэ.

ИлъэскIэ щысри пIастэпсым ежьэжакъым.

Куэдрэ упсалъэмэ, уи пщыжь (тхьэмадэ) и цIи къыбжьэдэхунщ.

Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.

Нэхъыжьым жегъэIи, нэхъыщIэм егъэIуэтэж.

ФIы щIэи, псым хэдзэ.

Уэщыщхьэм уэщыкIри кIэлъадзыж.

Уи гъусэм ущыгугъыу мыщэм зумыпщыт.

Уи фэм уахишэнщ, уи ныбэм уакъыхишыжынщ.

Узэралъагъум хуэдэу уафIощI, уазэрыфIэщIым хуэдэу уалъытэ.

Узыгъагъым урищIасэщ, узыгъэгуфIэм урижагъуэщ.

Узыхыхьахэр нэфмэ, уэри уи нэр уфIыцI.

Ущытэджынум ущымытIыс.

УяужькIэ къакIуэм уемыбэн.

Хабзэ зыхэлъым лIыгъи хэлъщ.

Хьэр пщIантIэм дэмыхуэжмэ, дыгъужьым ешх.

ХьэщIэ къэкIуэнщ, жыIи гъэтIылъ, куэдрэ щылъащ жыпIэуи умышхыж.

Шым еуи вым еубзэ.

Шы пщIэгъуалэ ушэсмэ, и цым щыщи къыпкIэрыпщIэнщ.

Шыпхъуншэ нэхърэ шыпхъу нэф.

* * *

Адыгэм адыгэ нэхъ благъэ иIэкъым.

Къуршым къуршым зыщигъэгусати, хъыбарыншэу къэнащ.

Узылъыхъуэр лъапIэ мэхъу.
Узыщыгугъым гугъэпс урегъафэ.
Уи нэми укъыщигъапцIэ къохъу.
Хамэ ущие тхьэмахуэщи, хабзэ хьэху махуищщ.
Щэнышагъэр узщи, Iэзэгъуэ зимыIэр делагъэрщ.
Щихури лъагэ дыдэу докIей, къыпыкIэIакъым ахъумэ.
ЩIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зэкъуэшщ.
ЩIалэ гъакIуи кIэлъыкIуэж.

*(Дэзыгъэтхыжар* ***Едыдж Нихайщ****.*
*Елэмэ къуажэ, Тырку).*

* * *

ГушыIэр бащэмэ, лажьэ къыхокIыж.
Емызэш мэш бэв ещIэ.
Жэмдэгъашхэр вы хъуркъым.
Жьэ псынщIэм пакIэ ныкъуэ ехь.
Нащэ мыхъунур пэтIыргъэу къожьэ.
Псым ихьыр хьэцыбанейм йопхъуэ.
ПцIыупс и кIапсэ кIыхьщ.
Уэс щесам лъэужьи щыIэщ.
Удын зэхэдзэ нэхърэ Iыхьэ зэхэдзэ.
Удзыр къыщыкIым щахъу.
Хамэ дагъуэр къэлъагъугъуафIэщ.
Хьэ мысэм хьэ хейр токIуадэ.
Хьэ ныбэнэщIыр уэнжакъым йокI.
Шы зыхуэмыщым уанэр екъутэ.
ЩIымахуэм и къииныгъэр гъатхэм ехь.

*(Дэзыгъэтхыжар* ***Бэджышэ Атефщ****.*
*Дюзджэ къалэ, Тырку).*

* * *

Инрэ надэрэ, цIыкIурэ быдэрэ.
Иримыкъур иризыгъэкъур лэпсщ.
Къундэпсо гуащIэм кхъуэщыныр зрегъэкIуэкI.
Кхъуэщыныр псыхьэ лъагъуэм токъутэ.
МафIэм псыр къегъавэ, псывэм мафIэр егъэункIыфI.
МафIэншэри шхыныншэри зэхуэдэщ.
Мыгъуагъэр къэкIуэгъуафIэ щхьэкIэ кIуэжыгъуейщ.
Ныбэр нэщIмэ, лъакъуэр щIэкIкъым.
Тенджызыр къыдэуэхмэ, псыежэхыр етхьэлэ.

Унэ лъашэ тешэрыпIэщ.
Фэдэн кIапэ шу егъэшэсыж.
Хамэ щIалэ бгъэуджмэ, и анэр къеджэм мэкIуэж.
Хьэр гугъу ехьынумэ, чэруаным и ужь йоувэ.
Шым зыщигъэукIурийм иц къыщонэ.

*(Дэзыгъэтхыжар **Къат Нурийщ**.*
*Къайсэр къалэ, Тырку).*

# *КЪУАЖЭХЬХЭР*

Благъэр зыгъэжыжьэ, жыжьэр зыгъэблагъэ.
Дамэ иІэщ – лъэтэфыркъым, лъакъуэ иІэкъым – улъэщІыхьэркъым.
Ди бжыхь кІапэ джэдыкІэ матэ фІэлъщ.
Ди джэд цІыкІу шыгъуэшхщ.
Жыгыщхьэм къыщрабзэри, бзабзэу пщым къыхуахьащ.
Зи гупэмкІэ тхыцІэ, зи щІыбымкІэ ныбэ.
Зы лъэбакъуи ичыркъым, ауэ къекІухь.
Къэзан цІыкІу пІастэ ІэфІ илъщ.
НэкІущхьэплъ плъыжьыбзэ, зэзым хэплъхьэми узыс.
Хьэ хужьитІ зэрошх.
ХьэщІэм ядэшхэ, шхалъэм дэпкІэж.
ЩІауфэмэ – фае, щІэмылъмэ – нур.
Іэ зимыІэ бжэІух.
ІэфІыр зыгъэдыдж, дыджыр зыгъэІэфІ.

*(Гъуэгу. Бдзэжьей. Вагъуэ. Кхъуей. Пшынэ. Лъэдий. Бжэ. Мэзыдэ. Шыбжий. Дзэ. Бжэмыших. Дыгъэ. Жьыбгъэ. Шыгъу).*

*(Дэзыгъэтхыжар **Едыдж Нихайщ**).*

*ХЪЫБАРХЭР,*
*ПСЫСЭХЭР,*
*ГУШЫIЭХЭР*

## УД ФЫЗЫЖЬЫМ ШЕЙТIАНЫР ЖЫЛЭМ ЗЭРЫДИХУАР

Зы жылэ гуэр щыIэт дэсыр тхъэжу, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу щыпсэууэ. ФIыгъуэр къыздикIыр ямыщIэу, къеуалIэрт: я хэхъуэр куэдт, я хэщIыр мащIэт. Ауэ апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым. Жылэм дэс уд фызыжьымрэ шейтIанымрэ зэщыхьэжри цIыхухэр бэлыхь хадзащ: зым гурыщхъуэр я гум ярилъхьэрт, адрейм бэр зэщIигъэстырт.

Щымыхъужым, жылэр зэхуэсри унафэ ящIащ тIум я зым къуажэр ибгынэну, абыкIи езыхэр зэгурыIуэн хуейуэ. Ауэ дауэ зэрызэгурыIуэнур? Куэдрэ зэдэуащ, куэдрэ зэныкъуэкъуащ удымрэ шейтIанымрэ. ИкIэмикIэжым зэгурыIуащ хэт нэхъ бзаджэми къуажэм къыдэнэу адрейр дэкIыну. Мыпхуэдэуи зэраухылIащ: жылэм дэс лIы гуэрым и фызыр ирыригъэкIыжу етIуанэ махуэм щIригъэгъуэжу къезыгъэшэжыфыр къуажэм къыдэнэу адрейр дэкIыну.

Арати, уд фызыжьым Iиблис хуит ищIащ япэу Iуэхум иужь ихьэну, махуищ пIалъэуи хуигъэуващ. Зы махуэ дэкIащ, етIуанэри блэкIащ, ещанэми зыри къыщимыкIым, фызыжьым чэзур къылъысащ. Мыдрейми Iуэхум пIалъэ къыхигъэкIакъым. Ар занщIэу щэкI щащэ тыкуэным кIуэри тыкуэнтетым елъэIуащ:

– Зи гъащIэр кIыхь хъун! СынолъэIу щэкIым я нэхъыфIыр къызэптыну, си къуэм фIыуэ илъэгъуа цIыхубзым тыгъэу хуихьын щхьэкIэ.

Тыкуэнтетым фызыжьыр игъэщIэхъуакъым – щэкIым я нэхъыфIыр къыхупичри кърихащ. Мыдрейри, щIалэм фIыщIэ хуищIурэ, къыщIэкIыжащ.

Фызыжьым я унэ къигъэзэжакъым. ЗанщIэу тридзэри тыкуэнтетыр щыпсэум кIуащ. Бжэм щытеуIуэм, ар нысащIэ дахэм къыIуихащ. Фызыжьыр абыи йолъэIу:

– Уа, пщащэ дахэ, бэзэрым сытетурэ си нэмэз уахътыр сфIыблэкIащ. КхъыIэ, хъунумэ, сыныщIэгъэхьи андез сыгъащтэ, си нэмэзри сыгъэщI.

НысащIэм и гуапэу фызыжьыр унэм щIишащ. Къубгъан, тас, нэмэзлыкъ къритри езыр и Iуэху яужь ихьэжащ.

НысащIэр зэрыщIэкIыжу, фызыжьым лэгъунэм зыщIегъахуэри, щэкIыр зэщхьэгъусэхэм я пIэщхьагъым щIелъхьэ икIи псынщIэу къыщIокIыж. И Iуэху зэфIэкIати, нысащIэм фIыщIэшхуэ хуищIурэ сэлам ирехыжри, ар пщIантIэм къыдокIыж.

ЛIыр унэм езэшауэ къэкIуэжати, занщIэу и лэгъунэм щIыхьэжащ, зигъэпсэхуну. ГъуэлъыпIэм зыщиукъуэдийуэ и щхьэр пIэщхьагъым трилъхьа щхьэкIэ, тезэгъакъым. Щхьэнтэр къиIэтрэ еплъмэ, нобэ фызыжьым ирища щэкI дахэр щIэлъщ. Ар къэуIэбжьауэ къыщылъэтри, пIалъэ къыхимыгъэкIыу нысащIэр и дыщ иригъэшэжащ. Апхуэдэу щищIакIэ, зыгуэркIэ игу зэзгъэбгъауэ къыщIэкIынщ жиIэри, нысащIэри и щхьэгъусэм еупщIакъым.

Пщэдджыжьым жьыуэ тыкуэным кIуэну лIым зигъэхьэзыр пэтрэ, зыгуэр бжэм къытоуIуэ. Iуихмэ, фызыжьырщ.

– Зи гъащIэр кIыхь хъун! Дыгъуасэ мы унэм щIэс нысащIэ дахэм селъэIури нэмэз щызигъэщIати, сыдэкIыжащ щэкIыщхьэ къэсщэхуар къысщыгъупщэри. КхъыIэ, къызэтыж, си щIалэ.

ЛIым къэхъуар къыгурыIуэжри и нысащIэр кърегъэшэжащ, къыIэщIэщIа щIэщхъум ириукIытэжауэ.

Къэхъуар зи нэгу щIэкIа шейтIанми жылэр ибгынащ, фызыжьыр къыдэнэри. Къуажэри тхъэжу, ефIакIуэ зэпыту ноби мэпсэу. Фи фIэщ мыхъумэ, фыкъакIуи феплъ. Жылэр хьэщIэкIэ фIыщ.

*(Дэзыгъэтхыжар* ***Мэхьруф Екъуб-ХьэбтIущ****.*
*Дамаск, Сирие).*

## ДЗАГУЭ ТЕУЭМ ЗЭРЫХЭТАР

Зэгуэрым ДзагуэкIэ еджэу зы адыгэ щIалэм Синджар бгыхэм я лъапэ щIэс бедуинхэр бысым хуэхъуат. Абыхэм къатеуэрэ я Iэщыр трахыу бий бзаджэу яIэт тIaIикIэ зэджэ хьэрып лъэпкъыр. Ахэр Тыркумрэ Иракымрэ я гъунапкъэхэр щызэпылъ сэнтх кIыхьым пэгъунэгъуу щыпсэурт. Зы жэщ гуэрым тIaIихэр бедуинхэм къатеуэри, я Iэщыр ирахужьащ. Iэщыхъуэхэр

япэува щхьэкIэ япэлъэщакъым, щIалэ зыбжани къаукIащ. ХъунщIэтеуэм цIыхухэм ягу игъэкIуэдащ, хуабжьуи игъэнэщхъеящ.

ЕтIуанэ махуэм пэщэм зэхуишэсащ лъэпкъым и нэхъыжьхэр, зи псалъэр ялъытэ цIыху Iущхэр, щIалэхэр.

– Мы дызыхъунщIахэм дауэ дяпэкIэ дазэрыдэгъуэгурыкIуэнур? Сыт хуэдэ пэгъуэкI еттыжын хуейуэ къэфлъытэрэ ди былымыр зыхуахэм, ди щIалэхэр къэзыукIахэм? – гупым закъыхуигъэзащ пэщэм.

Абы и къуэдзым япэ зыкъригъэщащ:

– ХьэкIэкхъуэкIагъэ хэлъу къыттеуэу ди Iэщыр зыхуахэм, тхьэмыщкIагъэм дыхэзыдзахэм фIы, дахэ, цIыхугъэ жыхуаIэхэр ауи къырадзэркъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, псалъэжьым зэрыжиIэу, уи нэм къеIэм и псэм еIэж. Аращ къэхъуам сэ сызэреплъыр. Ауэ мы Iуэхум Iущагъэрэ лIыгъэрэ хуейщ. Псом япэу дзэр зауэм хуэгъэхьэзырын, ди жагъуэгъухэм датеуэу къыдащIар зэретщIэжыфыну Iэмалхэр дгъэпсын хуейщ. БэлэрыгъауэдатеуэнщиятшэтырпкъохэрщIэдудынщ, я Iэщыр зэбгрытхунщ, дыдейуэ яхуам хуэдитI къетхужьэжынщи, ди щхьэр Iэтауэ дыкъэкIуэжынщ.

Пэщэм и къуэдзым жиIахэр адрейхэм къыдащтащ. Абы и ужькIэ теуэм хэтынухэр гупитIу ягуэшри, махуэ зыбгъупщIкIэ ягъэсащ. Дзагуэ пэщэм зыхуигъазэри жриIащ зекIуэм ядэкIуэну зэрыхьэзырыр, ауэ адрейм къыхуидакъым:

– Уэ ухьэщIэщ, армыхъумэ зэуакIуэ укIуэну укъытхыхьакъым. ИтIанэ мыр Iуэху джэгукъым, дэ куэд щIауэ къыттралъхьэ щIыхуэр тпшыныжыну мурад тщIащ.

Ауэ Дзагуи къикIуэтакъым, жиIам зэрытемыкIынур пэщэм и фIэщ ищIащ, уеблэмэ абы и пщIэгъуалэм тесу зауэм Iухьэмэ, зэрыфIэигъуэр къыхигъэщащ. ХьэщIэр бгъэщIэхъу хъурэт! Арати, Дзагуэ зыщIэлъэIуар къыхуащIащ – къыхуашащ пщым и пщIэгъуалэр. Езыми шым трилъхьэну уанэр игъэхьэзырри, пщIэгъуалэр абы иригъасэу хуежьащ. Ар зылъэгъуа губгъуэрысхэр зэщIэдыхьэшхащ. Абы щыгъуэ бедуинхэм шым уанэ тралъхьэртэкъым, алэрыбгъу цIыкIукIэ зэфIэкIырт. Дзагуэ и зекIуэм и ужькIэ псоми уанэ къагъэсэбэп хъуащ.

Гъуэгу техьэну гупым пэщэм захуигъэзащ:

– Фэ хъунщIэн Iуэхукъым фыщIежьэр. Абы къыхэкIыу нэхъыжь фыIущIэмэ, сабий, бзылъхугъэ фяпэ къихуэмэ, гущIэгъу яхуэфщI. Ауэ лей къыдэзыха бзаджащIэхэр къыфпэувмэ, фащымысхь. БзаджащIэхэм

ди былыму яхуам нэхърэ нэхъыбэ къатефхи, ди лъэпкъ напэр къэфтхьэщIыж. Тхьэм узыншэу фыкъытхуихьыж!

Арати, тIурытIу зэбгъурыту шууейхэр гъуэгу техьащ. Абыхэм япэ итт пэщэм и къуэдзымрэ адыгэ щIалэмрэ. Махуэ енкIэ гъуэгу тетауэ шухэр ауз щхъуантIэ дахэм дыхьащ. Жыгыжь заулым я лъабжьэм къыщыщIэж псынэм нэсри жэщыр абдеж щрахыну зэгурыIуащ. ЩIалэхэм загъэщIыIэтыIащ, шхэхэри загъэпсэхуну зрагъэщIащ. Нэхулъэ къищIыным ипэ къихуэу Дзагуэ и гъусэхэр къигъэтэджащ, мащIэу зэIурыухэри, я гъуэгу теувэжащ. Куэд ямыкIужуи тIаIихэм я шэтырхэр къалъэгъуащ. ЗэрызэгурыIуам тету пщэдджыжь жей IэфIым хэтхэм яхэлъадэхэри я шэтырхэр трагъэуащ, Iэщэ къащтэу къапэува зырызхэр уIэгъэ ящIащ е яукIащ, зыкъащIэжыну хунэмыс щIыкIэ я былымхэр кърахужьэри къежьэжащ.

Нэху здэщым, тIаIихэм ягу къызэрыгъуэтыжащ. Я шэтырхэр ягъэувыжащ, уIэгъэ хъуахэр зыхуей хуагъэзащ, итIанэ зэрыугъуейхэри бедуинхэм къакIэлъежьащ. Мыдрейхэр я хэщIапIэм къэблэгъэжауэ пхъэрыр къалъэщIыхьащ. И сэшхуэр игъэджэрэзу гупым япэ зы лIы домбей гуэр итт, езыр фIамыщIым хуэдэу фIыцIэрэ и пщэр и щхьэм нэхърэ нэхъ гъуму. КIэщIу жыпIэмэ, и теплъэ къудейм уи гур ирихыну апхуэдэ гуэрт. ЛIы фIыцIэ гъумыщIэжьыр бедуинхэм къахэлъадэри, зыбжанэ шым къриудыхащ. Аргуэру къытригъазэри Дзагуэ зыхэт гупымкIэ къиунэтIащ. И сэшхуэр игъэдалъэу къыхуэжэр щилъагъум, Дзагуэ къэдзыхакъым, зэрыкIуэ хуабжьагъми хигъэщIакъым. ЛIы фIыцIэр къыщеуэм, адыгэ щIалэм зыщIидзэри шы ныбэ щIагъым къыщIэхутащ. Адрейм шым и сокур триупсыкIащ. Дзагуэ напIэзыпIэм шыбгым къихутэжри и шабзэр бийм тригъэпсащ. Шабзэшэр зытехуа лIы домбеижьым гъуахъуэу къыздикIамкIэ игъэзэжащ. Я пашэм иращIар зылъэгъуа адрей тIаIихэри абы и ужь иувэжащ.

Дзагуэ и гупым щыщу къауIахэм я уIэгъэхэр хуапхащ, къэкIыгъэ дагъэ щахуэурэ. ИтIанэ къэшэсыжхэри къежьэжащ. Я хэщIапIэм щынэсыжым, цIыхухэр гуфIэу къапежьащ икIи я былымхэр къэзыхужахэр жэщищ-махуищкIэ ягъэлъэпIащ. Бийм и пелуаным текIуа Дзагуэ ину яIэтащ, хъуэхъу дахэ куэд къыхужаIащ, гуапэуи кърагъэжьэжащ.

Дзагуэ нэгъуэщI къэхъукъащIэ куэдми хэхуащ, хъыбар гъэщIэгъуэн Iэджи къиIуэтэжу щытащ.

Зэгуэрым хьэщIэщым дыщIэсу, абы деупщIыгъат:

– Шабзэшэр зи тхыцIэм техуа пелуан фIыцIэр псэуу уэ къэна хьэмэрэ лIа?

– ЛIакъым, ауэ ныкъуэдыкъуэ ихъукIащ, и Iэ ижьыр дахэ-дахэу къыдэмыбзыжу. Абы иужькIэ зекIуэ кIуэнри, дыгъуэн-хъунщIэнри зыхинащ жаIэу зэхэсхыжащ, – къыдитыжащ абы жэуап.

Дзагуэ и ныбжьыр щыхэкIуатэм, Iуэхухэм къахэкIыжри и нэмэз уахъттитхур блимыгъэкIыу, «жэнэт Iыхьлыщ» жыхуаIэм хуэдэу, жьыщхьэ махуэ хъуауэ псэуащ.

*(КъэзыIуэтэжар* ***Хьэтыкъуей Рэджэбщ****.*
*Куфэр-Къамэ, Израиль).*

## ГЪУИЙСИЙ ХЬИЛЭШЫ

Жылэ гуэрым зы лIыжь цIыкIурэ фызыжь цIыкIурэ щыпсэурт. Зэщхьэгъусэхэр бынншэт, сабий закъуэ яIати, ари пасэу яфIэлIэжат. ЛIыжь цIыкIумрэ фызыжь цIыкIумрэ егъэлеяуэ бейт, ауэ апхуэдизкIэ быдэти, щIымахуэм уэс щIыхуэ къудеи къуатыфынукъым хужаIэрт. Абы и хъыбарыр гъунэгъу жылэхэми нэсынтэкъэ? Ар зэхэзыха щIалэ бзаджэжь гуэрым игу ирелъхьэ къузгъуну быдэ зэщхьэгъусэхэм тIэкIу «якIэрыпIэскIуэну». Зэгуэрым, лIыжь цIыкIури дэмысу зрегъэхьэлIэри, пщIантIэм дохьэ. Ар щилъагъум, фызыжьыр къыпежьащ.

– Гъуэгу дытетщ, ди анэ, хьэщIэщым дебгъэблэгъамэ, тIэкIу зыдбгъэгъэпсэхуамэ арат!

– Алыхь, си щIалэ, лIыжьри дэмыс, узэрызгъэхьэщIэни скъуэмылъ, – пиупщIащ и псалъэр фызыжьым.

Ар жагъуэ щыхъуами, гъуэгурыкIуэм аргуэру фызыжьым зыхуигъэзащ:

– НтIэ, ди анэ, зы шхупс шынакь дегъафи, адэкIэ ди гъуэгу пытщэжынщ!

– Алыхь, си щIалэ, шхупси симыIэ!

– Iэу, ди анэ, апхуэдизу фыIэнэгу-IэнэщIу дауэ си фIэщ хъун? –щIэупщIащ щIалэжьыр.

– Алыхь Гъуийсийр (щIымахуэм и щIыIэгъуэ зэманырщ, дэ шылэкIэ дызэджэрщ) къэсмэ, тшхыжынщ жиIэри, лIыжьым зыгуэрхэр игъэтIылъащи, дрымыгъэIусэ!

ЩIалэжьми бзаджагъэр игу къэкIагъэхэти, къыжьэдэлъэтащ:

– Iэгъу, зи унагъуэр бэгъуэн, сэракъэ езыр а Гъуийсийр!

– Iэн-на, гущэрэ, дэнэ нэс укъикIа, си щIалэ?

– Уэлэхьи, мис а ахърэткIэ зэджэм и курыкупсэм сыкъикIамэ! – ирекъутэкI мыдрейм, и псалъэхэр фызыжьым и фIэщ зэрыхъур илъэгъуащи.

– Си щIалэ закъуэми ухуэзэрэ, тIу?

– Уэлэхьи, сщIыгъуххэмэ, мыбы сыкъызэрыкIуэр щыжесIэм, сэлам къыфхузигъэхьыжамэ. Абы зы щIалэ къищIыкIащи, плъагъуну фIэкI ухуейкъым! Къыщыбгъэзэжкiэ дянэ иупщэфIауэ гъуэмылэ тIэкIу къысхуздэхь жиIэри къызэлъэIуати, аращ сыкъыщIыдыхьар. ИтIанэ жэнэтым щыщу и гъунэгъу щIы кIапэри къигъэнэжыну хуейщи, си адэ-анэм гъэтIылъыгъэ гуэрхэр яIэщи, къомыхьэлъэкIыу къысхуздэпхьамэ арат жиIащ.

И къуэ закъуэм и хъыбарым игъэгуфIа фызыжьым гъуэгурыкIуэр иригъэблагъэри игъэшхащ, иригъэфащ, яIэм и нэхъыфIыр гъуэмылэ хуищIщ, я дыщэ-дыжьын гъэтIылъыгъэхэри Iэлъэщ кIапэ хукIуэцIипхэри къритащ. ЩIалэжьыр зыхуеиххэрати, зимыгъэгувэу пщIантIэм къыдэкIыжащ.

Абы хэту лIыжь цIыкIур къэсыжащ. Ар шым къепсыхыну хунэсатэкъым, фызыжь цIыкIур гуфIэу щыпежьам щыгъуэ:

– Къэхъуар пщIэрэ, лIыжь, нобэ ди щIалэм и деж къикIри Гъуийсийр къэкIуащ. Езгъашхэщ, езгъафэри дэзгъэкIыжащ! Ди щIалэр къыщIэлъэIуа ди дыщэхэкIхэри, Алыхь естамэ! – зэкIэлъигъэпIащIэрт абы.

Къэхъуар къызыгурыIуа лIыжь цIыкIур псынщIэу шым шэсыжри пщIантIэм дэжыжащ. ЩIалэжьыр губгъуэм кIуэцIрыкI гъуэгум тету здэкIуэм, къызэплъэкIри къилъэгъуащ аддэ къуажэм къыдэжауэ къажэ шур. Гузэвгъуэр къызылъыса гъуэгурыкIуэм щIыIэрысыр ивэу зы щIалэжь хэтти, абы дежкIэ иунэтIащ:

– Бов апщий, къуэш!

– Упсэу апщий, еблагъэ!

– Уэлэхьи сыщIеблэгъар гузэвгъуэ Iуэхум, – кърегъэжьащ щIалэжьым. – Мо шу къажэр плъагъурэ?

– Солъагъу.

– НтIэ, абы къуий дунейм трилъагъуэ хъуркъым. Сыкъаплъэри, щхьэц зэрыптемытым гу щылъыстэм, мыбы сэбэп сыхуэхъунщ жысIэри, къыдэздзыхащ.

– Iэу, сыт-тIэ сщIэнур, – къэгузэващ вакIуэр.

– ПщIэнуращи, мыдэ сэ пхъэIэщэкъур къызэт, уэ мо жыгыжьым дэпщей. КъызэупщIмэ, сэ зыри сымылъэгъуауэ жысIэнщ.

Арати, щIалэжьыр жыгым дэпщеящ, модрейри, пхъэIэщэкъур иубыдауэ, ирикъутэкIыу мавэ. Абы хэту лIыжь цIыкIури къэсащ, мафIэр къыIурихыу.

– Дэнэ щыIэ а хьэбыршыбыру гъэпцIакIуэр?

ГъуэгурыкIуэр къыдэплъейри и щхьэр жыгымкIэ ищIащ. ЛIыжь цIыкIур шым къепкIэри, къамышыр игъэдалъэурэ жыгымкIэ щIэпхъуащ. ЩIалэжьри зыхуеиххэрати, шым зридзри – макIуэ-мэлъей.

И щхьэр къыфIэхуауэ пщIантIэм къыдыхьэжа лIыжь цIыкIур щилъагъум, фызыжьыр пIейтейуэ къыпежьащ:

– Дэнэ пхьа, лIыжь, уи шы закъуэр?

– Ди щIалэм деж гъуэмылэр нэхъ псынщIэу нигъэсынщ жысIэри Гъуийсийм естащ, – ерагъкIэ къыдришеящ лIыжьым.

Фызыжьми псалъэ пидзыжакъым.

*(Дэзыгъэтхыжар **МэшхуэфI Нэждэтщ**.*
*Елэмэ къуажэ, Тырку).*

## СЭ СЫЩIЕЛЪЭIУАР КЪЫСХУИЩIАЩ

Гъуэгум иригъэзэша щIалэжь гуэр, нэхъ жьыщIэху хъунщ жиIэри, ауэ къыщыт Iуащхьэм зигъэпсэхуну тетIысхьащ. Жыжьэу плъэмэ, зы шу къакIуэрт. Арыххэу щIалэжьым Iуащхьэр хъурейуэ къикIухьу ежьащ. Шур къэсри къэувыIащ, зыгуэрхэр къибжурэ Iуащхьэм къекIуэкIыр фIэгъэщIэгъуэну:

– Мыр сыт, черкес, мы Iуащхьэм щхьэ уи нэфI щыхуа? – щIэупщIащ ар.

– Iэгъу, ара уэ мы дунейм хэпщIыкIыр? – ауан ищIащ щIалэжьым шур. – Мы Iуащхьэр Тхьэм фIыуэ илъэгъуа щIыпIэщ. Мыбы укъекIуэкIмэ, ущIэлъаIуэ псори къохъулIэнущ.

Ар щызэхихым, шым тесыр къепсыхри, Iуащхьэр къикIухьыну ежьащ. ЩIалэжьыр зыхуеиххэрати, шым шэсри ежьэжащ.

– Ей, черкес, си шыр йохужьэри-тIэ? – къэуIэбжьащ гъуэгурыкIуэр.

– Сэ, къуэш, Тхьэм сыщIелъэIуар къысхуищIащ, иджы уэ елъэIу, къыпхуищIэнкIэ хъунщ, – къызэпсэлъэкIащ щIалэжьыр.

## СЫНЭСЫЖМЭ, СЫУКIЫЖЫНЩ

Абазэхэ щIалэжь гуэр гъунэгъу къуажэм джэгу щыIэу зэхихати, кIуэну мурад ищIащ. Ауэ шы иIэтэ-

къым. Арати, пшапэр зэрызэхэуэу, зыгуэрым и шыр къыфIидыгъури ежьащ. ХьэгъуэлIыгъуэм щешхащ, щефащ, щыджэгуащ. Къежьэжын хуей щыхъум, и шыр къыщIишыжыну шэщым щIыхьащ. Абы шы зыбжанэ щIэтти, езым ейр къыхуэцIыхужакъым. Апхуэдэу щыхъум, щIалэжьым и кIэрахъуэр кърихри, шэщым губжьауэ къыщIэкIыжащ.

– Си шыр иджыпсту сыукIыжынущи, фыфейхэр шэщым щIэфш! – яхэгуоуащ ар цIыхухэм.

Псори зэрыгъэгужьейри, яшхэр шэщым къыщIашащ. Шы закъуэ къэнам и шхуэмылакIэр иубыдри, щIалэжьри шэщым къыщIэкIыжащ.

– Хъунщ, сынэсыжмэ, сыукIыжынщ, фэри бэлыхь фыхэздзэнкъым, – хуэму къыдришейри ар и шым шэсыжащ.

## ГУКЪЫДЭЖЫР ЗЭЛЪЫТАР

ЛIыжьитI псы икIыпIэм деж нэсауэ адэIуэкIэ щыжьыщIэ нысащIэм гу лъатащ. Абы, хъущIэурэ, щыгъыныр псым хиудынышIэрт, мывэм ириудэкIырт.

– ГъэщIэгъуэнщ мы слъагъур, – жиIащ зым, – сыкъыщыкIуэм щыгъуэ нысащIэм иIыгъым Iэ дилъэурэ, еубзэрабзэурэ ижьыщIырт, иджы мывэм иреудэкI.

Ныбжьэгъур къыпыдыхьэшхыкIри, жэуап къитыжащ:

– Мыбы къыбгурымыIуэну сыт хэлъ, япэрейр зейр и щхьэгъусэрт, иджы ижьыщIыр зейр и гуащэрщ.

## НЫБЖЬЭГЪУМ И IЫХЬЭР

ЩIалэжь гуэр шхапIэм щIыхьэри, щэ зырыз стэканитIым иту къыIихащ. Зым итыр ирифри, адрейм емыIусэу Iэнэм къытринэри щIэкIыжащ. ЕтIуанэ, ещанэ махуэми апхуэдэу ищIащ. ИтIанэ пщафIэм хуэмышэчыжу щIалэжьым къеупщIащ апхуэдэу щIищIымкIэ.

– ЕтIуанэ стэканыр илъэс ипэкIэ дунейм ехыжа си ныбжьэгъум ейщ, – жэуап къитыжащ щIалэжьым.

Апхуэдэу зыкъомрэ екIуэкIауэ щIалэжьыр шхапIэм къыщIыхьэри зы стэкан фIэкIа яIихакъым. Ари Iэнэм къытринащ. ПщафIэр къэхъуам щыщIэупщIэм, ар къызэпсэлъэкIащ:

– Ефэн щызгъэтыжащ.

## И ЖАГЪУЭ ХЪУЖАТ

Гъуэгуанэ тет зэныбжьэгъуитIым жэщ къащытехъуэм, здынэса жылагъуэм нэху къыщекIыну мурад ящIащ. ЩIалэхэр бысым зырызым ирагъэблагъэри щагъэIащ. Пщэдджыжьым гъуэгу щытеувэжым, зыр адрейм еупщIащ: «Дауэ укъагъэхьэщIа?» – жиIэри.

– Уэлэхьи, быдэу сагъэлъэпIамэ, – къитыжащ адрейм жэуап, – къэбыр гъэвауэ, къэбыр гъэжьауэ, къэбыр шортэу, къэбыр IэфIу тету Iэнэ къысхуаузэдри сагъэтхъащ.

– Уэлэхьи, уэ фIы дыдэу уагъэхьэщIамэ, сэ ныш къудейщ схуаукIар, – и жагъуэ хъуауэ къыдришеящ адрей щIалэжьым.

(*Дэзыгъэтхыжар* ***Едыдж Нихайщ***).

# ХЬЭЖРЭТ ГЪАЩІЭМ ПСЭР ЕХУЗ

*Хьэгъур Ахьмэд*
*Хьэтыкъуэ Умар*
*Фэукъуэ Расим*
*ГъуэгулI Четин*
*Чынт Мусэ*
*Хъуэст Надия*
*Хьэхъуратэ Уэсмэн*
*Уэтэр Самий-Хьэмзэ*
*Къандур Мухьэдин*
*Натхъуэ Къадыр*



# ХЬЭГЪУР Ахьмэд
# *(МЫДХЬЭТ Ахьмэд, Тырку)*

## АДЫГЭ УЭРКЪХЭР

Iыхьищу зэхэлъ драмэ

*«Терджумани хьакикат» газетым пычыгъуэ-пычыгъуэурэ тетащ.*
*Истамбыл, 1883 (хьиджрэмкIэ 1301) гъэ*

ХЭТХЭР

Т и м у р т а ш – адыгэ уэркъ лIыжьщ, къуажэ тхьэмадэщ.
Н э ф и с э – Тимурташ и щхьэгъусэщ.
А с л ъ э н к у э з – Тимурташ ипхъущ.
Д ж а н ф э с, З и б э, Ф э ж и д э т – Аслъэнкуэз и ныбжьэгъу пщащэхэщ.
С а м у р к ъ а ш - б е й – Аслъэнкуэз фIыуэ илъагъу уэркъ щIалэщ.
Ж а м б о л э т - б е й – Самуркъаш и ныбжьэгъу уэркъ щIалэщ.
С э ф э р - б е й, З а н - б е й – Тимурташ и унэкъуэщ, и Iыхьлы щIалэхэщ.
Х ь э с э н – къэжэр сатуущIщ.
Адыгэ зауэлI фащэ ящыгъыу щIали 8-I0 хуэдиз, нэгъуэщIхэри.

## ЯПЭ IЫХЬЭ

Iупхъуэр зэраIэту екIуу зэлъыIуха пэшым уIуоплъэ. Абы и бгъуитIымкIэ щхьэгъубжэ щырыщ, и гупэ дыдэм зы бжэ хэлъщ. Блын зэпэщIэтхэм алэрыбгъу еубгъуащ, бжэм ижьырабгъумкIэ адыгэ сэшхуэхэр, къамэхэр, фочхэр щыфIэдзащ.

### Япэ теплъэгъуэ

Алэрыбгъу зытепхъуа пхъуантэхэм тесу Д ж а н ф э с, З и б э, Ф э ж и д э т сымэ мэуэршэр. Пщащищри адыгэ фащэ дахэкIэ хуэпащ. Я Iэпкълъэпкъыр уардэ зыщIэхъукI бостей зэгуэхым дыжьын бгъэхэIухэр къыдощ. Я бгыр псыгъуэ ищIу мыщIэ дахэ-

хэр зыхэгъэтIысхьа фэ бгырыпххэр ящIэпхащ. Бгырыпх зэрыдзапIэр нэхъ бгъуэщ, лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэхэр тещIыхьауэ. Мылъагэ дыдэ дыщэ пыIэхэри ящхьэрыгъщ. ПыIэхэм къэдабэ щабэ тебзащ, дыжьын IуданэкIэ хэдыкIыжауэ. Я бостей зэгуэххэм я кIапэхэр кусэ дахэу дыщэ IуданэкIэ хэдыкIащ.

Джанфэс цы едж, Фэжидэт псырылъэ ешыхь, Зиби хэдыкI гуэрхэм яужь итщ. Пщащэхэр мэуэршэр, ауэ я Iуэху щIэни къагъанэркъым.

Д ж а н ф э с. Зибэ, Самуркъаш ди пщащэхэм хузэхалъхьа уэрэдым зымахуэ ущIэупщIати, зэбгъэщIа?

З и б э. ЩIызэбгъэщIэн гуэри хэлъкъым абы.

Ф э ж и д э т. Ар сыт жыIэкIэ, на-а-а! Уэрати абы зи нэр Iейуэ къыхуикIар!

Д ж а н ф э с. Пэжщ. Хуабжьу ухуейт уэрэдыр зэхэпхыну. Сыт иджы къэхъужар?

З и б э. Щызэхэзмыхым щыгъуэ, зэхэсхащэрэт жысIэрт, иджы зэхэсхыну сыхуеижкъым. Жызвгъэ-Iэнурамэ, си щIэщыгъуэр икIащ.

Жэуапыр къагурымыIуауэ, пщащитIым я лэжьыгъэр зэпагъэури Зибэ дежкIэ загъазэ.

Д ж а н ф э с. Апхуэдэу псынщIэу уэрэдыр щIэбужэгъуам щхьэусыгъуэ имыIэу пIэрэ?

Ф э ж и д э т *(ауаныщIу)*. Абы шэч хэлъкъым. Зибэ хуэдэ пщащэ Iущ цIыкIум зыгуэр игу иримыхьмэ, абы щхьэусыгъуи иIэн хуейщ. Ауэ къытхуиIуэтэну пIэрэ ди шыпхъум игу иримыхьар?

З и б э. Ар щIэзбзыщIын щыIэкъым, уеблэмэ сыхуейщ псоми ящIэну. Я лъахэр яхъумэжу зауэм шыщхьэмыгъазэу Iухьэ ди зауэлI-аслъэнхэм сэ сахуэарэзыщ. Мыбы фэри фIыуэ фыщыгъуазэщ...

Д ж а н ф э с. Хэт-тIэ абыхэм яхуэмыарэзыр?

Ф э ж и д э т. Гъазий лIыхъужьхэм я лIыгъэм хэт шэч къытрихьэфын?

З и б э. Апхуэдэхэр къыкъуэкIынкIи мэхъу. Ауэ сэ ди зауэлI хъыжьэхэм ящыщ гуэр зауэм щыIухьэм тIэкIу къэдзыхат жысIэу, ауаныщI уэрэд хуэзусынтэкъым. Апхуэдэу зэращIари си гуапэ хъуакъым, ар зэхэзылъхьахэри згъэзахуэркъым. ЗауэлIым хуэгъэза апхуэдэ щIэнэкIалъэр си жьэ къысхуегъэкIууи схужыIэнукъым.

Д ж а н ф э с. КъызэрыщIэкIымкIэ, Самуркъашбей шынэу зауэм зэрыIумыхьам папщIэ ди пщащэхэм хузэхалъхьа уэрэдыр уигу ирихьакъым.

Ф э ж и д э т. Хьэуэ, си псэ! Аракъым Iуэхур зыIутыр. ЯпэщIыкIэ Зибэ уэрэдым едэIуэну Iейуэ хуеящ, ауэ ар щызэхихым: «Зэхэзмыхыгъащэрэт!» – жиIэжащ. ЩIыщIегъуэжар езым ещIэж...

Д ж а н ф э с. Пщащэхэ, пщащэхэ, тевмылъэщIыкIыт Iуэхум. И щхьэ течауэ жывмыIэф гуэр мыбдеж къыщывогъанэ. Сэ зэрызэхэсхамкIэ, Самуркъашбей цIыкIуфэкIуукъым къызэрыдзыхар. ЖыпIэнурамэ, зауэм гупщIэуз хихагъэнкIи мэхъу, аращ ди щIалэхэр бийм щытеуэ дыдэм къыщIэмэхари.

З и б э. КхъыIэ, иумыгъэлей, Джанфэс! Пэжщ щIалэр къэмэхар, ауэ хэт ар шынэным къыхэкIауэ жызыIэфынур?

Д ж а н ф э с. Теуэм къыдыхэта и ныбжьэгъухэм жаIэжащ.

Ф э ж и д э т. Пэжщ, Зибэ, Джанфэс жиIэр. Сэри апхуэдэущ зэрызэхэсхар. КъэзыIуэтэжари ди щIалэхэрщ.

З и б э. ФыувыIэ, кхъыIэ! ЖиIэри иIуатэри къызыгурымыIуэж гуэрым и псалъэкIэ аслъэным хуэдэ щIалэ хъыжьэм и цIэр апхуэдэу бгъэулъий хъун-тIэ? Щхьэ абы фемыгупсысрэ, Фэжидэт?

Д ж а н ф э с. Къысхуэгъэгъу, Зибэ, ауэ Самуркъашбей хуэдэ къэрабгъэхэр щIэнэкIалъэ иращIу илъэс минкIэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэр зи напэр зи IэкIэ тезыхыжа зы уэркъ щауэ щхьэкIэ нобэ якъутэжыну уи гугъэ?

Ф э ж и д э т. ПщIэну ухуеймэ, Зибэ, ауан уэрэд къудейкъым бийм игъэщта къэрабгъэм хуэфащэр. Пщащэ псоми я Iэхэр мафIэм илынцIа Iэнлъэм щахуэу Самуркъаш-бей и напэр кърацIэлэхын хуеящ.

З и б э. Хьэтыр фиIэжмэ, фыувыIэ, пщащэхэ! Тхьэм деж нэмысын псалъэщ мы жыфIэхэр. АдыгэлIым лIэрэ зэгъэжмэ нэхъ къищтэнущ, мы фэ жыфIэхэм хуэдэ къыхужаIэ нэхърэ.

Ф э ж и д э т. Пэжщ, уи напэр къабзэу улIэныр нэхъыфIщ. Абы егупсысын хуеящ, дауи, уэрэдыр зыусахэр. Ауэ узэгупсысын хуей нэгъуэщI зыи хэлъщ мыбы. Хэкум папщIэ зи псэр шэхьиду зыт лIыхъужьхэми шынэм игъэмэх къэрабгъэхэми зэхуэдэу Iэгу дахуеуэмэ, аслъэнымрэ хьэIуцыдзымрэ, къаплъэнымрэ джэдумрэ тхузэхэмыхыжу дыкъэнэнщ.

Д ж а н ф э с. Узахуэщ, Фэжидэт! И лъэпкъыр, и лъахэр, и диныр хъумэным зи псэр шапэIудз хуэзыщI щIалэ хахуэхэмрэ гъазий лIыхъужьхэмрэ бгъэикIэу къокI къэрабгъэм пщIэ хуэщIыным.

З и б э *(щхьэгъубжэм дэплъурэ)*. СыволъэIу мы псалъэмакъыр абдеж щыдвгъэухыну. Ирикъунщ Самуркъаш-бей дызэрытепсэлъыхьар. Мес, Аслъэнкуэзи къокIуэж.

Д ж а н ф э с. Хъарзынэщ, къэкIуэжмэ. Сыт-тIэ абы щхьэкIэ псэлъэн щыдгъэтын щIыхуейр?

### ЕтIуанэ теплъэгъуэ

А с л ъ э н к у э з къыщIохьэ. Пэшым щIэс пщащэхэм нэхърэ нэхъ гъэщIэрэщIауэ хуэпащ Аслъэнкуэз. И дыщэ пыIэри, щхьэщыгум папцIэ щыхъужу, нэхъ лъагэщ, данэпси къепхъухыжащ. Аслъэнкуэз бжэщхьэIум къызэребакъуэу, пщащищыр къэтэджри, абы зыхуагъэщхъыу, фIэхъус ирахащ.

А с л ъ э н к у э з *(пщащэхэр тIысыжыну IэкIэ яригъэлъагъуурэ)*. ФымыпIейтей, тхьэм щхьэкIэ. ФытIысыж, фытIысыж, си шыпхъухэ! Къысхуэвгъэгъу, зэран сыфхуэхъуамэ... Бжэр къыщыIусхым си тхьэкIумэм къиIуащ Джанфэс жиIахэр: «Сыт-тIэ абы щхьэкIэ псэлъэн щыдгъэтын щIыхуейр?» Щэху жыфIэмэ, иджыри зэ сыныволъэIу къысхуэвгъэгъуну! Армырауэ, сэр щхьэкIэ Iуэху гуэр лъэныкъуэ евгъэзу къасщIэмэ, зыфхуэзгъэгусэнущ *(Мэдыхьэшх.)* Зыгуэр къысщывбзыщIмэ, шыпхъуу сыкъэвмылъытэу аращ.

Д ж а н ф э с. Хьэуэ, хьэуэ, Аслъэнкуэз, уэ пщыдбзыщIын гуэри диIэкъым дэ.

А с л ъ э н к у э з. Арамэ, хъунщ, ауэ тхьэм щхьэкIэ, фытIысыж.

З и б э. Уэ ущыту...

А с л ъ э н к у э з. Сэ хуит фызощI фытIысыжыну икIи сыныволъэIу, фетIысэх, кхъыIэ. Сэ ди гъунэгъу гуащэр къызэджэри сыкIуати, абы деж зыкъомрэ сыщыщысын хуей хъуащ, ягъэ кIынкъым сэ сыщытми...

Пщащэхэр мэтIысыж.

Ф э ж и д э т. Тхьэ, Аслъэнкуэз, дызытепсэлъыхьыр Самуркъаш-бей хуауса уэрэдыр арамэ.

А с л ъ э н к у э з *(къэгуфIауэ)*. Пэжуи? Самуркъашбеи уэрэд хуауса?

Д ж а н ф э с. Зэхыумыхауэ ара абы и хъыбар?

А с л ъ э н к у э з. Зэхэсхакъым. Иджы фэ япэу жыфIэу зэхэсхыу аращ.

Ф э ж и д э т. АIей, Зиби къыбжиIатэкъэ?

А с л ъ э н к у э з. Зиби зыри къызжиIакъым. Сыт хуэдэ уэрэд зи гугъу фщIыр? Жамболэт-бей хуаусам нэхърэ нэхъ дахэ?

Фэжидэтрэ Джанфэсрэ къыщеудри мэдыхьэшх.

З и б э. Хьэуэ, си шыпхъу, хьэуэ! Зы зэхэщIыкIыншэ гуэрым Самуркъаш-бей ауан ищIу зыгуэр иуцIырхъащ, къикIри езым къыгурымыIуэжу...

А с л ъ э н к у э з *(и гукъыдэжыр ехуэхауэ ерагъкIэ къыдришейуэрэ).* Ауан иращIуи? *(Пщащэхэр зырызурэ зэпиплъыхьурэ.)* А си Тхьэ закъуэ, сыт ауан?!

Д ж а н ф э с *(Зибэ зыхуегъазэри).* ЗэхэщIыкIыншэм уэрэд хуэусрэ, Зибэ?

Ф э ж и д э т *(абыи Зибэ дежкIэ зегъазэри).* Хэт ар зэхэщIыкIыншэу къыбжезыIар, Зибэ?

А с л ъ э н к у э з *(и щхьэр къыхуэмыIэту).* Зэт, зэт, си шыпхъухэ! КхъыIэ, мыпхуэдэу фызэмыпсалъэ! СыволъэIу нэхъ гурыIуэгъуэу къызжефIэну: сыт Самуркъаш-бей ауан ящIыныр къызыхэкIар? Хэт мысэ ищIыну а щIалэм езыкуфар?

Ф э ж и д э т. Абыи ущымыгъуазэу ара?

А с л ъ э н к у э з. Сыщыгъуазэтэмэ, сынывэупщIрэт?

Д ж а н ф э с. Апхуэдэ къэрабгъэм ауан уэрэд хуамыусмэ, хэт хуаусын?!

А с л ъ э н к у э з. Хэт? Самуркъаш-бей къэрабгъэр? Ара, зо?

Д ж а н ф э с р э Ф э ж и д э т р э. Аращ тхьэ, ара дыдэщ.

А с л ъ э н к у э з *(пщащэхэр зэпиплъыхьурэ).* Си Тхьэ лъапIэ, хэт си фIэщ ищIыфын ар зэрыпэжыр? ЗэрыжыфIэмкIэ, Самуркъаш-бей къэрабгъэу къыщIокI.

Д ж а н ф э с. Зауэм Iухьэ пэтрэ шынащэри къэмэхащ.

Ф э ж и д э т. Алыхь, ерагъкIэ зыкърагъэщIэжыфауэ арамэ.

Аслъэнкуэз зэхихыр и жагъуи хъуауэ, гъэщIэгъуэни щыхъуауэ, жиIэнури ищIэнури имыщIэжу утыкум къинащ.

З и б э *(къотэджри Аслъэнкуэз бгъэдохьэ, и Iэблэр еубыдри пщащэр зрикъузылIэурэ).* Уи гум иумыгъэжалIэ, си шыпхъу, мы хъыбарыпцIыр! Сэ шэч къытесхьэркъым Самуркъаш лIыгъэкIэ пэмыхъуф, абы ефыгъуэ гуэрым ирихьэжьа псалъэмакъыу ар зэрыщытым.

Д ж а н ф э с *(къотэджри пщащитIым къабгъэдохьэ).* УгъэщIэгъуэнщ уэ, Зибэ! ГурыIуэгъуэкъым Самуркъаш апхуэдизу укъыщIыщхьэщыжыр!

З и б э. Абы теухуауэ нетIи жысIащ. Къилэжьыркъым апхуэдэ уэркъ щIалэм тхьэщIэпс къепкIыхыну. Аращ сыкъыщIыщхьэщыжыр.

А с л ъ э н к у э з. Пэжщ, лэжьэ зимыIэм пцIы теплъхьэныр жыхьэнэмэ мафIэкIэ упшыныжыну гуэныхьщ.

Ф э ж и д э т. Апхуэдэуи лажьэншэкъым ар.

Д ж а н ф э с. Фэжидэт захуэщ. ЩIалэхэм жаIэжахэр абы щыхьэт тохъуэ. Ди щIалэ псори зэхэщIыкIыншэу убж хъун-тIэ иджы?

А с л ъ э н к у э з *(зэхихар и жагъуэ хъуауэ щхьэгъубжэм бгъэдохьэ).* Зэт, зэ фыбэяут. Мес, Сэфэр-бейрэ Зан-бейрэ къокIуэ. Къэхъуам и пэжыпIэр абыхэм къыджаIэнщ.

З и б э *(щхьэгъубжэм дэплъ Аслъэнкуэз дежкIэ и Iэр ишийуэрэ).* Тхьэр зэуа си пщащэ тхьэмыщкIэ!..

### Ещанэ теплъэгъуэ

С э ф э р - б е й р э З а н - б е й р э адыгэ фащэ екIухэр ящыгъыу пэшым къыщIохьэ.

А с л ъ э н к у э з *(пIейтейуэ щIалэхэм япожьэ).* Фыкъеблагъэ, си дэлъху лъапIэхэ! *(Сэлам зэрах).* Тхьэм щхьэкIэ хуабжьу дызыгъэпIейтей гуэркIэ дынывэупщIынущи, емыкIу дыкъэвмыщI. Дыхуейт нэр ирищIми, ехьэкI-къехьэкI хэмылъу пэжыр къыджефIэну.

З а н - б е й *(и жагъуэ ищIа хуэдэу).* АдыгэлIым ищIэр нэгъуэщIым хуиIуэтэжу уэрамым дэт хабзэ, ди шыпхъу?

С э ф э р - б е й. Апхуэдэфэ щхьэ къыдуплъыхха, Аслъэнкуэз?

А с л ъ э н к у э з. Сыщыуащ, си дэлъхушхуэхэ! Тхьэм щхьэкIэ къысхуэвгъэгъу, ауэ... ауэ Самуркъашбей уэрэд гуэр хуаусауэ зэхэтхащ, и пэжыпIэр фщIэмэ...

З а н - б е й. Апхуэдэ хъыбарым дэри дыщыгъуазэщ, ауэ езы уэрэдыр зэхэтхакъым.

А с л ъ э н к у э з. Самуркъаш къилэжьауэ хуауса мы уэрэдыр? СынызолъэIу зэрыщыт дыдэр къызжефIэну. Зауэм къэрабгъэу зыкъыщигъэлъэгъуа?

З а н - б е й. Сэфэр-бейрэ сэрэ Хьэжы Джырандыкъуэ-бей и унафэкIэ тIасхъэщIэх дыщыIащ. Самуркъаш-бей къэмэхауэ дэ тлъэгъуакъым, ар къыщыхъуам дежи дыщытакъым.

Д ж а н ф э с. Зэрымэхар къывжаIэжакъэ?

С э ф э р - б е й. КъыджаIэжащ. Абы и хъыбар зэхэзыхар ди закъуэкъым, ар гъазий псоми ящIэ.

Аслъэнкуэз зэхихар нэхъ Iейуэ и жагъуэ хъуащ.

Ф э ж и д э т. Зыми хуигъэфэщатэкъым Самуркъаш-бей апхуэдэ, пэжкъэ?

З а н - б е й. Зауэм упэмыплъагъэххэу Iэджи къыщохъу...

Д ж а н ф э с. Зауэр иуха нэужьщ емыкIур къыщыщIэщыжыр. Аракъэ?

З а н - б е й р э С э ф э р - б е й р э. АпхуэдэнкIи мэхъу.

З и б э. Лажьэ имыIэу къыщIэкIмэ-щэ?..

Д ж а н ф э с. Мы щIалэхэм я псалъэм иужькIэ уныкъуэкъуэжыныр лейщ, си шыпхъу! ЗауэлI гупым ящыщ зым и цIэр ауэ сытми IейкIэ ягъэIунукъым. Сызахуэкъэ, Зан-бей?

З а н - б е й. Сэ зыри схуэгъэкъуэншэнукъым. ЦIыхущ мыр, шынэнкIи мэхъу...

С э ф э р - б е й. Сэри си напэ къысхуегъэкIунукъым сэ схуэдэ зы зауэлI ауан сщIыну.

Ф э ж и д э т. ФыщIалэ щэныфIэхэщи аращ. Гъэсэныгъэр и щIыIу къохъу.

З и б э. Хъунщ, дыарэзыщ фэ жыфIэмкIи. Тхьэм фигъэпсэу. Псэлъэным сыдихьэхри сыгуващ, сянэр къызэжьэ къыщIэкIынщ. Сэ сыкIуэжынщ...

Ф э ж и д э т р э Д ж а н ф э с р э. Къытхуэвгъэгъу, пэж дыдэу, дыгуващ. Дэри дыкIуэжынщ.

З а н - б е й р э С э ф э р - б е й р э. Хуит дыкъэфщIмэ, пщащэхэр фи унэм нэс фынэдгъэсыжынщ.

Д ж а н ф э с р э Ф э ж и д э т р э. Тхьэм фигъэпсэу!..

Д ж а н ф э с, Ф э ж и д э т, З а н, С э ф э р *(Аслъэнкуэз зыкъыхуагъазэурэ).* Узыншэу ущыт, ди шыпхъу!

А с л ъ э н к у э з *(дыхьэшхыпцI зищIурэ).* Узыншэу, Тхьэр арэзы къыфхухъу!

## ЕплIанэ теплъэгъуэ

ЩIалитIымрэ пщащэхэмрэ щIокIыж. Аслъэнкуэз ахэр егъэкIуэтэжри къегъэзэж. Абы кIэщIу и ужь иту Зиби къыщIохьэж.

З и б э. УемыдаIуэ абыхэм жаIэм, Аслъэнкуэз, уэри зэрыпщIэщи, пщащэхэм тIэкIу щедгъэлей щыIэщ.

А с л ъ э н к у э з *(щхьэгъубжэм кIэрыт пщащэр къэщтауэ).* АIей, Зибэ, сыкъэбгъэщтащ. Уэ укIуэжатэкъэ?

З и б э. Уэ мыпхуэдэу укъэзгъанэу дауэ сыкIуэжын?

А с л ъ э н к у э з. Къэхъуа щыIэ, Зибэ? Сыт-тIэ сыкъэбгъэнамэ? Сэ зыгуэр си лажьэIа?

З и б э. Тхьэр си щыхьэтщ, си шыпхъу, Самуркъаш-бей щхьэкIэ жаIа псор абы хуэмыфащэкIэ!

А с л ъ э н к у э з. Хуэфащэми хуэмыфащэми абы си Iуэхуу сыт хэлъ, Зибэ?

З и б э. Хъунщ, Аслъэнкуэз, хъунщ, си шыпхъу дахэ! Ауэ сэри къысщубзыщIыну щыт-тIэ ар?

А с л ъ э н к у э з *(и напщIэр зэхэуарэ губжьауэ).* Сытыр?

З и б э. ЖыпIэн хуейуэ щыт ар – псори уи щытыкIэм къегъэлъагъуэ. Самуркъаш-бей пцIы тралъхьа щхьэкIэ апхуэдизу уи фэр пыкI хъун-тIэ?!

А с л ъ э н к у э з *(нэхъри къэгубжьауэ).* Къэгъанэ, кхъыIэ, Зибэ! Сыт си фэр щIыпыкIынур: Самуркъаш си дэлъхукъым, си благъэкъым икIи си Iыхьлыкъым.

З и б э *(и нэ нагъуитIым гукъеуэр щIэзу).* Уэй, сыту укъиин!

А с л ъ э н к у э з. УкъысхуэцIыхужыркъым, Зибэ! Сыт къиин? Сыт щытыкIэ? Сэ зыри къызгурыIуэркъым, щхьэ гугъу себгъэхьрэ?

З и б э. Аслъэнкуэз, уэ сэ шыпхъум хуэдэу сыкъэплъытэркъэ?

А с л ъ э н к у э з. Сыт апхуэдэу щIыжыпIэр?

З и б э. Догуэ, дэр-дэру зэшыпхъуу зытлъытэжыркъэ?

А с л ъ э н к у э з. ДыщыадыгэкIэ, зы къуажэ дыкъыщалъхуу дыкъыщызэдэхъуакIэ, зэшыпхъум дыхуэдэщ. Ар хабзэщ.

З и б э. Шыпхъум сыпумыщIми, уи ныбжьэгъу нэхъ гъунэгъуу сыплъытэркъэ?

А с л ъ э н к у э з. Аращ, ауэ къызгурымыIуэр мы уи упщIэхэмрэ уи щытыкIэмрэщ.

З и б э. Си упщIэхэми си щытыкIэми зыщ къаIуатэр – Самуркъаш-бейм хужаIэхэм щхьэкIэ уигу хэщIыну сызэрыхуэмейрщ. А щIалэм фIеипс кърака Iыхыну къилэжьакъым. Аращи, уи гум ар йомыгъэжалIэ. ИтIанэ... ИтIанэ сэ къызгуроIуэ пщащэм и гурыщIэ къызэщIэIэтам псэм иригъэшэчынкIэ хъуну тезырыр зыхуэдэр...

А с л ъ э н к у э з. Зибэ, тхьэм щхьэкIэ къэгъанэ. И хъуреягъыр къомыуджыхьу, жыпIэнур занщIэу жыIэ. Сигу хэзыгъэщIу къыпфIэщIыр Самуркъаш-бей зэрыхуа мащэрамэ, лIыгъэ иIэмэ, езыр къикIыжынщ. Мыдрейуэ жумыIэфырамэ, сэ Самуркъаш гухэлъ хуэсщIауэ е фIыуэ слъагъуауэ хэт жызыIар?

З и б э. ЖыпIэн хуейуэ щыт ар? Хэт илъэгъуа и гур зытхьэкъуам и хъыбар иIуатэу адыгэ пщащэр уэрамым дэту? Щауэмрэ пщащэмрэ я гукъуэпсхэр зэрызэ-

пыщIар къозыгъащIэ нэщэнэхэр щыIэщ. Абы щхьэкIэ псалъэ лей ухуейкъым.

А с л ъ э н к у э з. УмыщIэм уримыпсалъэ, Зибэ!.. *(Зибэ и псалъэхэр зэрыфIэмыфIыр къикIыу зегъазэ.)*

З и б э. Къысхуэгъэгъу, тхьэм щхьэкIэ, Аслъэнкуэз, уи жагъуэ сщIыну сыхэтакъым. Зыгуэр къызгурымыIуамэ, си псалъэхэм къызогъэгъэзэж.

А с л ъ э н к у э з. КъэпщIащ си жагъуэ, Зибэ. Уи псалъэхэр си дежкIэ гум ешыкъылIэ защIэщ, уэркъ пщащэм и пщIэр зыгъэлъахъшэщ.

З и б э. Тхьэм щхьэкIэ, си шыпхъу...

А с л ъ э н к у э з. ЗэрыжыпIэмкIэ, зауэм Iумыхьэфа зы къэрабгъэм си гур хуэбгъэфэщащ, уеблэмэ тыгъэ хуэпщIащ. Аракъэ?..

З и б э *(жиIэнур къыхуэмыгъуэтыжу).* Мыст... Си шыпхъу, тхьэ...

А с л ъ э н к у э з. «Тхьэ» жызыIэн хуейр сэращ, Зибэ. Си Тхьэм, си диным, си адыгагъэм папщIэ мы си гум гурыщIэ IэфI къэрабгъэм къыщыхуэушмэ, си тобэщ си бгъэр зэгуэсчу а лы тыкъыр цIыкIур къыкIэрысчынкIэ. Си жагъуэ хъуар уи пащхьэ къитыр адыгэ уэркъ цIэрыIуэ Тимурташ ипхъу Аслъэнкуэзу зэрыщытыр зэрызыщыбгъэгъупщаращ. СынолъэIу дяпэкIэ апхуэдэ гуемыIу псалъэхэм уримыджэгуну.

З и б э. Тхьэм щхьэкIэ, си шыпхъу...

А с л ъ э н к у э з. Шыпхъуу сыкъэплъытэр пэжмэ, афIэкI а напэтехым теухуауэ зы псалъэ уи жьэ къыжьэдумыгъэкI.

З и б э. Си жьэр ирегъу, афIэкI зы псалъэ къызжьэдэкIмэ.

А с л ъ э н к у э з. Тхьэм жимыIэкIэ, ар сыт жыIэкIэ, тобэ къэхьыж. Сэ сызыхуейр а псалъэмакъыр абдеж щыдухынырщ.

З и б э. Мы дакъикъэм щыщIэдзауэ си жьэм IункIыбзэкъэб етауэ лъытэ, Аслъэнкуэз. Тхьэм щхьэкIэ къысхуэгъэгъу, нэхъыфI сщIы си гугъэурэ, нэхъыкIэ сщIащ. Сэ тIэкIу утезгъэуну сыхэтати... *(Ежьэжурэ.)* Узыншэу ущыт!

А с л ъ э н к у э з *(Зибэ кIэлъыкIуатэурэ).* ФIыкIэ!

### Етхуанэ теплъэгъуэ

Зибэ щIегъэкIыжри Аслъэнкуэз къегъэзэж. Зэм зы щхьэгъубжэм, зэми адрейм бгъэдыхьэурэ доплъ, зэхэзекIуэ зэрыщымыIэр къыщыгурыIуэм, сценэм и гупэмкIэ къокIуатэ.

А с л ъ э н к у э з *(и щхьэм хужиIэжу).* Ей, си тхьэмыщкIэу, си Аслъэнкуэз, Зибэ лажьэншэм зыхуэбгъэткIиин фIэкIа нэгъуэщI къызыхуэмынэжа, си Аслъэнкуэз! Сыт къару иIэр Тхьэр зэуа мы лы тыкъыр цIыкIум! Си бгъэгур къресыкI, си щхьэр егъэуназэ, къапщIий хужь цIыкIуу хы толъкъунхэм сыщызэрехьэ. Си лъагъуныгъэ, си гущIэм щызгъэтIыгъуэ си лъагъуныгъэ щэху... СыбзыщIкIи сыт и мыхьэнэж иджы абы! Сыт иджы сщIэжынур? Сыт сызэпхъуэнур? Хэт си губампIэр зыхуэсIуэтэнур? Пагагъэр, уэркъыгъэр и щIыIу къысфIэхъури, ныджэм тету зи Iэр къысхуэзышия Зибэ Iузгъэщтащ. Уеблэмэ и жагъуэ сщIащ, згъэикIащ, ди ныбжьэгъугъэми шэч къытрезгъэхьэжащ.

Сыхэт иджы сэ? Сысыт сэ? СлъэкIыну си гущIэм къибыргъукI а къарум си закъуэу сыпэщIэтын? СлъэкIыну а лъагъуныгъэм къызидза мафIэр згъэункIыфIын!.. Зэт... зэт... Акъылырщ гурыщIэ мафIэр зыгъэужьыхыфыр, псэм телъ уIэгъэм хущхъуэ хуэхъуфыр. Аращ. АтIэ, сэ лъэпкъ уардэм сыщыщкъэ, уэркъ Тимурташ срипхъукъэ?.. ШейтIаныр къыстекIуащ, сигъэдзыхащ, схуэмыфащэ щытыкIэм сригъэуващ. Я щIыхьрэ я лъахэрэ, я нэмысрэ я динрэ яхъумэжу аслъэныгу зыкIуэцIылъ ди зауэлIхэр зауэм Iуохьэ, лъы ягъажэ, лIыхъужьыгъэ зэрахьэ. Сысейм и бгъэм илъыр тхьэкIумэкIыхьыгуу къыщIэкIащ. Шынэм къыхэкIыу и нэмысри, и динри, и уэркъыгъэри ищэжащ. *(И нэпсыр щIилъэщIыкIыу зэщыджэу гъыурэ, бжэм бгъэдохьэри зреупсей, и IэштIымхэмкIэ теуIуэурэ.)* Умышынэ, нэмыс зимыIэж, умышынэ! Уэ пхуэдэ къэрабгъэм къыщIэж лъым зытеткIуэр иуцIэпIыну фIэкI игъэкъэбзэжынукъым. Уи напэр абыкIи тхьэщIыжа хъунукъым. Шынэ, мэх, лIэ! Аращ уэ къыпхуэнэжыр. Ауэ ухрамыбжэ зи хэкур ихъумэу зауэм шэхьид щыхъуахэм! Уэ абыхэм уахуэфащэкъым!..

Абы ирихьэлIэу бжэр къыIуехри Т и м у р т а ш къыщIохьэ.

## Еханэ теплъэгъуэ

Тимурташ жьакIэ хужь дахэ тетщ. Адыгэ пыIэ фIыцIэ щхьэрыгъщ, цей екIу щыгъщ, дыжьын къамэ дахэ бгырыщIащ.

А с л ъ э н к у э з *(и адэр щилъагъум, щыблэ зэуам хуэдэу, къэщтауэ).* Уэй, уэра ар, дядэ?

Т и м у р т а ш *(къэхъуар къыгурымыIуауэ).* Сыт

къэхъуар, си хъыджэбз? Щхьэ угъэ, зыгуэрым уигу хигъэщIа?

А с л ъ э н к у э з *(зызэтриубыдэжын и гугъэу кууэ бауэурэ).* ЗырикI, зыри къэхъуакъым, дядэ!

Т и м у р т а ш. Дауэ зырикIын, си хъыджэбз, уи сэфэтым уитыжккъым.

А с л ъ э н к у э з *(зыхуэмыIыгъыу къыщеудыжри).* КъызыфIомыгъэIуэху, ди адэ, къэхъуа щыIэкъым! Рэхьэту сыкъэгъанэ. СщIэркъым сыгъын хуейуэ къыщIыстехьар!

Т и м у р т а ш. Сэ уэ узгъэгуфIэну сыкъэкIуащ, Аслъэнкуэз. Ауэ уэ уи нэ дахэхэм нэпс къыщIэжу сыкърогъэхьэлIэ.

А с л ъ э н к у э з. Пэжыр жыпIэнурамэ, аслъэным игу бэмпIар зы лы тыкъыр цIыкIукIэ зэпхъуэкIмэ, абы и нэм нэпси щIэплъэгъуэнщ, и жьэм гуIэгъуэ макъи къыжьэдэIукIынщ...

Т и м у р т а ш. Хьэуэ, си хъыджэбз! Адыгэ пщащэм нэпскIэ зитхьэщI хабзэкъым. Аслъэнкуэз хуэдэ уэркъ пщащэм и нэм зы налмэс ткIуэпс закъуэри хурикъунщ, и нэбжьыцхэр игъэлыдыну. Хъунщ иджы, щыгъэтыж, сэ уэ хъыбар гуфIэгъуэ къыпхуэсхьащ: ди щIалэхэм къагъэзэжащ, Самуркъаш-беи узыншэу зауэм къыхэкIыжащ.

А с л ъ э н к у э з *(и адэм жьэхолъадэри).* Тхьэм щхьэкIэ щыгъэт, дядэ. Щыжумыгэ абы и цIэр мыбдеж. Сигу техуэнукъым ар! Абы и цIэм сызыхидзэ губжьым адыгэ хабзэри сигъэкъутэнущ, бын фарзми сригъэбэкъуэнущ. КъыфIэбгъэкIмэ, уи жьэр субыдынщи, емыкIу къызигъэхьынщ. Напэтех гуэрым и цIэм сыхуейкъым уи щIыхьым ныбжь къытрыригъэдзэну.

Т и м у р т а ш *(къэгузэвауэ).* Сыт къэхъуар? Тхьэр фIыуэ плъагъумэ, сомыгъэгузавэ, Аслъэнкуэз! СынолъэIу зыри къысщумыбзыщIыну...

А с л ъ э н к у э з. Сыт къэхъун?! А сыбгъэгуфIэну къызжепIэр зауэм Iумыхьэфа напэтехым и цIэрщ...

Т и м у р т а ш. Мы жыпIэр сыт? Iиман уиIэмэ...

А с л ъ э н к у э з. Аращ дядэ. Шынэм къыхэкIыу мэхауэ ягъэхъыбар.

Т и м у р т а ш. Зыри къызгурыIуэркъым. Ар къэмыхъун гуэрщ. Зауэм щедгъажьэм щыгъуэ, уи анэм къызгуригъаIуэри, сэ абы си арэзыныгъэ естащ. Уэри зэрыпщIэщи, сэ жысIам сепцIыж хабзэкъым. ЗэрызэдухылIам тету, къызэригъэзэжу фи хьэгъуэлIыгъуэм и ужь дихьэну аращ.

А с л ъ э н к у э з. ХьэгъуэлIыгъуэм нэхърэ си жэнэзыр гъэхьэзыри нэхъыфIщ.

Т и м у р т а ш *(кIэрэхъуауэ)*. Си хъыджэбз, мы Iуэхум пхэнжыгъэ гуэр хэмылъу ущыхьэт?

А с л ъ э н к у э з. Сэ си щыхьэтым хэт хуэныкъуэж?! Мы хъыбарыр зэхэзымыха хэкум исыжкъым, уеблэмэ пщащэхэм ауан уэрэди хуаусыжащ.

Т и м у р т а ш *(зэхихыр и щхьэм дэуеяуэ)*. Уэрэди хуаусащ жыпIа?

А с л ъ э н к у э з. Си адэ лъапIэ, Тхьэр зэуа гущэр сэращ. Сэ нэхъ насыпыншэ, уэ нэхъ адэ тхьэмыщкIэ тету пIэрэ мы дунейм? Ауан уэрэду пщащэхэм я жьэм къыжьэдэнэжа напэтехыр дауэ псэлъыхъу къысхуэухъут, уэри лIыхъужьыфэ дауэ абы иуплът?

Т и м у р т а ш *(и пхъур игъэбэяужурэ)*. Хъунщ, хъунщ, Аслъэнкуэз, зыбухыжкIи пэжыр пцIы пхуэщIыжынукъым. Уи нэпсми абы и IэкIэ трихыжа и напэр итхьэщIыжынукъым. Псалъэр зытар сэрамэ, къызогъэгъэзэж. Iуэхур зыIутыр зыщIэхэм сакъыгурыIуэнщ, си псалъэм сызэрытемытыжам щхьэкIэ сагъэкъуэншэнкъым. Сэ уэркъ псалъэ зэстар уэркъ щауэ хахуэт, апхуэдэу къыщыщIэмыкIакIэ, гукъанэ къыщIысхуащIын щыIэкъым. Уэркъ щIыхьыр зымыгъэпэжыфам и пащхьэ сэ жэуаплыныгъэ щысхьыну адыгагъэкIи динкIи къыстехуэркъым. А Iуэхум узыгъэгузэвэни узыгъэнэщхъеини хэлъкъым. Абдеж щыдухынщ ар. ИтIанэ, ди унафэр зыщIэ щыIэкъым, ди псалъэри зыми зэхихакъым. Хэт исын Шэрджэсым адэу сэр нэмыщI и пхъум къэшэн-дэкIуэн Iуэхухэм хутепсэлъыхьу? Мыр адэ-анэхэм дежкIэ емыкIушхуэщ, адыгэхэми ди хабзэкъым. Ауэ сэ куэд къэскIухьащ, дуней слъэгъуащ, лъэпкъ куэдым я хабзэми сыщыгъуазэщ. Арами, си хъыджэбз закъуэр зэрысабийрэ нэхъ спэгъунэгъуу, и дзыхь къызигъэзу, и щэхуи къызиIуэтылIэу къэзгъэхъуащ. Абыи сыхущIегъуэжыркъым. Быныр адэ-анэм пэгъунэгъуу щытын хуейщ. Абы щыгъуэ къэзылъхуахэр, къызыхэкIахэр псэкIэ зыхащIэу ахэр къэхъунущ, балигъ ныбжьым щынэсми уагъэукIытэжынукъым. Аращ лIыжь-фызыжьым ди хъуэпсапIэр – ди пхъурылъху щIалэ цIыкIухэр къыщIэлъадэрэ, дадэмрэ нанэмрэ IэплIэ къытхуащIу тлъагъунырщ. Тхьэм жиIэмэ, апхуэдэуи хъунщ. Уэ апхуэдизу уигу хомыгъэщI, си хъыджэбз, псори тэмэм хъунщ. Хэт зэхэзыхар унафэ тщIари ар зэрыткъутэжри…

А с л ъ э н к у э з. Хэт зэхэзыхар жыпIа? Сэ-щэ, дядэ? Сэ зэхэсхакъэ? БдзапцIэм хуэдэу а псалъэхэр си

гум итIысхьащ. Сигу пхъэрар цIыхухэмрэ сэрэ дяку къыдэнащ. Сэ дауэ абы зыфIэзгъэпщкIуфын? Ар сызыпэмылъэщын къарущ. Ар си напэм къысхуемыгъэзэгъынщ. Абы и пащхьэ сыщремыукIытэ закъуи, цIыхухэм къысхужаIэнум сигъапэркъым. Ауэ си гум жиIэмрэ си псэр зыхуеймрэ щызэтемыхуэм деж, хэт и псалъэ дахэри зэхэсхыжын слъэкIыркъым.

Т и м у р т а ш. Сыт пщIэн-тIэ, си хъыджэбз, си гугъэщ Тхьэр уи дэIэпыкъуэгъуу а напэтехыр уигу зэрибгъэхун къаруи къыплъыкъуэкIыну.

А с л ъ э н к у э з. Къэнэжыр аращ, ауэ жыIэгъуафIэ щхьэкIэ... А фIылъагъуныгъэр си гум сэра изылъхьар, сыIэбэмэ, къисхыжыну? Апхуэдэу ирехъуи, си гум езгъэдэфыну ар сэ? Хьэуэ, си гур сэ къысхуэгъэпцIэнукъым, езыри абы хуеиххэкъым. Илъынущ а гурыщIэр мыбдеж, дэп жьэражьэу къызэщIэстыжу. ИIэкъым абы, дядэ, Iэзэгъуэ...

Т и м у р т а ш. Дауэ мыхъуми, си пщащэр сэ а напэтехым схуетынукъым.

А с л ъ э н к у э з. Абы шэч щхьэ къытепхьэххэрэ, дядэ? Узиадэщ, супIащ, зыхуей сыхуэбгъэзащ, ухуитщ «Самуркъашым дэкIуэ» жыпIэу сыхэбгъэзыхьыну, ауэ а къэхъуам и ужькIэ, си псэр си пкъым хэтыху, а напэтехым ей сыхъункъым. А нэмысыншэм и Iэр си Iэм къеIусэн дэнэ къэна, зэ Iуплъэгъуэ закъуэкIи си нэгу къыщIэзгъэплъэнкъым.

Т и м у р т а ш. Упсэу, си хъыджэбз, Тимурташри Iуэхум зэрегупсысыр апхуэдэущ. Ауэ сынолъэIу зи напэр тезыхыжа гуэрым щхьэкIэ апхуэдизу уигу хомыгъэщIыну. СыкIуэнщи уи анэр къезджэнщ, хэт ищIэрэ, абы и псалъэхэм нэхъ утрагъэунщ.

Т и м у р т а ш щIокI.

## Еблапэ теплъэгъуэ

Аслъэнкуэз и закъуэщ.

А с л ъ э н к у э з. Упсэу, си адэ! СиIэкъым сэ уэ нэхъ гъунэгъуи, щыIэкъым нэгъуэщI си гурыгъугурыщIэхэр зыхуэсIуэтэфыни. ЩIыхьышхуэщ Тимурташым ипхъуу ущытыныр... *(И псалъэр зэпегъэури, хэгупсысыхьауэ нокIукI-къокIукI.)* Тимурташ хуэдэ цIыху гъэсам, цIыху цIэрыIуэм ипхъуу ущытыным и пщIэм елъытауэ зырикIщ мо напэтехым хуэдэм лъагъуныгъэ хуэпщIыныр. *(Иджыри тIэкIурэ сценэм*

*щызокIуэ.)* Аращ! Хурехъу ар си гум щытемыпыIэ лъагъуныгъэм шапэIудз! Щрырезэныкъуэкъу ахэр си гум, си пкъыр кхъэм яхьыжыху. Ауэ схъумэжынщ си нэмысыр, си пщIэр, си щхьэр. Ахэр пэлъэщынщ гурыщIэ мафIэм...

Т и м у р т а ш р э Н э ф и с э р э къыщIохьэ.

### Еянэ теплъэгъуэ

Нэфисэ хьэлэб щэкIым къыхэщIыкIа бостей гупэ зэгуэх дахэ щыгъщ. И бгыр адыгэ цIыхубз бгырыпхкIэ щIэпхащ. ПыIэм и пIэкIэ данэпсышхуэ телъщ, и кIапэхэр и щIыбымкIэ щызэрыдзауэ.

Т и м у р т а ш. Дауэ ущыт, си хъыджэбз? Уи гур нэхъ тесэбырэжа? НетIэ сэ узэрыслъэгъуам хуэдэу уи анэми нэгъуэщI гуэрми уремылъагъу...

А с л ъ э н к у э з. КъакIуэ, дянэ, къыщIыхьэ*! (И адэм дежкIэ зигъазэурэ.)* Иджы си гур нэхъ псэхужащ. Уэ уи быну щытыныр хэт дежкIи лъапIэныгъэшхуэщ. А лъапIэныгъэр сэ Тхьэшхуэм къысхуигъэфэщащ.

Н э ф и с э. Уи адэм егъэлеяуэ и жагъуэ хъуащ мы Iуэху мыщхьэпэр. Сэри ар си щхьэм дэуеящ...

Т и м у р т а ш. Аслъэнкуэз, си хъыджэбз, уэ Тимурташ урипщащэмэ, уи анэр уэркъ цIэрыIуэ Уэздэмыр ипхъущ. Езым и щхьэм хуимыгъэфащэ, уэри нэгъуэщIхэми яripэсынукъым абы. ЕдаIуэ уи анэм жиIэми...

Н э ф и с э. Аращ, си хъыджэбз, ди щхьэмрэ ди цIэмрэ хуэфащэу дыщытын хуейщ. Дэракъым хъерсызым зи напэр трихар, езым и нэмысырщ хэутэн ищIыжар. Абы щхьэкIэ ди щхьэ щIэдгъэлъэхъшэни, къэхъуар щхьэжэ щIытщыхъуни щыIэкъым.

А с л ъ э н к у э з *(игу зэрыхэщIыр плъагъуу).* Аращ, си анэ дыщэ, аращ си адэ лъапIэ. Ауэ сэ...

Т и м у р т а ш. Арамэ, абдеж мы Iуэхум кIэ щедвгъэт. И благъагъэр къызэрыдмыщтэри щIалэм Iэрыдгъэхьэнщ.

Н э ф и с э. Ар нэхъыфIщ. Пэжкъэ, си хъыджэбз?

А с л ъ э н к у э з. НэхъыфIщ, ди анэ, нэхъыфIщ...

Т и м у р т а ш (*ихъуреягъыр къиплъыхьурэ).* Сыт гъэщIэгъуэн мыр? Нышэдибэ лIыкIуэ хуэсщIат щIалэм, ди деж къезгъэблагъэу. Зауэм щыкIуэм еста си псалъэм дрипсэлъэну си гугъат. АрщхьэкIэ, мис, Iуэхур нэгъуэщIу къыщIидзыжащ. Иджы къыщIезгъэблагъэр си псалъэм сызэрытемытыжыр жесIэн щхьэкIэщ.

Н э ф и с э. Хьэуэ, тхьэмадэ! Уэ абы укъыщIеджар

щIалэм и пащхьэ хей зыщыпщIыжыну аракъым, атIэ узэрыщыгугъауэ къызэрыщIэмыкIар къыгурыбгъэIуэну аркъудейщ. Пэжкъэ, си хъыджэбз?

Зи щхьэ бжьэ еуам хуэдэу щыт Аслъэнкуэз и анэм жиIар зэхихакъым.

Т и м у р т а ш *(и щхьэгъусэм зыхуигъазэурэ).* Умыгъэгумащiэ пщащэр. ЕрагъкIэ бэяужа къудейщ.

Н э ф и с э. Алыхь, а псор тыншу пщащэм и щхьэм пхуимыгъэхуну. Модрей пэшымкIэ сшэнщ, тIэкIу зезгъэгъэпсэхунщ.

Т и м у р т а ш. НэхъыфIщ.

Н э ф и с э *(Аслъэнкуэз и Iэблэр иубыдурэ).* НакIуэ, Аслъэнкуэз!

А с л ъ э н к у э з *(къэщтауэ).* Сыт ар, си анэ?

Н э ф и с э. НакIуэ, си хъыджэбз, си пэшымкIэ, тIэкIу зыбгъэпсэхунщ.

А с л ъ э н к у э з. Мыбдеж-щэ? Мы пэшым зыщызгъэпсэху хъунукъэ? ИтIанэ сэ Зиби сыхуэзэн хуейщ.

Т и м у р т а ш. Зиби къедгъэшэнкъэ, си хъыджэбз!

А с л ъ э н к у э з. Сэ Зибэ си закъуэу сепсэлъэн хуейщ.

Н э ф и с э. Сыт хуэдизрэ ухуейми епсалъэ, си нагъуэ цIыкIу.

С э ф э р - б е й къыщIохьэ.

### Ебгъуанэ теплъэгъуэ

С э ф э р - б е й. Зи щIыхьыр ин, Самуркъаш-бей къэкIуащ.

Т и м у р т а ш. Къэса? *(И щхьэгъусэм зыхуегъазэри.)* Уэ, гуащэ, пщащэр модрей пэшымкIэ шэ. Сэ мыбы Самуркъаш къыщезгъэблэгъэнщ.

Н э ф и с э, А с л ъ э н к у э з, С э ф э р - б е й сымэ пэшым щIокI.

### ЕпщIанэ теплъэгъуэ

С а м у р к ъ а ш - б е й къыщIохьэ.

Т и м у р т а ш. А-а, уэра ар, Самуркъаш, еблагъэ! *(Самуркъаш лIыжьым и Iэм ба хуищIыну зишиящ. Тимурташ зэ и Iэр иримытыну хэтащ, итIани, щIегъуэжри, хуишиящ. МыдэкIэ къеплъэкIыурэ Самуркъаш зэхримыгъэхыу).* Ди Iэм ба къыхуедмыгъэщIыну

дыхуежьэмэ, занщIэу гурыщхъуэ ищIынщ. Ирехъу апхуэдэу, итIанэ деплъынщ.

С а м у р к ъ а ш. Уи благъэр куэд ухъу, тхьэмадэ! УкъыщIысхуейр уи лIыкIуэм пIэщIэгъуэ Iуэхуу къызгуригъэIуати, лъэхъу защIэкIэ сыкъэкIуащ, дакъикъэ тIощI нэхъыби езгъэхьагъэнукъым гъуэгуанэм.

Т и м у р т а ш. Афэрым, шууей бэлыхьу укъыщIэкIащ. СыщыщIалэм сэри ди къуажитIым яку дэлъ гъуэгур дакъикъэ тIощIым зэпысчу щытащ. Иджы жьыгъэм ди зэфIэкIым кIэричащ.

С а м у р к ъ а ш. Апхуэдизу жьыгъэм укъыхигъэщIауэ пхужыIэнкъым, тхьэмадэ. Мэшаллыхь…

Т и м у р т а ш *(пхъуантэхэмкIэ и Iэр ищIурэ).* МыдэкIэ къыдыхьэ, тIыс!

С а м у р к ъ а ш. Ар мыхъунщ, тхьэмадэ, уэ ущыту сэ дауэ жьантIэм сыдыхьэу сытIысын?

Т и м у р т а ш. Абы щыгъуэ тIури дытIысынщ.

МэтIысхэр.

Т и м у р т а ш *(зыкъомрэ хэгупсысыхьауэ щосри).* СыныщIоджа Iуэхур лъэныкъуитIри арэзы дыкъэзыщIын гуэру щыткъым.

С а м у р к ъ а ш *(къыгурымыIуауэ, тIэкIуи къызэрыгузэвар къапщIэу).* Сыт хуэдэу хъуми, къэпIуатэмэ нэхъыфIщ, тхьэмадэ!

Т и м у р т а ш. Мис, а зауэм укIуэн и пэ псалъэ зэттыгъати…

С а м у р к ъ а ш *(укIытауэ йоплъых).* ЗэдухылIэгъат, зи щIыхьыр ин!

Т и м у р т а ш. Уи жагъуэ умыщI, щIалэ, ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Тхьэм и унафэм и пэ дилъэдауэ къыщIэкIащ.

С а м у р к ъ а ш. Сыт хуэдэ унафэ зи гугъу пщIыр, тхьэмадэ? КъызгурыIуэркъым.

Т и м у р т а ш. УощIэ, си щIалэ, зи гугъу сщIыр. Къэшэн-нэшэн Iуэхум зэгурымыIуэ гуэрхэр къыщыхэкIыж, псалъэ зэратари щакъутэж къохъу. Ауэ адыгэхэм зэрыдихабзэу, дэ дыхьэзырщ щIегъуэжыпщIэ ттыну. ЗэгурыIуэныгъэ зэтщIылIауэ щымытами, тхылъкIэ щIэгъэбыдэжауэ псалъэ зэIэпыдмыхами, дыхуейкъым хабзэр ткъутэну. Ди пщащэр зэрыщIегъуэжам уасэ щхьэщыттыкIыну дыхьэзырщ. ЖыIэ, сэ мылъку сыщысхьынукъым!

С а м у р к ъ а ш. ЩIегъуэжыпщIэ, мылъку къыпIысхыну сыщыт сэ, тхьэмадэ? Апхуэдэфэ къызуплъы-

ныр сыткIэ къэзлэжьа? Нэхъыжьым пхуэсщI пщIэм и хьэтыркIэ сэ арэзы сыбдэхъунщ, ауэ мы зымкIэ сынолъэIу: уи псалъэм ущIытемытыжар, хъунумэ, къысхуэIуатэ. Ар схурикъунщ щIегъуэжыпщIэм пэкIуэу.

Т и м у р т а ш. И гугъу думыгъэщI абы, си щIалэ. Уи гукъыдэжыр къыдэзышеин гуэру щыткъым ар.

С а м у р к ъ а ш. Къысхуэгъэгъу, тхьэмадэ, ауэ абыкIэ арэзы сыбдэхъуфынукъым. ЩIаукIыр жрамыIэу лIы яукI хабзэкъым.

Т и м у р т а ш. Щхьэусыгъуэ хуэхъуари сыткIэ къэпщIэн?.. Пщащэхэм я хьэлщ мыпхуэдэхэр, уэ езыми къыбгуроIэ ар...

С а м у р к ъ а ш. Хьэуэ, тхьэмадэ, пщащэ хьэлыр щхьэусыгъуэкъым. Къысхуэмей пщащэм ар шынагъэкIэ езгъэдэну сыхэтынукъым сэ. Фэ абы фIыуэ фыщыгъуазэщ. Ауэ сэри пщIэ гуэр сиIэщ, ар къэвмылъытэу хъунукъым. Iуэхур щIызэщIэкIуэжам и щхьэусыгъуэр Iэмал имыIэу сщIэн хуейщ. Къуаншэр сэрамэ, си къуаншагъэр зэрызгъэзэкIуэжыным сыпылъынщ, сымыкъуаншэмэ, си нэмысыр хаутэныр щезгъэгъэтынщ.

Т и м у р т а ш. Хьэуэ, лажьэр уи деж къыщомылъыхъуэ!

С а м у р к ъ а ш. Абы щыгъуэ щхьэусыгъуэм фи дежщ дыщылъыхъуэн хуейр.

Т и м у р т а ш *(къэтэджурэ)*. Хьэуэ, Тимурташ и лъэпкъым къуаншагъэ илэжьауэ къыщIэхуа иджыри къэс къыхэкIакъым.

С а м у р к ъ а ш *(къотэдж)*. КъызгурыIуэркъым, сэ лажьэ симыIэмэ, фэ лажьэ фимыIэмэ, хэт-тIэ лажьэ зиIэр? УимыкI, уимыс, уисуи сыкъромыгъэхьэлIэж жыхуаIэр аракъэ? Ар мыхъунщ. Къэхъуам и щхьэусыгъуэр сымыщIэу сэ мы пэшым зы лъэбакъуэ щIэсчыкIынукъым. Сэ уи жыгъэр, уи уэркъыгъэр къызолъытэ, уэри сынолъэIу сыкъызыхэкIа лъэпкъым, си щхьэм, си цIэм пщIэ къыхуэпщIыну. Псом хуэмыдэу нэхъыжьхэм гулъытэ хуащIын хуейуэ собж ныбжьыщIэхэр псэуэгъу зэхуэщIын Iуэхум. ИтIанэ, илъэс хыщIблыщIым нэс зи нэмысыр, зи пщIэр зыхъумэжа нэхъыжьым нэхъыщIэми апхуэдэ Iэмал иритын хуейщ. Лажьэ гуэр теплъхьэурэ, цIыхум и пщIэр егъэухыныр зыми имыдэну джэгукIэщ.

Т и м у р т а ш *(мы псалъэхэр зэримыгуапэр къигъэлъагъуэу, и натIэр еIуэт, итIанэ дакъикъэ заулкIэ пэшым ныщокIукI-къыщокIукI)*. ФIым къыхэтхыу ткъутэжакъым ди унафэр, щIалэ! И щхьэусыгъуэри узыгъэгуфIэн гуэру щыткъым, щхьэжэ пщыхъунри

хэлъщ. Ауэ дэракъым мы щIэщхъу Iейр япэу зыIуэтар!

С а м у р к ъ а ш. Фэ фяпэ хъыбар IейкIэ къызэщыхьэкIуэни щыIа? ЖыIэ, Тхьэм щхьэкIэ умыбзыщI!

Т и м у р т а ш. Зэхыумыхауэ ара а хъыбарыр?

С а м у р к ъ а ш. Сыт хъыбар? Сыт зи гугъу пщIыр? КъысщабзыщIу, къызжамыIэу ара?

Т и м у р т а ш. Уэ ар уигу техуэнумэ, сэ ныбжесIэфынущ: цIыхухэм ягъэхъыбар зауэм укъыщымэхауэ.

С а м у р к ъ а ш *(зэхихыр игу зэрыримыхьыр къапщIэу )*. Пэжщ. Зы махуэ гуэрым зэщымыщхъу Iей сыхъуауэ щытащ, сыкъэмэхауи яIуэтэж. Ауэ сыт абы хэлъыр?

Т и м у р т а ш. Абы хэлъыращ – уэрэд къыхэкIащ.

С а м у р к ъ а ш *(зэхихыр и фIэщ мыхъуу)*. Сыт къыхэкIауэ жыхуэпIэр? Уэрэд яусауи? ЦIыху къэмэхам уэрэд хуаусрэ?

Т и м у р т а ш. АбыкIэ сэ укъызэмыупщI. Ар зыусахэрщ узэупщIынур! Мэхыныр шынэм къыхэкIауэ зыгъэхъыбархэрщ узэупщIынур.

С а м у р к ъ а ш *(къэуIэбжьауэ)*. Шынэми? Илъэс хъурейм зэ сигу къэмыкI гурыщIэм къыхэкIыуи? Самуркъаш-бей шынауэ зыгуэрым илъэгъуауи? Шынэм къыхэкIыу сымэхауи?

Т и м у р т а ш. Абыхэм сэ жэуап схуетынукъым, щIалэ! Сэ жысIэфынур бийм щышынэу къэмэха щIалэм, пщащэхэм уэрэд зыхуаусам естын пхъу сызэримыIэрщ.

С а м у р к ъ а ш *(и акъыл кIуэдыным нэсауэ къэгубжьауэ)*. Узахуэщ, тхьэмадэ! Сэ апхуэдэфэ къыщыстеуакIэ, ар зэрызытезгъэкIыжын Iэмал къэзгъуэтынщ. Зауэми бийми сызэрыщымышынэри флъагъунщ, ауэ уи пщащэм игу зризгъэхьын папщIэкъым. Самуркъаш-бейр Iэщэм зэрыщымышынэр хьэкъ ящысщIынщ уи къуажэгъу щхьэхуещэхэм!

Т и м у р т а ш. Апхуэдэ зы лIыгъэ...

С а м у р к ъ а ш *(и джатэ Iэпщэр икъузурэ)*. Япэрауэ, си Тхьэм и цIэкIэ, итIанэ си сэшхуэм и цIэкIэ... Сэ тхьэ соIуэ сыкъэрабгъэу жаIэу къызаупцIа фIейр лъыкIэ сымыгъэкъэбзэжмэ, адыгэ хэку псом щызэлъащIысын хуэдэу!..

С а м у р к ъ а ш - б е й губжьауэ пэшым щIокIыж. Т и м у р т а ш абы кIэлъокIуатэ.

*I у п х ъ у э*

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

Iуэхур щекIуэкIыр къуажэбгъурщ. Зи сэмэгурабгъу лъэныкъуэр чыцэхэм щIагъанэ гъуэгур бгъузэ хъужурэ, аддэ жыжьэу зыщызыIэт къурш щхьэ хужьхэм къыщежьэ аузхэм ящыщ зым докIуэдэж. МыдэкIэ ущыту уплъэмэ, чыцэ къуагъым зыкъуэзыгъапщкIуэIамэ гу лъыптэнущ.

### Япэ теплъэгъуэ

Iупхъуэр зэрызэIуахыу уолъагъу Ж а м б о л э т Iуащхьэм къехыу. Ар къыщысым, чыцэ къуагъым С а м у р к ъ а ш къыкъуокI, хуабжьу зэрыпIейтейр и нэгу къищу.

Ж а м б о л э т. Уэра ар, къуэш?

С а м у р к ъ а ш. Мыр слIо, Жамболэт, сытым укъихьа мыбы?

Ж а м б о л э т. Уэ укъызолъыхъуэ, си къуэш, ауэ дунейм утезгъуатэркъым!

С а м у р к ъ а ш. Си къуэш жыпIа? Сэра жыхуэпIэр?

Ж а м б о л э т. Ей, ей, сыт къыпщыщIар? Ди зэхуаку къуэшыгъэр дэпхыжыну сыт къэхъуар?

С а м у р к ъ а ш *(зэрыпIейтейр къапщIэу)*. Зы адэ-анэм дыкъалъхугъами, сызэрыуикъуэшыр зыщыбгъэгъупщэн хуей хъунт.

Ж а м б о л э т *(къэгузэвауэ)*. Тхьэм щхьэкIэ, жыIэ къэхъуар. Дыгъуэпшыхь уэ мыпхуэдэу гукъыдэжыншэу удэкIакъым къуажэм. Зы жэщ закъуэм сыт къэхъуар?

С а м у р к ъ а ш. Сэ къысщыщIам зы жэщи ихьакъым, зы дакъикъэм къэхъуащ ар. Сэр дыдэм къызгурымыIуэж а къэхъуар зэхэзгъэкIыну аращ Тимурташ и къуажэм сыкъыщIэкIуар.

Ж а м б о л э т. Къемызэгъщ мы уи щытыкIэр, Самуркъаш! Си къуэш дыдэми хуэзмыдэну зыгуэрщ мыр!

С а м у р к ъ а ш *(къыщыщIа щIэщхъум игъэхыщIэу)*. Уэй, си шынэхъыщIэу Жамболэт, Аслъэнкуэзрэ...

Ж а м б о л э т *(къэгузэвауэ)*. Сыт ар, пщащэм зыгуэр къыщыщIа?

С а м у р к ъ а ш. Е ар, е сэ. СылIамэ нэхъыфIт, зауэм шэхьид сыщыхъуамэ – си уэредадэт...

Ж а м б о л э т. Сложь, пщащэм зебгъэгъэгусауэ ара?

С а м у р к ъ а ш. Зауэм дыкIуэн и пэ и адэм къызита псалъэр икъутэжащ.

Ж а м б о л э т *(и гур нэхъ псэхужауэ)*. КIуэ, сыт хуэдэу хъуами, узыщыгуфIыкIын гуэру щымытми,

зытебгъэунэхъуэжынуи щыткъым. ИтIанэ Тимурташ и псалъэр имыгъэпэжыфамэ, сэ уэ си къуэшхэм уащIыхэзгъэкIын хуейр сыт?

С а м у р к ъ а ш *(ихъуреягъыр къиплъыхьурэ)*. Ей, Жамболэт, Жамболэт, мы си гум иджыпсту щыщIэр дауэ къозгъэщIэну? Уэс къесагъащIэу сыткIуу сызэрымыкIуэдыжам щхьэкIэ, бэлыхь цIыкIу уи гугъэ си псэм телъыр?

Ж а м б о л э т. Си къуэш, зи бэлыхь уиукIыр сынолъэIу къызгурыбгъэIуэну. Уэ гузэвэгъуэ ухэхуауэ, сэ ар бдэзмыгъэпсынщIэн слъэкIын? Абы и ужькIэ дауэ ныбжьэгъууи сыкъэплъытэн? Самуркъаш, къэзлэжьакъым сэ мыпхуэдэ псалъэхэр, лей къыстехьэуи къысщохъу. Ауэ солъагъу уи фэ узэримытыжри, зыри схужыIэркъым.

С а м у р к ъ а ш *(и щхьэр ирихьэкIыурэ)*. Си жьэм къысхуегъэкIуу жысIэфын хуэдэу щыт сэ ар?!

Ж а м б о л э т. Уэ уи тезырыр сэри си тезырщ, фIыми Iейми ар бдэзгуэшыну сыхьэзырщ. Ауэ уэри къыбгурыIуэну сыхуейщ, Самуркъаш, си ныбжьэгъур Iуэху хэхуащ жысIэу, сежьэж зэрымыхъунур. Абы къикIыр сэ а Iуэхум сигъэщтауэ, абы зыщыздзейуэщ. Хэт илъэгъуа адыгэлIыр Iуэхум игъэшынэу? Мыпхуэдизу уигу хэщIу узэрыслъагъур си дежкIэ лейщ. Е къэхъуар жыбоIэ, е...

С а м у р к ъ а ш. Тхьэм щхьэкIэ къысхуэгъэгъу, къуэш. Си щхьэр бжьэ зэуам хуэдэщ. ЖысIэри сымыщIэжу сыкъэнащ.

Ж а м б о л э т. ЖыIэ-тIэ иджы къэхъуар!

С а м у р к ъ а ш. ПщIэжрэ, зы махуэ гуэрым зауэм сыкъыщымэхауэ зэрыщытар? Ягъэхъыбар ар шынэм къыхэкIауэ...

Ж а м б о л э т. Шынэм къыхэкIауи?.. Апхуэдэу хэт ар жызыIар?

С а м у р к ъ а ш. Тимурташ-бей и къуажэм нэгъуэщI псалъэмакъ дэлъыжкъым. *(И макъым губжьыр къыщIыхьэу.)* Си щIыхьри си нэмысри хэутэн ящIащ. Пщащэхэм ауан сыкъращIу уэрэди схуаусыжащ.

Ж а м б о л э т *(къэгузэвауэ)*. Сыт жыпIэр? Апхуэдэ къэхъункIэ Iэмал зимыIэщ.

С а м у р к ъ а ш *(и нэкIур и Iэгухэм дикъузэурэ)*. Къэхъуащ, Жамболэт, къэхъуащ.

Ж а м б о л э т. Зэт, зэ бэяут. Iуэхум гущабагъ зэ хыдомыгъалъхьэт! НэпскIи гухэщIкIи зэфIэпхыфыну гуэркъым мыр, сэ къызэрызгурыIуэмкIэ. Зы Iэзэгъуэ гуэр иIэн хуейщ...

С а м у р к ъ а ш. ЕмыкIум си гур ехуз, си нэпсыр къысфIыщIеху, ауэ Iэзэгъуэ имыIэуи щыткъым абы. Ари къэзгъуэтакIэщ...

Ж а м б о л э т. Зыгуэр къыбдэмыгушыIауэ пIэрэ, Самуркъаш? Апхуэдэу щытмэ, уэркъ щауэм дежкIэ икъукIэ гушыIэ гущIэгъуншэщ ар.

С а м у р к ъ а ш. Хьэуэ, къуэш, пцIыи гушыIи хэлъкъым мы Iуэхум. Тимурташ езым къызжиIащ ар: IейкIэ пщащэхэм я жьэм жьэдэхуа щауэм и пхъур зэрыримытынур. Дыгъуэпшыхьщ сэри ар къыщысщIар. Тимурташхэ я деж сыкъыщIэкIыжа нэужь, уэрэдым седэIуэну мурад сщIащ. Ауэ сымыукIытэу хэт сеупщIынт? Си губжьым фIэмылIыкIыу хэти ар къызжиIэнт? Арати, къуажэм сыкъыдэкIыжри пшапэр зэхэуэху сыпэплъащ. ИтIанэ згъэзэжри къуажэм сыдыхьащ икIи, дыгъуакIуэм хуэдэу, щхьэгъубжэ лъабжьэхэм сыкIэщIэтIысхьэрэ сыдаIуэу, жылэр къызэхэскIухьащ. Иужьым зы унагъуэ гуэрым щызэхэс пщащэхэм жаIэу си тхьэкIумэкIэ зэхэсхащ ауан сызэращI уэрэдыр.

Ж а м б о л э т. Тхьэм щхьэкIэ!..

С а м у р к ъ а ш. Аращ, къуэш, тхьэ соIуэ си тхьэкIумитIымкIэ зэхэсхакIэ. Аращ... ублэмэ шым сызэрышэсыжын лIыгъэ къысхуагъэнакъым.

Ж а м б о л э т. Мыпхуэдэ пцIыри дэнэ кърахa? Мэхыным цIыхур хуэхей? Сымаджэ хъуам лажьэ тралъхьэ хабзэ?

С а м у р к ъ а ш. Мыхабзэми апхуэдэу хъуащ.

Ж а м б о л э т *(зы тэлайкIэ мэгупсысэри)*. Самуркъаш, си фIэщ хъуркъым мы Iуэхум зы бзаджагъэ гуэр хэмылъу. Фыгъуэ-ижэр здэщымыIэ щыIэкъым.

С а м у р к ъ а ш. Сыт хуэдэ бзаджагъэ хэлъын?

Ж а м б о л э т. Дуней псом щызекIуэ Iуэхущ мыр. Хэт ищIэрэ?..

С а м у р к ъ а ш. Апхуэдэ зыгуэру щытамэ, сэ гу лъыстэнт.

Ж а м б о л э т. Псалъэм и хьэтыркIэ, Аслъэнкуэз нэгъуэщI щIалэ егуэкIуащ, икIи уэ ауан уаригъэщIмэ...

С а м у р к ъ а ш *(мапхъуэри Жамболэт и жьэр еубыд)*. Щыгъэт, абы къыфIомыгъэкI! Аслъэнкуэз мы зы дакъикъэм тIэунейрэ пцIы теплъхьащ!

Ж а м б о л э т. ИтIани тIэкIу егупсыс, ари Iуэхум...

С а м у р к ъ а ш. Сыт хуэдизрэ уемыгупсысми, лейщ. Аслъэнкуэз илъэсищ... тэмэм, илъэсищ хуэдиз хъуауэ срипсэлъыхъущи, «фIыуэ узолъагъу» псалъэхэр

къыжьэдэкIауэ зэхэсхакъым, уеблэмэ а и гурыщIэм и ныбжьэгъу дыдэхэми гу лъаригъэтакъым. Аслъэнкуэз хуэдэ уэркъ пщащэм, пщIэ ин зыхуащIым, сэ къысхуиIэ гурыщIэу дунейм къытримыгъэхьар и адэм хуэзыIуэтэфам апхуэдэпцIкIэ зыпхуигъэпудыжынукъым. Аращи, абы урипсэлъэныр зэмангъэкIуэд къудейщ.

Ж а м б о л э т. ИтIани, хэт ищIэрэ жызоIэри аращ...

С а м у р к ъ а ш. Шэч лъэпкъ къызытумыхьэжын гуэрщ мыр. Ауэ а уэ жыхуэпIэм хуэдэу Iуэхур дыгъэбж. Дыгъэлъытэ Аслъэнкуэз нэгъуэщI щIалэ фIыуэ илъэгъуауэ. Абы щыгъуэми сэ быдэу си фIэщ мэхъу Аслъэнкуэз абы хьилагъэ гуэр зэрыхимылъхьэнур. Сэ къызита псалъэр икъутэжын хуей хъуамэ, сриджэнурэ, ар занщIэу къызжиIэнут. Ауэ сэ фIыуэ сцIыху Аслъэнкуэзым зэи и щхьэ ирипэсынукъым сэ схуэдэ зы уэркъ щауэ цIыхухэм я пащхьэ иришэу и напэр трихыну. Апхуэдэ хабзэншагъэр зыхуэзыгъэфэщэну пщащэкъым ар.

ТIури хэгупсысыхьауэ тэлайкIэ щытщ.

Ж а м б о л э т. Сыт щхьэкIэ, уэ мы къэхъуам и Iэзэгъуи уиIэу жыпIаи?

С а м у р к ъ а ш. СиIэщ. Самуркъаш-бей зауэм зэрыщымышынэр езгъэлъагъунущ.

Ж а м б о л э т. Аслъэнкуэз зыкъебгъэлъагъуу, къыуитыгъа псалъэр ебгъэгъэпэжын щхьэкIи?

С а м у р к ъ а ш. И псалъэр езгъэгъэпэжын щхьэкIи?.. Тхьэм жимыIэкIэ ар! Сэ къысхуэмей пщащэм лъэщыгъэкIэ... Хьэуэ, хьэуэ! Сэ сызыхуейр къэрабгъэу сызэрыщымытыр, ауаныр зэрысхуэмыфащэр Тимурташ-бейм и къуажэм езгъэлъагъунырщ. Уэрэд напэтехыр мы къуажэрщ щаусар, апхуэдэу щыщыткIэ, си напэр щыстхьэщIыжын хуейри абы и цIыхухэм я пащхьэрщ.

Ж а м б о л э т. КъызгурыIуащ, ауэ жылэ гъунэгъухэм зэхахмэ, емыкIукъэ? ЦIыхухэм сыт къытхужаIэн?

С а м у р к ъ а ш. ЕмыкIукъэ жыпIа? Лажьэ зимыIэ уэркъ щIалэр джэгуалъэ пщIыныр, ауан уэрэд хузэхэплъхьэу зэрыжылэу ущIэнэкIэныр емыкIукъым, ара? Абы и емыкIур сэ къызощтэ. Сэ иджыпсту си къуажэм сынэсыжу, си зауэлI зыбжанэ къыздэсщтэу, къэзгъэзэжыну си мурадщ. Сэ уэ си гъусэу накIуэ бжесIэркъым, къуэш. ЕмыкIум ущышынэмэ, кIуэ, уи тхьэ узэреплъщ. Ауэ сэ си цIэм трищIа фIейр лъыкIэ згъэкъэбзэжынущ.

Ж а м б о л э т. Щхьэ апхуэдэу жыпIэрэ, Самуркъаш? Сэ сыхьэзырщ уи гъусэу щIы къатиблым и лъабжьэм сынехыну, жыхьэнэмэм и курыкупсэм сыныбдыхыхьэну!

С а м у р к ъ а ш *(къэгумэщIауэ Жамболэт IэплIэ хуищIурэ).* Сэри апхуэдэущ сызэрыпщыгугъыр...

С а м у р к ъ а ш р э Ж а м б о л э т р э къуршым хуэкIуэ гъуэгум тету йокIыж. Сценэм ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ З и б э р э къэжэр сатуущI Х ь э с э н р э къохьэ.

## ЕтIуанэ теплъэгъуэ

З и б э. Уэ мыбдеж къыщызэжьэ, сэ сыкIуэнщи Аслъэнкуэз хъыбар езгъэщIэнщ.

С а т у у щ I ы м. Мы щIыпIэр езыр мышынагъуэу пIэрэ?

З и б э. Умышынэ! УщIэшынэн лъэпкъ щыIэкъым. Иджыпсту, дакъикъэ заулкIэ сыкъэсыжынщ.

З и б э чыцэхэм кIуэцIрокIри сценэм йокI.

## Ещанэ теплъэгъуэ

С а т у у щ I ы м *(зиплъыхьурэ).* Бгыхэри сыту лъагэ! Я щхьэхэр пшэхэм хокIуэдэж... Гъуэгу гущIыIуми сыкъытринакъэ бзылъхугъэ нэжэсым! Адыгэхэр апхуэдизу уи дзыхь ебгъэзын хуэдэу щыткъым. СощIэ мыбыхэм тэтэрхэмрэ къэжэрхэмрэ фIыуэ зэрамылъагъури. Абы хэлъхьэж пщылIкIэ сату зыщI Хьэсэн и гуфIакIэр ахъшэкIэ къуауэ зэрыщытыр... ГъэщIэгъуэнщ Тимурташ и пхъур къоджэ зэрыжаIэу, занщIэу арэзы сызэрыхъуари. ТхьэIухудым нэгъуэщI мыхъуми зэ сыIуплъэну сызэрыхуейр армырауэ пIэрэ?.. Ауэ мыбы гъэпцIагъэ гуэр хэлъмэ-щэ? Аслъэнкуэз дахащэм къызищэн пщылI иIэмэ, мыпхуэдэу гъэпщкIуауэ щхьэ къызэджэн хуей? ПщылIхэр щэн-къэщэхун Iуэхур мыбы щыхабзэщ... Зэт, а пщащэм IэщэкIэ зэщIэузэдауэ адыгэ щIалитI къыздишэу къимыгъэзэжыну пIэрэ? Тхьэ соIуэ абы си кIуэдыр къыкIынукIэ! Псом нэхърэ нэхъыфIыр мо Iуащхьэм зыкъуэзгъапщкIуэу сеплъэкIуэнырщ. Сызыщышынэн хуэдэ къакIуэу слъагъумэ, къуэм зыдэздзэнщи саIэщIэкIынщ, апхуэмыдэмэ, сыкъехыжынщи сагурыIуэнщ.

С а т у у щ I ы р Iуащхьэм докIри мывэшхуэ гуэрым и къуагъым зыкъуегъапщкIуэ.

## ЕплIанэ теплъэгъуэ

Зибэ Аслъэнкуэз и Iэр иIыгъыу сценэм кърешэ. ТIуми заплъыхь, ауэ къэжэр сатуущIыр ялъагъуркъым.

Аслъэнкуэз. Дэнэ кIуауэ пIэрэ?

Зибэ. Алыхь, мыбдеж дыдэм къыщызгъэнам. *(И хъуреягъыр къаплъыхь.)* СщIэнури жысIэнури сщIэжыркъым, Аслъэнкуэз, апхуэдизкIэ си щхьэр кIэрэхъуащи! Уи щэхур къысщубзыщIын хуеякъым. Нэхъ пасэIуэу къызжепIауэ щытамэ, Iуэхум зы хэкIыпIэ гуэр къыхуэдгъуэтынт!

Аслъэнкуэз. Тхьэм апхуэдэу си натIэ къритхагъэнщ, Зибэ! Абы нэгъуэщI хэкIыпIэ иIэжкъым. Ауэ уэ узиныбжьэгъур, узишыпхъур пэжмэ, иджыри зэ сынолъэIу мы зэм укъыздэIэпыкъужыну. Ди щхьэм къихуа бэлыхьым зы Iэзэгъуэщ иIэр.

Зибэ. Мыр хэкIыпIэм я нэхъ Iейщ, Аслъэнкуэз, умылIэ-умыпсэууэ дунейм укъытезынэнщ.

Аслъэнкуэз. Аращ Тхьэм къысхуигъэфэщар! СымылIэ-сымыпсэууэ сыкъызэрынэр Iэзэгъуэ ныкъуэщи, сыт сщIэн, сшэчынщ. СылIэпамэ, си насыпт.

Зибэ. Бдэн-умыдэным хуитыр уэращ, Аслъэнкуэз, ауэ сэ жысIэр мыращ...

Аслъэнкуэз. Зыри жумыIэмэ, я нэхъыфIыр пщIауэ аращ, Зибэ. Самуркъаш-бейм сэ си гугъэр хэсхыжащ, абы къэгъазэ иIэжкъым. Уэ жыпIэгъащ зауэм щышынэу ар мэхауэ ягъэхъыбарыр мыпэжынкIи зэрыхъунур. Ар мыпэжуи къыщIрекI. Пщащэхэм я жьэм IейкIэ жьэдэхуа щауэр си дежкIэ лIа пэлъытэщ. Ауэ ар си гум иригъэхуу, абы и пIэ иувэфыни щыIэкъым. СощIэ псоми уи гугъэр хэпхыжауэ дунейм узэрытемытыфынур. Мы къэжэр сатуущIым зесщэжыну мурад щIэсщIам и щхьэусыгъуэри гугъапIэ гуэрхэм сыщIэхъуэпсу аракъым, атIэ цIыху емыкIум зыщыздзейуэ аращ. Хэт ищIэрэ си гъащIэр къызэрекIуэкIынур? Зы беижь гуэрым и пщэфIапIэм ар щызгъэкIуэнри хэлъщ...

Зибэ. АбыкIэ уи щхьэр къыумыгъэпцIэж, Аслъэнкуэз. Уегупсысакъэ зы хъаныжь гуэрым и фыз бжыгъэншэхэм уакъыхэхутэнкIэ зэрыхъунум?

Аслъэнкуэз. Алыхьым жимыIэкIэ ар!

Зибэ. Уи фIэщ гъэхъу Тхьэм ар уигъэлъагъункIэ! Уэ пхуэдэ мелыIычыр сыту пщэфIапIэм щIамыгъэтрэ, фIейр къырагъэхьэкIыу? Аращ, ущымыуэмэ сфIэфIу ныбжызоIэ, хэгъуэгур бгынэным насып къызэрыпхуи-

мыхьынур. ИтIанэ, нобэ щIэщхъу къысщыщIащ жыпIэу, Самуркъаш и лъагъуныгъэм уелъэпэуэныр захуагъэкъым.

А с л ъ э н к у э з. Самуркъаш и лъагъуныгъэм селъэпэуауи? Мыр сыт мы жыпIэхэр, Зибэ?

З и б э. Аракъэ-тIэ? Сэ уи хьэлыр, уи гупцIанагъыр, уэркъыгъэу пхэлъыр зихуэдизыр сымыщIэу е уи жагъуэгъуу сыщытамэ, Самуркъаш-бей ехьэлIауэ зы гугъэ къызэрыпхуэмынэжам къыхэкIыу насып лъыхъуэ Ираным укIуауэ жысIэнт.

А с л ъ э н к у э з *(дыхьэшхыпцIу и Iупэхэр зэтожри)*. Хьэуэ, си шыпхъу! Сэ щхьэкIэ апхуэдэ псалъэмакъ ирахьэжьэмэ, узэрызиныбжьэгъум и хьэтыркIэ жыIэ: Аслъэнкуэз апхуэдэу имыщIыгъамэ, Самуркъаш-бей и гъащIэр къутэнут – зы пщащи къеплъыжынутэкъым, щхьэгъуси къишэнутэкъым. Къишэнуми, Аслъэнкуэз мы щIыпIэм ису, зы пщащэ абы дэкIуэну дзыхь ищIынутэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мы псалъэмакъыр здынэмыса къэнэжакъым, ар щIэхъумаи хъужынукъым. Аслъэнкуэзым и мурадыр гукъеуэшхуэм зыдригъэшэхыу, гугъэм и нэпкъ задэм щхьэщыувэну аракъым. Сэ сызыхуейр гъащIэм и IэфIыр фIыуэ слъагъум къыхуэнэнырщ, абыкIэ дэIэпыкъуэгъу сыхъунырщ.

З и б э. ФIыуэ плъагъуми?

А с л ъ э н к у э з. Аращ, фIыуэ слъагъум! *(И гум хуэзэу и бгъэр трикъузэурэ.)* Мыбы ижыхьа а лъагъуныгъэр IэдэкIи къыпхуичыжынукъым. Кърачыпэми, Самуркъаш хузиIэ лъагъуныгъэр нэхъ мащIэ хъунукъым – ар си лъым хэткIухьащ, си къупщхьэм, си куцIым хищIащ.

З и б э. Апхуэдэу зэрыщытыр сэри сощIэ, Аслъэнкуэз. Аращ мы къепхьэжьа Iуэху мыщхьэпэм пэрыуэгъу сыхуэхъуну сыщIыхэтыр. Уэри зыбогъэунэхъуж, Сэмуркъаш-бейри богъэунэхъу.

А с л ъ э н к у э з. Зызгъэунэхъужыр пэжу уи фIэщ хъурэ?

З и б э. Дзыхь къысхуумыщIу ара?

А с л ъ э н к у э з. Арамэ, мыбы и пэIуэкIэ жыпIа псалъэм сыт къикIыр? Гукъеуэм сыхэкIыу, гугъапIэ гуэрхэм сылъыхъуэу Ираным сыкIуэ хуэдэу щхьэ жыпIа?

З и б э. Апхуэдэу жысIэмэ, ущIегъуэжыну си гугъащ.

А с л ъ э н к у э з. ЗыгуэркIэ сыщIебгъэгъуэжауэ щытамэ, сэри Самуркъаши лей къыдэпхауэ арат, Зибэ. Сэ лъахэр збгынэмэ, лей къыстохьэ, ауэ Самуркъаш-

бей ар щхьэщызох. Iуэхум сыхэкIмэ, нэхъыфIщ. Iэмалыншэу, ищIэнур имыщIэжу къэна щIалэм сэращ бэлыхьыр тезылъхьар. Сэращ ар къытезыхыжын хуейри. ИрыращIэ Аслъэнкуэз зыхуэдэ пщащэр! ИрырещIэ Самуркъаши лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ адыгэ пщащэм хузэфIэкIынур зихуэдизыр!

З и б э *(зиплъыхьурэ)*. Сыт мыгъуэр си Iэмал? Сызэремыплъарэ сызэрыбгъэдэмыхьа щIыкIэрэ щыIэжкъым. Тхьэм иухагъэнщ апхуэдэу хъунуи и гущIэгъум дыхимыныну солъэIу...

А с л ъ э н к у э з *(къыщиудауэ гъыурэ)*. Аращ, къэнэжри дызыщыгугъри Тхьэм и гущIэгъурщ. Тхьэм и унафэм арэзы техъуащ къысхужаIэнщ. Дэнэ щыIэ мы къэжэрыр?

З и б э. Мыбдеж дыдэм къыщызнащ, тхьэ! *(Къэжэрыр Iуащхьэм тету къалъагъу.)* Мес, Iуащхьэм тетщ!

А с л ъ э н к у э з. Сэ мыбы сыкъызэрыкIуэнур сондэджэрым жепIэн хуеякъым. Аслъэнкуэз ищэнур сэра хуэдэу къыгурыбгъэIуэнти, жепIэнт Iэмал имыIэу пщащэм мы щIыпIэр ибгынэн зэрыхуейм щхьэкIэ ахъшэншэу зэрыратыр.

З и б э. Ягъэ кIынкъым. Иджыри апхуэдэу жытIэ хъунущ. Мес, езыми дыкъилъэгъуащ, къокIуэ.

К ъ э ж э р с а т у у щ I ы р Iуащхьэм къох.

А с л ъ э н к у э з. Мыбдеж дыщызэхуэзэу сришэжьэн зэрыхуейр пщыгъупщэжа?

З и б э. Хьэуэ, дызэрызэгурыIуэн хуей псори сощIэж.

СатуущIыр пщащэхэм къабгъэдохьэ.

**Етхуанэ теплъэгъуэ**

З и б э. АIей, дэнэ уздэщыIэр? МащIэ лъандэрэ дыножьэрэ?

С а т у у щ I ы м. Фи къуршхэр Iейуэ сигу ирихьати, моуэ нэхъыфIыIуэу зэзгъэлъагъун щхьэкIэ Iуащхьэм сыдэкIуеят. *(Аслъэнкуэз зэпиплъыхьурэ.)* Мыра зи гугъу къысхуэпщIа пщащэр езыр?

З и б э. Хьэуэ, мыр къуажэ тхьэмадэм ипхъу Аслъэнкуэз ищэну пщащэр аращ!

С а т у у щ I ы м *(Аслъэнкуэз и хъуреягъыр къикIухьурэ зэпеплъыхьри сценэм и гупэмкIэ къокIуатэ)*. Хьым, мывэ къуагъым сыкъуэсу жаIахэр зэхэзмыха нэхъей, сыкъагъэпцIэну хэтщ мы тхьэрыкъуэ цIыкIухэм! *(Пщащэм дежкIэ еунэтIыжри, пыгуфIыкIыу, и*

*Iэгухэр зэщихъуэурэ зыхуегъазэ.)* АтIэ-э, дахэкIей, сэ укъэсщэхуну ухуей?

А с л ъ э н к у э з *(укIытауэ и щхьэр ирихьэкIыурэ).* НтIэ.

С а т у у щ I ы м. Си гъусэуи Ираным унэкIуэн?

А с л ъ э н к у э з. НтIэ, сынэкIуэнщ, си тхьэмадэ лъапIэ.

З и б э. Мыдэ къэдаIуэ, тхьэмадэ! Мы щэн-къэщэхуныр адрей сату Iуэхухэм яхуэбгъадэ хъунукъым.

С а т у у щ I ы м. Апхуэмыдэми, пщащэр дахэ дыдэщ.

З и б э. Пщащэм и дахагъым дытепсэлъыхьынуи абы дризэдэуэнуи дыхэткъым дэ. Мы пщащэр тщэркъым, ар ахъшэншэу удот.

С а т у у щ I ы м. Ахъшэншэуи?!

З и б э. НтIэ, ахъшэншэу! Аслъэнкуэз зыхуейр мыр сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу мы щIыпIэм ипшынырщ. КъыбгурыIуа? Езым фIыуэ илъагъум мы унэIутыр натIэрыIуапIэ ищIащи...

С а т у у щ I ы м. А-а, къызгурыIуащ. Фыгъуэным къыхэкIа зы щэн-къэщэху гуэрщ мыр!

З и б э. Сытым къыхэкIами, аращ! Мы пщащэр щIэхыIуэу мы щIыпIэм пэIэщIэ пщIын хуейщ. Адыгэ уэркъхэм я унэIутхэр фызу къашэж хабзэкъым, ауэ пщылIхэм ящIэ Истамбыл е Дыхьэрэн нэсмэ, унэгуащэ хъуфын дэнэ къэна, я насып кърихьэкIыу сулътIан е шах сэрейхэм къыдэхутэфыну зэрыщытыр. Абы къыхэкIыу езым фIэфIу мы унэIут пщащэр нэкIуэнущ.

С а т у у щ I ы м. Ара, дахэ?

А с л ъ э н к у э з. Аращ, си тхьэмадэ лъапIэ!

З и б э. Мыр гъэпщкIуауэ зэIэпыдмыхыу хъунукъым. Зи гугъу тщIы щIалэм дыкъищIэмэ, мафIэ къытщIидзэнщ. Аращи, дыкъэзыщIи дыкъэзылъагъуи щымыIэу, пщащэр мыбдеж Iупшын хуейщ.

С а т у у щ I ы м. Къаугъэ зыхэлъ Iуэхуу къыщIокIыжри мыр...

З и б э. Аракъэ ахъшэшхуэ зи уасэ хьэпшыпыр пщIэншэу щIоттыр! ШитI зэбгъэуIун хуейщ, нэхъ лъэрызехьэу, къэмыувыIэу жэщитI-махуитI гъуэгу зэпачыфын хуэдэу. ЩIалэр фи ужь къихьэмэ, къыфлъэщIремыхьэ, армыхъумэ укIуэдащ. КъыбгурыIуа?

С а т у у щ I ы м. КъызгурыIуащ. Пэжыр жыпIэмэ, Iуэхур къиин гуэрщ. Ауэ жыфIэр сымыгъэзэщIэнри слъэкIынукъым. УнэIут пщащэр дахэкIейщ, аращ шынагъуэ пылъми арэзы сыщIэхъуар. *(МыдэкIэ къокIуатэри пащIэкIэм щIэгуфIыкIыурэ.)* Сытри

пшэчынщ, уэлэхьи, мыпхуэдэ тхьэIухудым щхьэкIэ. Дыхьэрэн зэ нэзгъэсмэ, я нэхъ мащIэрамэ, тумэн минитIрэ щитхурэ къызатынущ, си жьэм псалъэ къыжьэдамыгъэкIыу.

З и б э. КъэдаIуэ мыдэ, тхьэмадэ! Тхьэмахуэ дызыхуэкIуэ нобэ хуэдэ и махуэр зэхудипIалъэщ. Мы щIыпIэ дыдэм мыпхуэдэ зэманым ирихьэлIэу укъыIухьэн хуейщ.

С а т у у щ I ы м. Тэмэм. Укъызогъэгугъэ уи унафэр згъэзэщIэну. *(МыдэкIэ къокIуатэри.)* Сыт щхьэкIэ укъэдмыгъэгугъэнрэ, Черкезистаным мыпхуэдэ зы пщащэ къыщыпщэхуну хуежьи, я нэхъ пуд дыдэм тумэн щибл щIэптынщ... Мыр и адэм хузэгуэпа е фIыуэ илъэгъуам фIэнэжа? Дауи ирехъу, а псом си Iуэхуу сыт хэлъ сэ? Нэхъыщхьэр ахъшэ къысхэхъуэнурщ!

З и б э *(къэжэр сатуущIыр мыдэкIэ щыпсэлъэху, Аслъэнкуэз зыхуегъазэри).* Уарэзы, си шыпхъу? Псори тэмэму зэфIэкIыну си гугъэщ. СатуущIми гурыщхъуэ лъэпкъ ищIыркъым.

А с л ъ э н к у э з. Хуабжьу си гуапэ къэпщIащ, Зибэ. Уи фIыгъэ къызэбгъэкIащ, сэ ар зэи сщыгъупщэнкъым.

С а т у у щ I ы м *(пщащэхэм захуигъазэурэ).* Аращ, дахэ, Тхьэм фIыкIэ дызэхуигъазэ!

К ъ э ж э р с а т у у щ I ы м къыздикIамкIэ егъэзэж.

## Еханэ теплъэгъуэ

Аслъэнкуэзрэ Зибэрэ я закъуэу къонэ.

А с л ъ э н к у э з *(и хъуреягъыр къиплъыхьурэ).* Уэ си хэку дахэ, си гущапIэ лъахэ, иджыри зы тхьэмахуэкIэ срыуихьэщIэнущ. Зы тхьэмахуэ закъуэ зэрыдэкIыу, зи дамэр жэпхъа бзууэ силъэтыкIынущ си анэ куэщIым...

З и б э. НакIуэ дыгъэкIуэж, Аслъэнкуэз, дыкъалъыхъуэу къыщIэкIынщ. Дыкъамыгъуэтмэ, гурыщхъуэ къытхуащIынщ. Уи анэм сыкъызэрыребгъэджари тэрэзу пщIакъым.

А с л ъ э н к у э з. Умыгузавэ, Зибэ! Си анэм гурыщхъуэ лъэпкъ ищIынукъым. СыныбдэуэршэрыНу сыноджауэ фIэкIа ищIэркъым. Хэт игу къэкIын мы дгъэпса Iуэхур?

З и б э. Сошынэ, зыгуэрым дыкъищIэмэ жызоIэри. НакIуэ!

А с л ъ э н к у э з. НакIуэ, си шыпхъу. *(Аслъэнкуэз япэ иту, Зибэ абырэ чыцэм хэкI пэтрэ, Аслъэнкуэз*

*зыгуэр елъагъури къэщтауэ къокIуэтыж.)* Сыт мыгъуэ мы слъагъур, си адэр къокIуэ!

З и б э *(зыхиIэтыкIыурэ маплъэри).* Алыхь, уи адэм и мызакъуэ къакIуэр, уи анэри Сэфэр-беи и гъусэщ.

А с л ъ э н к у э з. Сыт тщIэнур? Зэт... Абыхэм закъедмыгъэлъагъумэ нэхъыфIщ. НакIуэ псынщIэу, мо чыцэхэм я къуагъым зыкъуэдгъэгъапщкIуэ!

З и б э. Тэмэм. Зыми дыкъремылъагъу, иужькIэ гурыщхъуэ къытхуамыщIыжын хуэдэу. НакIуэ мо Iуащхьэ къуагъымкIэ!

А с л ъ э н к у э з р э З и б э р э загъэпщкIу.

**Ебланэ теплъэгъуэ**

Сценэм къохьэ къуажэ тхьэмадэ Т и м у р т а ш, абы и щхьэгъусэ Н э ф и с э, зауэлI С э ф э р - б е й сымэ.

Т и м у р т а ш. Плъэгъуакъэ, гуащэ, Самуркъаш и кIуэжыкIар? Хъийм икIащ хъерсызыр. Къуажэм къызэрытеуэнур къыдиубыдылIэу къыджимыIами, и псэлъэкIэмкIэ гурыIуэгъуэщ апхуэдэ мурад зэриIэр. Тхьэ иIуащ къэрабгъэу зэрыщымытыр уэрэд хуэзыусахэм хьэкъ ящищIыну.

Н э ф и с э. Си фIэщ хъуркъым уэркъ щIалэр апхуэдизу инат хъуну, итIани сакъын хуейщ.

Т и м у р т а ш. Си гур тепыIэркъым, гузэвгъуэ гуэрым ехуз. Насыпыншагъэ гуэр къыхэмыкIащэрэт мы Iуэхум. Гур зэрыгъум дыгъуэр ирижэнуми иримыжэнуми мы сыхьэт благъэхэм наIуэ къэхъунщ... Уэ зыри жыпIэркъыми, Сэфэр?

С э ф э р. Сэ сыт жысIэн, зи щIыхьыр ин? Уэ жыпIэр си жыIэщ, уэ уи унафэр си унафэщ...

Т и м у р т а ш. АтIэ-э-э, сэ жысIэр мыращ. Самуркъаш щIалэ ерыщщ, Iэмал имыIэуи къигъэзэжынущ. Къызеригъэзэжынури жылэм ухуэзышэ мы гъуэгумкIэщ. И хьэлкъым абы бий бэлэрыгъам теуэу. Ауэ дэ а бзаджагъэр къэдгъэсэбэпынщ. Мыбдеж дыщыпэтIысынщи, Самуркъашым и гупыр къызэрысу – «гуаргу апщий!» – ди фочхэмкIэ дыкъызэдеуэнщи, щIыгум хэдупIэщIэнщ...

Н э ф и с э. А си Тхьэ лъапIэ! Мыр сыт мы жыпIэр?! (*КъэуIэбжьауэ и IэхэмкIэ и щхьэм йопхъуэж.)*

Т и м у р т а ш. Сыт-тIэ дыбгъэщIэнур, гуащэ? Ди къуаншагъэу сыт хэлъ мы Iуэхум? Зыдмыхъумэжу, ди Iэхэр зэтедзауэ унэм дыщIэсу дауэ къуажэр едгъэ-

гъэсын щIалэ губжьам! Е «пыупщI ди щхьэхэр» жытIэу хуэдбгъэгъэщхъыну?!

С э ф э р - б е й. Апхуэдэ гуэри къэхъункъым, тхьэм жиIэмэ, тхьэмадэ, ауэ дысакъын хуейщ. Самуркъаш-бей ауан зэращI уэрэд зыхуримыгъэусыну щытамэ, мышынэу зауэм Iухьэнт. Арат лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэр...

Т и м у р т а ш. Афэрым, Сэфэр, дэри аращ жытIэр... Иджы уэ мо Iуащхьэм теуви, къакIуэIамэ, хъыбар дыгъащIэ. Ди зауэлIхэри иджыпсту къэсын хуейщ.

С э ф э р - б е й. Уи псалъэр си къалэнщ, зи щIыхьыр ин!

С э ф э р Iуащхьэм хуэкIуэу йожьэ. Ауэ абы илъагъуркъым чыцэ къуагъым зыкъуэзыгъэпщкIуауэ къуэс Аслъэнкуэзрэ абы и ныбжьэгъу пщащэ Зибэрэ.

**Еянэ теплъэгъуэ**

Тимурташрэ Нэфисэрэ я закъуэщ. Абыхэми гу лъатэркъым чыцэм зыщызыгъэпщкIу Аслъэнкуэзрэ Зибэрэ.

Т и м у р т а ш. Уэ кIуэж, гуащэ. Мыбдеж щыпщIэн щыIэкъым. ЦIыхубз Iуэхукъым мыр. Ди пщащэм уи нэIэ тегъэт, умыгъэшынэ.

Н э ф и с э. Е, дэ ди Тхьэ! Сыт гузэвэгъуэ дызыхэбдзар! Мыпхуэдэ бэлыхьыр щхьэ ди натIэ пщIа? Хъыбарыпщ I гуэр щхьэкIэ адыгэ щIалэхэм ялъ щхьэ жэн хуей?..

Т и м у р т а ш. Хъунщ, гуащэ, зумыухыж апхуэдизу. Абы Iэмал иIэжкъым – шабзэм шабзэшэр пылъэтыкIащ. Хэт къригъэгъэзэжыфын иджы абы!

Н э ф и с э. Ей, ныбжьыщIэ делэ мыгъуэ!..

Т и м у р т а ш. Хэт жыхуэпIэр? Си пщащэра? Аслъэнкуэз губзыгъэщ, Iуэхур тэмэму къыгуроIуэ. Абы апхуэдэ псалъэхэр къилэжьыркъым. Си пщащэм зы псэлъыхъуи имыIэжу къэнами, къэрабгъэм естынкъым. Езым апхуэдэу ищIэну уи гугъэ?

Н э ф и с э. Хьэуэ, тхьэмадэ, ди пхъуракъым зи гугъу сщIыр. ИтIанэ... уэри зэрыпщIэщи, пщащэм и гур зытхьэкъуа Самуркъаш-бей нэмыщI, ар нэгъуэщIым пхудэкIуэну си фIэщ хъуххэркъым.

Т и м у р т а ш. Ари ди гур хэзыгъэщI Iуэхущ. Ауэ иджыпсту нэхъапэр мы зи ужь дитырщ. «НыбжьыщIэ делэ» жыхуэпIэр, дауи, Самуркъаш-бейщ... *(ЗытэлайкIэ хэгупсысыхьауэ щотри, и щхьэ хужиIэж щIы-*

*кІэу.*) Насыпыншэщ а щІалэри. Губжьыр къыщІытегуплІэр нэгъуэщІ Іэмал къыхуэнэжакъыми аращ. Сэ Самуркъаш губгъэн хуэсщІыркъым. КъызгуроІуэ адыгэ уэркъ щІалэр лъэгуажьэмыщхьэу зыми зэрыхуэмытІысынур, и жагъуэ зыщІахэми зэрахуимыгъэгъунур. Езыр зыхагъэт мафІэр лыгъейуэ къахихужынущ игу зэбгъахэм... *(Нэфисэ зыхуигъазэурэ.)* КІуэ, уэ кІуэж. Зан-бей гъэпІащІэ: зауэлІхэр и гъусэу, псынщІэу кърес!

Н э ф и с э (*уафэмк1э и Іэхэр дригъэзейуэрэ*). ГуащІэри гущІэгъури зи бэ, дунейми ахърэтми я тепщэ ди Тхьэшхуэ! Зэхэх си лъэІур, къытлъэгъэІэс уи гущІэгъур! Ящхьэщых си лъэпкъэгъухэм лъэрыщІыкІ зауэр, хыумыдзэ аргуэру бэлыхь зи нэхэр нэпсым щІисыкІа бзылъхугъэхэр! Къыхэх ди щІалэхэр напэтех бырсырым – езыр-езыру зэрыукІыжын тхьэмыщкІагъэм! КхъуэщынитІ зэунтІэІуу зыр щыкъутэкІэ, адрейри къочэ: къэхъуркъым бий зэхуэхъуахэм зыр бэІутІэІу хэхуэу, адрейр къыщел...

Н а ф и с э игу хэщІу сценэм йокІ.

### Ебгъуанэ теплъэгъуэ

Тимурташ и закъуэщ.

Т и м у р т а ш. Щхьэ насыпыншэ мы щІалэр, сыт инатагъ къылъыкъуэкІари?! Си гущІэм зыкъыдегъазэ мы Іуэху мыщхьэпэу дызыхэхуам. Дэнэ нэсрэ адыгэхэр езыр-езыру зэрыукІыжын жыхуэпІэр? Напэтехщ, тхьэмыщкІагъэ инщ !.. (*Хэгупсысыхьауэ.*) Сыт и Іэмал, сыти и хэкІыпІэ мы къэхъуам?! ЩІалэ бэлыхьщ, ди пщащэ закъуэр насыпыфІэ ищІынщ жытІэри дыщыгуфІыкІат... Ауэ дыщыуащ. Уэркъщ жытІэу дгъэлъапІэурэ, къэрабгъэу къыщІэкІащ. Иджы и хахуагъэр ІэщэкІэ ди фІэщ ищІыжыну хуежьащ... Гугъэ щхьэрыуэщ, гугъэ нэпцІщ, си щІалэ, а уи гугъэр! Уи лІыгъэр зэбгъэлъагъун хуейр бийращ, дэракъым. Дэ сыт ди лажьэ?.. (*И щхьэ хужиІэж щІыкІэу.*) Хъунщ, нобэ укъыттокІуэ, дызэтыбоукІэ... адэкІэ-щэ? Сыт абыкІэ къэпхьынур? Къэбзэжыну уи ІэкІэ тепхыжа напэр? Хьэмэрэ шынагъэкІэ цІыхухэм ящыбгъэгъупщэжыфыну пщащэхэм пхузэхалъхьа ауаныр?

Хэт илъэгъуа Іэщэм къаугъэр зэфІихыу, нэхъ куу ищІ фІэкІа? И хъыжьагъыр акъылым йолеекІ. Уэркъ хабзэ уи гъунэгъум утеуэу зэтебупщІэтэныр, Тимурташ лІыжьым хуэдэ гуэрым лей тебгъэхьэныр? Мы къэхъуар зэхэзыххэми сыт къытхужаІэн? Тимурташ хуэдэ

адыгэпщым зы щIалэ щIихьа кърииуэнтIэкIыфакъым, иущиифакъым къысхужаIэнкъэ?! И ныбжьэгъухэр бийм ириутIыпщу зауэм Iумыхьэжа къэрабгъэм си пхъур естынуи схуэфащэ? НэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэжкъым, си напэ текI нэхърэ срекIуэд Iэщэр сIыгъыу! СакъыгурыIуэнщ цIыхухэми: «Тимурташыр лIыхъужьти, къэрабгъэм и пхъур иримытын, и нэмысыр химыгъэутэн щхьэкIэ, хахуэу и псэр итащ!» – къысхужаIэнщ. Зэтрырекъутэ нэжэсым си лъапсэр, ирырегъэс ихъуреягъыр, ауэ уэркъ щIыхьыр игъэлъахъшэу сэ зыми хуэздэнкъым! ИтIани... Мыпхуэдэурэ лъэпкъым зыдухыжмэ... Сыт тхьэмыщкIагъэ, сыт емыкIу!.. Лъахэ псом уэрэдрэ Iуданэу дазэрыхэIуэну напэтехщ къытпэплъэр...

З а н - б е й п щ ы р и блыгущIэт з а у э л I х э р и гъусэу сценэм къохьэ.

## ЕпщIанэ теплъэгъуэ

Т и м у р т а ш. Фыкъэса, си щIалэхэ!

З а н - б е й. Уи унафэр дгъэзэщIащ, тхьэмадэ лъапIэ!

Т и м у р т а ш. Фи Iэщэхэр зэпэщ? Фочхэр мыубзэщхъун хуэдэу гынышIэкIэ фузэдыжа?

З а н - б е й. Псори къабзэу тлъэщIри, щIэрыщIэу дузэдыжащ.

Т и м у р т а ш. Хъунщ, арэзы сыкъэфщIащ. Иджы мыбдеж зыщыдгъэбыдэнщ. Мо къуакIэхэмрэ чыцэхэмрэ гъэпщкIупIэ дывгъэщI. НэгъуэщI гъуэгукIэ ахэр жылэм къэкIуэфынукъым. Мы зы гъуэгурщ ди къуажэхэр зэпищIэу щыIэр. Самуркъаш-бейрэ и гъусэхэмрэ утыкум къихьэу къэдмыухъуреихьауэ Iэщэр къивмых, гынжьейхэм фахуэсакъ! КIыхьлIыхь фымыщIу фи увыпIэхэр зэвгъэгъуэтыж.

З а н - б е й. Умыгузавэ, тхьэмадэ! Дэ тхэткъым зэуэкIэм хуэмыгъэсарэ мыпхуэдэ Iуэхум хуэмыгъэпсарэ.

Т и м у р т а ш. Сэри фэ срывигъусэщ. Еуэ, маржэ, къикIуэт щыIэ хъунукъым!

Псоми зэрызэуэным зыхуагъэхьэзыр, я увыпIэхэр яубыд. Iуащхьэ щыгумкIэ Сэфэр-бей къехыу къалъагъу.

## ЕпщыкIузанэ теплъэгъуэ

С э ф э р - б е й зауэм зыхуэзыгъэхьэзырхэм къахохьэ.

С э ф э р - б е й. КъокIуэхэр, зи щIыхьыр ин! Мо къуэм адкIэIуэкIэ, дзэл жыгыжьхэм деж яшхэм къыщепсыхащ.

Т и м у р т а ш. Куэд хъурэ?

С э ф э р - б е й. Сэ слъэгъуар Самуркъашрэ Жамболэт-бейрэщ, зауэлIищ я гъусэу. ЦIыхуитху къудейщ...

Т и м у р т а ш. Арамэ, Iуэхукъым. ИIэ, уэри уи щытыпIэ убыдыж, зывгъэбыдэ, маржэ! Зы Iэуэлъауэ макъи фщIы хъунукъым!

Псоми загъэбыдащ. Абы хэту Iуащхьэм къытохутэ С а м у р к ъ а ш - б е й р э и г ъ у с э х э м р э.

## ЕпщыкIутIанэ теплъэгъуэ

Адэ-мыдэкIэ зыкъуэзыущэхуахэм Самуркъаш-бей закъыхуегъазэ.

С а м у р к ъ а ш. ЗывмыгъэпщкIу, фи плъакIуэ пашэр тлъэгъуакIэщ. ДощIэ къуэгъуэнапIэхэм гъуанэдэсым хуэдэу фызэрыкъуэсыр. Самуркъашыр къэрабгъэу жаIэу уэрэд хуэзыусахэм я нэхъ къэрабгъэ дыдэми имыщIэн напэтехщ фщIэр. Уэркъ хьэл ар хъунщIакIуэ-теуакIуэхэм хуэдэу къуацэ-чыцэхэм ухэлъэдэжыныр, хьэмэрэ лIыгъэ гъуанэдэууэ лIы уукIыныр? Сэракъым пщащэхэм щIэнэкIалъэ ящIын хуеяр, атIэ уэращ Тимурташ-бей – адыгэпщ бей, уэращ Сэфэр-бей! Дывгъэлъагъу, лIыгъэ фиIэмэ, дэ тхуэдэ къэрабгъэм лIыхъужьыр зэрыхущытын хуейр!

Т и м у р т а ш. Фи хахуагъэм дигъалIэу щхьэ къыфщыхъужагъэххэ?! Фи лIыгъэм хуэдиз дэ къытлъыкъуэмыкIыну дауэ фигу къэкIагъэххэ?! Фыкъыкъуэк I, щIалэхэ! Фыкъихьэ утыкум, деплъынщ, хэт сыт хузэфIэкIми!..

ГупитIри зэпэщIокIуатэ, адкIэIуэкIэ щызэхэт чыцэхэр я зэхуакуу къызэтоувыIэ.

С э ф э р - б е й. Дэ дыкъыкъуэкIащ, тхьэмадэ! *(Самуркъаш и гупымкIэ зигъазэурэ.)* Евгъажьэ зэхэуэр, дывгъэлъагъу фи лIыгъэр здынэсыр!

С а м у р к ъ а ш. Уэркъ хабзэмкIэ япэ уэгъуэр фэ флъыдогъэс!

С э ф э р - б е й. Фэращ зи жагъуэ ящIар. Фагъэпудауэ щыфлъытэкIэ, фэращ япэ уэгъуэр зылъысыр.

Т и м у р т а ш. Аращ, Сэфэр-бей захуэщ. Теуэр езыгъэжьэну зытехуэр фэращ.

Ж а м б о л э т. Зэт, зэ фыбэяут, къуэшхэ! Иджыри кIасэкъым мы хьэлэбэлыкъыр къэвгъэувыIэну, фызэрызэмыбийм и нэщэнэу фи Iэхэр зэрыубыдыжыну. Сэ Самуркъаш-бей си ныбжьэгъу пажэу, къуэшым хуэдэу сыхущытми, Тимурташ-бей си адэм хуэдэу фIыуэ солъагъу. Гъунэгъу хьэкъри сщыгъупщэркъым. СыволъэIу лъэныкъуитIри Iуэхум фемыпIэщIэкIыну! Зы зэгурыIуэ...

Т и м у р т а ш. Iичрам къэзбгъэхьыжу, си пщащэр къэрабгъэм езбгъэтыну ара мыхэр щIыжыпIэр, Жамболэт?

С а м у р к ъ а ш. Си цIэри си щхьэри зыгъэулъия уэрэдым арэзы сытебгъэхъуэну ара мыхэр щIыжыпIэр? Умызэуэфынумэ, зыгуэркIэ укъэдзыхамэ, икIыж утыкум, къуэш! Губгъэн пхуэсщIыркъым, сигури абы щхьэкIэ хэщIынукъым!

Ж а м б о л э т. АдыгэлIыр ажалым щыщтэркъым! Сэри си псэр стын хуей хъумэ, ныбжьэгъум, пэжыгъэм ар тыхь хуэсщIынщ, сыпщIыгъууи сыныбдэзэуэнщ. Си псалъэр лъэныкъуитIми къыщывгурымыIуакIэ, ирехъу апхуэдэу. Сэ къыслъос япэ уэгъуэр...

Жамболэт кIэрахъуэр кърепхъуэт, адрейхэри я фочхэм йопхъуэ. Зэхэуэр ирагъажьэ, сценэр Iугъуэм зэщIещтэ.

С а м у р к ъ а ш *(кIэрахъуэр хыфIедзэри)*. Къэрабгъэм кIэрахъуэкIэ лIыхъужьри иукIыфынущ. Ар лIыгъэ зэхэгъэкIыкIэкъым. ЛIым и гумрэ и Iэпщэмрэ зыхуэдэр къэзыгъэлъэгъуэфыр джатэрщ. Фыкъихьэ утыкум лIыуэ, уэркъыу зызылъытэр!

Самуркъаш и джатэр кърехри и ныкъуэкъуэгъухэм яхуэкIуэу йожьэ. Адрейхэми я джатэхэр кърапхъуэт. Асыхьэтым А с л ъ э н к у э з р э З и б э р э чыцэ къуагъым къыкъуожри гупитIым я кум зыкъыдадзэ.

### ЕпщыкIущанэ теплъэгъуэ

А с л ъ э н к у э з. Тхьэм щхьэкIэ, зэ фызэтеувыIэ! СыволъэIу щхьэлъащIэм пщIэ хуэфщIыну, игъащIэми къыддекIуэкI хабзэм – зэзауэхэм я зэхуаку бзылъхугъэр дыхьэмэ, лъэныкъуитIми я Iэщэхэр ягъэтIы-

лъыжу ди адэжьхэм къытхуагъэнам фемыбэкъуэну!

Т и м у р т а ш. IукI, Аслъэнкуэз, зэран укъытхуэмыхъу. Мыр лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ зауэкъым. Мыр напэтех...

А с л ъ э н к у э з. СыныволъэIу джатэхэр сампIэхэм ифлъхьэжыну, фыадыгэр пэжмэ, уэркъыцIэм фыхуэфащэу зыфлъытэжу щытмэ...

Ж а м б о л э т. Аслъэнкуэз захуэщ, зауэр ухын хуейщ. Мыри ирикъунщ ныбжьэгъу зауэу... цIыхубзым и псалъэ зэхэзымыхыр, ди хабзэжьхэм ебакъуэр адыгэлIкъым. Мис, сэ си джатэр изолъхьэж...

С а м у р к ъ а ш. Жамболэт, сыт пщIэр? Си напэр тумых! Мыргуэрри къысхухомыгъахъуэ си ауаным!

Ж а м б о л э т. Тхьэм жимыIэкIэ, сэ уэ зыгуэркIэ уи пщIэр згъэлъэхъшэну! Уэ уи хахуагъэр зылъагъуну хуейм ар иджыпстуи и нэгу щIэкIащ, зымылъагъунум, къуршыр зыщхьэщыбудкIи, биидзэр ебгъэзкIи, и фIэщ ухъунукъым. ЦIыхубз и пащхьэ джатэ щыдгъэдалъэ ди хабзэкъым дэ!

А с л ъ э н к у э з. Упсэу, Жамболэт-бей, упсэу, си дэлъхушхуэ! Уэркъхэм пщIэншэу лъы ягъажэркъым...

Ж а м б о л э т. ХъыбарыпцIхэр, мыгурыIуэгъуэ гуэрхэр щхьэусыгъуэ зыхуэхъуа зауэщ мыр, ауэ си щхьэкIэ сыхущIегъуэжыркъым апхуэдэу зэрыхъуам. Ар щIыжысIэр Самуркъаш-бей зэрымышынэкъэрабгъэр хьэкъ зэрытщыхъуа къудейркъым, атIэ зэгуэкIуа ныбжьыщIитIым я гурыщIэхэр нэхъ быдэ абы зэрищIынурщ. Ди насыпти, Iэщэ къызэхуитхами, зыми илъ жакъым. Апхуэдэ гуэр дяку къыдэхъуамэ, духат къуажитIыр благъагъэкIэ дызэрызэрубыдынур. Иджы Iэмал дгъуэтащ адыгэ хабзэм тету Iуэхур зэфIэтхыну.

Т и м у р т а ш. Ар мыхъун гуэрщ. Нобэ си пщащэр дяку къыдыхьэу Iуэхур зэблигъэуами, пщэдеи махуэщ. ИкIутар из хъужыркъым: фIэщ щIыгъуейщ мыбы иужькIэ нэфIкIэ дызэплъыжыну, зыри къэмыхъуа хуэдэ зэныбжьэгъуу дежьэжыну.

С а м у р к ъ а ш. Тимурташ жиIэр пэжщ. ЛIыр лIыгъэщIапIэ къинэ хабзэкъым, пщэдей махуэр зэхудипIалъэщ.

Ж а м б о л э т. Къысхуэвгъэгъу, ауэ зиусхьэнхэм акъылэгъу сывдэхъуфынукъым. СыволъэIу мы Iуэху угъурсызым акъылыр и щIыIу дывгъэщIыну.

А с л ъ э н к у э з. Сэ Жамболэт жиIэхэр дызоIыгъ.

З и б э. Сэри аращ. Дэр-дэру дызэрыукIыж хъунукъым, арыншами къыдолыж лъэныкъуэ псомкIи къыдэбгъэрыкIуэ бийхэр. Нобэ щегъэжьауэ Самуркъаш-

бей игъэпуду хэт ауан уэрэдыр къыхидзэми, пунэлат есхынщ...

А с л ъ э н к у э з. Ямыусыгъами, хъуат.

З и б э. А кIуэцIрыхун Фэжидэт уэрэдым и хъыбар Джанфэс щыхуиIуатэм, си псэм ищIат мыпхуэдэ хьэлэбэлыкъ абы къызэритэджыкIынур. Арат уэрэдыр жаIэуи ягъэхъыбаруи щIысфIэмыфIыр. Ар зыусахэм си гур ноби яхуоплъ.

Ж а м б о л э т. Къэхъунур къэхъуащ. Абы зыри пхуещIэжынукъым. Ауэ лъэныкъуитIми яхуэмейуэ я кум къыдэхъуа мы къаугъэр мыбдеж щыухын хуейщ. Сэ сышэсынщи, жылэ-жылэкIэрэ къызэхэскIухьынщ, яхуэсIуэтэнщ мы бэлыхьыр къызэрыкIам и пэжыпIэр. Апхуэдэу селъэIунущ мы къуажитIым я зэхуаку нобэ нэужь зауэ къитаджэмэ, ар зи Iэужьхэр Iумпэм ящIыну, гуфIэгъуэкIи гузэвэгъуэкIи зыхамыгъэхьэжыну. ИрырацIыху Шэрджэс псом къаугъэ къыщызыгъэхъейхэр, лъэпкъым и цIыхухэр бий зэхуащIурэ зэрызыгъэукIыжхэр! Щрырамыгъэблагъэ апхуэдэхэр зы адыгэ жыли, зы унагъуи, хьэщIагъи къыщрырамых!

ФынакIуэ, щIалэхэ, накIуэ, Сэмуркъаш, дывгъэгъэзэж ди жылэм!..

*I у п х ъ у э*

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

Iуэхур щекIуэкIыр къуажэбгъурщ, етIуанэ Iыхьэм щытлъэгъуа щIыпIэрщ. Жэщщ. Къурш щыгум мазэр къыщхьэщытщ, абы щIылъэр къегъэнэху.

### Япэ теплъэгъуэ

С а м у р к ъ а ш р э Ж а м б о л э т р э IуащхьэмкIэ къох.

С а м у р к ъ а ш. КъакIуэ, си къуэш, къакIуэ! Бэлыхь ухэздзащ уэри. Iуэху къиинщ мыр, ауэ тхьэм жиIэмэ, ар иужьрейуэ щытынщ.

Ж а м б о л э т. Сыт бэлыхь, сыт къиин? Сэ ахэр бэлыхьуи къиинуи къэслъытэркъым. Зы закъуэщ сызыгъэгузавэр – ар махуэ зыбжанэ хъуауэ ди цIыхухэм я жьэм дызэрыжьэдэлъырщ. *(Апхуэдэу зэпсалъэурэ сценэм къохьэ.)* Ауэ уэ жыпIэну узыхуейрщ къызгурымыIуэр. Сыт иджыри уигу къэкIар? ЖыIэ закъуэ, сэ сыхьэзырщ уи гъусэу жыхьэнэмэ мафIэм сыныхыхьэну...

С а м у р к ъ а ш. Зэт, зэ умыпІащІэт! ЗанщІэу укъыстемыгуплІэ.

Ж а м б о л э т. Тхьэм щхьэкІэ, сэ зыри жысІэркъым икІи сыптегуплІэркъым...

С а м у р к ъ а ш *(Жамболэт и псалъэр ІэпэщІиуду)*. Иджы, мис, а уигу иримыхь псоми кІэ еттынщ. Моуэ зэ къызэдаІуэ, Жамболэт! СынолъэІу сызэрыноупщІынум ехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу жэуап къептыну. Уэ нобэ си пІэ уитыгъамэ, сыт пщІэнт?

Ж а м б о л э т. Сыт пщІэнт жыпІа? *(Йогупсыс.)* Уэлэхьи, сымыщІэ, си къуэш, сыт сщІэнт?.. Ауан уэрэдыр зыуи къиздзэнтэкъым, къызыфІэзгъэІуэхунтэкъым жысІэмэ, пцІы соупс. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, хэт зыфІэфІ хъунур лажьи хъати имыІэу ІейкІэ цІыхум я жьэ жьэдэхуэну?.. Уэ пщІам хуэдэ сщІэнт жызоІэри, ари сфІэтэрэзкъым.

С а м у р к ъ а ш. Аракъым сэ зи гугъу сщІыр. Мы къэхъуа къомым я ужькІэ сыт пщІэнт жызоІэ? Мы дызыхэхуа бэлыхьыр икІэм-икІэжым сыт хуэдэу ди натІэм ибгъэкІыжынт?

Ж а м б о л э т. ИкІэм-икІэжым жыпІа? *(Йогупсыс.)* Зи гугъу пщІыр Аслъэнкуэзрэ и адэмрэ уекІужынырамэ, мы махуэ благъэхэм зэфІэкІын гуэркъым ар.

С а м у р к ъ а ш. Ар нобэ-ныжэбэкІэ зэрызэфІэмыкІынур сэри къызгуроІуэ. Уеблэмэ игъащІэкІи тэмэм хъужыну Іуэхукъым ар. Ауэ абы и закъуэкъым... ЩІэн хуейр ныбжесІэн, Жамболэт? Уэ си пІэм уитамэ, зы шэ закъуэкІэ къаугъэр зэфІэпхынт...

Ж а м б о л э т. ЗыбукІыжынуи? Тхьэм и деж нэмысын псалъэщ мы жыпІэр? Сыт псэлъэкІэ ар?!

С а м у р к ъ а ш. Зэт, зэ умыпІащІэт, къуэш! ЖаІэ псори занщІэу ягъэзащІэ уи гугъэ? ТІэкІу дызэгъэчэнджэщ. Биим и фоч, и джатэ, и къамэ... Бий Іэщэм дыщышынауэ уэрэд тхуаусами, уэрэ сэрэ – ажалым щымыщтэ лІыхъужьитІыр – моуэ тІэкІу дызэгъэпсалъэт.

Ж а м б о л э т. Бий Іэщэм дыщышынауи? Зэи къэмыхъунщ ар! Апхуэдэу зэрыщымытыр иджы дыдэ къэдгъэлъэгъуаи!

С а м у р к ъ а ш. Нэхъри быдэу дгъэлъэгъуэн хуейщ. Япэрауэ, къет жэуап си упщІэм: мы дунеижьым напэра хьэмэрэ псэра щынэхъ лъапІэр?

Ж а м б о л э т. КъызгурыІуащ, Самуркъаш, къызгурыІуащ уэ къепхуэкІыр... Уи Іэр уи щхьэм хуэпхьыжыну мурад пщІащи, иджы си Іуэху еплъыкІэр зэбгъэщІэну сяужь укъихьащ!

С а м у р к ъ а ш. Сыночэнджэщыну сызэрыхуейм

мыхъун гуэр хэлъ-тIэ? Си ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэр Iуэхум зэрегупсысыр къызжиIэн щыхуей зы махуэкъэ нобэ? Ауэ къызыщумыгъэхъу лIэныгъэм сыщышынауэ зыгуэрхэр зыжозгъэIэу, сыщIегъуэжу сыкъикIуэтыжын мурад сиIэу. Хьэуэ, къуэш, аракъым Iуэхур зэрыщытыр.

Ж а м б о л э т. Самуркъаш, сынолъэIу мыпхуэдизу сумыгъэгузэвэну. ЩIылъэр къэмыщтэу Самуркъашыр къызэрымыщтэнур ищIэу дунейм цIыхуитI тетмэ, япэр сэращ.

С а м у р к ъ а ш. Тхьэм уигъэпсэу, къуэш, нэгъуэщIуи сыпщыгугъыркъым сэ. Ауэ сызыгъэпIейтейр мыращ: абы и ужькIи сакъыгурымыIуэу нэхъри сагъэпудмэ жызоIэри, си гупсысэр къыздэзыIыгъынщ сэ иджыпсту къэслъыхъуэр.

Ж а м б о л э т. Сыту уцIыху къииныщэ уэ, Самуркъаш! Сыарэзыщ, акъылэгъу сыбдохъу цIыху напэншэр дунейуцIэпIу псэун зэрыхуэмеймкIэ. Ауэ ар зэхьэлIар зи напэр зыщэжа цIыхурщ. КъыбгурыIуа?! Зи напэр зыщэжар зи лъэпкъми, зи лъахэми, къэзылъхуахэми епцIыжа цIыхурщ... Апхуэдэрщ, сэ сызэреплъымкIэ, напэншэр, жэуаплыныгъэ зым и пащхьи щимыхьу дунейм тетыр. Ауэ, Алыхьым жимыIэкIэ, уэ абыхэм жыжьэуи уекIуэлIэну. ПкIэрымылъ къыпкIэралъхьэну хуежьами, ар зэрымыпэжыр уэри сэри дощIэ, адрей дыкъэзыцIыху псоми ящIэ. Уэ узэрымылIыгъэншэр иджыри зэ псоми хьэкъ ящыпщIащ. Абы шэч къытезыхьахэм уапэуври ебгъэлъагъуэжащ зэрыщыуар. Зымахуэ мыбдеж дыдэм къыщыхъуа зэхэуэм и ужькIэ уи цIэм «къэрабгъэ» псалъэр пигъэувэн хэт лъэкIын?! Аращ... зи напэр къабзэ мыхъужынухэм, зи гуэныхьыр зыхуэмыпшыныжынухэм уэ уащыщкъым!

С а м у р к ъ а ш. Хьэуэ, Жамболэт! Е и кIэм нэсу Iуэхум уегупсысыркъым, е уи гупсысэр и щхьэр течауэ жыпIэркъым! Схуэмыфащэу, зыкIи къэзмылэжьауэ къызакIыха фIеипсыр гъэкъэбзэжа хъун щхьэкIэ, щIэн хуейр пщIэрэ?.. Япэрауэ, а уэрэд напэтехыр зыусахэр псори зэтеукIэн хуейщ. ЕтIуанэрауэ, уэрэдыр зрагъащIэу жызыIахэри абыхэм якIэлъыгъэкIуапхъэщ. АбыкIи зэфIэкIынукъым – уэрэдыр зэхэзыхахэри апхуэдэ уэрэд зэрыщыIэм и хъыбар зылъэIэсахэри псэууэ къанэ хъунукъым. НтIэ, апхуэдиз цIыху зэтебукIэ хъуну?

Ж а м б о л э т. Зэрыадыгэ лъэпкъыу зэтеукIэн хуейщ жыIи, зэфIэкIакъэ! Ар хъун?

С а м у р к ъ а ш. Хьэуэ, тхузэфIэкIын гуэру къэдгъэ-

лъытэт ар. Гъунэгъу къуажэхэр щIым тебгъэкъэбзыкIауи щIы, ауэ Самуркъаш хуауса уэрэдыр абыкIи пхуэгъэкIуэдынукъым. Дунейр дунейуэ щытыху ар адыгэхэм я жьэм пхужьэдэгъэкIыжынукъым. Адыгэхэм я тхыдэу уэрэдыжьхэмкIэ къаIуэтэжхэм ящыщ зы ар хъунущ. Зэгуэр «адыгэхэр щхьэ зэрыукIыжыгъат?» жиIэу зыгуэр щIэупщIэмэ, «Самуркъаш зауэм Iухьэн шынэри зыкъигъэмэхати, абы уэрэд зэрыхуаусам къитэджыкIат а лъэпкъ зэрыукIыж щIэпхъаджэ иныр» жаIэу жэуап иратыжу екIуэкIынущ. Апхуэдиз цIыху бэлыхь хэбдзауэ икIи абы щхьэкIи уи напэри мыкъэбзэжауэ укъыщыщIидзыжынукIэ, хэкIыпIэу къэнэжыр зыщ – сэ сыхэкIын хуейщ мы джэгу гущIэгъуншэм. Ауэ дауэ сызэрыхэкIынур? Iэмал имыIэу ажалым сызэрыщымышынэр къэзгъэлъэгъуауэщ. АбыкIэ сэ цIыхухэм я фIэщ сщIыжын хуейщ ауан уэрэд зэрысхуэмыфащэри лей къызэрыстехьари. Абы щыгъуэ ахэр егупсысыжынщ цIыху щхьэхуещэхэм я жыIэ едэIуэн зэрыхуэмейм, хущIегъуэжынщ щIалэ хейр мысэ зэращIам, ягу къагъэкIыжынщ адыгэлIым и псэм и пэ напэр зэрыригъэщыр.

Ж а м б о л э т. Зэт, Самуркъаш! Гупсысэ куу епшэжьам си щхьэр игъэкIэрэхъуащ, жысIэнури сщIэнури сымыщIэжу сыкъигъэнащ. Хъуххэнумэ, зэ...

С а м у р к ъ а ш. Иджыри зы дакъикъэкIэ къызэдэIуэж, къуэш! Сыхуейт мыбыи гу лъыптэну: плъагъуркъэ лIэныгъэм зыкIи сыщымыщтэу мы псори зэрыжысIэр? Зи гугъу сщIыр щызгъэзащIэкIи апхуэдэущ сызэрыщытынур. Самуркъаш фочышэм зэрыщымышынэр уи нэкIэ плъагъунщ. Уи псалъэкIэ ар адыгэ лъахэми щызэлъащIысынщ. *(Гушхуауэ.)* Си гъащIэм иужь дыдэ дакъикъэм зыми илъагъункъым си Iэр кIэзызауэ е си фэр пыкIауэ. «Къэрабгъэ» псалъэр сэ зэрыспэIэщIэр уэ плъагъунщ, къысхуэпсэлъахэми къагурыIуэжынщ зэрыщыуар.

Ж а м б о л э т. СынолъэIу, къуэш, Iуэхум щхьэпщтырагъ хыумылъхьэну. Мыбы иджыри узэгупсысын хэлъщ, ар иужьрей Iэмал закъуэуи щыткъым. Уэ уи лIэныгъэр щхьэпэ зыхуэхъун щыIэуи си фIэщ хъуркъым. Жэуап ямыгъуэтауэ иджыри упщIэ куэд къонэ. Мыпхуэдизу сэри сыхыумыгъэзыхь. ИтIанэ сщIэну сыхуейт: Аслъэнкуэз игу узэрырихьыр, фIыуэ укъызэрилъагъур, щхьэгъусэ фызэхуэхъумэ, насыпыфIэ фызэрызэдэхъунур уи фIэщ хъурэ мыхъурэ.

С а м у р к ъ а ш. Абы пщащэр имыгъэпIейтейуэ жиIакъэ?

Ж а м б о л э т. Апхуэдэу уэ езым къыбжиIа? Псалъэ зэIэпыфха?

С а м у р к ъ а ш. УгъэщIэгъуэнщ уэ, Жамболэт! Умыадыгэми, адыгэ хабзэм зыри хыумыщIыкIми ярейщ! Хэт илъэгъуа адыгэ пщащэр зэгуэкIуа щауэм «фIыуэ узолъагъу» жриIэу!

Ж а м б о л э т. Ар пэжщ, ауэ...

С а м у р к ъ а ш *(и псалъэр зэпегъэури)*. АбыкIэ уэ емыкIу уиIэкъым, ущIалэщ иджыри. Лъагъуныгъэр зищIысыр щыбгъэунэхунури дяпэкIэщ. Аслъэнкуэзхэ сыкIуауэ, дэ тIум ди закъуэ дыкъыщынэ къэхъуауэ зылъэгъуа щыIэкъым. Уеблэмэ сэр нэхъыбэрэ пщащэр нэгъуэщI щIалэхэм епсалъэу, ядэгушыIэущ иджыри къэс къызэрекIуэкIар. Аслъэнкуэз нэхъ игъэхамэр сэ-рауэ фIэкIа умыщIэну къысхущытащ.

Ж а м б о л э т. Аракъэ-тIэ, зыгуэркIэ пщащэм...

С а м у р к ъ а ш *(Жамболэт и псалъэр Iэпеудри)*. Зэт, си къуэш, сэ иджыри жысIэну сызыхуейр суха-къым. Мис а зэпэIэщIэу дызэрыщытырщ лъагъуныгъэ нэсым, пэжым, къабзэм и нэщэнэр. Зэгуэрым Аслъэн-куэз и анэр сэрэ и пхъумрэ къыдэплъри, ди щыты-кIэхэмкIэ ди гукъуэпсхэр зэрызэпыщIар занщIэу къы-гурыIуащ икIи щэхуу и щхьэгъусэм хуиIуэтэжащ. Тимурташ а зым фIэкI бын иIэтэкъыми, адыгэ адэхэм зэрамыхабзэу, Аслъэнкуэз езым и ныбжьэгъум хуэдэу, уеблэмэ и щэхухэри къыщимыбзыщIу къигъэхъуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, и анэр пкърigъэупщIыхьурэ, пща-щэм и гуращэр кърigъэIуэтащ. Апхуэдизым яужькIэ Аслъэнкуэз и фIылъагъуныгъэм сепцIыжын слъэкIын сэ?

Ж а м б о л э т. ФIы дыдэщ ар, ауэ мы жыпIэхэм гугъэр зыгъэкIуэд яхэслъагъуэркъым, уеблэмэ ар нэхъ-ри ягъэбыдэ. Аслъэнкуэз уэ хууиIэ лъагъуныгъэм хуэ-диз къыпхуиIэжмэ, пэрыуэгъу къыфхуэхъуфыну щыIэр и адэм и закъуэщ. Тимурташ зи ныбжьыр илъэс блы-щIым щIигъуа лIыжьщ, Тхьэм куэдрэ игъэпсэу, ауэ нобэ щыIэмэ...

С а м у р к ъ а ш. Ара щхьэкIэ, абы и закъуэкъым Iуэхум пэрыуэгъу хуэхъур. Мес, зымахуэ къэхъуам уэри ухэтащ, хуабжьу уи жагъуэ пэтми. КъуажитIым Iэщэ къызэхурахащ, зэпэщIэуващ... Абы иужькIэ дэ дызэрышэ хъужынукъым.

Ж а м б о л э т. Апхуэдизу гугъукъым а выбжьэ зэрынар зэрыбгъэкIыжыну. Абы хуитри Тимурташрэ уэрэщ. Iуэхум нэгъуэщIу зыкъридзэкIыжмэ, фи пIэ-щхьагъ зы фщIыфыну хуитыныгъи фиIэ мэхъу. Псори

зэхуэвгъэгъунщи, насыпыфIэу фыпсэууэ фежьэжынщ.

С а м у р к ъ а ш. Ари зэдгъэхъулIэфыну дыгъэлъытэ, ауэ... Е-ей, си къуэш Жамболэт, абыкIэ Iуэхур зэфIэкIыну щытамэ!..

Ж а м б о л э т. Зэт, Самуркъаш, си гупсысэр и кIэм нэзгъэгъэс. Ар зэбгъэхъулIэфыну щыщыткIэ, Iэмал псори къэгъэсэбэпын хуейщ. Узыхэдэн щыIэу, ажал къыхэпх хъунукъым. ЛIэныгъэм гугъэ псори докIуэд. ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ щыжаIэ щытыкIэкъым мы дызэрыхуар!

С а м у р к ъ а ш. Апхуэдэ щытыкIэщ ар Аслъэнкуэз дежкIэ.

Ж а м б о л э т. Сыт щхьэкIэ?..

С а м у р к ъ а ш. Зэ иджыри гупсэхуу дегъэгупсысыж! Дэ псэуэгъу дызэхуэхъуным, унагъуэ дыухуэным зэран хуэхъуар си къэрабгъагъэракъэ?

Ж а м б о л э т. Аращ жаIэр.

С а м у р к ъ а ш. Псалъэм папщIэ, а хъыбарыр яIэщIэужагъуэри яIэщIэхужащ, Тимурташи и дунейр ихъуэжащ е цIыхухэр дяку къыдыхьэри дызэрагъэкIужащ, ди къэшэн-нэшэн Iуэхури щIэрыщIэу къаIэтыжащ. ДыгъэщI апхуэдэу. Ауэ Аслъэнкуэз а Iуэхум къеувэлIэжыну уи гугъэ?

Ж а м б о л э т. Сыт къыщIемыувэлIэжынур?

С а м у р к ъ а ш. Къэгъанэ, Жамболэт, жумыIэпхъэ жумыIэ! Ар зэи къэмыхъун гуэрщ. Аслъэнкуэз и хьэлщэным сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ. Апхуэдэ уэркъыпхъур, зи щхьэмрэ зи пщIэмрэ я уасэр зыщIэжыр абы зэи къеувэлIэжынукъым. Абы ущIытепсэлъыхьыххэни щыIэкъым. Адыгэ пщащэм и пщIэр къэзыIэтыр, и щхьэр лъагэу езыгъэлъагъужыр езыр а адыгэ хабзэрщ. Ахэр имыгъэзэщIэжмэ, адыгэ пщащэр адыгэ пщащэжкъым, Аслъэнкуэзи аращ. Апхуэмыдэ пщащэр Самуркъаш уэркъ щауэми щхьэгъусэ хуэхъункъым!

Ж а м б о л э т *(и щхьэм хужиIэжурэ)*. Сыт тхьэмыщкIагъэ мы дызыхэтыр? ДэнэкIи зыгъази, лъэпощхьэпощ, фIэгъэнапIэщ...

С а м у р к ъ а ш. Пэжщ жыпIэр, си къуэш. Сэ сыпсэуху Аслъэнкуэз нэгъуэщIым епсэлъэнукъым, зы гурыфIыгъуи имылъагъуу, мылIэ-мыкIуэду и дуней гъащIэр ихьынущ. Апхуэдизу гурыщIэ IэфIкIэ узэда пщащэм игу цIыкIум щауитIым я лъагъуныгъэр зэдихуэнукъым. Аслъэнкуэз сэр щхьэкIэ и адэм ирита псалъэм хуэдэ нэгъуэщIым лъигъэсыжыфынукъым. Апхуэдэ дыдэ къэхъуауэ, нэгъуэщI щIалэ фIыуэ илъагъужауэ дыгъэщIи, итIани и пагагъыр къытекIуэнущ,

нэгъуэщI щIали ар пхудэкIуэжынукъым. КъыбгурыIуа иджы Iуэхур зыIутыр?

Ж а м б о л э т. Сигу иримыхьми, къызгурыIуащ, гукIи ар къыбдызощтэ, ауэ...

С а м у р к ъ а ш. Пэжым арэзы утехъуэнри лIыгъэщ. Аращ, си къуэш, Iуэхур зыIутыр. Ауэ сэ сымыпсэужмэ, хэт ищIэрэ, Аслъэнкуэз зыгуэрым дэкIуэжынкIи мэхъу.

Ж а м б о л э т. Уэ ущымыIэжу Аслъэнкуэз къищIэмэщ, зыми щыдэмыкIуэжыххэнур!..

С а м у р к ъ а ш. Уэри апхуэдэу къэплъытэрэ?

Ж а м б о л э т. Аращ, нэгъуэщIу хъунуи Iэмал иIэкъым!

С а м у р к ъ а ш. Абы щыгъуэ си щхьэм тесщIыхьыжа тезырымкIэ акъылэгъу ухъуащ...

Ж а м б о л э т. АтIэ сыт си Iэмал, Самуркъаш? Унэхъыжьщ, унэхъыфIщ, ди хабзэмкIэ сынодэIуэн хуейщ. Къохъу кIуапIи-жапIи уимыIэу егъэзыпIэ ущихуэ, лIэныгъэри къыуигъэщтэжу. Уи напэри текIауэ, гъащIэри пфIэмыIэфIыжу, гугъэ лъэпкъи уимыIэжу дунейм укъытенэ нэхъpэ...

С а м у р к ъ а ш. Афэрым, Жамболэт, афэрым, си къуэш! УзэрыуэркЪ щIалэр уи псалъэхэмкIэ бгъэщыпкъэжащ. Иджы сынолъэIу си уэсятым укъедэIуэну икIи схуэбгъэзэщIэну. Сэ къысщыщIIамэ, уокIуэри Аслъэнкуэз зыIубогъащIэ. Бий Iэщэм, езым си Iэщэми сыщымышынэу, си Iэри мыкIэзызу, си фэри пымыкIыу си псэр зэрыхэкIар схужыбоIэж. ИтIанэ мы псалъэхэри схуIэрыгъэхьэж: «Сэ а жыхуаIам хуэдэу сыкъэрабгъэу щытамэ, Аслъэнкуэз пщащэ пагэм игу хуабагъ къысхуэкIынтэкъым. Лъэпкъ сыкъыхэкIат, уэркъ щIыхьыр згъэпэжти, аращ игу сыщIрихьар, фIыуэ сыкъыщIилъэгъуар. Си иужьрей бэуэгъуэм къэс си лIыгъэмрэ си напэмрэ сабэ налъэ трезгъэхьакъым...» ЕтIуанэу схужепIэжынур мыращ: «Сэ ажалым си нэхэр зэтехауэ сызэрыIущIэр, сызэрымышынэр псалъэкIэ къэсIуатэ къудейкъым, си лъагъуныгъэм папщIэ, фIыуэ слъагъу пщащэм и къэкIуэнум папщIэ си псэм сызэремыблэжри абыкIэ къызогъэлъагъуэ. ИтIанэ сынолъэIу унэншэ-бынышэу зыкъомыгъэнэну, нэгъуэщI щIалэ фIыуэ плъагъуу псэуэгъу пщIыжыну. Абы щыгъуэ ахърэтым си псэр щытыншынщ, сча лъэбакъуэми сыхущIегъуэжынкъым». Мыхэр пщащэм схужепIэжын, къуэш?

Ж а м б о л э т. Дзыхь къысхуэпщIмэ...

С а м у р к ъ а ш. НэгъуэщI жысIэн щыIэкъым.

*(Самуркъаш Жамболэт бгъэдохьэри ІэплІэ хуещІыж.)* Тхьэм дэ къытхуимыгъэфэща насыпыр уэ къыплъигъэс, си шынэхъыщІэ! *(Жамболэт и нэпсхэр къыфІокІуэ.)* Щыгъэт, Жамболэт, сэ цІыхухъу нэпс си щІасэкъым! АдыгэлІым и гур махэ хъуауэ иужь дыдэу слъагъужынуи сыхуейкъым! *(И кІэрахъуэр кърех.)* Гум и къарур мыпхуэдэущ къэгъэлъэгъуэн зэрыхуейр. Къеплъ, Жамбот, къеплъ, си къуэш! Си Іэр кІэзызрэ? Си фэр пыкІа? ГъащІэмрэ лІэныгъэмрэ зэхуэзыгъэдэф адыгэлІыр ажалым зэрыІущІэр мыпхуэдэущ!..

Ж а м б о л э т. Самуркъаш!.. *(И ныбжьэгъум дежкІэ зедз. Асыхьэтым кІэрахъуэр мауэ.)*

С а м у р к ъ а ш *(зэфІэщахэурэ).* Самуркъаш ажалым зэи щышы-накъым...

Ж а м б о л э т *(гуІэгъуэшхуэм хэту лъэгуажьэмыщхьэу хощІэ).* Си къуэш, си ныбжьэгъу пажэ, аслъэн хъыжьэу адыгэлІ щыпкъэ!.. Напэр псэм и пэ изыгъэща, си шынэхъыжь хахуэ! *(ПэшымкІэ зыкъигъазэурэ.)* Зи цІэ къудейм бийр игъащтэ, зи къарумрэ зи лІыгъэмрэ хы адрыщІым нэІуса адыгэлІ лІыхъужь! Сыту Іейуэ укІуэдыжа! Уи пагагъэмрэ ерыщагъымрэ си псалъэри, си акъылри, си гуащІэри пэлъэщакъым... Ди Тхьэ, щхьэ къахэплъхьа си лъэпкъым мыпхуэдиз пагагъ! Сыт дэ пагагъым къытхуихьыр? Щхьэ дыерыщ апхуэдизу адыгэр?! *(Хьэдэм зыхуигъэщхъыурэ.)* Ди Тхьэ, мелыІычым хуэдэ цІыху къабзэр, аслъэн губжьар хэзыгъащІэ пелуаныр мы щІэпхъаджэ Іейм зэрыщысхъумэн къару щхьэ къызыумытарэ?! Уэркъыгъэм, уэркъ хабзэм, уэркъ напэм текІуэдэжащ щІалэ дыгъэр! Уэркъыгъэ, лІакъуэлІэшыгъэ... Зэпытыр къахукІуэ а псоми, апхуэдэу фІэкІа лъэпкъым и къуэ нэхъыфІхэр зымыхъумэм! Зы хьэлъэзехьэ е тхьэмыщкІэ гуэрым и къуэу щытыгъамэ, мы гуІэгъуэ Іейр къэхъунтэкъым. Мы тхьэмыщкІагъэр къытхуэзыхьар езыр а уэркъ хабзэракъэ, уэркъ фащэракъэ, ди пагагъэракъэ? Зы мэскъалкІэ ди пщІэр дымыгъэлъэхъшэн щхьэкІэ, шэ фІыцІэ махъаджэм ди щхьэр пэщІыдодз. БдзапцІэшэр ди бгъэгум щыдгъэупщІыІуну дыхьэзырщ, ди щхьэр хамэм худомыгъэгъэщхь закъуи. Хеягъэм, захуагъэм зымащІэкІэ дебэкъуэн, зыгуэрым и Іупс ди напэм къеІусэн дышынэу ди гъащІэр дохь. Хэт хуейр апхуэдэ хабзэм?.. *(Самуркъаш зытреубгъуэ.)* Ди Тхьэ, щхьэ апхуэдэу угущІэгъуншэ? Щхьэ къытхэпчрэ ди цІыху нэхъыфІхэр – лъэпкъым и пажэ ди шу пашэхэр! Уэркъ щІыхьым, уэркъ напэм игъуэ нэмысу текІуэдэжа си ныбжьэгъу лъапІэ!.. *(Зыгуэр игу къэкІауэ, нэхъ зыкъищІэжауэ*

*Жамболэт къызэфIотIысхьэж.)* Зэт... сыщыуэ си гугъэщ. Пэжщ, шэч хэмылъу, сыщыуащ – шейтIаныр къыстекIуащ, гуауэм си гур ихузри жызмыIэпхъэ жызигъэIащ. ГурыщIэм уигъэжэкъуэнри хэлъщ, ауэ уи акъыл уриху хъунукъым. Ар адыгэлI хьэлкъым. Апхуэдизу хэIэтыкIа, къару мыкIуэщI къызыпкърыкI, лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыж уэркъ хабзэм гуемыIу псалъэ хуэфащэ?! Дауи, хуэфащэкъым! НапитI уиIэу, хъуапсэрынэIурэ былымаблэу е зыгуэрым и лъэгущIэтыну упсэуныр сытым щыщ? Ар гъащIэ сытми пкъым и гъэру упсэуныр, псэр хэутэн пщIы зэпыту! КъигъэщIар мащIэми, псэуауэ плъытэ хъунур и лъахэм, и лъэпкъым, и нэмысым, и напэм зи псэр шапэIудз хуэзыщIыфа цIыхурщ. Апхуэдэрщ цIыхур цIыху зыщIри, лъэпкъым набдзэ хуэхъури. Апхуэдэт Самуркъаш – нэгъэсауэ уэркъ щIалэ хахуэт! *(Самуркъаш и хьэдэмкIэ зигъазэурэ.)* Лъахъшэу си щхьэр пхузогъэщхъ зи напэм емыпцIыжа, адыгэ щIыхьыр зи щхьэ закъуэ насыпым япэ изыгъэща адыгэлI лIыхъужьым! Си щхьэр хузогъэщхъ адыгэ лIыгъэм! Си уахътыр къыщысым апхуэдэ лIэныгъэ, апхуэдэ лIыгъэ къызэптыну ди щхьэщыгу итым сынолъэIу!...

ИжьырабгъумкIэ лъэныкъуэмкIэ Iуву къыщыкI чыцэхэмкIэ Аслъэнкуэз и макъыр къоIукI.

**ЕтIуанэ теплъэгъуэ**

А с л ъ э н к у э з р э З и б э р э сценэм къохьэ, ауэ чыцэ гуэрэным адэкIэ хьэдэм щхьэщыс Жамболэт къахуэцIыхуркъым.

А с л ъ э н к у э з. Уэра ар? Ей, Хьэсэн! (*Маджэ.)*

З и б э. Зэ, зэ умыпIащIэ! Къэжэрыра хуэдэкъым ар!

Жамболэт къызэфIоувэри къодаIуэ.

А с л ъ э н к у э з. ЛIы гуэр мобыкIэ кIуа хуэдэу къысщыхъуащ.

З и б э. Зыгуэр кIуат, ауэ къэжэрыракъым.

А с л ъ э н к у э з. КIэлъыджэ, уи макъыр зэхихмэ, къигъэзэнщ!

З и б э. Хьэсэн, ей-зо! Бгыщхьэм утес? (*АбыкIэ мэкIуатэ.*) Емынэм имыхьын, дэнэ зыщыбгъэпщкIур? ДыкъэкIуащ, дымис, унэIут пщащэри сщIыгъущ! ЗыщыбгъэпщкIуар дэнэ? КъыкъуэкI псынщIэу, зывмыгъэгувэу гъуэгу фытеувэ!

А с л ъ э н к у э з *(Зибэ Iуащхьэм докI, Аслъэнкуэз сценэмкIэ къокIуатэ).* Кавказ къуршхэми адыгэ лъахэми гу щрырехуэ си Самуркъашым. Нэхъ къищтэ щIыпIэхэми щрещакIуэ, зыхуей къуажэ дыдэри псэупIэ ирырещI. И гум нэхъ къыдыхьэ, и псэр нэхъ зытхьэкъу пщащэри щхьэгъусэу кърырешэ! Аслъэнкуэз тхьэмыщкIэм (*гъыурэ)* и адэм и жьэгу хуабэри, и гугъапIэхъуэпсапIэри, и дунейри къыхренэ мы къуршыжьхэм. Езым и щхьэр ирырех лъахэм, хамэ цIыхухэм я лъэгущIэтыну и гъащIэр ихьыну! *IуащхьэмкIэ къэжэр сатуущIыр къыщолъагъуэ.*

### Ещанэ теплъэгъуэ

А с л ъ э н к у э з *(и напэр зэпилъэщIыхьыжурэ*). Мес, къыкъуэкIыжащ дыгъэ-мазэр!

С а т у у щ I ы м *(Iуащхьэм къепсэлъыхыу Зибэм къыжреIэ*). Ей, зо, фымышынэу дауэ фыкъэкIуэфа мыбы?

З и б э *(къигъэзэжурэ).* Сыт дызыщышынэнур?

С а т у у щ I ы м. Дауэ умышынэнрэ, Iэгъу?! ФыкъыIухьэн и пэIуэкIэ мыбдеж лIы щаукIащ!

А с л ъ э н к у э з. ЛIы щаукIащ жыпIа?!

С а т у у щ I ы м. Аращ, мыбдеж дыдэм…

Ж а м б о л э т *(чыцэ къуагъым къыкъуокI*). Аслъэнкуэз, Зибэ, сэращ ар! Фымышынэ! *(Адрейхэр зэрышынам гу лъитауэ.)* Аллахьу акбэр!.. Фымышынэ, сэращ ар жысIакъэ?

А с л ъ э н к у э з. Уэ ухэт езыр?

Ж а м б о л э т. Сэращ ар, сы-Жамболэтщ! Фымышынэ! Дэнэ фыкъикIрэ икIи дэнэ фыкIуэрэ?

А с л ъ э н к у э з. Къуажэм дыкъокI.

Ж а м б о л э т. АтIэ дэнэ фыкIуэрэ? Сыт мы сатуущIми мыбдеж щищIэр? ЖыфIэт!

С а т у у щ I ы м *(шынауэ*). Зиусхьэн, сэ ахэр къызэджати сыкъэкIуащ, нэгъуэщI лажьэ сиIэкъым!..

Ж а м б о л э т. Мыр сыт, Тхьэр зыгъэпэжын, уи псэр уи лъэдакъэпэм нэсыжаи! Сыбийкъым сэ, сыныбжьэгъущ… Щхьэ зыри жумыIэрэ, Аслъэнкуэз! Уэ-щэ, Зибэ?.. Сыт мыбы фыкъыщIэкIуар? Сыт пщылI щэнкъэщэхуным хэмыкI мы къэжэрми фыхуей щIэхъуар?.. Уэращ сызэупщIыр, Аслъэнкуэз! Щхьэ фи бзэр иубыда, хьэмэрэ адыгэ пщащэм къызэреупщIымкIэ жэуап имытыжыфу щыт? Iуэхур иущэхуну е пцIы иупсыну езэгъырэ абы и щэным?

А с л ъ э н к у э з. Сытым щхьэкIэ пцIы сыупсын,

сыти сыущэхун? Сэращ къэжэрым хуей хъуар, сэращ ар къезыджари. Си мурадщ къэжэрым сыгурыIуэмэ, абы сыщIыгъуу си щхьэр есхьэжьэу, лъахэр сыбгынэну. Аращ си щэхур. Уэри улIмэ, ар пIуэтэнкъым. Пхъэрхэр си ужь къихьэмэ, сыкъызэрамыгъуэтынкIэ уадызекIуэнщ.

Ж а м б о л э т. Къысхуэгъэгъу, Аслъэнкуэз! Ар Iейми фIыми, уи щэху къызэпхьэлIащи, адыгэлI хабзэу схъумэнщ. Апхуэдэ щэху зыбжанэ скъуэлъщ сэ, ауэ сщIамэ, сфIэигъуэт уи унагъуэмрэ уи хэкумрэ щIубгынэм и щхьэусыгъуэр...

А с л ъ э н к у э з. Уэ, си дэлъху лъапIэ! Абы и щхьэусыгъуэм ущымыгъуазэу ара?.. Самуркъашрэ сэрэ къытщыщIа щIэщхъум и ужькIэ сэ дауэ хэкум сисыжын?! Ари сэри гугъапIэншэу дыкъэнащ. Сэ хэкум сыкъинэмэ, щIалэ лажьэншэм и щхьэм бэлыхь теслъхьэнущ. НэгъуэщI пщащэ епсэлъэнуми къишэнуми си ныбжь къудейр зэран яхуэхъунущ. Сэ мы Iуэхум си щхьэр хэсхмэ, хэт ищIэрэ, Самуркъаш гупсэхугъуэ гуэр игъуэтыжынкIи мэхъу. НэгъуэщI къыщысхуэмынэжкIэ, фIыуэ слъагъу щIалэм абыкIэ си сэбэп ирырекI.

Ж а м б о л э т. Тобэ, тобэ, Iистофрилэхь! Сыт насыпыншагъэ мыр! Сыту фыцIыху щыпкъэ дыдэт тIури, фи адыгагъэраи фызытекIуэдэжри!..

З и б э. Сыт къэхъуар, Жамболэт? Тхьэм щхьэкIэ...

А с л ъ э н к у э з. Сыт апхуэдизу уигу хэзыгъэщIыр, Жамболэт. Сыт къэхъуар уэ уи нэпс къыщIигъэкIыфын хуэдэу?

С а т у у щ I ы м. ЛIы щаукIащ мыбдеж жысIакъэ! Моуэ тIэкIу ипэIуэкIэ лIы щаукIащ мыбдеж, зо!

Ж а м б о л э т. Фымышынэ, фымышынэ! ЯукIаи къаукIаи щыIэкъым. Дунейр къызытеункIыфIа зы лIыхъужьым езым зиукIыжащ.

З и б э. А, си Тхьэ!..

А с л ъ э н к у э з. Хэт а насыпыншэр?

Ж а м б о л э т. Къэрабгъэщ жаIэу уэрэд зыхуауса, ауэ аслъэныгу зыкIуэцIылъа адыгэлI щыпкъэрщ. КъракIыха фIейр илъкIэ итхьэщIыжмэ, нэхъ къищтащ...

А с л ъ э н к у э з. А-а, Тхьэр зэуар сэраи! Си Самуркъаши?!..

Ж а м б о л э т. Аращ, ара дыдэщ. Мис тхьэмыщкIэм и хьэдэри!..

Аслъэнкуэзрэ Зибэрэ гъыурэ хьэдэмкIэ задз.

А с л ъ э н к у э з. Тхьэр зэуа гущэр сэраи! ГуащIэри

гущIэгъури зиIэ ди Тхьэ лъапIэ, сыт тхьэмыщкIагъэ мы дызыхэбдзар! ГушыIэм къыхэтэджыкIами дымыщIэ уэрэд угъурсызым дытекIуэдэжаи!

З и б э. А, си Самуркъаш, мыгъуэ! А, си нарт лIыхъужь! Зи щIыхьым ныбжь къытридзауэ дунейм тетыныр зигу темыхуа, си дэлъху хахуэ!

Ж а м б о л э т. Аращ... Аращ, Зибэ! Зи бгъэм аслъэным игу илъа адыгэлI хахуэр цIыхубз уэрэдым икIуэдыкIащ.

А с л ъ э н к у э з. Сэрат лIэн хуеяр, сэрат япэ ищын хуеяр! Сыхунэсакъым... лъэпкъым пашэ хуэхъуфыну щIалэр тхуэхъумакъым! Сысыт сэ? СыцIыхубз гуащIэмащIэщ. Мы бэлыхьыр си щхьэм теслъхьэу хэсхын си гугъащ, ауэ сыхунэсакъым... Ей, ди къуршыжьхэу лIэщIыгъуэхэм я уэчылхэ! Ей, ди мэзыжьхэу зи фIыгъуэхэмкIэ къытхуэжумартхэ! ЩыIэжкъым фи куэщIым ифпIыкIа щауэр! Къыздэвгъей нобэ си Самуркъашыр!..

Ж а м б о л э т. Хъунщ, Аслъэнкуэз, хъунщ, си шыпхъу, апхуэдизу зумыухыж. (*МыдэкIэ зыкъигъазэурэ.*) Ягу ирырагъэзагъэ иджы Тимурташ и къуажэгъухэм!

З и б э *(къэтэджыжурэ)*. А уэрэд угъурсызыр зыусахэми жызыIахэми я бзэгур Тхьэм пигъэз!

Ж а м б о л э т *(Аслъэнкуэз дэIэпыкъуурэ къегъэтэджыж)*. Хъунщ, си шыпхъу дахэ, сынолъэIу зызэтебубыдэжыну! Ирикъунщ узэрыгъар... къызгуроIуэ уэ иджыри куэдрэ нэпс зэрыщIэбгъэкIынур, итIани... Къэтэджи, къедаIуэ Самуркъаш и уэсятым.

А с л ъ э н к у э з. Уэ, си дэлъху лъапIэ, уэ, си Жамболэт! Си гъащIэр хьэдагъэу схьыну сыкъэнаи! Тхьэм мы тхьэмыщкIагъэр сигъэлъагъуну сыкъытришат мы гъуэгу мыгъуэжьым!..

Ж а м б о л э т. ИгъащIэкIэ ягъейхэм хуэдэ щIалэт ар! Ауэ къедаIуэ лIыхъужьым и иужьрей псалъэхэм. *(Зиби абыхэм къабгъэдохьэ.)* Самуркъаш ищIа мурадым хущIезгъэгъуэжын си гугъэу сыхьэтитIым нэблагъэкIэ дызэныкъуэкъуащ...

А с л ъ э н к у э з. Дауэ мыгъуэ зыIэщIэбгъэкIат, Жамболэт. Щхьэ пэрыуэгъу умыхъуфарэт? Сэ ар зэрызмыщIа мыгъуэ! Сыкъэжэнт, си лъакъуэхэр щIэмыкIыжмэ, сыкъэпщынт! Лъэгуажьэмыщхьэу и пащхьэ сиувэнти, тобэ къезгъэхьыжынт!..

Ж а м б о л э т. Хьэуэ, Аслъэнкуэз, хьэуэ! Иужьрей псалъэр сэри абы дэсIыгъащ.

З и б э. Сыт телъыджэ а жыпIэр?! Апхуэдэу хъурэ?

Ж а м б о л э т. Аращ, Зибэ, апхуэдэуи мэхъу! Адыгэ уэркъ щауэ Самуркъаш апхуэдэу ищIэн хуеящ. Мис, адыгэ уэркъыпхъу Аслъэнкуэз бэлыхь псори и щхьэм трилъхьэжу хэкум икIын хуей щыхъукIэ, Самуркъаши и напэм и псэр тыхь хуищIыну къытохуэ. Самуркъаш Аслъэнкуэз хуэдэу и щхьэр хихыу ежьэж хъунутэкъым. Апхуэдэу ищIэгъамэ, къыкIэралъхьа пцIым арэзы техъуауэ арат. Си ныбжьэгъу щыпкъэр, си шынэхъыжь хахуэр иджы къэрабгъэу щытауэ къыхужызыIэфын щыIэкъым. Бий Iэщи, адыгэ джати, езым и кIэрахъуи зэрыщымышынэр псоми хьэкъ ящыхъунщ.

А с л ъ э н к у э з р э З и б э р э. А, насыпыншэ мыгъуэ!

Ж а м б о л э т. Самуркъаш и уэсятыр мыращ, Аслъэнкуэз! ЖысIэм шэч къытепхьэмэ, КъурIэным сытеIэбэурэ тхьэ пхуэсIуэнщ. И натIэм кIэрахъуэр щытриубыдэми, кIакхъур щыщIичми и Iэр кIэзызакъым, и нэри игъэупIэрэпIакъым... Апхуэдиз гу быдагъэрэ хахуагъэрэ къызылъыкъуэкIыр зырызыххэщ.

А с л ъ э н к у э з *(гъыурэ).* СощIэ мыгъуэ, ауэ сыт си Iэмалыж?..

З и б э. Самуркъаш и лIыгъэр здынэсыр дэ тщIэрт! ПцIы кIэралъхьари ди фIэщ хъуатэкъым. Лъэпкъ щIыхьым, уэркъ напэм и псэр щIитыну зэрыхьэзырыр зэтэкъым къызэригъэлъэгъуар...

Ж а м б о л э т. Мы Iуэхур абы щIилэжьар и лIыгъэр игъэлъэгъуэн къудейртэкъым. ЕтIуанэ щхьэусыгъуэ абы хуэхъуар Аслъэнкуэз жиIа дыдэр аращ: «Сэ сыпсэууэ Аслъэнкуэз нэгъуэщI щIалэ еплъыжынукъым – сытым щыгъуи си ныбжь къытридзэу щытынущ. Сэ сыщымыIэжмэ, зыгуэрым дэкIуэжынщи, насыпыфIи дэхъужынщ...»

А с л ъ э н к у э з (*Жамболэт и жьэр и IэхэмкIэ иубыдурэ).* Щыгъэт! Тхьэм щхьэкIэ, щыгъэт, Жамболэт! Алыхьым жимыIэ апхуэдэу къэхъуну! Самуркъаш мыпсэужмэ, сэ къысхуэнэжыр зыщ – хамэ бжэщхьэIухэм лъэгулъэщIу сыкъытенэжынырщ.

Ж а м б о л э т. Уи псалъэм пщIэ хузощI, Аслъэнкуэз, ауэ сынолъэIу уемыпIэщIэкIыну, Iуэхум иджыри зэ уегупсысыжыну. ИтIанэ мыпхуэдэ лъэIуи къыпхуиIэщ Самуркъаш: уэ зыгуэрым удэкIуэжрэ насыпыфIэ ухъумэ, и псэр ахърэтым щызэгъэнущ. Абы щыгъуэ и Iэр и щхьэм зэрыхуихьыжар псыхэкIуадэ мыхъуауэ къилъытэнущ.

А с л ъ э н к у э з *(и щхьэр къеIэтри).* Езыр псэууэ, си пащхьэ къиувэу мыхэр къызжиIами, хуэздэнутэ-

къым, Жамболэт! Си щхьэ хуэзмыгъэфащэ къызипэсауэ, Самуркъашым сигу ебгъэми хъуну къызолъытэ!

Ж а м б о л э т. Сэ езым укъызэупщIамэ, а псалъэ дыдэхэрт жысIэнур, Аслъэнкуэз! Самуркъаш мыпхуэдэ ухыкIэр зыхуигъэфэщэжауэ, уэ укъакъэ-упщIыпщIу хэкум уисмэ, цIыхухэм пунэлат къыуахынщ!

А с л ъ э н к у э з. Си дежкIэ мащIэщ ари, нэхъыкIэжщ сэ схуэфащэр!.. Щхьэмыгъуэжь жыхуаIэм сыхуэдэщ сэ. Дунейм тетахэми тетхэми я нэлатыр мащIэщ сэр щхьэкIэ, дяпэкIэ къэхъунухэми я хьэкъ стелъщ. Ар, хэкум сыкъинэми, си щхьэр есхьэжьэжми, стекIыжыну тезыркъым. Ауэ сэ мыбы къанэ сиIэкъым, Жамболэт! Самуркъаш псэууэ сщIа унафэр, «ар лIащ» жысIэу, схузэблэхъужынукъым. Сэ абы пщIэ къысхуихьыжынукъым, апхуэдэ напи сиIэкъым.

З и б э *(и нэпсхэр щIилъэщIыкIыурэ).* Хъунщ, си псэ, дыпхуэарэзыщ! КIуэ, сыхьэтыфI Тхьэм ухуишэ! Дэри ныбжьыщIитIым къыфтепсыха гуауэм дигу пэщыху дригъынщ!

А с л ъ э н к у э з. Жамболэт! Си дэлъху лъапIэ! Сыпщогугъ мы си щэхур убзыщIыну, къызэпта псалъэр бгъэпэжыну!..

Ж а м б о л э т. Укъызогъэгугъэ, уздэкIуэм унэсыхукIэ, си жьэм псалъэ къыжьэдэмыкIынкIэ. Ауэ абы и ужькIэ къэхъуам и пэжыр къэсIуэтэнщ. ИрырещIэ Шэрджэсым Самуркъаш зыхуэдэ щауэу щытар! Абы и лIыгъэм, Аслъэнкуэз и къабзагъэм «афэрым!» хужызыIэхэм ирыращIэ лъагъуныгъэм, пэжыгъэм, напэм папщIэ адыгэ уэркъым хузэфIэкIыр зищIысыр!

А с л ъ э н к у э з. Упсэу, си дэлъху лъапIэ! Аращ сызэрыпщыгугъри! Тхьэр фIыкIэ зыхуэупсэн фищI! СощIэ уэ упсэуху Самуркъаш зэрыпщымыгъупщэнур, ауэ Аслъэнкуэзи уигу ибгъэлъыну сынолъэIу – дэ тIур зэкъуэпч мыхъуну дызыIыхьэщ. Узыншэу, Жамболэт!..

Ж а м б о л э т. Гъуэгу махуэ, си шыпхъу дахэ! Тхьэм гущIэгъу къыпхуищI!..

А с л ъ э н к у э з *(Самуркъаш и хьэдэм щхьэщотIысхьэри).* ДунеягъэкIэ къыплъымыса насыпыр уздэкIуам хабзэ гуэр щыIэмэ, Тхьэм абы къыщыплъигъэс! Уэ уи псэр сэр щхьэкIэ птащ. Сэ си щхьэхуитыныгъэр уэ пщIызот. Ауэ ари сфIэмащIэщ уэ уэтха лейм пэкIуэ тезыру... Напэ хужькIэ Тхьэм дызэхуихьыж, Самуркъаш!.

З и б э *(Жамболэт жриIэу).* Сэ Аслъэнкуэз тIэкIу згъэкIуэтэнщ.

Ж а м б о л э т. КIуэ, тегъэувэ гъуэгу, ущий зыхуэ-

сакъыжыну. Ар зытехьэ гъуэгур нэщIэбжьэрэ хьэзабкIэ сеящ, ауэ сыт пщIэн – езым фIэфIу къыхихыжащ. Самуркъаш зэ лIэрэ зэгъэжамэ, Аслъэнкуэз лIэ-къэхъуж зэпыту и гъащIэр ихьынущ.

К ъ э ж э р с а т у у щ I ы р, З и б э, А с л ъ э н к у э з сымэ IуащхьэмкIэ докI. Аслъэнкуэз и гъы макъым гъыбзэкIэ къуршхэр къыподжэж. Аддэ щыту зэ къызоплъэкIыж.

А с л ъ э н к у э з. Узыншэу, Жамболэт, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэн!

Ж а м б о л э т. Гъуэгу махуэ, си шыпхъу, гъуэгу махуэ! Тхьэм гущIэгъу къыпхуищI! *(МыдэкIэ зыкъегъазэри.)* «Тхьэм иухам уфIэкIынукъым» жыхуаIэр арагъэнщ. Ухуеймэ, лъэдакъэкIэ зыфIэгъанэ, ухуеймэ, уи Iэбжьанэхэр хэукIэ – уи натIэ къритхам ужьэхэуэжынущ. Ар къыщыдгурыIуэр и пэжагъым дыкъиса нэужьщ...

Ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ, чыцэ гуэрэнхэмкIэ, Iэуэлъауэ макъ къыщоIу. Абы хэту Т и м у р т а ш, С э ф э р - б е й, З а н - б е й, я пщылI зыбжанэ я гъусэу, сценэм къохьэ.

### ЕплIанэ теплъэгъуэ

Тимурташ и гупымрэ Жамболэтрэ сценэм итщ.

Т и м у р т а ш *(хуабжьу зэрыпIейтейр къапщIэу)*. ЩIыр зэгуэхуу яку дэхуа?! Мы дунейм щхьэ тедмыгъуатэрэ си пщащэр?

З а н - б е й *(Сэфэр зыхуигъазэурэ)*. Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ. Гурыщхъуэ сощI Аслъэнкуэз Самуркъаш игъэкIуэсауэ!

С э ф э р - б е й. Арагъэнущ! Дауи, Жамболэти абыхэм ядэIэпыкъуащ!

Ж а м б о л э т. Сытым сигъэщIэн, тхьэмадэ, сэ Аслъэнкуэз здэкIуар?

Т и м у р т а ш. «Сытым сигъэщIэн» жыхуэпIэр сыт, щIалэ! *(Жамболэт бгъэдокIуатэ.)* Хэт, уэ умыщIэмэ, зыщIэнур?..

Ж а м б о л э т. Мыр сыт псэлъэкIэ, тхьэмадэ?! Сыт сэ уи пхъур здэщыIэр сщIэн щIыхуейр? СрихъумакIуэ, хьэмэрэ?..

Т и м у р т а ш. Фэрагъэнущ си пхъур езыхьэжьар! Мис, Зан-бей аращ жиIэр!

З а н - б е й р э  С э ф э р - б е й р э (*зыжьэу).* Аращ, ныбжьэгъу, Самуркъашрэ уэрэ фымыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым Аслъэнкуэз здэщыIэр?

Т и м у р т а ш. Тэмэм. Е си пщащэр иджыпсту къысхуэфшэжынщ, е игъащIэкIэ цIыхухэм ящымыгъупщэжын хьэлэбэлыкъ къизгъэкIынщ мы Iуэхум! Зымахуэрей зауэр щIалэжь цIыкIу джэгум хуэдэщ, мыбы кърикIуэнкIэ хъунум елъытауэ.

Ж а м б о л э т. А-а, тхьэмадэ лъапIэ! Тхьэм апхуэдэ хьэлэбэлыкъхэр къэбгъэхъуу ухигъэунэхукIауэ ара уэ? Сыт тхьэмыщкIагъэ мыр!

Т и м у р т а ш. Псори бгъэIущыжыну уи пщэ илъкъым уэ, щIалэ! ЖыIэ узыщыгъуазэр! Дэнэ щыIэ си пщащэр? ДэнэкIэ иунэтIа Самуркъаш? Жэщыбгым сыт уэ мыбдеж щыпщIэр, си пщащэр ефхьэжьэн мурад фимыIэмэ?

З а н - б е й р э  С э ф э р - б е й р э. Къет жэуап зиусхьэным и упщIэхэм!..

Ж а м б о л э т. Сэ мыбдеж сыкъыщIэкIуара фызыщIэупщIэр?.. Пэжщ, мы щIыпIэм Самуркъаш тхьэмыщкIэм сэрэ дызэгъусэу дыкъэкIуащ.

З а н - б е й *(Сэфэр-бей зыхуигъазэурэ).* Плъагъуркъэ зэрыжысIауэ Iуэхур къызэрыщIэкIыр?

Т и м у р т а ш. АдэкIэ-щэ?..

Ж а м б о л э т. Самуркъаш Iэщэ зэрыщымышынэр къигъэлъэгъуэну къэкIуащ, ахърэт гъуэгум ар щытеува щIыпIэ хъуащ мыбдежыр. Къуажэбгъум нэс сыкъыдэкIуэтэну къызэлъэIуати, сыкъэкIуащ, и иужьрей псалъэхэм седэIуэну къызэлъэIуати, седэIуащ. И ахърэтыр нэху Тхьэм ищI, хэт ищIэрэ, и псэр мы дакъикъэхэм жэнэтым нэсагъэнри хэлъщ, ауэ и хьэдэр мыбдеж къыщинащ.

Псори хьэдэм щхьэщохьэ.

Т и м у р т а ш. Аллахьу акбар! Мыр дауэ къэухъу?..

Ж а м б о л э т *(и макъым губжь къыщIыхьэу).* Зэрыфлъагъущ! ФымыщIэр, фызыщымыгъуазэр занщIэу лажьэ зимыIэм кIэрыфлъхьэну фыхуежьат. Самуркъаш фи пщащэр ирихьэжьауэ фи гугъат! ТхьэмыщкIэм и хьэдэр фи пащхьэ имылъыгъамэ, иджы пцIы Iэджэ техуэнут!

Т и м у р т а ш. Тхьэр згъэпэжащ, щIалэ, абыкIэ сэ лажьэ симыIэкIэ! Къэрабгъэщ жаIэу, уэрэд зыхуаусам си пхъур езыр дэкIуэну хуеякъым.

Ж а м б о л э т. Къэрабгъэм мыпхуэдэ ищIэфыну

хулъэкIын! Я Iэр мыкIэзызу, я фэр пымыкIыу къэрабгъэ дапщэм кIэрахъуэр я щхьэм хуахьыжыфын?! Феплъыт аслъэным хуэдэ мы лIыхъужьым и нэкIум – шынэ налъэ ифлъагъуэрэ абы?!

З а н - б е й р э С э ф э р - б е й р э. ЛIыгъэ иIэу дунейм тетащ, и кIуэдыжыкIари апхуэдэщ!

Т и м у р т а ш. Псори къызэрыкIыр зы щыуагъэ закъуэщ, зэрымыщIэкIэ ехьэжьа хъуа делагъэ гуэрщ...

Ж а м б о л э т. Аращ, зы делагъэ, зы щыуагъэ закъуэщ. Ауэ дэри абы дыпэщIэувакъым, щIалэр къыдгурыIуэну дыхэтакъым. ЗанщIэу пцIыр ди фIэщ хъуащ. Жагъуэгъум жиIэм дедэIуащ, пцIым, фыгъуэижэм ныбжьыщIэ дахэр едгъэхьащ, лъэпкъым и нэхъыфIыр хедгъэчащ... Езыри захуэкъым... ЖаIэ псори цIыхухъум занщIэу и фIэщ хъун хуейкъым. Апхуэдизу къэхъуар и щхьэ иримыгъажэу тIэкIу зэIуплъын, хъыжьагъ химылъхьэу Iуэхур зэфIихын хуеящ. Узэчэнджэщын уимыIэмэ, уи пыIэр гъэтIылъи, ечэнджэщ жиIащ адыгэм, а псалъэжьыр зыщигъэгъупщащ...

Т и м у р т а ш, З а н - б е й, С э ф э р - б е й. Еууей, насыпыншэ! Гъуэбжэгъуэщым хуэдэти уи гъащIэ мащIэр! *(Хьэдэр къащтэжыну зрагъэзых).*

*I у п х ъ у э*

# ХЬЭТЫКЪУЭ Умар
## *(Омер СЕЙФЕДДИН, ТЫРКУ)*

### АБРЭДЖ ЩХЬЭ ЗАКЪУЭ

Рассказ

КIыфIзэхэту дыкъежьауэ абы лъандэрэ дыхуокIуэ уэздыгъей жыгыжь цIырхъхэр къызытепIиикI Iуащхьэжьым. Уэшх къешхыху абы къыщежьэ псыхьэлыгъуэхэм лэдэх бжыгъэншэу зэхауIухьа джабэ нэкIум щызекIуэгъуейщи, дыхэуэ-дыхэпкIэурэ докIуатэ, хэдгъэщIышхуэ щымыIэу. Мыщэм сещэкIуэну куэд щIауэ сщIа мурадыр нобэ згъэзэщIэну и ужь сихьат, гъуси къэсщIат мы куейм нэхъ фочауэ Iэзэ дыдэу щалъытэ Кумдарэ щыщ щакIуэр.

Мэзым иджыри дыпэжыжьэт, абы щыщIидзэр дызыхуэкIуэ Iуащхьэжьым адэкIэ къыщылъ къуакIэ бгъуфIэр зэпыбупщIа нэужьт. Iугъуафэ-фIеифэ хъужауэ уафэм Iуэхуншэу щызеджадэ пшэ гуэрэнхэр къытщхьэщыгъуалъхьэурэ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх щабэкIэ къытхуэупсэрт. Гъуни-нэзи зимыIэж унащхьэ хъурейм лъахъшэ дыдэу щызелъатэ бзухэм я зэпэджэж макъхэм слъэмыкIыу сыхашэрт щыIэныгъэ кIэщIым дэтхэнэ зы къэгъэщIыныгъэми къыщылъыса уахътым теухуа гупсысэм. Гъуэгуанэрами, кIуэ пэтми къыстегуплIэ гупсысэрами сщIэркъым къызыхэкIар, ауэ щIэх дыдэу сыпщат. Уеблэмэ си плIэм идза мартин кIэрахъуэр нэхъ хьэлъэ хъуауэ къысфIэщIырт.

– ТIэкIу зыдгъэпсэхун? – зыхуэзгъэзащ сэ щакIуэм. Си гъусэр къыпыгуфIыкIащ. ЖьакIащхъуэм къыхэщ нэкIущхьэ хъурей цIыкIухэр къэцIыплъащ.

– Уеша? – си упщIэм упщIэкIэ жэуап къритыжащ абы. Фоч зэгуэтымрэ ди махуищ гъуэмылэмрэ я гъусэу си кIагуэри зи плIэм илъу зыхь къуажэдэс лIыку хэщIыхьам сызэрыпщар схужеIакъым.

– Иджыри тIэкIу зыхуэгъэшэчыж, – жиIащ абы, –

щыгум зэ дынэсмэ, адэкӀэ тӀуащӀэ ныджэм дытехьэху гъуэгур тэмэму щытынущ.

– Ы-ы-ы... – нэгъуэщӀ пыздзыжыфакъым.

Абы и ужькӀэ иджыри сыхьэт ныкъуэ хуэдизкӀэ щыгум дынэмысу джабэм дыдэпщеящ. Уэшхым къигъэщӀыта щӀы щхьэфэм дытеувэху ди вакъэ лъэгум хуэфӀыр къыкӀэричырти, дигъэбакъуэртэкъым. Сытми, уэздыгъей абрагъуэ гуэрым и лъабжьэм дыщӀыхьэри дыкъэувыӀащ.

– Мыращ Ӏуащхьэ щыгур, – жиӀащ си гъусэм.

Къызыпхидзу хуежьэжа уэшхым гум фӀэфӀу макъ дэгу щабэкӀэ игъэпсалъэрт жыгыжьыр. Сэ зэуэ зездзыхащ. Жыгыпкъым си тхыцӀэр езгъэщӀри, гупсэхугъуэ згъуэтыжауэ, си жыпым сиӀэбащ. И плӀэм илъхэр езыгъэтӀылъэх щакӀуэм тутын хуэсшиящ.

– Ефэ зы!

– Мыбдеж тутын ущефэ хъунукъым, – и щхьэм хужиӀэж хуэдэ хуэм дыдэу къыжьэдэкӀащ абы.

– Сыт щхьэкӀэ? Нэмэз щӀыпӀэ, Ӏэу, мыр? – сыкъэуӀэбжьащ сэри.

– Хьэуэ.

– НтӀэ сыт?

Жэуап къызимытыжу и псалъэр зэпигъэури и щхьэр игъэкӀэрэхъуащ. ИтӀанэ щэху гуэр къысхуиӀуатэ нэхъей къызэӀущэщащ:

– Мыр абрэдж щхьэ закъуэр щыбзэхыгъа щӀыпӀэр аращ.

Ӏуащхьэ щыгум кӀэщӀ-кӀэщӀурэ къыщыкъуэу жыбгъэ щӀыӀэм уэшх къытешхэ макъым зригъэӀэтырт, шэтыр фӀыцӀэ задэу зызыузэщӀа уэздыгъей къудамэхэр зэщӀигъэкӀэзызэрт. Анадолэм и щӀыпӀэ мэхъаджэхэм ящыщ зыщ мыр, ихъуреягъыр нэщӀыбзэрэ къуакӀэбгыкӀэу зэпыупщӀыжауэ. Бодзагъым (къурш щыгум) хуэзышэм мы гъуэгу бгынэжар игъащӀэми бзаджэнаджэ тӀысыпӀэу, теуакӀуэ-хъунщӀакӀуэхэм я хэщӀапӀэу ялъытэу къекӀуэкӀащ. Сэри абы сыщыгъуазэт. Сыкъыщалъхуари сыкъыщыхъуари мыпхуэдэ щӀыпӀэ пхыдза гуэрым щыжей къуажэ цӀыкӀу гуэрти, абрэджхэм, щтапӀэ ихьэжахэм ятеухуа хъыбар къэсамэ, куэдрэ къытрагъэзэжурэ щаӀуэтэжырт. Гер Алий, Керуэгъу, Деуели, Геллау хуэдэ абрэдж цӀэрыӀуэхэм я хъыбархэм щӀапӀыкӀахэм сащыщт сэри. Арами сщӀэркъым къызыхэкӀыр, ауэ хъунщӀакӀуэхэм, абрэджхэм ятеухуа хъыбархэм седэӀуэну сфӀэфӀщ.

Чысэр зэкӀуэцӀыслъхьэжри си жыпым ислъхьэжащ.

– НтIэ, къызжеIэ абрэдж щхьэ закъуэр хэтми, мы щIыпIэм дауэ щыкIуэдами?

ЩакIуэм и лъакъуэхэр зэблидзри, тырку тIысыкIэу, пхэщIкIэ тетIысхьэжащ. И фочыр и кIуэщI ирилъхьэжри апхуэдэу зыкъомрэ щыму щысащ, къуэм адэкIэ щыплъагъуу, лъы кърakIыхам хуэдэу, уэшхым плъыжь ищIа къыр дзакIэ жаным и нэ гъуабжэ пIащэхэр триубыдауэ. ИтIанэ си дежкIэ къеплъэкIащ:

– НыбжесIэнщ, – къригъэжьащ макъ лъахъшэ щабэкIэ си гъусэм. – Сэ иджы, мис, илъэс щэ никъуэр къызызонэкI, абы щыгъуэ сыцIыкIу дыдэт. Ар зылъэгъуа бзылъхугъэхэм къаIуэтэжхэм седэIуащ. ЦIыхухъу зытригъаплъэртэкъым абы.

– Сыт щхьэкIэ?

– Езыр пщащэти.

– Пщащэти, жыпIа?!

– НтIэ, пщащэт.

ЩакIуэм жиIэр гъэщIэгъуэн зэрысщыхъуар си макъым къыхэщырт. Ялъэгъуахэмрэ ягъэхъахэмрэ тепсэлъыхьыжын зи щIасэ, я блэкIар зыгъэлъапIэ къуажэдэс лIыжь гу пцIанэхэм зэрахабзэу, езым къиIуэтэжым кIэлъыщIэхъуэпсыжу къригъэжьащ абы абрэджым и хъыбарыр.

– Мэзым щыщIыхьэжам щыгъуэ абы и ныбжьыр илъэс пщыкIухым щхьэдэхагъэнутэкъым. И адэр ныбжькIэ щIалэ дыдэу ди жылэ къыдэтIысхьэжауэ щытащ, а хъыджэбз закъуэм фIэкIаи бын иIакъым.

Мы лIыр зэгуэрым Хьисэкъуэм и IуэхущIапIэм блэкIын хуей мэхъу. Абы мэшпэсмэ *(тырку лъэпкъщ)* ящыщу щылажьэ гуэрым и щIыхуэ телъти, къыIихыжыну щIыхьащ. Модрейм зыхигъэзэгъакъым. Зэрыхъуар хэт ищIэрэ, сытми Iуэхур зэфIэнэм нэсри, лIыр абы къыщаукIащ. Пщащэ цIыкIум къэхъуар щызэхихым, и адэр къыщаукIам жащ. Узижагъуэр Iууплъэт тхьэмыщкIэр зыIууам. Абы и зыIыгъыкIар нобэми ягъэхъыбарыж: ар гъакъым икIи бжакъым. И адэр зыукIар зрегъащIэри етIуанэ махуэм къалэм макIуэ икIи куей тхьэмадэм зыIуегъащIэ. «Си адэр зыукIар мыпхуэдэращи, фубыд», – яжреIэ. АрщхьэкIэ, ауи зрамыгъэпсалъэу къыщIагъэкIыж. Пщащэми къуажэм къигъэзэжыркъым. А лъэхъэнэм къыздикIари зыщыщри ямыщIэу зы дзэлI пэщэ гуэр Хьисэкъуэм и ныбжьэгъуу къалэм дэсыгъащ. Хъыджэбзыр махуэ къэс абы и деж кIуэурэ: «Си адэр зыукIар иджыри къаубыдакъэ?» – жиIэурэ ирегъэз. Махуэ гуэрым фIыуэ ефауэ зрихьэлIа пэщэр пщащэ цIыкIум къыхуи-

лъащ: «Хьэбз куэпэч, афІэкІа си деж къакІуи, уи щхьэр зэгуэзудынщ!» Ауэ пщащэр шынэу икІуэтыжакъым. Уеблэмэ пэщэм и лэжьэгъухэм захригъэхыу дзэлІым жреІэ: «Мыбыхэми зэхрах, нобэ фІэмыкІыу си адэр зыукІар къомыубыдмэ, сэ уэ езыр узукІынщ!»

Пэщэр а псалъэхэм ягъэгубжь, къыщолъэтри пщащэр цІыху мыхъужыным хуэдизу еубэрэжь. ИужькІэ и зауэлІхэм унафэ яхуещІри уэрамым къыдрегъэдзэж.

Пщащэр дунейм къытемыхьэжу кІуэдащ. Махуэ гуэрым пэщэ ефакІуэжьыр Хьисэкъуэм и ефэ-ешхэм здэкІуэм, зы шэ закъуэ и щхьэм къытехуащ икІи, зыкъимыщІэжу, абдеж и псэр щыхэкІащ. ЛІыукІым куэдрэ лъыхъуахэщ, ауэ къахуэгъуэтакъым. Зэи «Ерыкум и пхъурщ ар зыукІар» жаІэу псалъэмакъ иракьэжьати, куэдым я фІэщ мыхъуу щІэх ужьыхыжащ. Псоми зэращІэр пщащэр и Іыхьлы гуэрым Измир ишэжауэт. Ауэ пэщэр зэраукІрэ зы тхьэмахуэ фІэкІа дэмыкІауэ хъыджэбзым и адэр зыІэщІэкІуэда мэшпэсыр яукІащ. Куэд дэмыкІыу Ерыкур зэраукІам и къыщІэгъэщын Іуэхур хьыкумэт ІуэхущІапІэм къыщызэтезыгъэувыІа Хьисэкъуэр и пІэм фІагъэжауэ хэлъу нэху къекІащ. Къалэм дэс беижьхэм ящыщхэр, мэшпэс, Іэщыхъуэ къызэрыгуэкІхэм лей ятезыгъэхьэ къулыкъущІэхэр зырыз-тІурытІурэ хаукІыкІыу къожьэ. Абыхэм я закъуэу къакІухьыну дзыхь ямыщІыж мэхъу, куэдми апхуэдэ псэукІэр яхуэмышэчу мы лъахэр ябгынэ. Залымыгъэ зезыхьэ дзэлІ пэщэхэр, къуажэдэсхэр зыхъунщІэ къэрал къулыкъущІэхэр, мэкъумэшыщІэхэр къэзыгъапцІэ тхьэгъэпцІ-беижьхэр закъыхимыгъэщу зыгъэбзэх абрэджыр зыщыщыр къащІэн ялъэкІыркъым.

Псори щыгъуазэщ Анадолэм абрэджу ихьэжахэм ІуэхутхьэбзащІэ я гъусэу зэрыщытам. Ауэ мы абрэджым и закъуэт. Гъусэ зыхуащІыну зыпхызыгъэІукІхэри зригъэкІуалІэркъым. Абы къыхэкІыу «Абрэдж щхьэ закъуэ» фІащат. Илъэс пщыкІутхум нэскІэ цІыхубз фІэкІа абы и нэкІу цІыхухъу иплъакъым. ЗэрымыщІэкІэ бгым цІыхухъу щыІууамэ, къегуорт: «Уи нэр уфІыцІ!» – жиІэрти. Унафэм емыдаІуэр асыхьэтым къиукІырт. Зи нэхэр зэтезымыхым къыбгъэдыхьэрти, къеупщІырт: «Хэт лей къывихрэ? ІулъхьэкІэ фригъэзу къэрал къулыкъущІэхэм хэт сымэ яхэтыр?»

Абрэдж щхьэ закъуэм и фІыгъэкІэ залымзехьи, дыгъуакІуи, щІэпхъаджащІи куей псом къинэжатэкъым, бзылъхугъэхэр беижьхэм яхуигъакІуэрти яжригъэІэрт: мыпхуэдэ тхьэмыщкІэм фыдэІэпыкъу, мо-

пхуэдэ зеиншэм къевгъашэ е пщащэр дэвгъакIуэ, мыпхуэдэ лъэмыжыр евгъэщIыж, мопхуэдэ къуажэм сабийхэр щрагъэджэн унэ девгъэщIыхь.

Абрэджыр диныр быдэу зи фIэщ хъу цIыхут. Зэгуэрым си анэ шыпхъур пхъэхьэ мэзым кIуауэ абы Iууэгъащ, нэмэз ищIу нэмэзлыкъым тету. Абрэджым Iэлъэщ I удзыфэ телът, ауэ цIыхухъу щыгъынкIэ хуэпат. ИужькIи нэмэз ищIу ар зыбжанэрэ ялъэгъуащ. КъызэраIуэтэжымкIэ, узримыгъэплъу дахэт.

Зи мэжджытхэр дахэ-дахэу зезымыхьэ къуажэхэм хъыбар яригъащIэрт: «НэщI мазэр къэмысу мэжджытхэр зыхуей хуэвмыгъазэмэ, фи уэрзэщхэр (гъавэ хъумапIэхэр) згъэсынущ», – жиIэрт. Абы къыхэкIыу, мэжджытхэр сыт щыгъуи къабзэу зэрахьэрт. ТхьэмыщкIэхэми ягу къызэрыгъуэтыжат.

«СыкIуэнщи, абрэдж щхьэ закъуэм сыхуэтхьэусыхэнщ», – жраIэурэ лейзехьэхэмрэ бзаджащIэхэмрэ ягъэшынэрт. Абрэдж щхьэ закъуэр хеящIэ нэхъыщхьэ щыхъуат куей псом. Апхуэдэу илъэс пщыкIутхукIэ екIуэкIащ: ди къуажи ди къали дыгъуакIи теуакIуи жыжьэрэ гъунэгъуу къемыкIуэлIэжу. УгъуеякIуэу хабзэ Iыхьэхэр къыхэзыххэр е нэгъуэщI IуэхукIэ къэралым къигъакIуэхэр шынати, Iэсэу, цIыхугъэ яхэлъу къуажэхэр къызэхакIухь мыхъумэ, Iулъхьэ гуэр цIыхухэм къыIахын дэнэ къэна, я шхэгъуэм техуами, яхуеблагъэртэкъым..

Абрэдж щхьэ закъуэм лей ирихауэ, хейуэ игъэтхьэусыхауэ зы нэрыбгэ закъуи щыIакъым. ТхьэмыщкIэхэм, зеиншэхэм, фызабэхэм ярита мыхъумэ, езым зыгуэр къищтэу бгым ихьэжауэ зылъэгъуаи къахэкIакъым.

Къуажэ къэс и мэз пакIэм ущыщIыхьэкIэ зы жыг хэгъэщхьэхукIауэ хъуржын цIыкIу щыфIэдзат. Ар нэщI хъуа нэужь, къуажэдэсхэм нэкулъ, лы гъур, кхъуей плъыжь, фошыгъу, IэфI-фIэIу хуэдэу щIэх зэмыкIуэкI ерыскъыхэр иралъхьэрт. ЗэрыжаIэжымкIэ, къалэ цIыкIум къедза къуажэхэм я мэзхэм апхуэдэ хъуржын цIыкIу щэ ныкъуэ хуэдиз щыIэт. Абрэдж щхьэ закъуэм зыгуэрми зытригъэхьэлъэртэкъым икIи хигъэзыхьыртэкъым, ягу пыкIыу къратымкIэ псэурт.

КIуэаракъэ, хъыбарым кIыхь зедгъэщIынкъым. А лъэхъэнэм СекекIэ зэджэ лъэныкъуэмкIэ урым хъунщIакIуэ гуп къыщыунэхуащ. Ахэр ирагъэубыдын мурадкIэ дзэ къраджэ. Абыхэм мэзхэри губгъуэхэри щIащыкIа щхьэкIэ, урым щIэпхъаджащIэхэр ягъуэтакъым. Арати, зауэлIхэм ди лъэныкъуэмкIэ зыкъагъазэ.

Къалэм къыщысым, абрэдж щхьэ закъуэм и хъыбар зэхах. Арати, IэнэщIу ямыгъэзэжын щхьэкIэ, мурад ящI ар яубыдыну. Къуажэдэсхэр къэгузэващ. Iуэхур зыIутыр абрэдж щхьэ закъуэм деж нэсащ. Абы зымыIэжьэу Бездагъы лъэныкъуэмкIэ еунэтI. Ауэ дзэр йопсынщIэкIри япэ йощ, тIууэ загуэшыжри зым къыпекIухь икIи Аккуэвыкъуэр *(ТIуащIэ ныджэр)* еубыд. Абрэдж щхьэ закъуэр мы щIыпIэм деж щрагъэз. «Зыкъэт!» – жраIэ. Мыдреймы жэуап къаретыж: «Фэ фызауэлIщ, сэ фызикъуэш-фызидэлъхущ, фи Iей къэслъыхъуэркъым, си Iуэху къызевмыхуэу си гъуэгу сривгъакIуэ!» АрщхьэкIэ гупыр зэрытегуэу хуожьэ. Абрэдж щхьэ закъуэми зыкъитыркъым, фочкIэ къахэуэурэ хэт и Iэ, и лъакъуэ, хэти и тхьэкIумэ къеуIэ, ауэ зыри хиукIыкIыркъым. Аргуэруи закъыхуегъазэ: «Си къуэш зауэлIхэ, си ужь фикI, сэ фил згъэузыну сыхуейкъым!» Мыдрейхэм абрэджым и псалъэхэр зэхамых защI. Абы хэту Аккуэвыкъуэм къыдыхьа гупми къауэу щIадзэ. МафIитIым яку къыдэхута абрэджыр аргуэру мэлъаIуэ: «Си къуэш зауэлIхэ, си зэранкIэ фэр-фэру фызэрыукIыжынкIэ хъунущ. Маржэ хъужынхэ, фызэрымыукIыж, сынуволъэIу! Мис сэ сыфхокIыж, сыщыIэжкъым! Зэхэуэныр щывгъэти, фызэхыхьэж!» Абы и ужькIи фоч уэ макъыр зыкъомрэ зэпыуакъым. ИтIанэ абрэдж щхьэ закъуэм и макъ къыщымыIужым, дыукIагъэнщ жаIэри, зэхэуэр ягъэбэяу. Сакъыпэурэ зауэлIхэр зэхуокIуэ, мэзыр щIащыкI, чыци мыви зыкъуэмыплъэ къагъанэркъым. Апхуэдэурэ мы уэздыгъей жыгыжьым и лъабжьэм къэсащ. Мыбы щIэлът абрэдж щхьэ закъуэм и мартиныр, и нэмэзлыкъыр, нэмэз щищIкIэ зытрилъхьэ IэлъэщI удзыфэр, ауэ езыр бгъуэтмэ, къащтэ!

Абы щегъэжьауэ абрэдж щхьэ закъуэм теплъа щыIэкъым. ГъэмахуэкIэм мы щIыпIэм къакIуэ ерыку Iэщыхъуэхэм яIуэтэжу куэдрэ зэхэтхащ мы щIыпIэр жэщ къэс зы нур гуэрым къигъэнэхуу.

* * *

Аккуэвыкъуэм нэхъ пасэу дынэсын мурадкIэ куэдрэ зыдмыIэжьэу зыкъэтIэтыжащ. Уэшхри теужат. Си плIэм мартиныр фIэздзэжа нэужь, щакIуэм гъуэмылэр зэрылъ къэлътмакъымрэ кIагуэмрэ зыпщIэхилъхьэжыху, нэпкъым сыщхьэщыхьэри сеплъыхащ. Щхьэр игъэуназэу задэт ар. ПщIыхьэпIэ шынагъуэм къыхэкIа теплъэгъуэу дунейр къыпфIэзыгъэщI пшэ фIыцIэ чэтхъахэм си плIэр зэзгъэщIауэ щыта уэздыгъей жыгы-

жьым и щхьэкIэм зыкърашэкIырт. Асыхьэтым техьэулеикIа си гупсысэхэм кърагъэгъэзэжу си щIыбагъымкIэ къыщыIуащ щакIуэм и лъэ макъыр. Сэ зыкъезгъэзэкIащ:

– ЗауэлIхэм зарымыгъэубыдын щхьэкIэ, абрэдж щхьэ закъуэм мы щыхупIэм зридзыхыжагъэнущ.

– Тхьэм и деж нремыс уи псалъэхэр! Ар сыт жыIэкIэ? Тобэ къэхьыж! – къэуIэбжьащ щакIуэр. – Ар Тхьэм фIэлIыкIыу, и динри къабзэлъабзэу зэрихьэу щытащ.

– АтIэ, уафэм дэлъэтеижа мыр?

– НыбжесIаи, мыбдеж дыдэм щыбзэхащ!

Сыкъыщиуду сыдыхьэшхын хьэзыру ерагъкIэ зызэтезубыдэжри си гъусэм сеупщIащ:

– Уэ сыткIэ пщIэрэ ар?

ЩакIуэм хьэрэмыгъэ лъэпкъ зыщIэмылъ и нэ нагъуэ пIащэхэр зэтригъэуащ. ИтIанэ цIыху гу къабзэпсэ къабзэм жиIэм и пэжагъым шэч лъэпкъ къызэрытримыхьэжыр къыуигъащIэу зыкъысхуигъэзащ:

– Сыт щIэзмыщIэр Мыбдежым щымыбзэхамэ, жэщ къэс нур гуэр къыщехынт?!..

## БГЫРЫПХ

Р а с с к а з

Дзэм офицеру хэт си ныбжьэгъумрэ сэрэ дыщысщ, доуэршэр. АдэкIэ къыщыт Iэнэм пэрысщ пащIэшхуэ хъужауэ хъурыфэ пыIэ лъагэ зыщхьэрыгъ лIы бжьыфIэшхуэ. И инагъым ирипагэу, сарыкъ плъыжь цIыкIухэр зыщхьэрыгъэса и псэлъэгъухэм абы захиIэтыкIырт икIи, къахуепсэлъых щIыкIэу, зыгуэрхэр яхуиIуатэрт. УщIэдэIумэ, псалъэр тыркубзэм хэт макъхэр къызыхуэмыгъэIурыщIэ, моуэ иджыпсту Кавказым къикIа гуэрт.

– СызэригугъэмкIэ, гъуэгухэр зэIуахащ, – зыхуэзгъэзащ си ныбжьэгъум.

– Сыт хуэдэ гъуэгухэр? – зи гугъу сщIыр къыгурымыIуауэ, ней- нейуэ къызэплъащ ар.

– Сыт хуэдэ гъуэгу?.. Хы ФIыцIэ гъуэгухэр.

– Дэнэ щыпщIэрэ?

– Плъагъуркъэ, Iэу, мы си лъэпкъэгъур!.. Мыр Кавказым къикIа къудейщ.

– Дара уи лъэпкъэгъур?

Зи нэкIущхьитIыр къэчэным хуэдэу дыхьэрэну къызэщIэплъауэ си ижьырабгъумкIэ къыщыс лIы тхъуэ-

плъышхуэр езгъэлъэгъуащ. Абы зэрыIуплъэу си ныбжьэгъур къыщиудащ.

– Сыт ущIэтхъэр? – сыкъэуIэбжьащ сэ.

– Адыгэкъым, Iэу, ар! – жиIащ, а зэрыдыхьэшхым хуэдэурэ.

– Дауэ зэрымыадыгэр, и псэлъэкIэр зэхэпхыркъэ? – сыкъикIуэткъым сэри.

– Апхуэдэу зищIу аращ.

– ЦIыхухэр иригъэдыхьэшхынуи?

– Хьэуэ.

– НтIэ сыт щхьэкIэ?

– Адыгэу закъыщигъэхъуну хуейщи.

ЗезгъэзэкIри аргуэру зэ лIы пыIэ лъагэм сеплъащ. Шы тесыкIэу шэнтым тес лIышхуэм зы тырку псалъэ закъуэ игъащIэм зэхихауэ умыщIэну адыгэбзэкIэ мэпсалъэ. ЖиIэхэм я пэжагъыр щIригъэбыдэж хуэдэ, и щхьэри щIэх-щIэхыурэ ещI, зи къум дыжьын тебза адыгэ къамышымкIи и лъэгуажьэхэм чэзууэ тоуIуэ.

– Къэбгъуэтаи узыдэгушыIэн! Мыр зэрыадыгэ щыпкъэр схузэхэмыгъэкIыну абы сынэса сэ? – гукъанэ хуэсщIу, сехъурджэуащ си ныбжьэгъум.

– Тхьэм и цIэкIэ соIуэ, мыадыгэкIэ!

– СыткIэ пщIэрэ?

– СымыщIэу хъун, зы еджапIэ дыщызэдеджащ.

– ДзэлI? Офицер?

– НтIэ, ауэ мэрем махуэхэм адыгэ фащэкIэ зехуапэ.

Си ныбжьэгъум жиIэхэр си фIэщ мыхъуауэ, иджыри зэ лIышхуэм сеплъыжащ.

– Адыгэкъым жыбоIэ. Хэт-тIэ, куржы?

– Хьэуэ.

– Шэшэн?

– Хьэуэ?

– Лаз?

– Хьэуэ.

– НтIэ хэт?

– Тырку щыпкъэщ.

– Дэнэ къикIа тырку?

– Истамбыл. И анэр гермиенхэм ящыщщ. И адэр Кастомон къикIауэ къалэ тхьэмадэщ.

– АтIэ сыт адыгэу закъыфIимыгъэщIынкIэ Iэмал имыIэу мы тыркум къылъыкъуэкIар?

Си ныбжьэгъум аргуэру гухэхъуэу дыхьэшхыу иригъэжьащ. Сэ нэхъри сызэгуэпащ. Абы гу лъитауэ, ерагъкIэ зызэтриубыдэжри къригъэжьащ:

– КъедаIуэ, бжесIэнщ Iуэхур зыIутыр. Мы адыгэ нэпцIым и цIэр Мыхьмудщ. Ебгъуанэ классым (лицейм)

дыщIэст абы щыгъуэ. Рэмэзан мазэ зыгъэпсэхугъуэм и ужькIэ псори еджапIэм дыкъекIуэлIэжат. Къарэмурсэл къикIыжа и ныбжьэгъум Мыхьмуд-бей къыхуихьащ адыгэ цIыхухъу бгырыпх дэгъуэ. Пэжыр жыпIэмэ, ар щытлъэгъуам, псори дехъуэпсат. Дахащэт бгырыпхыр, езыр щхъуантIабзэрэ дыжьынрэ мывэ лъапIэхэмкIэ гъэщIэрэщIэжауэ. Мыхьмуд-бей ар зыщIилъхьэмэ, екIупст. А махуэм щегъэжьауэ гъуэншэдж лъапахъуэхэр *(тыркухэм апхуэдэу адыгэхэр йоджэ)* зримыпэсыжу, ядэмышхэжу, емыпсэлъэжу иригъэжьащ щIалэм. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым «зэрыадыгэр» къригъэлъэгъуэну паспорти къыдихащ. Къарэмурсэл къалэми щыхьэщIащ. Лицейр къэдухыу офицерхэр щагъэхьэзыр еджапIэм дыщыщIэтIысхьам, Мыхьмуд тыркубзэр хуэгъэшэрыуэжтэкъым, ар къыщыдухам, имыщIэжыххэу убж хъунут. Ауэ адыгэбзэри тхьэмыщкIэм тэрэзу хузэгъэщIакъым. ЗригъэщIэфар сыт жыпIэмэ, адыгэ акцентырщ. Абы лъандэрэ дэри дызэреджэр Шэрджэс Мыхьмудщ. АбыкIэ тIэкIу къэдгъэгубжьын ди гугъати, фIыщIэ къытхуищIащ, и гуапэшхуи хъуащ.

АдэкIэ си ныбжьэгъум къысхуиIуэтэжащ Мыхьмуд-бей шэрджэс офицер пэщэ гуэрым гъусэ хуэхъуу Истамбыл зэрыкIуэгъар, абы къаугъэ щыхэхуэу къалэм дахуауэ зэрыщытар. Хабзэм и хъумакIуэхэм зыщагъэпщкIуу ахэр Кавказым къыщыхутащ, икIи и лъэпкъым зыкIи пымыщIа щIыналъэр и адэ и хэкужь хуэдэ Мыхьмуд абы къыщикIухьащ. Адыгэ пщащэ гуэри фIыуэ илъагъури щхьэгъусэ ищIащ. Ауэрэ къэралым щыIэ хабзэ ткIийхэр нэхъ къыщытIасхъэм, Истамбыл къигъэзэжащ. Абы щегъэжьауэ адыгэ Iуэхум телажьэу щIидзащ. Дэнэ кIуэми, мы зэхэпх адыгэбзэмкIэ адыгагъэм, лъэпкъым и хабзэхэм, и зэхэтыкIэм топсэлъыхь. И адэм къыщIэна мылъкур ишхыжащ, иджы адэ-мыдэкIэ къыщыIэрыхьэхэр зэхуехьэс, шэрджэсхэм я тхыдэр зытхыжым иритыну псалъэ игъэIуауэ.

Кавказым къикIыжагъащIэу къысфIэщIа шэрджэс тыркумкIэ аргуэру сеплъэкIащ.

– И Iыхьлыхэми адыгэ яхэмыту пIэрэ?

Си ныбжьэгъур къэгубжьащ:

– Яхэткъым жысIакъэ! – и IэштIымымкIэ хуэму Iэнэм теуэри и псалъэм и быдагъэр къригъэлъагъуэу къыпищащ. – И лъэпкъри, и адэ-анэри тырку дыдэщ. Зы адыгэ псалъи ящIэркъым. Къыдеджа и ныбжьэгъум къыхуихьа адыгэ бгырыпхым телъыджэлажьэ

къырищIащ щIалэм, и щхьэр зэтрихуащ. Абы лъандэрэ адыгэ зищIыну хэтщ.

Сыхьэт ныкъуэ хуэдизкIэ си ныбжьэгъум къысхуиIуэтэжащ Шэрджэс Мыхьмуд и хъыбарыр. КъызэрыщIэкIымкIэ, зэ IуплъэгъуэкIэ лIыгъэшхуэ зыхэлъу къыпщыхъу мы лIы бжьыфIэшхуэм игъащIэм зауэ илъэгъуатэкъым, абы зэпыIуидзу псэу гуэрт.

Дэ дыуэршэру дыщысыху, Мыхьмуд и псэлъэгъухэм адыгэбзэкIэ хъуэр гуэрхэр яридзри, дыхьэшхыурэ, тэджыжащ. Къыдыщысахэм яшха-ирафахэм я пщIэр иритыну и жыпым щиIэбэжым, и джанэкIэм къыщIэщащ илъэс тIощI ипэкIэ Къарэмурсэл къыхурахауэ щыта дыжьын бгырыпхыр. Ар нэр тепщIыпщIэу дыгъэ бзийхэм пэлыдырт.

Абдежым сегупсысащ: нэгъуэщI цIыхухэр иригъэхъуапсэу, ягукIи я псэкIи арэзыхэу, и лъэпкъым къызэрыхишэн мыпхуэдэ IэщIагъэ дахэ зимыIэ тырку лъэпкъыр зэрытхьэмыщкIэм.

# ФЭУКЪУЭ Расим
## *(Расим РУШДИ, Египет)*

### ЖАН

П о в е с т ь

Фэеплъ хузощI шэхьидым, псэум,
зи щхьэцыр дыщафэм.

1

Гъатхэ пщыкIуий зи ныбжь Жан мывэ къыр дзакIэм зыкIэригъэщIауэ щытщ. И шыр мыжыжьэу щохъуакIуэ, Кавказ къуршыжьри къыщхьэщытщ. И псэр мэхасэ, хьэуам къыщелъэтыхь. Гъатхэ блэкIахэр и нэгу къыщIедзэж, и псэр къэкIуэнухэм ягъэутхъуэ.

Дыгъэм и къухьэжыгъуэу унэм егъэзэж.

2

Джэгум кIуэну зигъэхьэзыру гъуджэм здыбгъэдэтым, зыгуэр бжэм къытоуIуэ. Бжэр Iуихмэ – Иналт. ЩIалэм и гум фIылъагъуныгъэу Жан хуилъыр хуимыIуэтэфу ирихьэкIырт...

Я ныбжьэгъум и фызышэм хэтауэ, пшынэ макъри я тхьэкIумэм имыкIыжауэ, ялъри махъсымэм тIэкIу къигъэплъауэ къыздэкIуэжым, я гурылъ зэхуаIуатэ, мазэри къащхьэщыту, ауэ я гупсысэ зэтехуэркъым.

Инал: «Узигъусэмэ, мы дунейм схуэмыщIэн щыIэкъым!»

Жан: «Срыуигъусэмэ, зы закъуэм срейщ. Бийр нобэ-ныжэбэщ... Уи щхьэ нэхърэ си щхьэ щыжаIэ зэманкъым иджыпсту, Инал!»

...Дыгъэ бзий плъыжьхэм уафэм дэпыджей къыр задэхэм зыкъыдашиикI. Жан, пщIантIэм къыдэIукI Iэуэлъауэм къигъэушу, щхьэгъубжэмкIэ дэплъмэ – шу гуп зэхэтщ, IэщэкIэ зэщIэузэдауэ. Истамбыл дэс адыгэ

гуащэхэм ягъэхьэзыру хэку зэIущIэшхуэм къргагъэхьыгъа ныпри ящхьэщытщ. Гупым зы шу къахолъадэ: абы и щыгъыным лъыр къызэпхев, и нэхэм хъуаскIэхэр къащIолъэлъ – къопсых, яукъуэдииж. НыбжьыщIэ Iэ зыхуищIар езыр зытеса шым зредзри долъэт.

Жан къэхъуамкIэ щыщIэупщIэм, къыжраIэ шу уIэгъэм зауэ хъыбар къызэрихьар, и шымкIэ дигъэшэсыкIыжари и иужьрей къуэрылъхуу зэрыщытыр.

...А махуэрат адыгэхэм я лъэпкъ зэхуэсышхуэр щекIуэкIар. Жан щхьэгъубжэм дилъагъукIамрэ зауэ хъыбар зэхихамрэ и гум мафIэр щызэщIагъастэ; и нэм лъы къытелъэдарэ зытеувэр имылъагъужу махуэр егъакIуэ, адэкIэ къэхъунум пэплъэу. КъыщIокIри и шым толъэщIыхь, и Iэщэ-фащэхэм йопэщэщ, абыхэмкIэ зытригъэууэ.

Зауэм и еплIанэ махуэм хъыбар къэIуащ адыгэхэм пащтыхьыдзэр хагъэщIауэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 1836 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и 8-р адыгэ тхыдэм и зы напэкIуэцIу хэуващ, лъы пщтыр плъыжькIэ тхауэ. Жан и адэм и лъым щыщ ткIуэпси абы хэтт.

### 3

А махуэм гъыбзэм дунейр зэщIищтат.

Засс и бэрэбанэм
Къегъэушыр бзур,
НызэщIошасэхэри
ЛIыхэр дошэсыкI.
Сэшхуэр зи Iэпэгъухэм
Я вагъуэр йож.
Дыкъонэ мэIуншэу
Данэр зи дарэгъухэр.
Лъахэмрэ лIыхъужьымрэ
Зэбыдзышэфэгъущ,
Анэм зыкъыщIачмэ,
Зеиншэу къытфIонэ.
Махуэри сабафэт,
ШитIи щIихуэжат.
Гушхуэ зыкIуэцIылъым
И гур мыкIуэдат.
И уэрэдыр щыIукIэ,
Хьэблэм зыщеубгъу.
Адыгэ цIыхубзми
Гъыбзэ джанэр ед.
Зауэм хэкIуэдахэр

Ди гум щыдогъафIэ.
Лъэпкъыпсэм щыуардэу
Дейуэ щощIэращIэ.

4

1837 гъэм и бжьыхьэм урыс пащтыхьыр зауэр щекIуэкI щIыпIэм къокIуэри, Европэм и дыхьэшхэну бгырысхэм къагъэна и дзэпщхэр тредз. Абыхэм я пIэкIэ нэхъ гуащIэхэр, лъы гъэжэнкIэ нэхъ ерыщхэр, къуажэ зэтегъэсхьэнкIэ нэхъ Iэзэхэр дзэ тет ещI, Iэщэм я нэхъ лъэщыр яретри егъэзэж. Абы и ужькIэ ЦIэмэз и Iэхэлъахэм ита быдапIэхэр къащтэ.

КIэлъыкIуэу къуакIэхэм зыкъыдаубгъуэри бгырыс къуажэхэр ягъэсу щIадзэ. Ар ягу темыхуэу 1840 гъэм гъатхэпэм и 20-м адыгэдзэм зыкъеугъуейри къэзакъхэр зыдэс быдапIэхэм ятоуэ. Зы сыхьэт зауэкIэ Уае быдапIэр хуит къащIыж, хы Iуфэм Iут кхъухьхэр къаунэщIри мафIэ ирадзыж.

Инэрал Вельяминовыр абы егъэгубжь. МафIэр къыIурылъэлъу ар къожьэ. Къуажэдэсхэм я щIыпIэхэр ябгынэ, абыхэм хамэр къыдохутэ. Къуийм и щIыIу гуэрэфу, емынэ узыр къожьэ. Кавказ уафэм Iугъуэр щхьэщытщ, щIылъэр мафIэщ, емынэщ.

5

ЩIымахуэщ, жьапщэщ. Мэз гъунэм адыгэ къуажэ щысщ, зеиншафэ дыдэ къытеуауэ. Жэщыр кIыфIщ, нэм къыщIэIэбэр умылъагъуу. Къуажэ псом зы щхьэгъубжэщ нэху къызыдидзыр. Инал зэплъакIуэри аращ, зэщакIуэри а унэм щIэсхэрщ. Плъырыр IуепIэ, офицерищ щIэсым я нэхъ зызыгъэпщыр Iэхъулъэхъуу кърехужьэ, адрей тIум шэ зырыз якIуэцIилъхьа нэужь. И шыр къыздигъэнауэ щытам и деж къэсыжмэ, и ныбжьэгъу Жамболэт къежьэу щытт.

– Мыр сыту «къуентхъ» пIащэ! – къыпежьащ Жамболэтыр Инал.

– Уэ дауэ ухъуа? – щIэупщIащ Инал, и ныбжьэгъур зэпиплъыхьурэ.

– Дэгъуэу зэфIэзгъэкIащ.

– АтIэ, уи Iэблэр лъы защIи?

– Iуэхукъым ар... шэр къыхэна къыщIэкIынщ.

Зэпэува дзитIым я зауэр къуентхъ къэхь-фIэхьым хуэкIуэжауэ арат...

## 6

Беслъэнеипщ Аслъэн Псынэ къуажэм зыщигъэбыдауэ дэст, зауэлI гупышхуэ и гъусэу. Иналрэ Жамболэтрэ бзэгу къахьыну щригъэжьа пщыхьэщхьэм езыр инэрал Засс гъэр къищIыну ежьат. Инэралыр гъэр къищIыфакъым, уIэгъэ ищIа къудейщ... Пщы Алий, Аслъэн и благъэр, Засс ахъшэкIэ дехьэхри, адыгэпщыр ирегъэукI. Аслъэн и щхьэхъумэм, уIэгъэ хьэлъэми, хъыбарыр къуажэм къехьэсыж. Беслъэнеипщым и ужькIэ нэхъыжьыгъэр, унафэ щIыныр Инал къылъос.

## 7

Гъатхэщ. Гум дыхьэу жьы гуакIуэ къопщэ. Бгыхэр иджыри уэс натIэхуми, щIыIэкъым.

И адэр зауэм зырыхэкIуадэрэ Жан унагъуэ Iуэху псори и пщэ къыдэхуат; щыгъуэнри ирихьэкIырт. Гъатхэ пщэдджыжь гуапэрат хьэмэрэ зыбгъэдэс гъуджэрат, е Iэ щабэкIэ и щхьэцыр хуэзыухуэн унэIут хъыджэбзырат, сытми зыфIэдэхэжу, гукъыдэжыфIи иIэу щыст Жан, уи гур къыдэзышеин ихъуреягъкIэ щумылъагъу пэтми. Жылэм зэхэмыкъутауэ къыдэнар Жан зыщIэс унэм и закъуэт. И адэм шу гъусэу иIа лIитIырт Iуэхутхьэбзащiэу къыхуэнар. Ахэри лъэщыгъэкIэ иубыдатэкъым. Езыхэм дэкIыжын ядакъым – пщIантIэ нэщIым бзылъхугъэм и закъуэ дауэ къыдэднэн, жаIэри. Абыхэм нэмыщI, фызыжьищи дэст, я щхьэгъусэхэр, я бынхэр зауэм хэкIуэдати, я щхьэр кърахьэлIауэ. Жан абыхэм якIэлъыплъырт, езыхэри Iуэхуншэу щыстэкъым – пщIантIэр зыхуей хуагъазэрт. ЛIитIыр хъумакIуэт.

Жан и щхьэц данагъуэ кIыхьхэр зыухуэну щыс хъыджэбзым и хъыбар гуауэр зэпигъэуауэ, и нитIым къыщIэлъэлъ нэпсыр щIилъэщIыкIыу щилъагъукIэ, йоупщI:

– Къэхъуар сыт, дахэ?

– Уае быдапIэм деж щекIуэкIа зауэм си дэлъхури къыщаукIащ, – жиIащ абы, гъынанэурэ. – Бэч къаукIауэ зэрилъагъуу, Надир и цейр зыщидзщ, сэшхуэ къихакIэ бийм яхэлъадэри...

Хъыбарыр кIыхьу пщащэм къиIуэтэжащ. Жани абы пэрыуакъым – и гур ирыригъэтIысмэ фIэигъуащ. ИужькIэ пщащэм зыхуигъэзащ:

– А уи дэлъхум илъ тщIэжыну укъызогъэгугъэ нажэбэ фIэмыкIыу. Тхьэм къыдигъэхъулIэ!

Жан гуащэт, шы, Iэщэ я пIалъи ищIэрт. Жэщ зэрыхъуу, шу хьэзыру, дошэсыкI ар пщIантIэм, лIитIым я зыр зыщIегъури. Аркъэ щIэзышу щыс бий зауэлIхэм щыблэу яхолъадэри къахожыж, хьэдитI къызэринэкIауэ. КъыздэкIуэжми адыгэ бзылъхугъищ къаIэщIегъэкIыж гъэру зыIыгъ къэзакъхэм. Езыр унэм къыщысыжам и къатыр сэмэгум лъыр ипцIыхьат...

Гъатхэ пщэдджыжьыр топ гъуагъуэхэм къыдоуш. Къуажэм дэсхэм загъэбыдэ. Биидзэ къахуэкIуэр мин пщыкIуплI мэхъу, Мансур я пашэу я щIыбагъ къыдэт адыгэдзэр щиблщ зэрыхъур. Тхьэ зэхуаIуэжат а гупым, пхъэр къакIэлъымысмэ, цIыкIурэ цIыхубзу яхэтыр яукIыжу мэзым зауэм щыпащэну.

А махуэм лIыхъужь уэрэдыр къуакIэхэм къыдэIукIырт. Зыусар мыращ жыпIэну, нобэми щыIэкъым.

Бий хьэIуцыдзыр
Мэзым къыщIэкIащ,
Псыдзэ мэжэщIалIэу,
Япэ къихуэр ехь.
Хьэрэм зыхуэхъуным
УкIыр и нэрыгът.
Лъыиф псыхъуэнанэу
Инри цIыкIури ехь.
Жагъуэгъу гущIэгъуншэр
Гу зыкIуэцIымылът,
Сэшхуэ напэншэу
КъыпэщIэхуэр фIех.
МывитI зэтелъыжуэ
Унэ къэмына,
Къуаргъ пытIысхьэжыну
Жыги къемыла.
Губжьым ажалу
КъыIэрыхьэр къех.
Пшэ гуэрэн фIыцIэжьми
Уэшхыр узу къехь.
Дыгъуасэрей хьэблэм
Пшынэ макъыр щыIут,
Нобэр зыгъэвым
Жьынду макъыр щоIу.
Сэ си хэкур инщ,
Мы зы хьэблэра?
ЩIымахуэ губжьым ихьми,
Гъатхэр къэсыжынщ.
Гугъэ лъахъцыр куущ,
Жьэгум мафIэ дэлъмэ.

Иныжьым зэ ихьат,
Ауэ фIы щIихат?!
Мес, ди щIэблэ жаныр
Уардэу зэщIохъаер,
Я нэм хъуаскIэу идзыр
МафIэу зэщIобатэ.
Псэм и шэдыбжьыр
Лъынтхуэм къыщокъуалъэ,
Гугъэу текIуэныгъэр
Зигу илъыр мэбатэ.
Ди щIалэр мэхьэрхуэр,
ЖьакIэхухэр мэущие,
Сэтэнейрэ Iэдиихурэ
Гъуэгур тхуагъэнэху.
Лъахэм и дыгъэ къепсым
Махуэр зэщIецIалэ,
Лъыпс плъыжь къыпыткIур
ЩIылъэм къыщогъагъэ.

8

Тафэр бийм иубыда нэужь, абы унафэ къыхуокIуэ мэзхэми аузхэми зыщаубгъуну. Жан уIэгъэ хьэлъэ телъ пэтрэ, мафIэкIэ зэуащ, итIанэ IэбжьанэкIэ. Пащтыхь дамэтелъхэм сыт хуэдэу зыкъыхуащIами, зитакъым.

9

Иналрэ и зауэлIхэмрэ мэзыр я хэщIапIэт. Зауэри жэщ теуэхэм хуэкIуэжат: кIыфI хъумэ – зауэхэу, нэху щымэ – загъэпсэхухэу. Зыри къахуэмынэжами, иджыри псэ яIутт, я напэ зэрахъумэжын гуи якIуэцIылът. Дуней гуауэ гуащIэм дзей къахуищIауэ Польшэм къикIа зауэлIхэри я гъусэт, гужьгъэжь фIыцIэкIэ зэщIэузэдауэ. Ахэр Iэлу зэкIуэкIырт, бий зауэлI я пащхьэ къихуамэ. Инал игъэпса Iуэху щэхухэм я пщтырагъым и зэран къыщекI щыIэт, и зауэлIхэр хуэмыубыду.

...БыдапIэм иращIэкIа зауэр а пщыхьэщхьэм хъарзынэу зэфIэкIат, дзэм и щIыбым къыдинахэр, и унафэм емыдаIуэу, къуентхъ зэлъэфэлIэным хуэмыкIуахэу щытамэ. Инал а щыуагъэр зыщIахэм тезыр лъэпкъ ятрилъхьакъым – я напэм къахуигъэнэжащ. Куэд дэмыкIыу джэгуакIуэхэм абыхэм ауан уэрэд хузэхалъхьащ, я цIэхэр ягъэулъийуэ. Апхуэдэхэм я напэр ятхьэщIыжынумэ, зауэ лыгъей псэ тыпIэр щIыпIэфIти, лIыгъэкIэ щатхьэщIыжти, напэ хужьу дунейм ехыжхэрт. Арат адыгэхэм я тезырыр – нэгъуэщI щыIэтэкъым.

Инал и гъэрхэм щэху гуэрхэр къаригъэIуэтэн и гугъэу япкърыупщIыхьрэ пэт, адыгэ цIыхубз гуэр къыщIашэ, уIэгъэу. «Жан къегъэл!» псалъитIыр къыжьэдокIри, къомэх.

Инал Жан тегузэвыхьу щIидзат гуптеуэзешэ хъууэ зэрыхыхьэж лъандэрэ, икIи ириIуэкIат и гупыр къызыхишэну, ауэ къыхуидатэкъым.

И деж къыщIаша цIыхубз уIэгъэр къэмэхыу щIашыжа нэужь, и щхьэм лъыр дэуеяуэ Инал унэм и закъуэ къыщIонэ, къикIукI-никIукIыу. Нэхущым цIыхубзыр нэхъыф хъужауэ къыщIохьэ, и Iэпкълъэпкъым Инал зыкъыхуаший къыпфIэщIу, и IупитIым хуабагъ щIэтыр щыпсалъэкIэ зыхыуигъащIэу, и нитIым шейтIан джэгур щIалэм кърищIэкIыу. Ар Редадт. Редад и адэр дунейм щехыжым, Инал хьэщIэу абыхэ я деж щыIэти, лIы зи псэ хэкIым къыжреIэ: «Си пхъур уи анэмэтщ». Унагъуэм цIыхухъу исыжтэкъыми, Инал Редад къызыщIегъури къыздешэ.

Ауэрэ, Редад Инал есащ, уеблэмэ щежьэкIэ гъусэу къыздищтэну къыхуигъэув хъуащ. «Си псэр уэрэ лъэпкъымрэ фи щхьэузыхьщ: уздэкIуэм сынэкIуэнущ, узауэмэ – сыбдэзэуэнущ!» – къыжриIащ.

## 10

Инал и шу гъусэхэр къегъэпхъэр. Редад здыщIегъури, Жан гъэрыпIэм къришыжыну йожьэ. Уэрыпсым дыгъэ къухьэжыгъуэм нос. КхъуафэжьейкIэ зэпрокIри, жэщым и тепщэгъуэу, къуажэ зыхуэкIуэм нос. Къуажэм зыгуэр щыпсэууэ къозыгъащIэр абы и курыкупсэм щIэуэ щаухуэжа унэ хужьышхуэрт. Абы щIэст пащтыхь дзэзешэхэр. А унэм и щIыбагъ къыдэтырт Жан гъэру щаIыгъыр. Унэ хужьышхуэр гынкIэ драхуей, хъумакIуэхэр лъэныкъуэ ирагъэзри, хьэпсым щIэсхэр хуит къащIыж, Жани яхэту. Жэщтеуэм хэтахэм я къалэн ягъэзэщIауэ щызэхуэсыжын хуей щIыпIэм къыщагъэзэжам, къекIуэлIэжар куэдкIэ нэхъ мащIэт, щыкIуам зэрыхъуу щытам нэхърэ. Абыхэм уIэгъэхэри яхэтт. Редади къыздахьыжат, уIэгъэ хьэлъэ телъу.

Жан Редад уIэгъэ зэрыхъуар зэхихат, ауэ нэхъ игъэщIэгъуар а цIыхубз цIыкIум и хахуагъэмрэ и фIылъагъуныгъэ инымрэщ. Хэт и гугъэнт а IэмащIэлъэмащIэ цIыкIум апхуэдэгу кIуэцIылъу?! Ар къыщищIэм, Жан абы нэлейкIэ еплъу хуежьащ. Зы махуэ гуэрым ар Редад щIэупщIэну щIыхьащ.

– Редад, си шыпхъу, сызэхэпхрэ? – зыхуигъэзащ Жан пIэм хэлъым.

Редад и нэхэр къызэтрихмэ, Жан къыщхьэщыст.

– Умыдзыхэ, си шыпхъу, Тхьэм жиIэмэ ухъужынщ, – къыпищащ Жан и псалъэм. – Ухъужынщи, Инал ебгъэжьэу, уэри удежьэу, къэвгъэзэжмэ, зы унэ фыздекIуэлIэжу фыпсэунщ!

Жан и псалъэхэм я жэуапу Редад ерагъкIэ къыдришеящ:

– Хьэуэ, Жан, уэращ абы фIыуэ илъагъур, укъыщилъагъукIэ, уэри плъагъужыну уи фарзщ. Сэ фIыуэ слъэгъуати, и насыпым си псэр щIэстащ. Иджы сылIэми... Инал лъэпкъыр ихъумэн щхьэкIэ, фIыуэ илъагъу бгъэдэтын хуейщ, Жан. КIэлъыплъ, хуэсакъ, хъумэ ар.

Редад къытехуа шэр зытрагъэпщар Иналт, ауэ цIыхубзым абы зыпэщIидзэри езым и гущхьэм щигъэупщIыIуат. ЦIыхубзитIым я псалъэмакъыр адрей пэшым щIэсу Инал зэхихат. АдэкIэ хуэмышэчыжу ар сымаджэр зыщIэлъ пэшым щIыхьащ... Редад и псэр хэкIат, абы и хьэдэр Жан зэригъэзэхуэжырт. Инал цIыхубзым бгъэдэтIысхьэри, и щхьэм Iэ дилъэу, зыкъомрэ щхьэщысащ, щэхуу игъеижу.

## 11

Мазэ куэд къэунэхуащ абы лъандэрэ, куэди къухьэжащ. Зы илъэсыр адрейм и ужь иту бжыгъэ кIэ зимыIэхэм хагъахъуэурэ йокIуэкI. Зы щIыпIэм щогъатхэ, зы щIыпIэм щобжьыхьэ. Гъэмрэ щIымрэ я нэщэнэу щыта уэшх, бзу, уафэ, дыгъэ, мазэхэм я пIэкIэ мафIэ, Iугъуэ, гуIэгъуэ, хьэдэ, лъыпс, кхъащхьэхэр щынагъыщэщ Кавказ щIыналъэм. Зэманыр щIы щхьэфэм къытебэга IуащхьэхэмкIэ щабж хъуат.

Хы ФIыцIэ Iуфэм зэхэуэр щыувыIэри, Къэбэрдейм кIуэцIрыкIыу, Дагъыстаным уафэр ятегъуагъуэу щIидзат. Инал и гупым абыкIэ загъазэ. Къуэ къыхуалъхуами Инал фIащыжат.

Зы махуэ гуэрым Иналрэ зы щIалэрэ мэзым щакIуэ кIуахэу къэзакъ шухэм къаухъуреихь. Шэхэр зэтрагъэлъалъэ. Ахэр къащыIэщIэухэм, я щIыб зрат, я гупэр бий зауэлIхэм хуагъазэри я къамэхэр кърах... ЩыукIурийхэм, шу уджыр къытращIыхьурэ, къэзакъхэр къащхьэпролъэтри йожьэж. Фоч пIэнкI макъыр зэхэзыха къуажэдэсхэр къэпхъэру мэзым щыхэлъадэм, лIитIыр зэбгъэдэлъу щылът, ятIэмрэ лъыпсымрэ хэпщахэу. Гугъэр я тегъэщIапIэу, хуэсакъыпэу къахьэ-

сыжмэ – псэухэт, ауэ Инал и Iэ сэмэгур пытыжтэкъым, и нитIри исыжтэкъым.

Гупым и пашэныр Жан и пщэ къыдохуэ. Инал чэнджэщэгъу яхуэхъурт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Жан къэту, фоч уэ макъ Инал и тхьэкIумэм къоIуэ. Щысыфакъым. Хьэзырыххэти, Инал цIыкIу и натIэм ба хуещI, Редад и ныбжь къыпэувар ирегъэкIуэтэкIри, зэхэуэр здэщыIэмкIэ щIопхъуэ. Нос, и кIэрахъуэр енейрэ игъэуауэ, ебгъуанэу кIакхъур щыщIич дыдэм зы хьэлъэ гуэр къытохуэри мэукIурий...

Хьэдэхэр, уIэгъэхэр щызэщIакъуэжым, лIы гуэр яхэлът, Iэшэу икIи нэфу. Абы и иужьрей псалъэри Жан къылъагъэIэсыжащ: «Жан, Инал хуэсакъ!»

ЕтIуанэ махуэм – аргуэру зы Iуащхьэ, аргуэру зы гъыбзэ.

## 12

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэр и зэхуэдитIым щхьэдэхат. 1861 гъэм Урысейм и пащтыхь Александр ЕтIуанэр Кавказым къокIуэ, адыгэхэм «Е фикIын, е дэ фхухэтхам физэгъэн» къажриIэну. Адыгэхэм тIури щамыдэм, аргуэру зауэм щIадзэж. 1859 гъэм шейх Щамил зет.

...Хы ФIыцIэ Iуфэм хуэкIуэ чэруан кIыхьым зы выгу зэщIэскъыскъэ хэтт, цIыхур иубауэ ису. Абыхэм яхэст Жанрэ илъэсибгъу зи ныбжь Иналрэ. Чэруаным пащтыхьыдзэм щыщ еIуящIэ гуп къапоув, фи цIыхубзхэр жаIэри. ЦIыхухъухэм ятынт я цIыхубзхэр, я псэр пыту?! Зэпоув. Зэхэуэр ирагъажьэри еIуящIэхэр щIагъэIэ, ауэ Инал шэ цIывар къытохуэри – ари зы Iуащхьэ.

Жан и псэр и IитIымкIэ хихыжынут, ауэ ар уагъэщIэнт! Къэмэх-къэхъужу заулрэ екIуэкIащ. Япэу и нитIыр къыщызэтрихам, кхъухьыр хы ФIыцIэм хэтт, ИстамбылкIэ иунэтIауэ.

## 13

...ЕтIуанэу и нэхэр къыщызэтрихам, цIыхубз къыщхьэщысхэр нэгъуэщIт, кхъухьри япэу зэрысаратэкъым, зыхэтри тенджыз Хужьым и курыкупсэрт, здиунэтIари Хьэкъкъэ кхъухь тедзапIэрт. Ауэ абы нэсыным куэд имыIэжу кхъухьым мафIэ къыщIонэри хым щIелъафэ. Къела закъуэтIакъуэм я псэр нахьэс кхъухь тедзапIэм, ялъэгъуар, къащыщIар яIуэтэж.

Жан хъыбархэр зыIуэтэжхэм яхэттэкъым. Жан езыр хъыбару яIуэтэжырт.

*Каир, 1949 гъэ*

# ГЪУЭГУЛІ Четин
## *(Четин ОНЕР, Тырку)*

### БЫЛЫЗ КЪЫЗДИХЬ ГЪАТХЭ

Рассказ

Абы щыгъуэ шы емылыджым сыхуэдэт. ЩІылъэм си лъэр нэсыртэкъым, къуакІэри тафэри си зэхуэдэт – сыщызелъатэрт.

Хъумбылэ щІэж псыгъуэр сухъуэнщІрэ чышым сышэсамэ, алъп хъыжьэу сылъейрт, си ныбжьэгъухэр къыслъэщІэмыхьэу. Шабзэкъу къэрэшу зызгъэшт, зеич лІантІэу зызухуэжырти, си лъакъуэ псыгъуэхэмкІэ зыкъэзгъатхъуэрт, адыгэш хьэлу зэпысшу сыщыщти – макІуэ-мэлъей! Сылъейрт, сыжэрт…

Нанэ пыгуфІыкІыурэ, къыскІэлъыджэрт:

– Хуэсакъ, хуэсакъ адыгэшым, урихьэжьэнщ!

Срихьэжьэрт, сыкъэувыІэртэкъым…

Тырку лІыжь куэсэм ещхьщ ди Бынбагъуэ Іуащхьэжьыр. Гъатхэр къихьамэ, сабын тхъурымбэм хуэдэу, адэ-мыдэкІэ къытенэ уэсыр илъэс псом текІыркъым. Ауэ фэху лъэныкъуэр зэщІэгъагъэрт, узримыгъэплъу.

Абы ирихьэлІэу шазымэкІэ зэджэ адыгэ фэ вакъэ нанэ схуригъэщІырт. Арат сэ БынбагъуэкІэ щІымахуэ еным сыщІэплъэр, къысхуэгъэсыртэкъым Іуащхьэжьым и чэсейфэхур щызытрихыну пІалъэр.

Сянэшхуэм фэр си лъакъуэм къыщригъапщэкІэ, пыгуфІыкІыурэ, жиІэрт: «Жьым утесу псым узэрепыджым хуэдэщ уи хэхъуэкІэри». Сэ жьым сыщІытесри псым сыщІепыджри къызгурыІуэртэкъым, ауэ нанэ щыжиІэкІэ, ар зэрымыІейр сщІэрт. Фэр бзын иуха нэужь, сянэм еджэрт. Зы махуэм дын яухырт си шазымэхэр. ИтІанэ цы лъэпэд кІыхь къысщатІагъэрт, шазымэхэр абы къытралъхьэжырти… саутІыпщырт. МащІэу си лъакъуэхэр къызэрахузыр си гум фІэфІрэ сылъэтэн къысфІэщІу щхьэгъубжэм сежалІэрт. Къэ-

Іуэтэгъуейт хьэзабу сызыхэтыр, апхуэдэ махуэр уэлбанэу ирихьэлІамэ. Унэм сыщІэхуэжтэкъым, шы емылыджри нэхъ ІумпІафІэу къыщІэкІынт сэ нэхърэ.

– Хъунщ, тІысэ, ирикъунщ, – жиІэрт анэшхуэм, – тІыс, моуэ тІэкІу тепыІэ, ущыщу пэшым ущІэмыт!

Бынбагъуэ Іуащхьэжьыр уафэхъуэпскІрэ уафэгъуагъуэрэ зыщІэт уэлбанэкІэ гъатхэм ІущІэрт. Ди псыр къиурт, псыхъуэр игъэгузасэу: мывэ абрагъуэхэр шынагъуэу къежьэрт, мэзауэхэм ягъэхьэзыра ентІырхэр кърихьэхт, бэлэрыгъауэ хыхьа жэмхэмрэ мэлхэмрэ ипхъуатэрт. Зи Іэщ псыдзэм ирихьэжьа къуажэдэсхэр гуІэжу нэпкъым ирижэрт, дэІэпыкъуэгъу лъыхъуэу, ауэ куэдрэ къэхъурт къахухэмыхыжу щафІитхьэлэ.

Зэ иригъэжьакъэ, увыІэжыкІэ имыщІэу къешхынт уэшхри. Еуэ къошхри къошх... Апхуэдэхэр фІыуэ илъагъуртэкъым си анэш Зэзай. Псыдзэм сабийуэ гупщІэуз хихагъэнти, иджыри ар къефыкІырт. Уэшхым зэрыщІидзэу и кІагуэр, къамэр, тутын чысэр къипхъуатэрти, псыдзэр здынэмысыну абрэмывэжь къуагъым къуэувэрт. Зэрыжылэу ауан ящІырт си анэшыр, псы уэрым щошынэ жаІэрти. Ауэ ар зыуи кърридзэртэкъым: «Псыдзэм удэджэгу хъун-тІэ!» – жиІэрти, езым зэрыхуейуэ ищІырт. Шхэну Іэнэм пэрытІысхьауэ сабийхэр абы ежьэрт, Зэзаи пэплъэрт уэшхыр щытеужынум. Пшапэр зэхэуамэ, кІыфІым къыхэлыдыкІ тутын мафІэ цІыкІум еплъу зэхэст бынунэр. ИтІанэ хуэмышэчыжу и пхъур пырхъуэм къытеувэрти, джэрт:

– Дядэ, дянэр къоджэ! Іэнэр къигъэувакІэщ!

Си анэшым зэхимыхы зищІырти, жэуап кърритыжыртэкъым. Ауэ и пхъумрэ и къуэ нэхъыщІэмрэ унэм къыщІэкІыу щыджэкІэ, хуэшэчыжыртэкъым:

– Фышхэ фэ, сэ сымэжалІэкъым!

Ар жиІэрти, и макъыр уафэгъуагъуэм хэкІуэдэжырт.

Уэшхыр зэрытеужу, дыгъуакІуэм хуэдэу, Іэуэлъауэ иримыгъэщІу Іуащхьэм къехыжырти, унэм къыщІыхьэжырт...

Сэ абы щыгъуэ, нани зэрыжиІащи, сышыщІэ Іэлт. Нэхулъэр къыщищІым сыкъэушти, балигъхэр къыскІэрыщІауэ, сакъыфІэтэджырт. Си шазымэхэр сеІэсепхъуэу яфІыщыстІагъэрти, пырхъуэм сытелъадэрт. Хуабжьу си жагъуэ хъурт, уэшх къешхыу нэху къекІамэ. Апхуэдэхэм деж, нанэ и нэмэз щІыгъуэм зрезгъэхьэлІэрти, чышым сытесу, ину сыщыщурэ, унэ псор зэщІэзгъэхьэрт, зэкІэри къызэщІэзгъэушэу.

Уэшхыр щызэпыукІэ, пшэхэр Бынбагъуэ текІырти Таурэс къуршыжьхэмкІэ ягъэзэжырт. Ди унэкъуэщ

щIалэ цIыкIу Нахъуэ япэу къилъагъут ар. ИтIанэ унащхьэм къытеувэрти, къаджэрт:

– Былыз къыдохьэ, Былыз къыдохьэ!

Сэ унэм сыкъилъэтыкIырт:

– ДэнэIэ? Дэнэ щыIэ? – жысIэруэ, Нахъуэ сыхуэжэрт. Езым Iэдакъэ жьауэ ищIауэ аддэ жыжьэу маплъэ. Уэшх нэужьым уафэр зэщIолыдэ, серчэпс зыдагъэжэха абдж пIащIэм хуэдэу. Бынбагъуэ и щыгум бжьэхуц Iэрамэ закъуэщ къытенэжар. Удз цIынэмэр хьэуам хэз хъуащ.

Нахъуэ къызитыжыну жэуапым семыжьэу зыкъызогъатхъуэ. Ар къыскIэлъогуо, къыскIэлъожэ...

– КъэувыIэ, зо! СызылъэщIэгъэхьэ!..

Си ныбжьэгъум жиIэхэр фий макъыу фIэкI си тхьэкIумэм къэсыртэкъым. Жьы къасшэм си Iэпкълъэпкъым и налъэ псоми зригуэшати, къысщыхъурт хьэлъагъ лъэпкъ схэмылъыжу, хьэуам щыщ сыхъуауэ, абы сыщесу: «Уа, гъатхэ, сыту кIыхьу дызыпэбгъэплъа? Сыт гуфIэгъуэ къытхуэпхьыр уэ!»

Хьэмым нэс зэ жьыIурыхьэгъуэкIэ сожэри, сыкъыщызэтоувыIэ. Абы хэту аддэ зы фIыцIагъэ къыщолъагъуэ. Ар къокIуатэ, щтэIэщтаблэуи зеплъыхь, зэзэмызи удзымкIэ йопхъух. Ауэрэ и макъри зэхэсх мэхъу. КъызгурымыIуэ бзэкIэ и щхьэ хуопсэлъэж, жиIэр дзапэ уэрэди хуэдэщ. Фэху бгъуфIэм къыкIуэцIрыкI фIыцIагъэр гъунэгъу къысхуохъу. «Ди Тхьэ... Аращ, Былызщ а къакIуэр... А макъыр зейр аращ. И уэрэд жыIэкIэмкIэ къэсщIэжын хуеящ. Сыту дахащэ а макъыр, жиIэм щыщу зы псалъэ закъуэ къызгурымыIуэми!..»

Былыз плъэгъуакъэ – гъатхэр къызэрысам шэч къыщIытепхьэжын щыIэкъым! ЩIымахуэ кIыхьыр зэрыблэкIыу, мыщэр и гъуэм къызэрикIым хуэдэу, ари къежьэрт лъапцIэу. Былыз гъэмахуи щIымахуи вакъэ зылъитIагъэртэкъым. ЗыгъэнщIи еши ищIэртэкъым абы, щIыIэми исыртэкъым.

И къуажэ къыдэкIырти, ди деж къызэрысу, уэздыгъей жыгым хуэдэу задэ и Iэпкълъэпкъыр къызэфIэщIэрт.

– Хьэлу гъэтэджа, хьэлу гъэтэджа къызэфт, – лъаIуэрт.

Былыз ди хьэблэм къызэрыдыхьэу, си анэшхуэм хьэкур игъэплъырт. Iэнлъэшхуэм ихуэ къудейуэ тхьэв ипщырти, хьэлухэр дэпым пэридзэрт. Хьэлу жьэрымэ IэфIым занщIэу хьэблэ псор зэщIищтэрт. Былыз зыр зым кIэлъигъакIуэу хьэлу пщтырыр идырырт. ДгъэщIагъуэу деплът и Iи и жьи зэримысым.

Былыз узи зыхищIэртэкъым.

ИтIанэ заулкIэ жьы зыжьэдишэрти: «Шхупс!» – жиIэрт. Апхуэдэу ирифыр зыхуэдизри зыми къилъытэфынутэкъым. ИужькIэ езым фIэкI нэгъуэщI зыми къыгурымыIуэ уэрэдыр къыхидзэрт. Ауэрэ жыг щIагъым щIэгъуэлъхьэнти, жеинт.

Мэ къыкIэрихым гъунэгъуу уригъэкIуалIэртэкъым. Хьэхэр къепщIэкIауэ ебэнт, ауэ зыри бгъэдыхьэфтэкъым, езыми ахэр зыуи къридзэртэкъым...

Хьэмым сызэрынэсу щIым зыхэздзащ. Сыщылъщ си гущIыIур дэгъэзеяуэ, зызогъэпсэхуж. Уафэгур жыг щхъуантIэм ещхьт. Бынбагъуэ и щыгу ита бжьэхуц Iэрамэ цIыкIур, езым хуэдэ нэгъуэщI зыбжанэ гъусэ ищIри, къуажэмкIэ къэкIуэтат. Нэхъ гъунэгъу къэхъухуи абы и фэр гъуабжафэ-фIыцIафэу ихъуэжырт.

Си щхьэр щIым теслъхьащ, сыдэIуащ. Макъ зэхуэмыдэ минхэр къыхэIукIырт абы. Зы хъумпIэцIэджи ирижащ си напэм, ауэ ездзыхакъым.

Нахъуэ бауэбапщэу къэсащ. И щхьэ упсагъащIэм бахъэр щхьэщытт, и джанэр и щIыфэм пщIэнтIэпсым кIэришхэжат. ЛъапцIэт.

– Дэнэ иджыри къэс уздэщыIар?

Жэуап къызитыжакъым. Ауэ деж зыкъыщригъэхуэхри, жьыр кууэ жьэдишащ:

– Сэри шазымэ сиIатэмэ, псынщIэу сыкъэжэнт.

– Шыхэм шазымэ яIэ?..

– Я налхэр-щэ?

Ди псалъэмакъыр Былыз и макъым зэпиудащ. ЩIым зыхэтIубэри дыдаIуэу щIэддзащ. Iэуэлъауэр гъунэгъу къэхъуат. ИтIанэ къуакIэм зыкъыщызыIэта Былыз и щхьэ пцIанэр къэтлъэгъуащ. ПыIэ папщIэу иIыгъ хъыдан тIэкIумкIэ и щхьэфэр щIэх-щIэхыурэ кърилъэщIэхырт. Абы зыкъедмыгъэлъагъуну быргуэбыргуэжьым и къуагъ зыкъуэддзащ. Былыз гъунэгъу къызэрытхуэхъуу ди тхьэ къызэрихькIэ дыкIийуэ дыкъыкъуэцIэфтащ.

– «Ааа-ууу!» – жиIэу къыхэкIиикIри, Былыз и пIэм идиихьащ. И нэхэр шынэм къыщихуат. И жьэ ущIауэ къэнар зэрыудзыфабзэмкIэ къапщIэрт удз зэришхар. И щхьэр и IитIымкIэ фIиубыдыкIыжри, Былыз щIэпхъуащ. Дэри IэбжьыбкIэ тIыгъ мывэкIэщхъыр кIэлъыдутIыпщащ. Ди мывэхэр лъэмыIэсыж щыхъум, и щхьэр иутIыпщыжри, и уэрэдри къыхидзэжащ икIи, а зэрыхьэмкIэм хуэдэурэ, ди къуажэмкIэ иунэтIащ.

Дэри гухэхъуэу дыдыхьэшхыу щIым зыхэддзэжащ. Пшэхэри къакIуэри ди щхьэщыгу дыдэм деж къыщыувыIащ.

– Уэшх къешхынущ иджыри, – жиӀащ Нахъуэ.

– СыткӀэ пщӀэрэ?

– Бынбагъуэ и щхьэр къеумэзэхащ.

Абы хэту уафэм зы мафӀэ бзий ирижащ, макъ дэгуи къыкӀэлъыкӀуащ. Хьэмым адэ-амыдэкӀэ къыщыхэпӀиикӀ къэрэкъурэ гъуахэр зэщӀэскъыскъащ, хьэуар нэхъ щӀыӀэтыӀэ къызэрыхъуари зыхэсщӀащ. Удз цӀынэ къыхэжагъащӀэр къисчри, сепэмурэ:

– Къешхмэ, кърырешх, – жысӀащ.

– ДыуцӀынынщ.

– ДыуцӀынмэ, нэхъ ин дыхъункъэ. Дрырехъу ин!

Асыхьэтым дунейр къэлыдри щыблэр уащ. Дыкъащтэри, тӀури абы дыкъыдыщылъэтащ.

– ДыщӀэгъапхъуэ! Къуажэм дынэсыжыфынкӀи хъунщ...

– Дынэсыжыфынукъым. Уэшхыр теужыху, дегъажьэ.

Уафэр шынагъуэу аргуэру зэ къачэри, уэшхыр кърикӀутэхыу хуежьащ. Дэ кхъужьей жыгыжьым и лъабжьэм дыщӀэпкӀащ. Уэшхым кӀыхь зригъэщӀакъым, и къежьэкӀам хуэдэу псынщӀэуи теужащ. Дэри, ди джанэ псыфхэр ткъузыжурэ, зыкӀи зи сэбэп къыдэмыкӀа кхъужьеижь пцӀанэм и щӀагъ дыкъыщӀэкӀыжащ.

Дунейр дахащэт. Пшэхэр тщхьэщыкӀри дыгъэри къыщӀэкӀыжат. Аддэ, Таурэс и щыгум къыщежьэрэ Бынбагъуэ деж щиухыжу, уафэм лэгъупыкъу къыщищӀат.

– Нахъуэ, – зыхуэзгъэзащ си ныбжьэгъум, – лэгъупыкъум нэс дыгъажэ!

– Сыт щхьэкӀэ?

– Лэгъупыкъум и щӀагъ хэт щӀэкӀми, жэнэтым макӀуэ.

– Хэт жызыӀар?

– Сянэшхуэм.

Нахъуэ тӀэкӀурэ гупсысащ, и джанэ псыфыр фӀэмыфӀ-фӀэмыфӀурэ зыщитӀэгъэжурэ. И Ӏупэхэр ущхъуэнтӀат, и дзэхэр фӀызэтеуэрт.

– Жэнэтым шазымэ щыӀэ хабзэ?

– ЩымыӀэу хъун?! МелыӀычхэм сыт ялъыгъыу уи гугъэр?

– Тхьэм дэри шазымэ къыдитыну жыпӀэрэ?

– Къыдимыту хъун?!

– НтӀэ, къамэ? Дыжьын къамэ?

– Ари къыдитынщ.

– ИтӀанэ шы. Адыгэш.

– Жэнэтым щыӀэ шы къомым я лей щхьэ улъыхъуэрэ? Абы щыӀэ шыхэм дамэ ятету жаӀэ.

– ЩIыбогъатхъэ иджы...

– ПцIы сыупсмэ, сянэшхуэр ирелIэ!

– ЗыкъэIэт-тIэ абы щыгъуэ.

Дызэбгъурыувэри лэгъупыкъум дыхудэплъеящ. ИтIанэ Нахъуэ бжэн щIидзащ:

– Зы, тIу, щы!..

УафэхъуэпскIым хуэдэу зитчауэ дожэ, дожэ... лэгъупыкъур IуокIуэт. Лъэпэдхэмрэ шазымэмрэ си блэгущIэм щIэлъщи, гугъу срагъэхь. Ди тхыцIэм бахъэ къыхеху, иджыпсту лъы къыщиудынущ жыпIэну ди пэбзийр мэбжьыбжь. ДыкъызэрылъэщIыхьам гу лъыдмытэжу Былыз къыблэттхъуащ, езыр шынэри зыщIидзащ. Къуажэм дыкъыдэлъэдэжащ, ауэ лэгъупыкъум дылъэщIыхьэфакъым. УнэмкIэ дымыгъэшу хьэщпакъ лъабжьэм къыщIана мэкъум зыхэддзащ. Дыбэуэжыфыртэкъым икIи зыдгъэхъеижыфыртэкъым. Моуэ тIэкIу доупщIыIуж щыжытIэ дыдэм, Былыз къэсри зыкъридзыхащ:

– Хьэлу, – жиIащ. – Хьэлу къызэфт!

ЕрагъкIэ сыкъызэфIэтIысхьэри, унэмкIэ сыджащ:

– Хьэлу къэфхь, Былыз къэсащ!

Анэшхуэр бжэ блыпкъым къиувэри хьэщпакъымкIэ къэплъащ:

– Сыт къэхъуар?

– Былыз, зо, Былыз къэкIуащ.

Нанэ и пщэр хишурэ, уафэр къипэмыхь хуэдэ зищIащ, итIанэ къыпыгуфIыкIащ:

– Аращ, Былызщ. Былыз къэкIуащ. АтIэ гъатхэр къэсащ жыпIэркъэ! ЩIымахуэр ежьэжащ жыпIэркъэ!

ПщэфIапIэмкIэ зигъазэри сянэм еджащ:

– Iэсей, щIэхыу хьэкур гъэплъ! Былыз ди бжэм къыIухьащ, Тхьэм и хьэщIэ лъапIэ къытхуэкIуащ. Iэсей, а, Iэсей! Гъатхэр къэсащ, дунеищIэ къэсащ!..

# ЧЫНТ Мусэ
## *(Муса УЙСАЛ, Тырку)*

### ФЭБЖЬ

(«Дэнэ сыкъикIрэ икIи дэнэ сыкъэса?»
повестым щыщ щ)

*Сытхэну къалэмыр къэсщтэху, Кенан пэщэр сигу къокIыж. Абы къэрал унафэр щыIэщIэлъа 70 гъэхэр фIыкIэ зигу къэзыгъэкIыж зы цIыхуи ибгъуэтэну къыщIэкIынкъым Тыркум. Зы парти, ижьырабгъу е сэмэгурабгъу унэтIыныгъэ иIэу, е а тIум я зэхуаку дэту, щыIэкъым дзэм хэгъуэгур щыIэщIэлъа а илъэсхэм фIы яхужиIэу. Езы генералым Ататюрк хуэдэу зыкъыщыхъужми, къэралыр гъуэгу захуэ тригъэувэжауэ жиIэми, дэ дощIэ залымыгъэм гъащIэр зэщIиIулIауэ а зэманыр зэрыщытар. Абы щыгъуэ си нэгу щIэкIа зы Iуэхущ мы повестым лъабжьэ хуэхъуар.*

*Ей, мыгъуэ, си СуIэт,*
*Тхьэр зэуа гущэр уэрати!*

Бурдур къалэм дэт тутнакъэщым махуэ пщыкIутху къэс зэ сыкIуащ мазибгъу енкIэ. Узижагъуэныр Iуут лъэхъуэщ бжэIупэм. Иджыпстуи а псалъэр щызэхэсхкIэ, си щIыфэр мэтхытх, техьэгъуэ зытехьам хуэдэу, си Iэпкълъэпкъыр зэредзэ лъагъумыхъуныгъэм къигъэщI губжьым. Апхуэдэ гурыщIэр нобэ си ныбжьыр здынэсамкIэ хуабжьу зэранми, итIани зысхуэIыгъыркъым, акъылым ар и щIыIу къысфIохъу.

Дзэм зэхищIыхьхэр ямыдэу уэрамым къыдыхьа щIалэгъуалэм хэту си хъыджэбзыр яубыдри тутнакъэщым щIадзат. Абы дежт сыздэкIуэр, тхьэмахуитI къэс

зэ дагъэлъагъурти. Тутнакъэщ бжэIупэм щызэхат псоми зы гуныкъуэгъуэкъэ яIэр? Ухуей-ухуэмейми, апхуэдизрэ ущызэрихьэлIэкIэ узэроцIыху, гукъеуэхэри зэхубоIуатэ. Мис апхуэдэу цIыхугъэ схуэхъуащ Хъалис Пат.

А лIы бжьыфIэшхуэм гу лъыумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Псоми къахэщырт ар и зыIыгъыкIэкIэ; и псэлъэкIэр, и уэркъ зекIуэкIэр-щэ! Зэрыадыгэр занщIэу и нэгум къищырт. Ар къахыхьамэ, цIыху Iувыр зэлъыIукIуэтырти, гъуэгу иратырт. ТIысу зыми имытха, ауэ лъэпкъ куэдым зэдагъэзащIэ хабзэр – зым адрейм пщIэ хуищIыныр, къыщхьэщыжыныр – щызекIуэрт тутнакъэщ бжэIупэми. ЦIыхухэм гу лъатат Патрэ абы и щхьэгъусэ СуIэтрэ къызыкIэлъыкIуэм – ар ягъэтIысыну къалъыхъуэ я къуэм и пIэкIэ лъэхъуэщым ирагъэс я нысэ уэндэгъушхуэрт.

Плъагъуну фIэкIа ухуейтэкъым, абдж блыным къыIуаша я нысэм ахэр щепсалъэкIэ, я псэм телъ гуIэгъуэр, псом хуэмыдэу СуIэт. Уи бгъэгум илъыр мывэми, укъигъэдзыхэнт. Абыхэм дежкIэ сеплъэкIыурэ си нэпсыр къыщысфIекIуэкIэ, зигу фIы зыхуэсщIын хуей си пщащэр сэ езым къызэдэхащIэрт, жиIэрт Дилэк и нэIэ зэрытригъэтыр, зэрыдэIэпыкъур.

СуIэт и нэпсыр гъущыххэртэкъым. Зэм ар и бэлътокум епхъуэрт, зэми и Iэлъэщ1 кIапэмкIэ псыхьэлыгъуэу нэкIущхьэм къытелъадэ нэпсыр трилъэщIыкIырт. ИтIанэ и Iупэ кIэзызхэр фIызэтежти, зыгуэрхэр жиIэну хуежьэрт, ауэ зыри щыхузэпымыгъэувэкIэ, и Iэхэр ищIырти, бэяужырт. Апхуэдэурэ кърата пIалъэр къэсырти, Дилэк Iуашыжырт, СуIэти щIыбагъкIэ къикIуэтурэ пэшым къыщIэкIыжырт. ЗызыIыгъыфри нысэм епсэлъэфри Патт. ТхьэмахуитI дэкIырти, аргуэрыжьу а теплъэгъуэм къытригъэзэжырт.

Хъалис Пат Таурэс къуршхэм щыIэ Елэмэ адыгэ къуажэ цIыкIум щыщт. А жылэр зэрацIыхур кIэртIоф бэлыхь къызэрыщыхъумкIэщ. Зэгуэрым Джейлан Фаузи сригъэблагъэри а къуажэм сыкIуащ. Зэманыр кIэртIоф къэтIыжыгъуэт. НтIэ, хьэщIагъэ къызахащ: мэли схуаукIащ, къуажэ гупэмкIэ мывэжьым и гъунэгъуу къыщыщIэж псынэм деж сашэри сагъэлъэпIащ. Адыгагъэ нэс ядэслъэгъуащ абы щыщхэу Едыджхэ Хьэмид, Нихай, Бидэнокъуэ Эрдал сымэ. Къуажэри дахэщ, и хабзэри дахэщ, и цIыхухэри нэхъ дахэжщ, адыгэ нэмысри яхъумэжащ. А цIыху дахэхэм къахэкIащ Пати.

Патрэ СуIэтрэ а зы щIалэрт яIэр, нысэ яхуэхъуа Дилэки унагъуэм и пщащэ закъуэт. Дилэк и анэр

ныбжькIэ иджыри щIалэу лыш уз къеуалIэри, тхьэмыщкIэр ихьащ. Зэрымыхъужынур и псэм ищIэрти, анэм и Iыхьлы гъунэгъухэр зэхуишэсри къелъэIуащ: «Си псэр къурмэн зыхуэхъунхэ, сыт хъун сыпсэу щIыкIэ си пщащэр лIы дэвгъакIуэмэ! Сэ сылIэрэ и адэм нэгъуэщI фыз къишэжмэ, абы и IэмыщIэ ихуэнщи, лей къытригъэхьэнщ!» АрщхьэкIэ анэ тхьэмыщкIэм и насып къихьакъым и пщащэр лIы дэкIуауэ илъагъуну. Тхьэм нэхъыфIыр къыхуищIами пщIэркъым. Уэндэгъушхуэу и пхъур тутнакъэщым зэрисыр илъэгъуамэ, узыншэ дыдэми анэгур къэчэнт.

Си пщащэ Лейлэ слъагъуну лъэхъуэщым сыкIуэху, Дилэк абджым къыIухьэрт: къысщыгуфIыкIырт, си узыншагъэм къыщIэупщIэрт, итIанэ илI Азми и хъыбар кIапэлъапэ гуэр къысIэрыхьамэ, жесIэну къызэлъэIурт. НысащIэ цIыкIум къыфIэщIырт и гуащэмрэ тхьэмадэмрэ я къуэм теухуауэ зыгуэр ящIэу, ауэ езым щабзыщIу.

Азми къыбгъэдэкIыу «сыпсэущ» псалъэ закъуэрт ар зыпэплъэр. Ар зэхихамэ, тутнакъэщым щишэч гугъуехь псори зыуи къыщыхъунутэкъым. Сыту къаруушхуэ лъагъуныгъэр!

Азми жэщ кIуам пщIыхьэпIэу илъэгъуауэ жеIэри Дилэк тепыIэжыркъым. «ЗауэлIхэм яубыда хуэдэт, – яхуеIуэтэж лъагъунлъагъу къыхуэкIуа и тхьэмадэмрэ гуащэмрэ, – яукIыну яшэ хуэдэт...» Зи хъыбар имыщIэ и къуэмрэ тутнакъэщым лажьэншэу ис и нысэмрэ я гузэвэгъуэр хузэхыхьэжауэ, СуIэт зэщоджэ. И гъы макъым зримыгъэIэтыну и жьэм IэлъэщI кIапэр Iуилъхьэми, и дамащхьэхэр фIыдоуей.

*Ей, мыгъуэ, СуIэту си шыпхъушхуэ,*
*Тхьэр зэуа гущэр анэракъэ!*

СуIэт зыри лъэкIыжыртэкъым, жепIэри зэхихыжыртэкъым, гуауэм хъыжьпIыжь ищIати. Пат гузавэрт, зыгуэр къыщымыщIащэрэт мыбы, жиIэурэ. «Тутнакъэщым дызэрикIыжу сымаджэу пIэм хогъуэлъхьэж. АфIэкIа къыздэзмышэну сынэсыжыху тхьэ сIуэурэ сокIуэж, ауэ етIуанэ къэкIуэгъуэр къызэрысу аргуэру къысфIотэджри къысфIожьэ, сыпэмылъэщу», – тхьэусыхэрт Пат.

Асыхьэтым зыгуэр СуIэт къыщыщIынкIэ хъунт, Дилэк и адэр къыIумыхьатэмэ. И адэм егъэлеяуэ щыгуфIыкI Дилэк щилъагъум, СуIэти тIэкIу зыкъищIэжащ. Иджы япэу къакIуэу арат и адэр е илъэс куэд лъандэрэ

имылъэгъуарэт – сытми абдж блыным адэкIэ къыщыт Дилэк и гуфIэкIэм дигухэр къызэригъэгъуэтыжат…

I940 гъэ лъандэрэ жьыуэ сыкъотэдж. Хьэл схуэхъуащ, армыхъумэ пасэрейм жиIам – «жьыуэ къэтэджым и гъуэгу хегъэщI, пасэу къэзышэр щIегъуэжыркъым» – и пэжагъыр згъэунэхуну аракъым. Ноби Бурдур тутнакъэщым сыкIуэнути, нэхъ пасэу сынэсу Патрэ СуIэтрэ къызэрыкIуэнур Дилэк жесIэу згъэгуфIэну си мурадт. СщIэрт а зымащIэми, сабийм хуэдэу, Дилэк зэрыщыгуфIыкIынур.

Тутнакъэщым сынэсу си пхъумрэ Дилэкрэ сагъэлъагъуну сыщыщIэлъэIум, къысхураджар Лейлэ и закъуэщ. И ныбжьэгъур щIимыгъусэмкIэ сеупщIыну сыхунэмыс щIыкIэ, си пхъум дуней гуфIэгъуэр иIэу къызжиIащ Дилэк щIалэ цIыкIу къызэрыхэхъуар, Мурат зэрыфIащар. Лейлэ дыхьэшхыурэ жиIэжырт Мурат тутнакъ цIыхубз псоми я щIалэ зэрыхъуар: хэт зэкIуэцIех, хэт зэкIуэцIепхэ, хэти егъэпскI – къэзылъхуа и анэм щылъагъэсыжыр щагъэшхэнум дежщ.

Абы хэту къэсащ Хъалис Патрэ СуIэтрэ. Къуэрылъху зэраIэр щыжетIэм, лIыжьымрэ фызыжьымрэ кIэрэхъуащ. ИтIанэ Пат зыкъиищIэжри гуфIэу зэхэтхэм IэплIэ яхуищIащ, гуфIапщIэу ахъши яхуигуэшащ. Сабийри къыщIрагъэхри Пат и IэплIэм кърalъхьащ. Зы псалъэ къыжьэдэкIакъым лIыжьым, ауэ псоми тлъэгъуащ и жьэпкъыр зэрыщIэкIэзызыхьыр, и жьакIэ къащхъуэми щIыпIитIкIэ зы мардэм тету ткIуэпс цIыкIухэр къызэрыпыткIур. Сэ, сыхуэсакъыурэ, сабийр лIыжьым къеIысхыжри ар къыщIэзыха тутнакъэщ лэжьакIуэм хуэсшиижащ – лIыжьымрэ фызыжьымрэ зэрыгуфIэн къару къахуэнэжатэкъым…

Бурдур къыщыщIэдзауэ Анталием дыкъэсыжыху, Пат бэуакъым, псэлъакъым. ДыщызэбгъэдэкIыжым, абы ерагъкIэ къыдришеящ: «ПщIэрэ, къуэш, си къуэрылъхум сызэрыщыгуфIыкIам хуэдэ къабзэу сигу къеуащ сабийр тутнакъэщым къызэрыщалъхуар. ТутнакъэщкIэ зи гъащIэр къыщIэзыдза сабийр…» АдэкIэ жиIэнур хунэмыгъэсыжу, и Iэр ищIри, Пат Iуигъэзыкlыжащ. КъызгурыIуат лIыжьым жиIэну зыхуеяри, пэздзыжаIакъым, ауэ сэр-сэру сызэупщIыжащ: «Дунейм тету пIэрэ Мурат нэхърэ нэхъ тутнакъ ныбжьыщIэ?»

Махуэ зыбжанэ дэкIри Пат тутнакъэщым къытригъэзэжащ икIи абы и унафэщIхэм елъэIуащ сабийр кърatыжыну, абыкIэ Дилэки арэзы къищIащ. И лъэIур къыщыхуащIэм, Патрэ СуIэтрэ къакIуэри сабийр яхьы-

жащ. Хъалис зэщхьэгъусэхэмрэ сэрэ Анталием и зы хьэблэм дыщыпсэууэ къыщIэкIат. Иджы сэ куэдрэ СуIэт сыхуэзэрт, гу цIыкIум илъу сабийр кърищэкIыу. КъыпхуэцIыхужынтэкъым ар: и нэкIум лъы къыщIэлъэдэжат, япэм гу къыплъимытэххэу блэкIыу щытамэ, иджы уигъэгъуэщэнутэкъым, гуапэу сэлам къыуихыурэ къолъэIурт уахуеблэгъэну. Сыт хуэдэ псалъэ щыIэ бын насыпым анэм кърит къарур кърибгъэлъэгъуэну?

Сабийр къахьыжа щхьэкIэ, зэ бламыгъэкIыу Патрэ СуIэтрэ Дилэк деж кIуащ. Дапщэрэ кIуами, Мурати здахьащ. «И анэр щIалэщ, и сабийр щIэх-щIэхыурэ имылъагъумэ, щыужынщ», – жиIэри, СуIэт яхуидакъым Мурат цIыкIу апхуэдизрэ ирамыхьэжьэну къелъэIуахэм. Дилэк хьэпсым мазэ пщыкIузкIэ исауэ, и лIыр щамыгъуэтым, хуит къащIыжащ.

Дуней гуфIэгъуэр яIэт Патрэ СуIэтрэ. Псоми ядэгуэшэнут я гуфIэгъуэмкIэ икIи псори здагъэгуфIэнут: я нысэр узыншэу тутнакъэщым къикIыжащ, насып джэшу щIалэ дыгъэ-щыгъэ цIыкIуи къаритащ. Пат и унэм дыхьэшх макъ къыщIэIукI хъужат. Апхуэдэурэ екIуэкIащ япэ тхьэмахуэри, къыкIэлъыкIуэри, зы мази, мазитIи... Ауэрэ ари хуэм-хуэмурэ ужьыхыжу хуежьащ, СуIэти и нысэм еплъыху, игу хэщIу иригъэжьащ. Азми зэрыхъыбарыншэт...

Хъалис Пат и къуэм и лъыхъуакIуэ ежьэри къэралыр къызэхикIухьащ. Къуршхэм щхьэдэхри къигъэнакъым зыдэмыхьа къалэрэ щымылъыхъуа щIыпIэрэ, ауэ и къуэм и лъагъуэ техьэфакъым. И Iуэхури къемыхъулIауэ, и гущхьэри къэчауэ къекIуэлIэжащ лIыжьыр. Къыхуэнэжаращи, иджы махуэ къэс пощтым макIуэ, и къуэм и письмо щыгугъыу, нэгъуэщI къалэ кIуэ и цIыхугъэхэм йолъэIу Азми и хъыбар абыхэми щыщIэупщIэну.

Зы илъэс хуэдиз дэкIауэ, Пат къыжраIащ и къуэр зэрыпсэур, дзэм запэщIимыгъэхуэн щхьэкIэ, хэлъэдэжауэ хамэ къэрал зэрыщыIэр. «Алыхьым шыкур хузощI, – жиIащ Пат, – си Муратым Тхьэм и нэфIыр къыщыхуащ, хуихъумащ и адэр, зеиншэу къигъэнакъым». СуIэтщи, дунейр тIэу пкIэгъуэ хуэхъужкъым. Азми и сурэтхэр кърихьэжьауэ сабийм ирегъэлъагъу: «Мыр уи папэщ, папэ жыIэт!» – жиIэурэ Мурат йобзэрабзэ. Мурат цIыкIуи зокIуэ, псалъэ гуэрхэри жеIэф.

Зы жэщ гуэрым Пат деж къэкIуащ и къуэм и лIыкIуэр. Абы адэм къыжриIащ мы тхьэмахуэм къриубыдэу Азми къэкIуэжу Дилэкрэ Муратрэ щэхуу дишы-

жыну зэримурадыр. Азми и адэм къелъэIурт а хъыбарыр Дилэк фIэкIа, нэгъуэщIым жримыIэну, и анэ СуIэти яхэту. ЗэрызэгурыIуам тету, зы жэщ гуэрым Азми машинэкIэ къыIулъэдэжащ. Дилэк хьэзырыххэти, и къуэр къищтэри машинэм итIысхьащ, Азми и анэм деж щIыхьащ. СуIэт жейрт. Азми абы и натIэм иужь дыдэу ба хуищIыжри къыщIэкIыжащ, и нэпсхэм къызэпажыхьауэ.

Пщэдджыжьым СуIэт къыщытэджым и нысэри и къуэрылъхури къыIэщIэлъэгъуакъым. Зыгуэр къызэрыхъуар къыгурыIуауэ пщIантIэм дэлъэдащ, «Мурат! Дилэк!» – жиIэри джащ. ИтIанэ, гурыщхъуэ Iейхэр ищIауэ, зэщыджэу гъыуэ етIысэхащ. Пат фIэпсэкIуэд хъуат СуIэт, абы едэхэщIэну, игъэудэIужыну хуежьащ. «Рафикърэ и щхьэгъусэмрэ къакIуэри кхъухьлъатэкIэ Голландием яшащ Дилэкрэ Муратрэ, абы щыIэщ ди къуэри», – жриIащ зигу хэщI цIыхубзым. ИтIанэ дэIэпыкъуурэ къигъэтэджыжри унэм щIишэжащ.

ЕтIуанэ махуэм СуIэт тIэкIу теужати, хьэблэр къызэхикIухьащ, си щIалэр Голландием щыIэщ, къигъакIуэри и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ иригъэшэжащ, жиIэурэ. Пат и щхьэгъусэм и хьэлыр ищIэжыртэкъэ – щибзыщIырт и къуэр Истамбыл зэрыщыIэри, IэнатIэ гуэр зэрыIутри. «Нэхъыщхьэр унагъуэр зэрызэрыгъуэтыжарщ, Мурат и адэр ицIыхуу къызэрыхъунурщ», – игу игъэфIырт Пат.

Ауэ Азмирэ Дилэкрэ шынагъуэм хэмыкIыу псэурт. Я унэм и гъунэгъуу машинэ къыщыувыIамэ, къаскIэхэрт. Блэ зэуар аркъэным щощтэ жыхуаIэм хуэдэу, тутнакъэщыр зищIысыр зыгъэунэхуа Дилэк хуейтэкъым аргуэру абы къыщыхутэжыну, Мурат адэ-анэншэу уэрамым къыдэнэну. Дилэк и лIым къызэриIуэтэжамкIэ, хэгъуэгум и псэукIэр зэблэхъуным хущIэкъу марксист-ленинист гупхэм яхэтт Азми. Кенан пэщэр къыщытехьэм, ахэр зэхэзехуэн ящIащ. Арати, зи лъэ къэралым изыхыфым ирихащ, яIэрыхьар хьэпсым ирадзащ, адрейхэм «пшахъуэм зыщIахъумащ». Азми арат ищIар, ауэ умастэу пыпхъуэм ущыхэмыхуакIэ, дэнэ укIуэн? Дунейм укъытемыхьэу, цIыхуи къыптемыплъэу сыт хуэдизкIэ упсэуфын?

Нобэ сигурэ си щхьэрэ зобгъэж. Къэрал псор бэлыхь хэзыдзэ гуп цIыкIухэм жаIэм щхьэ зыдедгъэхьэхрэ? Щхьэ дызэкъуэувэу дапэщIэмыувэрэ? Апхуэдэу къэувхэм щхьэ дадэмыIэпыкъурэ? Азми хуэдэхэм дакъыщхьэщыжын, тхъумэн хуейтэкъэ? Щхьэ къытхэкIрэ мылъкурэ къулыкъукIэ и ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэр,

фIыуэ илъагъур, и анэ къилъхуахэр зыщэжыфхэр? Мыхэр цIыху цIыкIур къызэригъэщIрэ жэуап зрамытыф упщIэхэщ. А щхьэусыгъуэм хуэдэкIэщ Азми зэраубыдар.

Зы махуэ гуэрым Пат и унэ телефоныр къеуащ. Къэпсалъэр Дилэкт. «Унэм ди закъуэу дыкъыщIэнащ». А псалъиплIырщ и нысэм къыжриIар, ауэ лIыжьым къыгурыIуащ къэхъуар. ЕтIуанэ махуэм СуIэт зыщIигъури гъуэгуанэ жыжьэ теуващ Пат.

Истамбыл нэсу и къуэрылъхум щыIуплъам, СуIэт щыгъупщэжат гъуэгуанэ гугъу зэрытетари, хуабжьу зэрешари. Мурат къиубыдауэ зрекъуузылIэ, ба хуещI, ахэр къезыгъэгъуэтыжа Алыхьталэм шыкур хуещI.

*Ей, мыгъуэ, си шыпхъу СуIэт,*
*Шыкур Тхьэм щIыхуэпщI гущэм ущыгъуазэ?*

СуIэт и къуэрылъхур иригъэувэхри Дилэк IэплIэ хуищIащ, итIанэ и къуэм щIэупщIащ. Патрэ Дилэкрэ СуIэт ягъэтIысри хуаIуэтащ Iуэхур зыIутыр – Азми банк зыкъутахэм, цIыху зыукIахэм яхэтауэ ягъэкъуаншэу зэраубыдар. СуIэт и къуэрылъхур зрикъузылIэурэ зыкъомрэ гъащ, итIанэ щэху дыдэу къыжьэдэкIащ:

– ЛIы зэримыукIари банк зэримыкъутари къыщIэщыжынщ. Шыкур пхузощI, си Тхьэ лъапIэ, си къуэр псэууэ дунейм тетщ...

Мазэ псокIэ Пат тутнакъэщ бжэIупэм Iутащ, и къуэм хуагъэзэну лъаIуэу. ИкIэм-икIэжым къыжраIащ Азми нэгъуэщI тутнакъэщым яшэну, пщэдей къыIухьэмэ, зыгуэрурэ ирагъэлъагъуну. ЕтIуанэ махуэм зэрыунагъуэу лъэхъуэщым кIуащ. Пат и къуэм щыIуплъам къэскIат: Азми и вагъуэр ижат, и фэр яжьэм хуэдэт. Зэрыкъарууншэм къыхэкIыу псэлъэн къызэхьэлъэкI Азми зыгуэр къыжриIэнуми, пIалъэ ихуакъым, кърата зэманыр иухыху зэадэзэкъуэм СуIэтрэ Дилэкрэ ягъэудэIужыфа къудейщ. ЕтIуанэ махуэм Азми Бартин куейм яшащ. Пати куэдрэ Истамбыл дэсыжакъым, бынунагъуэр зэщIикъуэри Анталием къишэжащ. МыдэкIэ къыздэсыжам, и унэр дзэм щIищыкIакIэт, щIэлъауэ хъуар унэ лъэгум щикъухьат. Сабийр дгъэщтэнкъым жаIэри, СуIэт щIалэ цIыкIум и Iэр иубыдри гъунэгъумкIэ иришэкIащ. Ахэр къэтыху, Патрэ Дилэкрэ еIэ-епхъуэу пэшхэр зэлъыIуахыжащ, итIанэ анэшхуэмрэ къуэрылъхумрэ кърашэкIыжащ.

Истамбыл къызэрикIыжрэ зы мазэ хуэдэ дэкIауэ Азми и письмо къыIэрыхьащ Пат. Унагъуэр абы хуаб-

жьу щыгуфIыкIащ. ИужькIэ письмохэр щхьэхуэу Пати Дилэки къахуэкIуэу хуежьащ. Апхуэдэу зыкъомрэ екIуэкIауэ, Дилэк къыIэрыхьащ цIыхубзыр мышхэжемыфэж зыщIа, гукъыдэж лъэпкъ имыIэу къэзыгъэна письмор. И нысэм и щытыкIэ хъуам гу лъимытэу къэнакъым Пат.

Зы махуэ гуэрым Пат и щхьэгъусэри и нысэри къриджэри бжэIупэм Iут тетIысхьэпIэм тетIысхьахэщ. Дилэк и гукъеуэр жригъэIэну арат. Нысэм Азми и письмор и тхьэмадэм къыхуишиящ. Абы итт и гъащIэ псокIэ е нэхъ мащIэ дыдэрамэ илъэс пщыкIущкIэ лъэхъуэщым исыну Азми суд къызэрихьыр. Ар и щхьэгъусэм къелъэIурт я Iуэхур судым ириту зэбгъэдэкIыжынхэу. Патрэ СуIэтрэ я щхьэр къыфIэхуащ, фызыжьым и нэпсхэр къыфIыщIэжащ. Иджы дыдэ къигъуэтыжауэ къыщыхъужа насыпыр гъуэбжэгъуэщ къудейуэ къызэрыщIэкIар хуэму игъеижт СуIэт. Пат зыкъомрэ хэплъэу щыса нэужь, и нысэм зыхуигъэзащ:

– Уи тхьэ узэреплъщ, си псэ, дэ уэ зэи нысэу утлъытакъым, дипхъуу фIэкIа. ИтIани апхуэдиз илъэскIэ ди къуэм ежьэу щыс бжетIэфынукъым, и щхьэ илъ тщIэркъым. Уи къэкIуэнур уэ узэрыхуейуэ къыхэхыж...

Дилэк и къэкIуэнур езыр зэрыхуейуэ къыхихыжащ. А псалъэмакъым и ужькIэ гуащэ-тхьэмадэмрэ нысэмрэ я зэхуаку мыгурыIуэгъуэу щIыIагъ къыдэхъуащ. Дилэк и пэшым щIэтIысхьэжрэ и закъуэ щIэсрей, лIыжь-фызыжьым защидзей хъуащ. Куэд дэмыкIыуи Азми пыкIыжыну зэрыхуеймкIэ и тхылъыр судым щIилъхьащ. СуIэт сымаджэу пIэм хэгъуэлъхьащ.

*Ей, мыгъуэ, СуIэт тхьэмыщкIэ,*
*Уи гузэвэгъуэр абыкIэ иухыну щытамэ аратэкъэ!*

Дилэк турист фирмэ гуэрым лэжьапIэ къыщигъуэтащ. А илъэс дыдэр имыкIыуи лIы дэкIуэжащ. А хъыбарыр уэ жыпIэжа, сэ жысIэжа, сытми Бартин тутнакъэщым нэсащ. Ар зэрызэхихыу Азми зыпилъэжащ. И щIалэр зэрыщымыIэжыр Хъалис Пат къыщыжраIэм, и щхьэм дэуейри, «малIэ-мэхъуж» жаIэу, къытехуащ, ауэ къэхъуар СуIэт къригъэщIакъым – игу щIэгъуащ арыншами иужь илъэсхэм хуабжьу еплIэкIуа и щхьэгъусэм. Пат лъэкIэ къэувыф зэрыхъуу, жиIащ пIалъэ къыхимыгъэкIыу Бартин кIуэн зэрыхуейр. ЛIыжьыр и закъуэу иутIыпщын идакъым СуIэт. «Сэри си къуэр слъагъуну сыхуейщ», – жиIэри иукъуэ-

диящ. Пат зыгуэрым зэригъэпIейтейм гу лъитами, СуIэт шынэри абы еупщIыфакъым: Бартин нэсыху, и къуэм тхьэ хуелъэIуащ.

Тутнакъэщым СуIэт къыщищIащ и къуэр зэрымыпсэужыр. Фызыжьыр къыхэкIиикIри и бгъэм епхъуэжащ икIи, и Iэхэр абы зэрытелъу, къызэфIэщIащ. Пат пхъуэри ар иубыдащ икIи, ар зэриIыгъыу, етIысэхащ – СуIэт тхьэмыщкIэм и псэр хэкIат.

*Ей, мыгъуэ, си шыпхъу СуIэт,*
*Тхьэр зэуа гущэр уэрати!*

...Хъалис Пат хьэдитIыр къишэжри къэкIуэжащ, жэнэзыщIитIыр зэгъусэу ирагъэкIуэкIащ. Дилэки къэкIуащ, Мурат къыздишэри. Гуауэм зэблиIуэнтIыкIыу къуаншэ ищIыжа Пат щыIуплъэм, Дилэк и гур къыхэузыкIащ. Адэ папщIэу иIа лIыжьым зришэкIри ар куэдрэ гъащ. Апхуэдиз гуауэр зыгъэв Пат и къуэрылъхур зришэлIауэ телъэщIыхьырт.

– Муратыр уи анэмэтщ, си хъыджэбз, – жиIэрт лIыжьым, и нысэр игъэудэIужыну хэту. – Ирехъу ар насыпыфIэ. Сэ сыбдэIэпыкъункъэ. И Iэпэр сIыгъыу махуэ къэс школым сшэнщ икIи къэсшэжынщ. Уэ тIэкIу зыгъэтыншт, си къэрабэ цIыкIу, гугъуехь мащIэ уэ плъэгъуар?! Уи щхьэгъусэри Азми и пIэ изгъэуващ...

Ауэ ари насып хуэхъужакъым Пат. И щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ щIилъхьэжа нэужь, лIыжьыр зэрыпсэужар мазэ бжыгъэщ. Пат и жэнэзым срихьэлIэфакъым. Иджы хьэпсыр сэри къыслъысат – я псэукIэмкIэ мыарэзыуэ уэрамым къыдыхьа егъэджакIуэхэм сахэтат.

Тутнакъэщым сыкъызэрикIыжу си ныбжьэгъужьым сыщIэупщIащ. ЗэрыщымыIэжыр къыщызжаIэм, егъэлеяуэ си жагъуэ хъуащ. СхузэфIэкIынурати, и кхъащхьэр зэзгъэлъэгъуащ, и сыным Iэ дэслъащ. Абдежым сигу ислъхьат Пат тхьэмыщкIэм и унагъуэм и щхьэ кърикIуар стхыжынуи, ар зэфIэзгъэкIащи, хьэлъэ гуэр стехужам хуэдэщ.

Пат и кхъащхьэм дыщхьэщыту Елэмэ къуажэм щыщ Мэулид (и унэцIэр сIэщIэхужащ, жьыгъэрауэ къыщIэкIынщ, щыгъупщэх сыхъуащ. НтIэ, мис а КIэрашэ Темботрэ МэшбащIэ Исхьэкърэ я романхэр тыркубзэкIэ зэзыдзэкIаращ зи гугъу сщIыр) жиIащ:

– Сыт пщIэн, Тхьэм я натIэм къритхауэ къыщIэкIынт апхуэдэу хъуну!

Сэ ар щIалэм хуэздакъым. Тхьэм ар иупхыжкIэ зэфIэкIынукъым. А насыпыншагъэр «зытхар» хэгъуэ-

гур залымыгъэм хэзыгъэта генералитхурщ, Кенан пэщэр я пашэу. Апхуэдэ дыдэт хьэкъыншэу яукIа, тутнакъэщхэм щIагъэфыхьа цIыху минхэм я натIэм а залымзехьэхэм «иратхар».

Зы парти, ижьырабгъу е сэмэгурабгъу унэтIыныгъэ иIэу, е а тIум я зэхуаку дэту, е дин Iуэху зэрихуэу, ауэ къызэрыгуэкI цIыху къудеи къэбгъуэтынукъым генерал Кенан пэщэм хэгъуэгур щыIэщIэлъа илъэсхэр фIыкIэ ягу къагъэкIыжу...

# ХЪУЭСТ Надия

*(Сирие)*

## ГУПСЭХУГЪУЭ ЩИМЫГЪУЭТАУЭ

Р а с с к а з

Апхуэдэу езыр хуэмеями, и гъащIэр лъэхъэнитIу гуэша хъуат: и закъуэпцIийуэ губгъуэ нэщIым щисамрэ абы и пэ къихуэ зэманымрэ. Шэч къызытумыхьэжын пэжщ ар – нобэрей махуэм иужькIэ губгъуэ щхъуантIэм и пэ итам игъэзэжынущ...

ЦIыху фIыуэ илъагъурт: яхыхьэныр, яхэтыныр, зэрылъэкIкIэ ядэIэпыкъуныр зыпищI щыIэтэкъым. Апхуэдэхэм деж къыфIэщIырт, нып щхьэхуитым хуэдэу, уэгум лъагэу зыщиIэтауэ щесу; и къарум, и псэм щыщ къыхуэныкъуэхэм яритыныр и хъуэпсапIэт. СыхьэтипщIкIэ къыпэрымыкIыу пэрытыфынут ар лэжьыгъэ гуэрым, и гугъуехьыр фIы зыщIэ гупхэм къазэрыхуэщхьэпэнур къыгурыIуамэ. Ауэ апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым.

ЩIыр хъейуэ дунейр игъэсысат, хьэмэрэ, Вавилон чэщанэр зыщIахэм хуэдэу, цIыхухэр зэгурымыIуэж хъуауэ нэху къекIат? Сытми, зыхуихьынур имыщIэ щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкIыу, и цIыхугъэхэр зэгурымыIуэж, зы мыхьэнэншэри зэпаубыдрэ я фэр ирызэтрахыж хъуащ. Йоплъри зэригъэщIэгъуэнур ищIэркъым: Iэбжьанэ жан къапымыкIами, дзапэфIанэ ин къаIумыкIами, хьэкIэкхъуэкIэу къыщIидзыжахэщ.

Ибгынащ ахэр, езыхэми къабгынащ. Къыщригъэудыпат къалэ тетыр зыщIэс пэшым щекIуэкIа иужьрей псалъэмакъым. Пщыхьэщхьэм зэхэтIысхьа гупыр нэху щыху иризэдэуащ хьэблэ тхьэмыщкIэ пхыдза гуэрым псы зэрашэну щIыкIэм. АрщхьэкIэ псалъэмакъыр хуэкIуэжащ а щIыпIэм псы игъащIэкIи лъэбгъэIэс зэрымыхъунум. Зы гупыр адрей гупым и Iуэху къызэримыкIынщ жэщ псом зыхущIэкъуар. Дунейр апхуэ-

дизкIэ хуабэт, пэшым щыбэуэгъуейти, упсэлъэн къудейм гугъуехь пылът. ИтIани жьэ зэтехьэ щыIэтэкъым, хэт и гур щабэ хъуа, хэти и щхьэр унэза пэтрэ. ЛIэми нэхъ къащтэнут, я ныкъуэкъуэгъум и Iуэхур дэмыкI закъуэмэ. Игурэ и щхьэрэ зэбгъэжауэ къыщIэкIыжрэ пэт, и ныбжьэгъум зыкъыбгъэдигъахуэри къеIущэщащ.

– Иджыри зэхуэсыгъуэ дапщэ яхуейуэ пIэрэ, нэхъыжьхэмрэ сымаджэхэмрэ хуабэм драгъэукIын щхьэкIэ?

Аракъэ-тIэ апхуэдизу зэпылъэфауэ зэIущIэхэр щIрагъэкIуэкIыр! Сыт хьэдэгъуэдахэ! Тхыдэ къэхъукъащIэхэм ихьахэм ягу щIэгъу защI, ауэ зэгупсысыр псэууэ къэнахэр бэлэрыгъауэ бжьэпэм зэрыщхьэщашэнурщ. Къепсалъэм ней-нейуэ еплъа фIэкI, пидзыжаIакъым, ауэ и щхьэм хужиIэжащ: «Псоми сигу фщIогъу, зы хъурыфэ закъуэм фытраукIыхьынущи. Нобэ зэхэфщIыхьхэр зы нып щхьэхуит щымыбыбыжыну лъэхъэнэ дыджым хуэвгъажэ мывэщ. Абы щыгъуэ зылI къэувыжыфынукъым фIэщхъуныгъэ зиIэхэр зэхуишэсыжыфыну. Зы гупсысэ нэхуи къэнэжынукъым жэщ кIыфIым хэпсэну. Мэжджытхэми зыри кIуэжынукъым, цIыхухэр зэхуэсыжынукъым, щIыIубнэфым хуэдэу я гъащIэр яхьынущ. ХьэмцIажьэр евгъэлъэтэхри мыхъунур влэжьащ. Лъэхъэнэми и зы напэкIуэцI иуплIэнщIащ. КъыкIэлъыкIуэнур... иджыри наIуэкъым».

Унэм къэсыжри зэупщIыжащ: «Сыт иджы сщIэнур?» ПыухыкIауэ «мыращ» жыхуиIэ гуэрым хуэкIуэфакъым. И закъуэпцIийуэ къыщынэм, къыфIэщIащ лIэныгъэм и мэ гурымыхьыр къыщIихьэу. «Хьэуэ, хэкIыпIэ гуэр зимыIэ щыIэкъым, къэлъыхъуэн хуей къудейуэ аращ», – егупсысащ ар.

ПщэфIэнрэ шхэнрэ фIэкI Iуэху имыщIэжу хъури шхэгъуэр къыхуэмыгъэсыжу къэнащ. Шхын гугъу щащIкIэ, и гурыIупсыр и джийм тенэрт. Хьэуэ, абы зэреджэр нэгъуэщIщ... нэпсеягъэкъым. ИтIанэ тхыдэжьым теухуа тхылъхэм еджэу къиублащ. Абыхэм пасэ лъэхъэнэм драгъэхьэхри езыр зыщыпсэур IэщIэкI пэтащ. Ауэ гу лърагъэтащ лейр зэрылъэщым. Зэджэ тхылъхэм зыщрихьэлIэ укIыгъэ къэс зы тхъыпэ иритхъэу щIидзащ. КъигъэскIащ лейм и лъапсэр зэрыкуум. Тхылъыжьхэм къаIуэтэжри аращ: зым адрейр мащэм иригъахуэу и мылъкури, и фызри, и бынри зэрипхъуэну зэрыхэтырщ. НэгъуэщIу абыхэм ядилъэгъуар цIыху укIыкIэ зэхуэмыдэхэрщ. А псом и щIыфэр

дэтхытхащ, къыгурыIуащ цIыхухэм я нэм лIэщIыгъуэкIэрэ шынэр щIэз щIэхъуам и щхьэусыгъуэр. Хуэмышэчыжу къыщиудри гъащ, гызащ – игъащIэ лъандэрэ цIыху цIыкIур щIызэрыукI мылъкур, езы цIыхум хуэдэу, щIым къыхэкIыу зэрыхыхьэжым, уахъты къудейкIэ фIэкI зэрызэщхьэщымыкIым иригъэгупсысащ. Игъэнэщхъеящ лъэхъэнэ кIыхьхэм цIыху гущIэгъуншагъэм зэрыкIэрамычыфам.

ГъащIэм и щэху куэд жеиншэу игъакIуэ жэщхэми сэтей къыхуащIат. Псом хуэмыдэу игу къеуащ Iуэху жьгъей ягъэбатэхэм езы цIыхухэр зэрыщIапIытIэжыр. Зы махуэ гуэрым и ныбжьэгъум и щэху кърихьэлIащ:

– Мо си гъунэгъур щызгъэуэнущ, зыри жезмыIэурэ.

– Сыт щхьэкIэ?

– Хилъэфэн щхьэкIэ...

И цIыхугъэ усакIуэ гуэрым и бзэм зэрызихъуэжари игъэщIэгъуащ. ФIыуэ илъагъу пщащэр къамылыфэти, абы и щхьэц фIыцIэм усэу тритхыхьар къыпхуэбжынкъым. Иджы я лэжьапIэм пщащэ сырыху цIыкIу гуэр къэуващи, щхьэцыгъуэхэм хуэдэ щымыIэу жеIэ...

АфIэкIа хуэшэчыжакъым – цIыхухэм пэIэщIэ зищIмэ, щIым гъунэгъу зыхуищIмэ, нэхъ къищтащ. Ирехъу апхуэдэу: щIырщ цIыхур къезыгъэлыр, аращ и гущапIэр, гъащIэм и щIэдзапIэри и кIэухри.

Нэху къызэрекIыу, и щIыб къалэм хуигъэзащ. Гъуэмылэ тIэкIу, щэкI кIапэ, нэгъуэщI-къинэмыщI хуэдэхэр хъуржыным ирилъхьэщ, фIанэр и дамэм иридзэри ежьащ. МащIэрэ кIуа, куэдрэ кIуа, сытми махуэ зыбжанэкIэ гъуэгу тетауэ, Iуащхьэ щыгу гуэрым нэсащ. Ихъуреягъыр къиплъыхьащ. Нэр здынэплъысым плъагъур щIы гъущIарщ. Егупсысащ: Iуащхьэ гупэр тафэщ, зыгуэркIэ уэшх къешхмэ, псыдзэр нэсынущ, ауэ Iуихыфынукъым. Хъун хуэдэщ... Абдежым зригъэзыхри зы мывэ къищтащ икIи абыкIэ къалэм пызыщIэ бынжэпсыр зэпиупщIащ.

Жылапхъэ, гъэтIысхьэн гуэрхэр къыздищтат. Iуащхьэ нэкIум илъ мывэжьыр и зы блыну пщыIэ ищIащ, губгъуэм мывэр хигъэкъэбзыкIащ, уэшхыпсыр ириугъуеин хуэдэу хьэкхъуафэ лъэныкъуаби пхъэм къыхиIущIыкIащ. Ахэр зэрызэфIэкIыу къызэфIэувэри уардэу жиIащ:

– Си къэралщ мыр, сэращ и унафэщIри и лэжьакIуэри!

Губгъуэ нэщIым щызыхищIащ уафэхъуэпскIым и телъыджагъыр: «Си гъащIэр згъэкIуащ, уафэхъуэпскIыр езым и хэгъуэгу бгъуфIэм щызмылъагъуу!» – и

щхьэм губгъэн хуищIыжащ. И гур псэхужауэ къыфIэщIащ, ауэ и псэм къеIащ цIыху цIыкIур щIызэрыхьэжыжыр щIыр зэрыхыфIадзэжар, мывэ сэрейхэмкIэ зыкъагъэбыдыхьыжауэ зыр адрейм ещакIуэу къызэрынар къазэрыгурымыIуэр. Игу ящIэгъуащ: зэрытхьэмыщкIэр зыхащIыкIатэмэ, гъащIэ мащIэу къаритар яхъумэнт, лейкIэ ямыгъэкIуэду.

И махуэри и жэщри уафэм къыхузэригъэзэхуащ, и илъэсхэри къыхуибжащ. Езыми щIыр зыхуей хуигъэзащ. Жызум, кIэдагъэ, ахъуо гъэтIысхьэнхэм тIэрс щхъуантIэу зыкъаIэтащ. Хисащ, къыхихыжащ, хьэжащ, щэкIи зэIуищащ. Жьыуэ гъуэлъыжащ, бзухэм къадэтэджащ; жэщ мыжей жыхуэпIэр щыIауи ищIэжыххэркъым. Къалэ хъыбари лъыхъуакъым, къэрал унафи щIэупщIакъым. «Мы махуэм щегъэжьауэ си гъащIэр зыхуэдэнум сэр нэмыщI, зыми и Iуэху хэлъкъым! ЩIы лIам псэ хызолъхьэжри, абы нэхъ насыпи сэ сыхуейкъым!» – къигушхукIащ и гур.

Апхуэдэурэ губгъуэ псэншэр къэпсэужащ: накъыгъэ плъыфэбэу зэщIэгъэгъащ, тIэкIу дэкIри хадэхэкI хъуахэмрэ пхъэщхьэмыщхьэ тIыгъуахэмрэ я мэ IэфIыр ихъуреягъым тепщэ щыхъуащ. Мэли, бжэни, уеблэмэ бдзэжьеи игъэхъуну егупсысащ. Иджы къуалэбзухэми, хьэпщхупщхэми, езы щIы дыдэми я бзэр къыгурыIуэ хъуат. И блэкIар щIитIэжат, ауэ зыхуигъэгусакъым, мыси ищIакъым. ПщIэншэу игъэкIуэда зэманыр игу къеуа къудейщ. «Иджы сылIэми, сыщIэпсэуар сощIэ, – и щхьэм хужиIэжащ абы. – Жыг хэссэри, быным хуэдэу сыхуэсакъыу, къэзгъэхъуащ, узыншэрэ бжьыфIэу ин сщIащ. Ар щызгъэтIысым мы бгъуэщIым мывэ жьауэ фIэкI щыIакъым. Иджы-щэ? Иджы жыг жьауэхэм сыщIэту зы марыгукIэ сокIуэ».

Мывэм дамыгъэу трищIэхэр куэд хъуащ, илъэсхэр къригъэлъагъуэу. А зэманым къриубыдэу уафэм бзу фIэкIа щызелъатэу илъэгъуакъым. Зы махуэ гуэрым лIы гуп къыIухьэри къэджащ. Ябгъэдыхьэмэ, я тхылъхэр къыхуагъэпIийурэ, къыжраIащ:

– Хэкум и псы хъумапIэхэм кIэлъыплъ IуэхущIапIэм дыкъикIащ.

– Сэ псыкъуии къэстIакъым, псыни сиIэкъым, – жэуап яритыжащ абы, лIы гупыр зыхуейр къыгурымыIуауэ.

– Ар дауэ, мыпхуэдиз щхъуантIагъэр къыздикIар дэнэ-тIэ?

– Уафэм къеха псыIагъэхэмкIэ къэзгъэкIащ.

Зэплъыжахэщ, я дамэхэр драгъэуеящ, итIанэ:

– Дэ ар пэжрэ пцIырэ иджыпсту зэхэдгъэкIынкъэ. Къиувэ дяужь! – къыхуащIащ унафэ.

Ирашажьэри псы хъумапIэм бгъэдашащ. АдэкIэ зрагъэлъэгъуащ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэри, жызум дэжейхэри, бжэнхэми, тхьэкIумэкIыхьхэми, бдзэжьейхэми еплъащ.

– Дызэригугъам нэхърэ нэхъ ину къыщIэкIаи мыр! – ягъэщIэгъуащ ялъагъур хьэщIэхэм. А псалъэхэм кIэщIу къапыуващ я унафэр:

– Псыр дэнэ къикIами, хэгъуэгум ипсщ. Уэшхыр мыращ къыщешхар. Уэ ар бубыдурэ уи хьэсэм щIумыгъэлъадэмэ, хэгъуэгу псом хурикъунут...

– Фэ зи унафэ фымыщI псыращ сэ къэсщтар, Алыхьым къригъэшха уэшхыр... – зигъэзэхуэну хуежьат ар, ауэ зыри къызэремыдаIуэр илъагъури щигъэтыжащ.

– Апхуэдиз къыумыгъэкIуэкI, – къыпэрыуащ абы гупым я нэхъыжьыр, – мы гъэм къепхьэлIэжа мыIэрысэмрэ кхъужьымрэ фIэкIа къыпIытхынукъым...

Псым и тетхэм яхузэщIэкъуэр зэщIакъуэу щежьэжа махуэм и етIуанэм нэгъуэщI зы гупи къэсащ.

– Фэри фыхэт? – захуигъэзащ къэуIэбжьауэ зэмыджа хьэщIэхэм.

– Дэ электрокъару зыгуэш, пщIэркъэ, дунейр зыгъэнэху IуэхущIапIэм дыкъикIащ.

– Сэ апхуэдэ сиIэкъым.

Модрейхэм ягъэщIэгъуащ:

– НтIэ, дауэ уи жыгхэм къапыкIэр къызэрыпыпчыжыр, хадэхэкIым узэрелэжьыр?

– Къуалэбзур артуму къокIуэри си деж зыщагъэнщI, къанэри къызэлыжу схурокъу.

– Ар дауэ хъунт?! Уи щхьэр къэгъэпцIэж уэ апхуэдэу! – къыщIэнэкIащ къэкIуахэр.

– Сэ зэманыр сылажьэурэщ зэрызгъакIуэр. Ар нэхъыфIщ щхьэхынэу е Iуэхуншэу Тхьэм уелъэIуу ущыс нэхърэ. Жэщ хъуамэ, вагъуэхэм я нэхурщ нэхъ къасщтэр...

– А-а-а, мис иджы псори къыдгурыIуащ. Уэр-уэру зыкъыумысыжащ. А нэхури хэгъуэгум ейм щыщщ, вагъуэхэри абы и уафэрщ къыщыблэр. Уэ абыхэм уагъэлъагъу, уагъэгъуазэ, уаунэтI. ЗэгъащIэ дэ зыри ди нэIэм зэрыщIэдмыгъэкIыр. КхъухьлъатэкIэ дыкъоплъащ, абы гъэсыныпхъэ имыхьа уи гугъэ? Ар къодгъэпшыныжынущ. Ауэ дыгущIэгъуншэ хуэдэу къыпщремыхъу, аращ кIэртIофу къэптIыжам фIэкIа къыщIыпIыдмыхынур...

КъыкIэлъыкIуэ махуэм аргуэру цIыху зыбжанэ къэкIуащ.

– Уи хьэсэр дыгъужьхэм ящытхъумащ, километрищэ хуэдэкIэ дыщыIэу щхъуэжьхэм едмыгъэгъэзатэмэ...

– Дыгъужьхэм къэкIыгъэ яшхыркъым... – кърегъэжьат зигъэзэхуэну, ауэ и псалъэр IэщIаудащ.

– Уэ езыр-щэ, дэр мыхъуамэ, уи хьэдэ къупщхьи ягъуэтыжынтэкъым. ХъумапщIэу жызуму уиIэр дохь, – кIэщIт я унафэр.

Насыпыншагъэр и закъуэу къакIуэркъым жызыIам, ар, дауи, игъэунэхуагъэнщ. Пшапэ зэхэуэгъуэм ирихьэлIэу зэпIэзэрытыфэ зытет лIы гуэр къакIуэри лъапсэр къиплъыхьащ, итIанэ и гум къыщIитхъыу къыдришеящ:

– А-ахъ, щIым нэхъыфIу къытекIар яхьаи!

Жыг щIагъхэм щIэт джэшышхуэм гу щылъитэм, къэгуфIэжащ.

– ФIыуэ пщIащ, джэшышхуэр зэрыбгъэтIысар, – зыкъыхуигъэзащ абы лъапсэр зейм, – щIыгулъымкIэ хуабжьу сэбэпщ. Ауэ мы щIыр хэт къуита, си щIалэ? Тхылъ уиIэ ар узэреймкIэ?

– ЩIыр зысэм ейщ, дадэ!

– Ар псалъэ къудейщ, си псэ! Апхуэдэу хуит хуэтщIмэ, дэтхэнэми щIы утIыпща къищтэнщи... Iуэхур зэIыхьащ. Псалъэм папщIэ, мы щIыр сысеинкIи мэхъу, сыщыплъэкъукIауэ. Ауэ уэ жылэ хэпсати, ууей уигугъэжащ. Ар захуагъэ? Хэгъуэгур апхуэдэу кIэрутIыпщ пщIы хъурэ?

– Сэри мы хэгъуэгум сыщыщщ.

– ФIыуэ жыпIащ ар! Аращ къеIыпхар ептыжын щIыхуейри!

– Хэт зэстыжынур?

– ЩIыр пIызыхыжынур дэ дгъэбелджылынщ, зезыхьэфынуми еттынщ ар. Уэри гулъытэншэ утщIынкъым, щытхъу тхылъ къыпхуедгъэхьынщ. Ауэ, уи жагъуэ умыщI, илъэс кIуам щIым къытепха хъерым пэкIуэр къодгъэпшыныжынущ. Ар зэрызэхуэдгъэкIуэнум уэ уемыгупсысми хъунущ. Дэ гуп цIыкIу зэхэтшэнурэ, абы едгъэлэжьынущ. Ахъшэу къыщIэпхам теухуауэ тхылъымпIэ уиIэмэ, деплъынщи, фейдэ къебгъэщIам хэдгъэкIыжынщ. Ауэ, зэгъащIэ, дэ зэрыдбжынур къэрал уасэкIэщ...

ЛIыжьым жиIэр адэкIэ зэхихыжакъым абы. И щхьэм бжьэ еуа хуэдэ IуигъэзыкIыжащ, къалэм къыщыдэкIам къыздищтэгъа и хъуржыныр къилъыхъуэжыну.

# ХЬЭХЪУРАТЭ Уэсмэн

*(Осман ЧЕЛИК, Тырку)*

## КЪАФЭ

Iыхьищу зэхэлъ пьесэ

### ХЭТХЭР

Безрыкъуэ Шорэ – Къэбэрдеишхуэм щыщ къуажэпщ.
Чэрэс – пщым и щхьэгъусэщ.
Къафэ – пщым ипхъущ.
Уэрдэн – пщым и IуэхутхьэбзащIэхэм я унафэщIщ.
Пэну – пщым и IуэхутхьэбзащIэ пщащэщ.
Нэбзий – пщым и IуэхутхьэбзащIэ пщащэщ.
Нэрхьэкъуэ Идар,
Хьэжыкъуэ Зэиж,
Жыкъуэ Дэгу – пщым и гъунэгъущ, лIакъуэлIэшхэщ.
Хьэжыкъуэ Iэжэ – Зэиж и къуэщ.
Хьэжыкъуэ Таухъан – Зэиж ипхъущ.
Нэрхьэкъуэ Къамбот – Идар и къуэщ.
Жамбэч,
Мэт – уэркъ щIалэ ныбжьыщIэхэщ.
Хьатыш,
Гунай,
Занэ – уэркъ пщащэ ныбжьыщIэхэщ.
Джэныкъуэ Тубал – Джылахъстэнейм щыщ лIакъуэлIэшщ, къуажэпщщ.
Джэныкъуэ Темыр – Тубал и къуэщ.
Жэнэкъуэ – Безрыкъуэпщым и Iэхъуэщ.
Жэндар – къамылапщэщ, шыкIэпшынауэщ, Жэнэкъуэ и ныбжьэгъу щIалэщ.
Уэркъ щIалэ ныбжьыщIэхэр.
Уэркъ пщащэ ныбжьыщIэхэр.
Iуэхутхьэбзащ Iэхэр.

### ЯПЭ IЫХЬЭ

Пьесэр зытеухуа IуэхугъуэрщекIуэкIыр XVI лIэщIыгъуэрщ. Абы хэтхэр зэрыхуэпари а лъэхъэнэм адыгэхэм зэрахьэу щыта фащэхэмкIэщ.

## Япэ теплъэгъуэ

Iупхъуэр зэIуах. Мазэгъуэ жэщщ. Аддэ жыжьэ къиIукIыу, зэхэпх къудейуэ макъамэ гуакIуэ къоIу. Ар Жэнэкъуэм и къамылым езым «Къафэ» зыфIища макъамэр кърихгъэкIыу аращ. Сценэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр нэху къохъу. Макъамэм здедаIуэм, лъапэпцIий зищIауэ абы къохьэ Безрыкъуэ Шорэ ипхъу К ъ а ф э. Макъамэр къыздиIукI лъэныкъуэмкIэ маплъэ, нэхъыфIу зэхихын щхьэкIэ, абыкIэ зеший. КIыфIым къыхокIри нэхур зытепсэ лъэныкъуэмкIэ сценэм къохьэ П э н у.

К ъ а ф э (*къэщтауэ*). Уэра ар, Пэну? Ыыту Iейуэ сыбгъэщта!

П э н у (*къыпыгуфIыкIыурэ).* Сэращ. Укъэмыщтэ. Iэхъуэ щIалэм игъэIу макъамэм апхуэдизкIэ узыIэпишащи...

К ъ а ф э. Пэжщ, Пэну. Сыту дахащэ!

П э н у. Сыт дахэр?

К ъ а ф э. КъыбгурымыIуаифэ зытумыгъауэ, Пэну! Жэнэкъуэ и къамылым макъамэ дахэ кърегъэкI – аращ жысIэну сызыхуейр.

П э н у. Езы Жэнэкъуэри хуабжьу щIалэ екIущ.

К ъ а ф э. СощIэ. Нэхумыщым ар докIри слъагъуркъым, ауэ пщыхьэщхьэкIэрэ... Былымыр къыщыдигъэхьэжкIэ, щэхуу сыкIэлъоплъ: ешаелIарэ и лъакъуэхэр ерагъкIэ зэблихыу къыщыкIуэжкIэ, сигу щIогъу. Дыгъэмрэ жьыбгъэмрэ япхъэха и нэкIур зыкIэ дахэу пщыхьэщхьэ пшэплъым къыхощри!..

П э н у. Уи псалъэхэм тепщIыхьмэ, а щIалэр уигу ирихьауэ щытын хуейщ... хьэмэрэ сыщыуэу пIэрэ?

К ъ а ф э (*псынщIэу Пэну дежкIэ зыкърегъэзэкI*). Хьэуэ!

П э н у (*къэгузэвауэ*). Ар фIыуэ плъэгъуащ жысIакъым сэ.

К ъ а ф э (*макъамэр къыздиIукIымкIэ зигъэзэжурэ*). Алыхьым жимыIэкIэ ар!

П э н у. Къысхуэгъэгъу, тхьэм щхьэкIэ! Жэнэкъуэр зэрыIэхъуэр сигу къэкIыжакъым.

Къафэ зыри къыпидзыжакъым. Ар макъамэр къыздиIукI лъэныкъуэмкIэ маплъэ. Макъамэр нэхъ ин мэхъури хуэм-хуэмурэ нэхъ кIащхъэ мэхъуж.

К ъ а ф э (*Пэну дежкIэ къеплъэкIыурэ*). Уигу къызомыгъэбгъэ... Уи жагъуэ сщIыну сыхэтакъым.

П э н у. Уэ сигу нобгъэну сыхуит сэ? КъыумыгъэкIыххэ апхуэдэ гуэри уигу!

К ъ а ф э (*макъамэр къыздиIукIымкIэ зишийуэрэ*). Пэну!

П э н у. Сыт, дахэ!

К ъ а ф э. Си щэхур пIуэтэжынкъым, Пэну, пэжкъэ? Ауэ макъамэр егъэлеяуэ сигу ирохь. Ар щызэхэсхкIэ, си гущIэр зыгуэрым къызэщIеIэтэри, малъхъэдисым хуэдэу, си псэм сыхуимытыжу абы сызыщIешэ. Пэжщ, Жэнэкъуэ Iэхъуэ къызэрыгуэкIщ, ауэ къамылапщэ Iэзэщ. Сэ ар езыр гъунэгъуу сцIыхуркъым, и псэлъэкIэ къудеи зэхэсхакъым, ауэ сощIэ, си гум жеIэ апхуэдэ макъамэ дахэ къэзыгъэщIыфыр Тхьэм адрей цIыхухэм зыгуэркIэ яхигъэщхьэхукIауэ зэрыщытыр. Зы уэркъ щIали имыIэ иIэщ абы – и пшынэбзэмкIэ дунейр егъэджэгуф.

П э н у. Жэнэкъуэр хьэл-щэн дахэ зыхэлъ щIалэщ, дэбгъуэн щыIэкъым. УнэIутхэмрэ IуэхутхьэбзащIэхэмрэ ар зыкIи ебгъэпщэн плъэкIынукъым, абыхэм яхэтуи куэдрэ плъагъуркъым. *(И псалъэр зэпегъэури, жиIэр Къафэ къызэрыщыхъур зригъэщIэну и нэхэм щIоплъэ.)* Уэри зэхэпхагъэнкIи хъунщ ар Жэней лъахэм къызэрикIар. НыбжьыщIэ дыдэу и унагъуэр ибгынэн хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр сщIэркъым. Жэнэ адыгэ лъэпкъым зэрыщыщым щхьэкIэ, Жэнэкъуэ цIэуэ абы езытар уи адэрауэ жаIэ.

К ъ а ф э. СщIэну сыхуейт мы макъамэ дахэмкIэ щIалэм къиIуэтэну зыхуейр? Ар зыгуэрым хуитхагъэнкIи мэхъу. Макъамэм цIэ иIэу пIэрэ? Уэ сыт хэпщIыкIрэ абы, Пэну?

П э н у (*къыфIэмыIуэхуу*). Зыри.

К ъ а ф э. Зыгуэр фIыуэ илъэгъуауэ, абы хьэщыкъ хуэхъуауэ армырауэ пIэрэ?

П э н у (*и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжауэ*). Сэ дэнэ щысщIэн?! Апхуэдэ макъамэ дахащэр зыгуэрым хуэгъэзауэ щытынкIи хъунущ.

К ъ а ф э. Хэт хъуну пIэрэ ар?

П э н у. Тхьэ дыдэ сымыщIэ!

Нэхур тIэкIу нэхъ мащIэ мэхъу, иужькIэ мэункIыфIыпэ. К ъ а ф э - р э П э н у р э сценэм йокI. Сценэм и ижьырабгъу лъэныкъуэр нэху къохъу. Мывэшхуэ гуэрым тесу Жэнэкъуэ къамылым йопщэ. Макъым зеIэт, иужькIэ нэхъ хуэм мэхъуж. Нэхури хуэм-хуэмурэ мэкIуэдыж. Жэнэкъуэр кIыфIым хэплъагъуэжыркъым, макъамэри мэужьыхыж.

## ЕтӀуанэ теплъэгъуэ

ӀуэхурщекӀуэкӀыр пщы Безрыкъуэ Шорэ и пщӀантӀэрщ. Ар бжэгъу папцӀэхэмкӀэ къэщӀыхьащ. Ижьырабгъу лъэныкъуэмкӀэ къыщыт унэшхуэм и зы бгъумрэ и бжэмрэ уолъагъу. АдэкӀэ, Ӏэщ псэуалъэхэр зыдэщыӀэмкӀэ, пщэфӀапӀэр къыщытщ. СэмэгурабгъумкӀэ куэбжэшхуэ хэлъщ. Мыдрей лъэныкъуэмкӀэ пхъэ тахътэбан, и гупэм Ӏэнэ хъурей иту, къыщытщ. Ӏэнэм хъурыфэ зытебза шэнт щхьэгуэхэр къегъэувэкӀащ.

ЯпэщӀыкӀэ сценэр нэщӀщ. ИтӀанэ куэбжэшхуэр зэӀуахри къолъагъуэ пщы Б е з р ы к ъ у э  Ш о р э р э уэркъ Х ь э ж ы к ъ у э  З э и ж р э уэршэру щысу. Дахэу хуэпахэщ: дыжьын бгырыпххэр ящӀэлъщ, я къамэ Ӏэпщэхэми мывэ лъапӀэхэр хэгъэтӀысхьащ. Ӏ э ж э сценэм къохьэ. Зиплъыхьурэ, унэшхуэм хэлъ бжэмкӀэ макӀуэ. ДэкӀуеипӀэм тоувэри Ӏэщ псэуалъэхэр здэщыӀэмкӀэ маплъэ. Абы ирихьэлӀэу У э р д э н и ӀуэмкӀэ къыкъуокӀ.

Ӏ э ж э. Уэрдэн! Мыр сыт, тхьэр зыгъэпэжын, зыри дунейм фытетыжкъыми?!

У э р д э н. А-а, Ӏэжэ, уэра ар? Къеблагъэ!

Ӏ э ж э. Унэшхуэри пщӀантӀэри щымщ. Сложь, Безрыкъуэхэ Ӏэпхъуэжауэ ара?

У э р д э н (*щӀагъыбзэ щӀэлъу*). Уэ узылъыхъуэр Безрыкъуэ Шорэу къыщӀэкӀынкъым.

Ӏ э ж э. КӀуэ, ауэ сытми жызоӀэ, амыхъу сызылъыхъуэр пщыр аракъым. Къафэщ сыкъыщӀэкӀуар. Жыкъуэхэ я деж щӀалэгъуалэр щызэхуэсати, Къафэ сшэну арат.

У э р д э н. Дэгъуэщ, уеблэмэ фӀы дыдэщ. Ди пщым и пщащэр иужь зэманым гукъыдэжыншэщ, тӀэкӀу теунщ, и нэгуи зиужьынщ. (*ДэкӀуеипӀэм тоувэри маджэ.*) Пэну, е Пэну!

П э н у *(бжэр къыӀуехри)*. Уэрдэн, укъызэджа? *(Ӏэжэ къелъагъури абы зыхуегъазэ.)* Къысхуэгъэгъу, Ӏэжэ, гу плъыстакъым. Къеблагъэ!

Ӏ э ж э. Упсэу!

У э р д э н. Моуэ зэ къэдаӀуэт, си хъыджэбз! Ди пщым и пхъум хъыбар егъащӀэ джэгум ишэну Хьэжыкъуэ Ӏэжэ къызэрыкӀуамкӀэ. ИрекӀуэ, цӀыхум яхыхьэмэ – теунщ. Хэт ищӀэрэ, и гукъыдэжри абы къыдэкӀуэжынкӀэ хъунщ.

П э н у. Иджыпсту жесӀэнкъэ!

Ӏ э ж э. ТӀэкӀу гъэпӀащӀэ, Пэну! Нэхъ псынщӀэу зегъэгъэхьэзыр!

П э н у къыпогуфIыкI, ауэ зыри жимыIэу унэм щIохьэж, бжэр ныкъуэIухыу къегъанэри.

У э р д э н. Зыхуэтхьынур къытхуэмыщIэу Къафэ зихъуэжащ. Гукъыдэж иIэкъым, цIыху илъагъунуи епсэлъэнуи хуеижкъым.

I э ж э. Сыт гъэщIэгъуэн мы жыпIэр? И щхьэусыгъуэри фщIэркъэ?

У э р д э н. ТщIэркъым, си щIалэ. И адэ-анэри мэгузавэ. Псом хуэмыдэу и адэм и гур хощI. Пщыр хуабжьу тогузэвыхь и пхъум и щытыкIэ хъуам.

I э ж э. Моуэ зэт, зэ! Иужьрей махуэхэм, пэжу, Къафэ дунейм къытехьэжыркъым. Абы, дауи, щхьэусыгъуэ гуэр иIэн хуейщ.

У э р д э н. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ, си щIалэ? СынолъэIу къехьэкI-нехьэкI хэмылъу занщIэу къызжепIэну! Сыт пщащэм игу къеуэр, сыт щIэнэщхъейр?

I э ж э (*игу къэкIар хигъэгъуэщэжын мурад иIэу*). Уа, Уэрдэн, сытым сигъэщIэн сэ Къафэ игу хэзыгъэщIыр?!

У э р д э н (*укIытэжауэ и щхьэр егъэсыс*). Сэ зыгуэр хэпщIыкI къысфIэщIат.

Абы хэту П э н у бжэр къыIуех.

П э н у. Къафэ иджыпсту къыщIэкIынущ. (*ДэкIуеипIэм къыздехым и Iупэм и Iэр Iуилъхьэурэ, нэхъ щэхуу.*) ЕрагъкIэ къытезгъэхьауэ аращ.

I э ж э. Сыту фIыт, сыту фIыт!..

П э н у унэм щIохьэж.

У э р д э н. Аращ-тIэ, Iэжэ. Iизын къызэфтмэ, сэ Iэщыхъуэхэм сахыхьэжынщ.

I э ж э. Хъунщ, Уэрдэн, уи Iуэху и ужь ит. Тхьэм уигъэпсэу!

У э р д э н *(Iуэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ хэлъ бжэм носри къызоплъэкIыж*). Iэжэ, ди зиусхьэным шы бэлыхь тыгъэ къыхуащIащ, уеплъыну ухуей?

I э ж э (*зыгуэрым гу лъитауэ къыпогуфIыкI*). Иджыпсту хъункъым, Уэрдэн. Нобэ нэгъуэщI къалэнхэри сиIэщ. ИужькIэ сыкъэкIуэнщ.

У э р д э н. Хъунщ, си щIалэ, ущыхущIыхьэ къакIуэ.

I э ж э (*и щхьэм хужиIэж щIыкIэу*). Си гугъэмкIэ, Къафэ Iуэху мыщхьэпэ гуэрым хэхуагъэнущ. Иджыпсту къэтщIэнкъэ зыгъэгумэщIыр! Iуэху цIыкIу-

фэкIухэр зи щхьэм иризыгъажэ пщащэкъым ар – лIакъуэлIэш пщащэщ! ЛIыгъэщIапIэ иризэрымыгъахуэу уэркъ щIалэхэм къауфэрэзыхь... Къафэм игу, дауи, зыгуэрым лъэщу хигъэщIагъэнущ. НтIэ, сымаджэу арауэ пIэрэ? АрагъэнкIи мэхъу. Ауэ зыгуэр къеуз щхьэкIэ, апхуэдэу дзыхэ хъурэ – пщым ипхъукъэ?!

Абы хэту бжэр къыIуехри К ъ а ф э дэкIуеипIэм къытохьэ. Гукъыдэж зэримыIэр къыуигъащIэу, и щхьэр ехьэхащ. Шылэхъарыр къекIуэтэхащи и нэкIур дахэ-дахэу къыщIэщкъым.

I э ж э (*дэкIуеипIэм бгъэдолъадэ*). Уи махуэ фIыуэ, Къафэ!

К ъ а ф э. Еблагъэ!

I э ж э. Упсэу. Мыр сыту уфагъуэ, Къафэ! КъоузIарэ? Сыт къэхъуар?

К ъ а ф э (*и щхьэр мащIэу къеIэтри*). Апхуэдэу къыпщыхъуу аращ.

I э ж э. Къафэ гукъеуэ гуэр иIэщ жиIат Уэрдэни, хуабжьу сыгузэващ.

К ъ а ф э. Сэ зыри си лажьэкъым! Уэ зыгуэр ухуейт, Iэжэ?

I э ж э. Мыст... Жыкъуэхэ я деж зэныбжьэгъухэр дыщызэхуэсти, уэри уздэсшэну арат. УнакIуэмэ, ди гуапэ хъунт.

К ъ а ф э. Хьэуэ, Iэжэ, сынэкIуэфынукъым.

I э ж э. Сыт къэхъуар, Къафэ, гупым и псэщ жыхуаIэм хуэдэу ущытати?!

К ъ а ф э. Иджыпсту апхуэдэ гукъыдэж сиIэкъым.

I э ж э. Уи жагъуэ зыгуэрым къищIа, Къафэ? Мыдэ сэ къызжеIэ...

К ъ а ф э. Хьэуэ, зыми къищIакъым, ауэ сынэкIуэфынукъым.

I э ж э. Къысхуэгъэгъу, лейуэ узгъэгумэщIащ.

К ъ а ф э. ФIыкIэ!

К ъ а ф э псынщIэу унэм щIолъэдэжри бжэри къредзылIэж.

I э ж э (*къэхъуар къыгурымыIуарэ къэуIэбжьауэ Къафэ къридзылIэжа бжэмкIэ маплъэ*). Сыт гъэщIэгъуэн мыр? Хабзи бзыпхъи щымыIэжу ара? Дауэ хьэщIэр утыку къибнэу унэм узэрыщIэлъэдэжынур?! Зи щытхъу щIыпIэ жыжьэхэм щыжаIэ къэбэрдей пщащэм ар хуэфащэ?! Безрыкъуэ Шорэ хуэдэ адыгэпщ щыпкъэм и цIэр зыгъэулъийщ ар!

КъращIар и жагъуэ хъуауэ Iэжэ ежьэж пэтрэ, гуащэр бжэщхьэIум къытехьауэ къелъагъу.

Ч э р э с. Iэжэ!

I э ж э (*пщIэ зэрихуищIыр къигъэлъагъуэу*). А-а, уэра ар, гуащэ?!

Ч э р э с (*гукъыдэж зэримыIэр къапщIэу*). Iэжэ, си щIалэ, тхьэм щхьэкIэ, уи жагъуэ умыщI! Ди пщащэм къыщыщIар тщIэркъым. Иужьрей махуэхэм апхуэдизкIэ и хьэлым зихъуэжащи, къытхуэцIыхужыркъым: шхэжкъым, ефэжкъым, псэлъэн къудейри къохьэлъэкI.

I э ж э. Сэри зыри къызгурыIуэкъым. Сыт щыгъуи нэшхуэгушхуэу сыкъригъэблагъэу, къыздэгушыIэу щытащ. СыкIуэжыну сыкъэтэджыжамэ, лIыгъэкIэ сигъэтIысыжырт. Иджы пщIантIэкум си закъуэу сыкъринащ.

Ч э р э с. Хабзэншагъэ къыпкIэлъызэрихьащ...

I э ж э. Къызэпсэлъэну и щхьэ трилъхьакъым.

Ч э р э с. И къыщIэкIи и щIыхьэжи зы щыхъум, къэсщIат апхуэдэ зыгуэр зэрищIар.

I э ж э. Сэ сыIуэхукъым. Сэ си шыпхъущи, дэнэ схьыжын, ауэ хамэм апхуэдэу заремыгъэлъагъу.

Ч э р э с. Сэри мызэ-мытIэу сеущиящ: «Маржэ, умыбэлэрыгъ, уи щытыкIэр сигу ирихьыркъым!» – жысIэурэ. Ауэ си псалъэхэр жьым зэбгрехри къонэж – зыхуэгъэзам деж нэсыркъым. СщIэ мыгъуэкъым къыщыщIар?

I э ж э. Уи гур умыухыж, гуащэ. Махуэ заулкIэ Къафи гукъыдэж иIэ хъужынщ.

Ч э р э с. Къэзгупсысынури жысIэнури сщIэркъым. «Мыр къызоуз е мыбы сыхуейщ» жиIэркъым! Ди щхьэр къытхуэIэтыжыркъым...

I э ж э. Апхуэдэу щытынкъым, Чэрэс, фымыгузавэ! Махуэ зытIущкIэ псори тэмэм хъужынщ.

Ч э р э с. Тхьэм жиIэ, си щIалэ!

I э ж э. Сэ сежьэжынщ, Чэрэс. Уи махуэ фIы ухъу!

Ч э р э с. Иджыри зэ сынолъэIу, Iэжэ, Къафэ губгъэн къыхуумыщIыну!

I э ж э (*унэбжэм йокIуалIэри*). ФIыкIэ!

Ч э р э с. Гъуэгу махуэ, Iэжэ, уэркIэ ди бжэр сытым дежи зэIухащ. Дызыщумыгъэгъупщэ, нэхъ щIэхыурэ къакIуэ.

I э ж э. Iэмал имыIэу, си анэ шыпхъур узбгынэ хъурэ! СыкъэкIуэнщ, тхьэм жиIэмэ!

I э ж э пщIантIэм докIыж.

Ч э р э с (*и гур хэщIу*). Сыт мыгъуэр си Iэмал, дауэ си пщащэ закъуэм сыдэIэпыкъуну?..

П э н у р э  Н э б з и й р э  унэм къыщIокIри Чэрэс здэщытымкIэ макIуэхэр. Ч э р э с и  абыхэм япожьэ.

Ч э р э с. Нэбзий, си хъыджэбз цIыкIу, Пэну сэрэ зы дакъикъэкIэ дыкъэгъанэт! (*Нэбзий егъэзэж, Чэрэс Пэну зыхуегъазэ.*) Пэну!

П э н у (*щтэIэщтаблэу гуащэм худоплъей*). Сыт, гуащэ?

Ч э р э с. Мы унэм исхэм ящыщу Къафэ нэхъ пэгъунэгъур уэращ. Уэ умыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым абы и гур хэзыгъэщIыр. Сыт Къафэ къыщыщIар?

П э н у. СщIэркъым, гуащэ.

Ч э р э с. Зымахуэ губгъуэм фыщыкIуам Нэрхьэкъуэ Къамбот фыхуэзат?

П э н у. НтIэ, гуащэ.

Ч э р э с. ЗыгуэркIэ фи жагъуэ къищIа?

П э н у. Хьэуэ, гуащэ. Мыст...

Ч э р э с. Сыт мыстыр? ЖыIэ!

П э н у. Къафэрэ Къамботрэ дахэ дыдэу зэпсэлъахэщ, зэдэгушыIахэщ. А махуэм Къамбот ди гъусэу къикIухьыну хуеящ, ауэ Къафэ идакъым. Къафэ дэгушыIэу къыфIэщIри Къамбот зригъэнат, ауэ пщащэр щегием, «къысхуэвгъэгъу» жиIэри, IукIыжащ. КIуэ, аращ щыIар, гуащэ!

Ч э р э с. Къафэ апхуэдэу щхьэ пхъашэу епсэлъа Къамбот?

П э н у. СщIэркъым, гуащэ!

Ч э р э с. Къамбот ди пщащэм и псэлъыхъуу зэрыщытрэ зыкъом щIащ... Пэжкъэ?

П э н у. Аращ, гуащэ!

Ч э р э с. Къафи абы нэшхуэгушхуэу хущытакъэ?

П э н у. Сыщымыуэмэ, аращ, гуащэ!

Ч э р э с. Сыт «сыщымыуэмэ» жыхуэпIэр? Къафэ дахэу Къамботым епсалъэу щытакъэ?

П э н у. Щытащ, гуащэ! Зэхуэгуапэу, зэдэгушыIэу щытащ.

Ч э р э с. НтIэ, сыт иджы къэхъужар? А тIум я зэхуаку сыт дэжар?

П э н у. Сыщыгъуазэкъым, гуащэ! Си гугъэмкIэ, мыхъун гуэри я зэхуаку дэлъкъым.

Ч э р э с. Мыдэ, си нэхэм къыщIэплъэурэ, къызжеIэт: Къафэ теухуауэ зыгуэр къысщубзыщIкъэ? Сэ уэ си Iэгум укъихъукIащ, сипхъу дыдэми упызощI,

пщIэIауэ къызжумыIэмэ, хуабжьу си жагъуэ хъунущ.

П э н у. «Мыращ» жысIэну зыри сщIэркъым, гуащэ!

Ч э р э с (*къызэрыгубжьар и щытыкIэм къигъэлъагъуэу*). КъызжиIакъым жумыIэж, дахэ, зыгуэр пщIэуэ, ауэ къысщубзыщIу къасщIэмэ, пхуэзгъэгъункъым!

П э н у (*къэшынауэ*). Сэ зыри сщIэркъым! (*Къыщеудри магъ.*)

Ч э р э с. Хъунщ, къыщIумыдзэ иджы! Сэ узгъэмысэну сигу илъкъым. (*Пэну зрекъузылIэри унэмкIэ ирешэжьэж.*) Фэ фыщIалэщ, Iэджэм иджыри фи акъыл хунэсыркъым. Сэ сывэущие къудейуэ аращ, къысщубзыщIIамэ, си жагъуэ зэрыхъунури уигу къызогъэкIыж.

П э н у. Сэ зыри сыбзыщIыркъым.

Ч э р э с (*дэкIуеипIэм щынэсым и Iэр еутIыпщыж*). Къафэ езым зыгуэр къытщимыбзыщIу пIэрэ?

П э н у. СщIэркъым, гуащэ!

Ч э р э с р э П э н у р э унэм щIохьэж. Уэздыгъэр мэункIыфI.

### Ещанэ теплъэгъуэ

Мазэгъуэ жэщщ. Жэнэкъуэ и къамылым игъэIу макъамэ дахэр зэхыбох. Сценэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр нэхущ. Хуэмурэ К ъ а ф э сценэм къохьэ, макъамэр къыздиIукIымкIэ маплъэ. П э н у абы и ужь итщ.

К ъ а ф э (*гукъыдэжыншэу*). Сянэм ухегъэзыхь, аракъэ, Пэну?!

П э н у. Сыхигъэзыхь къудейуэ къэнэжыркъым...

К ъ а ф э. Сыт зыхуейр?

П э н у. Зыхуейращ: «Къафэм къыщыщIар уэ уощIэри къызжеIэ» жиIэри, къыспиубыдащ. Къыспиубыда щхьэкIэ, сщIэркъым жесIэнур!

К ъ а ф э. «Сымаджэщ» жыпIэн хуеящ.

П э н у (*къыщеудри мэдыхьэшх*). Уэра сымаджэр?..

К ъ а ф э. НтIэ, сэращ... Мыхъун гуэр хэлъ абы?

П э н у (*ерагъкIэ зызэтриубыдэжурэ*). Хэлъкъым, сэ узэрысымаджэр сымыщIа къудейуэ аращ.

К ъ а ф э (*зыкърегъэзэкIри, Пэну и нэхэм щIэплъэурэ*). ЗэгъащIэ-тIэ, умыщIамэ! Сэ сысымаджэщ. КъыбгурыIуа?

П э н у. НтIэ, нтIэ, ащ, усымаджэщ.

К ъ а ф э (*макъамэр къыздиIукIымкIэ зегъэзэжри*). Пэну!

П э н у. Сыт?

К ъ а ф э. ПщІэрэ апхуэдизу мы си гур къыщІилъэтыр?.. ЦІыхухэми ягу хэзгъэщІын хуей щІэхъур?..

П э н у. Мыст... Жэнэкъуэм...

К ъ а ф э (*Пэну нэщхъ ІейкІэ йоплъ*). АфІэкІа абы и цІэр зэхызумыгъэх! КъыбгурыІуа, Пэну?!

П э н у (*къэщтауэ*). Хъунщ, Къафэ!

К ъ а ф э. Зэзэмызэ мыбы сыкъакІуэу Жэнэкъуэ и къафэм сызэредаІуэри зыми ищІэ хъунукъым. КъыбгурыІуа, Пэну?!

П э н у. КъызгурыІуащ, Къафэ!

Макъамэр нэхъ ин мэхъу. ИтІанэ ужьыхыурэ мэкІуэдыжыпэ. Сценэр кІыфІ мэхъу. Къафэрэ Пэнурэ плъагъужыркъым.

## ЕплІанэ теплъэгъуэ

Іуэхур щекІуэкІыр Безрыкъуэ Шорэ и пщІантІэрщ. Пщым и ІуэхутхьэбзащІэхэу У э р д э н, П э н у, Н э б з и й сымэ пщІантІэр зэлъыІуах.

У э р д э н. Зяужь фихьэ Іуэхур нэгъэсауэ фщІэ! Гур вгъэзагъэу фыІэбэ!

П э н у. Уэрдэн, хэт Джэныкъуэ Тубал жыхуаІэр?

У э р д э н. А-а, ар Къэбэрдейм и лІакъуэлІэш нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщ зыщ.

Н э б з и й. И къуэри щІыгъуу къэкІуауэ жаІэ.

У э р д э н. Аращ.

Н э б з и й. Сыт къыщІэкІуар? Сыщымыуэмэ, Къафэ зрагъэлъагъуну аращ. Пэжкъэ, Уэрдэн?

У э р д э н. Иумыгъэлей иджы, Нэбзий!

П э н у. КъызыфІомыгъэІуэху абы жиІэхэр, Уэрдэн. Зэзэмызэ Нэбзий щыщІихьэ щыІэщ. Ауэ, пэж дыдэу, ахэр къыщІэкІуам ущыгъуазэ?

У э р д э н. Джылахъстэнейм щыцІэрыІуэ Джэныкъуэ Тубал ди пщышхуэм къригъэблэгъауэ къыщІэкІынщ.

П э н у. НтІэ, сыту хьэщІэщымкІэ емыблэгъарэ?

У э р д э н. Хъыджэбзхэ, фэ псори фщІэн хуейуэ щыт-тІэ иджы?

Унэбжэр Іуахри Ч э р э с бжэщхьэІум къытоувэ. Дахэу хуэпащ, зыгуэрым зэрыпэплъэр нэрылъагъущ.

Ч э р э с. Пэну, мыр Іэнэм тефпхъуэ!

П э н у (*дэкІуеипІэм йожалІэ*). Хъунщ, гуащэ.

Пэну тепхъуэр къыІех, Ч э р э с унэм щІохьэж.

Н э б з и й (*Пэнурэ езымрэ тепхъуэр Iэнэм трапхъуэурэ*). Унэшхуэри, пщIантIэри, хьэщIэщри зэлъыIутхащ. ХьэщIэхэр езы пщы дыдэм къригъэблэгъэнущ жыпIа?

У э р д э н. Псори фщIэн хуейуэ фыщытщ фэ! Ауэ псори тэмэму сытым дежи щытыпхъэщ: мыбдеж хьэщIэхэм зыщагъэпсэхун е псы щефэн хуей мэхъу. ИужькIэ унэшхуэм щагъэхьэщIэнущ, хьэщIэщым зыщрагъэгъэпсэхунущ. Аращ, псори зыхуей хуэзауэ щытын хуейщ.

П э н у. Мыст...

У э р д э н. «Мыст» жыфIэу си ужь фимыт! Сэ сщIэр вжесIакIэщ. СыхущIыхьэркъым сэ, хьэщIэхэм сахэмыхьэу хъунукъым. Ди пщым сыкъилъыхъуэми сщIэркъым.

П э н у. Хъунщ, хъунщ, Уэрдэн, ди жьэм IункIыбзэ етауэ лъытэ.

У э р д э н сценэм йокI.

Н э б з и й (*Уэрдэн кIэлъоплъри Пэну дежкIэ зыкъегъазэ*). ПщIэрэ, Пэну, си гугъэмкIэ, Джэныкъуэ Тубалрэ и къуэмрэ къыщIэкIуэр Къафэ зрагъэлъагъуну аращ.

П э н у. Сыт-тIэ абы щхьэкIэ?

Н э б з и й. ЗырикI!

П э н у. ЗырикIмэ, абы ущIытепсэлъыхьын щыIэкъым. Я ужь дигъэкIи, мо бжэ IухамкIэ дыгъакIуэ, Тубал и къуэр зэзгъэлъагъуну сыхуейщ.

Н э б з и й. Гуащэм дыкъилъагъумэ...

П э н у. Щыщ-щ-щ! Зыри жумыIэ, къокIуэхэр! (*Пщащэхэр дэкIуеипIэм йожалIэхэр.*) Гуащэ, хьэщIэхэр къэсащ!

Ч э р э с. СынымщIокI иджыпсту!

Пэнурэ Нэбзийрэ Iэнэр здэщыт лъэныкъуэмкIэ макIуэхэри зэбгъурыту мэув. Ч э р э с и къыщIокIри хъыджэбзхэм я гупэ къоувэ. Щыри куэбжэмкIэ маплъэ. У э р д э н куэбжэр зэIуехри, пщыр япэ иту, хьэщIэхэр къыдегъэхьэ.

Ш о р э. Фыкъеблагъэ, фыкъеблагъэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ!

Д ж э н ы к ъ у э Т у б а л я пашэу пщIантIэм къыдохьэ Н э р х ь э к ъ у э И д а р, Х ь э ж ы к ъ у э З э и ж, Ж ы к ъ у э Д э г у, ныбжьыщIэхэу Д ж э н ы к ъ у э Т е м ы р, I э ж э, Ж а м б э ч, М э т сымэ. Уэрдэн нэмыщI, адрей псоми я Iэщэфащэр япщIыхэлъщ. ХьэщIэхэр къыдегъэхьэри, Уэрдэн куэбжэр хуещIыж.

Ч э р э с. Фыкъеблагъэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ!

Т у б а л. Фи благъэхэр убагъуэ, гуащэ!

Ш о р э (*хьэщIэхэм яригъэцIыхуурэ*). Мыр бысым гуащэращ, модрейхэр ди хъыджэбз гъэсэнхэрщ.

Т у б а л. Хуабжьу си гуапэщ!

Ш о р э (*и щхьэгъусэмрэ хъыджэбзхэмрэ захуигъазэурэ*). Къафэ слъагъуркъыми-тIэ?

Ч э р э с (*укIытауэ*). Къытхуэвгъэгъу, иджыпсту къыщIэкIынущ...

Т у б а л. Ягъэ кIынкъым, хъыджэбзхэр щыхущIэмыхьэ куэдрэ къохъу.

Ш о р э. ХущIэмыхьэми, псори къигъанэу унагъуэм я хъыджэбзыр хьэщIэхэм япежьэн хуейщ.

Т у б а л (*къыпыгуфIыкIыурэ*). Абы щхьэкIэ уигу хыумыгъэщI, си къуэш. Уэри сэри дымыщIэ гуэрым пщащэр игъэгумэщIэнкIэ мэхъу.

Ш о р э. Тхьэми идэну, ди хабзэми къезэгъыну щхьэусыгъуэ гуэр щыIэн хуейкъым. Апхуэдэ щыIатэмэ, сэ сщIэнт. (*ТIэкIу зэрыгузавэр пщIэуэ бжэмкIэ маплъэ.*) Хъунщ, апхуэдизу Iуэхушхуэкъым ар! Фынеблагъэ унэмкIэ!

Т у б а л. Дунейри дахэ дыдэщ, фи пщIантIэри аращ. Моуэ дыщысмэ, сыт ягъэ кIын?!

Ш о р э. Ар хъун, зи унагъуэр бэгъуэн! УнэмкIэ фынеблагъэ!

Т у б а л (*Чэрэс зыхуигъазэурэ*). Гуащэм и жагъуэ имыщIынумэ...

Ч э р э с. Тхьэм щхьэкIэ! Фэ фызэрыфIэфIщ, сэ фэ жыфIам сыт хэслъхьэжын?! (*ХьэщIэхэр арэзыуэ къыпогуфIыкI.*) Сэ хуит сыфщIмэ, си Iуэху и ужь сихьэжынщ.

Т у б а л. Къытхуэгъэгъу, гуащэ, удгъэпIейтеящ.

Ч э р э с и щIыб хьэщIэхэм къахуимыгъазэу икIуэтурэ сценэм йокIыж. Шорэрэ Тубалрэ мэтIыс. ИужькIэ, зэрахуэфащэкIэ, Нэрхьэкъуэ Идар, Хьэжыкъуэ Зэиж, Жыкъуэ Дэгу сымэ мэтIыс. ТетIысхьэпIэхэр куэд хъуми, ныбжьыщIэхэр тIысхэркъым. Ахэр тIэкIу пыIукIуэтауэ нэхъыжьхэм я щIыб къыдоувэ. Гупыр тIыса къудейуэ П э н у къыIуохьэ, Нэбзии абдеж щытщ.

Ш о р э (*Джэныкъуэ Тубал зыхуигъазэурэ*). Мыбыхэм уэ узихэтыр ящIэ, ауэ уэ езыхэр пцIыхуркъым. Мыхэр си гъунэгъущ, си Iыхьлыщ, пщIэмэ, си гуапэщ.

Т у б а л. Дэгъуэ дыдэщ. Ди зэIущIэм фIы тхьэм къытхудигъакIуэ. УзэрыщIэныр, узэкIэлъыкIуэныр езыр уасэ зимыIэ мылъкушхуэщ!

Ш о р э. Мыр Хьэжыкъуэ Зэижщ, си гъунэгъущ икIи си благъэщ. Мыдрейр Нэрхьэкъуэ Идарщ, адэкIэ къыщысыр Жыкъуэхэ ейщ, и цIэр Дэгущ. ДызэрызэIыхьлым къыдэкIуэу икIи дызэныбжьэгъущ, фIыуэ дызэролъагъу.

Т у б а л. Ар фIыкъэ-тIэ, Шорэ! Фи ныбжьэгъугъэр Тхьэм кIыхь ищI!

Ш о р э (*зрегъэзэкIри Iэжэ Iэ хуещI*). Мыр Зэиж и щIалэщ, Iэжэщ и цIэр. Мыхэри (*адрей щIалэхэр зыбгъэдешэ*) уэркъ щIалэхэщ – Жамбэч, Мэт.

Т у б а л. Хъарзынэщ. НасыпыфIэ Тхьэм ищIхэ! *(И псалъэр зэпегъэури тIэкIурэ щыму щыта нэужь, къыпыгуфIыкIыурэ, и къуэм Iэ хуещI.)* Фэри мыр фцIыхуну сыхуейт!

Ш о р э. Дыщымыуэмэ, къэтщIа хуэдэщ ар хэтми – уи щIалэращ, пэжкъэ? *(Абы и жэуапу Тубал и щхьэр ещI.)* Лъытэныгъэшхуэ къытхуэфщIу ди унагъуэ фыкъыихьащи, абы хущIемыгъуэжын Тхьэм фищI, ди зэрыцIыхуныгъэм Тхьэм фIы къытхудигъакIуэ.

Т у б а л. Упсэу, Шорэ, акъылэгъу сыбдохъу. Дэ лъагъуэ къыхэтшащ, ар гъуэгу хъунумэ, иджы хуитыр фэращ.

Ш о р э. Тхьэм жиIэмэ, хэдгъэгъуэщэжынкъым дэри а лъагъуэр.

Н э р х ь э к ъ у э И д а р. Гъуэгур къывэхьэлъэкIа?

Т у б а л. КъыдэхьэлъэкIакъым. Сэ си щIалэгъуэм куэд къызэхэскIухьащ. Шапсыгъхэм я хэгъуэгуми сыщыIащ, Псыжь и бгъуитIми къыщыскIухьащ, Кърымми сынэсащ. Шэшэнхэми осетинхэми мызэ-мытIэу срахьэщIащ. Уи ныбжь щыхэкIуатэкIэ, уи жьэгу куэдрэ пхуэмыбгынэж уохъу. ИтIани шым сепсыхыжын слъэкIыркъым. Безрыкъуэ Шорэ и хъыбарыфI куэд зэхэсхырти, ар зэзгъэцIыхумэ сфIэигъуэу сыкъежьащ.

Ш о р э. Тхьэм уигъэпсэу, къуэш! Хуабжьу ди гуапэ хъуащ укъызэрытхуеблэгъар, дыбгъэлъэпIащ! *(Iэщ псэуалъэхэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ хэлъ бжэмкIэ Уэрдэн пщIантIэм къыдохьэ. Абы зыхуигъазэурэ.)* Уэрдэн, Iуэхухэр зэфIэвгъэкIа?

У э р д э н. Псори тэмэмщ, зиусхьэн! Ди хьэщIэхэм яшхэр зыхуей хуагъэзэну унафэ яхуэсщIащ. Я нэхъыфIым хуэдэу Iуэхур зэфIахынущ.

Ш о р э *(Тубал хуэгуфIэурэ)*. Уэрдэн хуэдэ Iуэхузехьэ уигъэлъыхъуэнщ, ди Iуэхутхьэбзащ Iэхэм ящхьэтетщ.

Т у б а л. Хъарзынэщ, уеблэмэ фIы дыдэщ. Уи дзыхь зэбгъэз хъун защIэщ уи Iуэхутхьэбзащ Iэхэри, уи ны-

бжьэгъухэри, уи Іыхьлы-благъэхэри. Зы бынунагъуэм хуэдэу фызэхэтщ, лъытэныгъи къыпхуаІэщ икІи узыщыгугъ хъун защІэхэщ. Тхьэм фригъэфІакІуэ. УзэгурыІуэу уздэпсэун нэхъ лъапІэ щыІэкъым!

Ш о р э. Тхьэм уигъэпсэу! (*ГухэщІ тІэкІу зэриІэр къыхигъэщу погуфІыкІ.*) Ара щхьэкІэ сыгукъеуэншэ дыдэуи щыткъым сэ...

Т у б а л (*къыгурымыІуауэ*). Къэхъуа щыІэ, Шорэ? Дэ дыщымыгъуазэу зыгуэр...

Ш о р э (*зэрынэщхъейм хуэдэу*). ЩІалэ диІэну ди насып къихьакъым.

Т у б а л (*къэгушхуэжауэ*). Абы щхьэкІэ уигу хэбгъэщІ хъун-тІэ?! Пхъу уиІэу жыпІаи?!

Ш о р э. НтІэ, зы хъыджэбз диІэщ.

Т у б а л. Адрей лъэпкъхэм хуэдэукъым дэ бзылъхугъэхэм дазэрыхущытыр, Шорэ, дэ ахэр щауэм я нэхъ хахуэм, лІым я нэхъ Іущым япыдощІ. Ар зыщыбгъэгъупщэ хуэдэу къысфІощІ!

Ш о р э. Ари пэжщ.

Т у б а л. ЛІакъуэлІэшым къыхэкІауэ малъхъэ дэгъуэ бгъуэтынщи, уи къуэ хуэдэу...

Ш о р э (*еплъыхыурэ*). Си гур фІы къысхуэпщІащи, Тхьэм уигъэпсэу бжызоІэ, Тубал! (*И псалъэр зэпегъэури, тІэкІурэ хэгупсысыхьа нэужь.*) Сэ мы дунейм сытезыгъэтри си дуней фІыгъуэри аращ. Ар къызэзыта Тхьэшхуэм си къэкІуэнури ещІэри, къытхуищІ унафэмкІэ дыарэзыщ.

Т у б а л. Ар шэч къызытумыхьэжын пэжщ. Тхьэм къытхуигъэфащэрщ дэтхэнэми къытлъысыр. ИтІани нэхъыбэм, нэхъыфІым дыщІохъуэпс. Сыт пщІэн, апхуэдэу къигъэщІащ цІыхур.

Ш о р э (*дыхьэшхыурэ*). Пэж дыдэщ.

Х ь э ж ы к ъ у э З э и ж. Нэхъ насыпышхуэр лъагъуныгъэрэ пэжыгъэрэ ди зэхуаку дэлъынырщ. Дызэкъуэту, дызэдэІуэжу дызэрыпсэумкІэ фІыщІэ нэхъыбэр зылъысыр дипщ Безрыкъуэщ.

Н э р х ь э к ъ у э И д а р. Пэжщ, езыми пщІэ къытхуещІ, дэри зыхудегъэщІ. Лъытэныгъэшхуэ хэлъщ, ди щІалэхэми апхуэдэу къахущытщ.

Ш о р э (*къыхужаІэхэр зэрызыхищІэр къигъэлъагъуэу*). Хъунщ, си къуэшхэ! Тхьэм фигъэпсэу, апхуэдиз сэ къэзлэжьыркъым! Тхьэр арэзы къыфхухъу, хьэщІэхэм я пащхьэ сыщывмыгъэукІытэ...

Т у б а л. Ягъэ кІынкъым, тхьэмадэхэм я гум илъыр къаІуатэу аращ.

Абы ирихьэлIэу бжэр зэIуахри фоупс зэрыт шынакъхэр иIыгъыу П э н у къыщIокI. Безрыкъуэ Шорэ ар щилъагъум, къэуIэбжьауэ, Пэну йоплъ. Абы игъэщтауэ Пэну къызэтоувыIэж.

Ш о р э. Къафэ дэнэ щыIэ? Ди хьэщIэхэм япежьэн, хабзэ езыхын хуейр аратэкъэ?

П э н у. Къафэ згъэгукъыдэмыж, зиусхьэн!

Ш о р э. КъыщIэмыкIыфын хуэдизу сымаджэ? И Iуэху зэфIэкIмэ, къыщIэкIыу хьэщIэхэм фIэхъус ярихыну схужеIэж!

П э н у. Хъунщ, зиусхьэн!

Пэну шынакъхэр зытет тепщэчышхуэр Тубал ирехьэлIэ.

Т у б а л *(шынакъыр къищтэурэ)*. Пщащэр сымаджэмэ, тхьэм щхьэкIэ, фымыгъэгумэщI!

Ш о р э *(гукъыдэжыншэу)*. Къахуеблэгъа хьэщIэхэм къыщIэкIыу фIэхъус яримыхыну къэбэрдей хъыджэбзым хуэфащэкъым. Ар хузэфIэмыкIыжмэ, сымаджэкъым, атIэ мыпсэужу аращ.

Т у б а л. Си къуэшышхуэ Шорэ, апхуэдиз хэлъкъым абы, уигу хыумыгъэщIыну сынолъэIу.

Ш о р э. Си пщащэ дыдэрами, хабзэ зезымыхьэм хуэзгъэгъун слъэкIынукъым...

Т у б а л. Зэ укъытримыч, къуэш! Моуэ иджы дыдэм уи пщащэри къыщIэкIынщ.

Пэну нэхъыжьхэм я ужькIэ, фоупс зэрыт шынакъхэр щIалэхэм ябгъэдехьэ, ауэ абыхэм Iахын ядэркъым.

Ш о р э. Плъагъуркъэ, къуэш! НыбжьэщIэхэм ди пащхьэ фоупс щрафыну кърагъэкIуркъым. Къафэ ахэр хьэщIэщымкIэ иригъэблагъэу игъэхьэщIэн хуеятэкъэ?!

П э н у. Иджыпсту сыкъеджэнщ, зиусхьэн!

П э н у унэм щIохьэж, Нэбзий абы кIэлъоплъ.

Н э р х ь э к ъ у э И д а р (*фоупсым еIубурэ*). НтIэ, ди хьэщIэ лъапIэ, сытым нэхъ удихьэхрэ? ЩэкIуэныр фIыуэ плъагъурэ?

Т у б а л. Зыхэслъхьэ щыIэкъым!

Н э р х ь э к ъ у э И д а р. Махуэ зыбжанэкIэ фытхуэхьэщIэмэ, щакIуи дызэдэкIуэнщ.

Т у б а л. Тхьэм уигъэпсэу! Iэмал имыIэу дызэдэкIуэнщ щакIуи. Ауэ мы зы гъуэгукIэ хъуну къыщIэкIынукъым, гъуэгу дытехьэжын хуейщ. Фэ фынытхуеблагъэмэ, хуабжьу ди гуапэ хъунщ!

Н э р х ь э к ъ у э  И д а р. Безрыкъуэ дяпэ итмэ, зикI фи дежкIи нэдунэтIынщ.

Х ь э ж ы к ъ у э  З э и ж р э  Ж ы к ъ у э  Д э г у р э (*зыжьэу*). Iэмал имыIэу!

Безрыкъуэ Шорэ фIэмыфIыщэу къыпогуфIыкI.

Т у б а л. Фэри зэрыфщIэщи, жьы хуегъэзэкI хъуахэм я щIалэгъуэм ялъэгъуахэмрэ ягъэхъахэмрэ егъэлеиныгъэ тIэкIу хэлъу къыщаIуэтэж щыIэщ. (*И псалъэр зэпегъэури тIэкIурэ щысщ.*) Апхуэдэу къызыщывмыгъэхъу, ауэ сыщыщIалэм щыгъуэ ди мэзхэмрэ псыхъуэхэмрэ схуримыкъужу щIыпIэ пхыдзахэм сыкIуэурэ сыщыщакIуэу щытащ. Тэрч и адрыщIыр зэщIэзгъэхьэрт. Нэхъыбэм си закъуэут щакIуэ сызэрыкIуэр, си ныбжьэгъухэм зафIэзгъэпщкIурти, сежьэрт. НэгъуэщI лъахэхэми сыкъыщыхутэрт, хамэ лъэпкъхэми сахыхьэрт. Сату IуэхукIэ сащыхуэкIуи къэхъурт. Апхуэдэурэ Индыл, Тэн псы Iуфэхэми сынэсырт. (*КъыпогуфIыкI.*) А зекIуэхэм шынагъуэ пымылъыуи щыттэкъым. Зэгуэрым тыргъутхэм саубыдри пщылIым хуэдэу сащэ пэтащ. Сызубыда гупым и Iэтащхьэм, ажэ жьакIэ хъужауэ, Iэхъулъэхъу силъу махуэ зыбжанэкIэ сыкъришэкIащ, сызрищэн имыгъуэту. Ауэ, дауэ хъуми, сыкъыкIэщIэкIуэсыкIыжащ. Тезгъэзэжри апхуэдиз хьэзаб сэзыгъэшэчам къызищIар хуэзгъэгъуакъым. Иджы-ы-ы, дауи, апхуэдэ къаруи зэфIэкIи диIэжкъым, деплIэкIуащ. ЩэкIуэн IуэхукIи жыжьэ сыIукIыжыфыркъым, Iэгъуэблагъэхэм си зэш щытезгъэууэ аращ.

Ж ы к ъ у э  Д э г у. УщыщэкIуэнкIи къэпщэкIункIи ди мэзхэр бейщ. Ахэр уэдгъэлъагъуну, уи нэгу зедгъэужьыну дыхуеят.

Т у б а л. Тхьэм къыдигъэхъулIэмэ, иужькIэ дызэдэщэкIуэнщ. А Iуэхум нэхъ тегъэпсыхьауэ сыкъэкIуэнщ.

К ъ а ф э унэм къыщIокI. И плIэм шылэхъар дахэ ипхъуащ, и щхьэм данэпс пIащIэ къытелъщ. Гукъыдэжыншэщ. П э н у р э  Н а б з и й р э пщым и пхъум и ужь иту дэкIуеипIэм къох. Хъыджэбзхэр къызэрыщIэкIам щIалэхэми гу лъатащ, абыкIи загъэзащ.

Т у б а л. Мисри, уи хъыджэбзыр къокIуэри. *(Адрей щысхэри къотэдж.)*

Ш о р э. А, си хъыдэз, апхуэдэу-тIэ хьэщIэхэр къызэрырагъэблагъэр? Унэм ис нэхъыжьхэм хуэдэщ уи Iуэху зехьэкIэр. Уэ езым пщIэн хуейр хьэщIэхэм къыпхуащIэ: къыпхуотэдж, укърагъэблагъэ!

Къафэ дэкIуеипIэм къохри хьэщIэхэм лъэбакъуэ зыбжанэкIэ япэIэщIэу къоувыIэ. Абы Пэнурэ Набзийрэ бгъэдоувэж.

К ъ а ф э *(и напIэр ерагъкIэ къеIэтри).* Фыкъеблагъэ!

Ш о р э. Си пхъур къысхуэцIыхужыркъым... Моуэ мы ди хьэщIэ лъапIэхэм уакъыхэплъэркъэ!

Т у б а л. Шорэ, тхьэм щхьэкIэ, уигу хыумыгъэщI. Бзаджагъэм къыхиккъым ар. Ирикъунщ, фIэхъус къыдихащ.

Ш о р э. Дыгъуасэ пкIатэлъатэу, дунейр хуримыкъуу щытам къыщыщIар къысхуэщIэркъым – мывэ сыным хуэдэу жащ. КъысхуэцIыхужыркъым си пхъур!..

Т у б а л. Шорэ, тхьэм щхьэкIэ, хъийм уимыкI, къэхъуа щыIэкъым.

Ш о р э. Къафэ, мыхэр плъагъуркъэ? Уи ныбжьэгъу псори къэкIуаи! Ахэр егъэблагъэ унэмкIэ!

Адэм и псалъэхэр зэрызэпыууэ, К ъ а ф э зегъазэри хуэмурэ дэкIуеипIэм дэкIуеижу хуожьэ. Пэнурэ Набзийрэ ящIэнур ямыщIэу утыкум къонэ.

Ш о р э. Къафэ, жысIэр зэхэпхыркъэ? *(Къафэ къызэмыплъэкIыу унэм щIохьэж.)* Тхьэр зэуар сэращ. Сыт сщIэнур? А зым фIэкI сыщимыIэми... КъызгурыIуэркъым къыщыщIар?..

Джэныкъуэ Тубали адрей хьэщIэхэри мэтIысыж. П э н у р э Н а б з и й р э, гузавэу, дэкIуеипIэм дожеижхэри унэм щIохьэжхэр.

Т у б а л *(илъэгъуар и гум щIыхьауэ).* Шорэ, сынолъэIу апхуэдизу уи гур умыухыжыну! НыбжьыщIэхэм апхуэдэ Iуэху къащылъыкъуэкI щыIэщ. Умыгузавэ, псори тэмэм хъужынщ.

Ш о р э. Хэт Къафэ апхуэдэу зылъэгъуар? Идар, Зэиж, жыфIэ фэ си пхъур апхуэдэу зэгуэр флъэгъуарэ фымылъэгъуарэ?! *(Iэжэ зыхуегъазэ.)* Iэжэ, си щIалэ, сыт Къафэ къыщыщIар?

I э ж э. Сыщыгъуазэкъым, зиусхьэн!

Т у б а л. Сыту щытми, хъыджэбзыр зыгъэгумэщI гуэр щыIэщ.

Ш о р э. Ар сытми, сэ сщIэн хуейщ! Абы игу хэзыгъэщIым Iэзэгъуэ гуэр имыIэу щыткъым.

Т у б а л. Апхуэдэу умыукъуэдий, Шорэ! Хъыджэбзым игу щыщIэ псори уэ пщIэн плъэкIынкъым. Езым ар уигъэщIэну хуеямэ, куэд щIат къызэрыбжиIэрэ.

Ш о р э. КъызгурыIуэркъым абыкIэ жыпIэну узыхуейр!

Т у б а л. Уэ пщIэн хуэмей гуэру щытынкIэ хъунукъэ хъыджэбзыр зыгъэпIейтейр?

Ш о р э. Къафэ и адэм зыгуэр щиубзыщIуи?! Иджыри къэс апхуэдэу щытакъым.

Т у б а л. Абы щхьэкIэ йомыгъэз уи хъыджэбзыр, Шорэ. И чэзу къэсмэ, нобэ фыщIэгузавэр къэфщIэнщ. Хъыджэбзым и щэху псор дэ тщIэн хуейуэ щыткъым. Къафэ фипхъу закъуэщ, зыпэфщI щымыIэу фIыуэ зэрыфлъагъури гурыIуэгъуэщ. Къэнэжращи, фи дзыхь евгъэзи, фежьэ езым зыкъыщывигъэщIэнум.

Ш о р э. Алыхь, Алыхь! Мыпхуэдэ къэхъуауи яIуатэуи зэхэсхакъым! Си напэр трихащ...

Шорэ игу хэщIу йоплъых. Абы адрейхэри догузавэ. НыбжьыщIэхэм я щхьэр къахуэIэтыркъым.

Х ь э ж ы к ъ у э З э и ж *(Тубал зыхуигъазэурэ).* ЩIалэхэр я Iуэху я ужь ихьэжыну хуит тщIынщ. Хъунукъэ?

Т у б а л. Тхьэм щхьэкIэ, фызэрыхуейщ!

Х ь э ж ы к ъ у э З э и ж *(и къуэм зыхуегъазэ).* Iэжэ, уи ныбжьэгъухэр ди дежкIэ егъэблагъэ, вгъэхьэщIэ, я нэгу зевгъэужь!

I э ж э. Хъунщ, дядэ!

НыбжьыщIэхэр лъэбакъуэ зытIукIэ йокIуэтри, замыгъэIэуэлъэуащэурэ, пщIантIэм докIыж.

Ш о р э (*пщIантIэм дэкIыж щIалэхэм якIэлъыплъурэ*). Къысхуэвгъэгъу тхьэм щхьэкIэ! Езгъэлеящ, ныбжьэщIэхэм я пащхьэ жызмыIэпхъэ щыжысIащ.

Т у б а л. Ягъэ кIынкъым, абы щхьэкIэ умыгузавэ. Ахэр хамэкъым, дакъыгурыIуэнщ. Нэхъыжьхэм жаIэр зэхахмэ, дерс къыхахынщ.

Ш о р э (*къотэдж, нокIукI-къокIукI*). Насыпыншагъэ гуэркIэ Тхьэм сигъэунэхуну мурад ищIауэ къысщохъу.

Т у б а л. Шорэ, Тхьэм и деж нэмысын псалъэ жумыIэ!

Ш о р э (*гупым зыхуегъазэ*). Илъэс куэдкIэ щIалэ зиIэхэм сехъуапсэу сыпсэуащ. Ауэ си хъыджэбзыр псынщIэу зэрыхэхъуэм, дунейр тIэу пкIэгъуэ хуэмыхъуу къызэрыхъум, зэрынасыпыфIэм си гукъеуэр сщхьэщигъэкIуэтат. Пэжщ, жаIэ кIэух зимыIэ гуауи гуфIэгъуи зэрыщымыIэр. (*И псалъэр зэпегъэури, гукъеуэшхуэм хэту, и ныбжьэгъухэр къызэпеплъыхь.*) Иджы, мис, фэри фи нэгу щIэкIащ къэхъуар – сипхъу закъуэм

зыгуэр къыщыщIащ. И нэхэр ужьыхащ, гъащIэ лъэужьи къащIимыхыжу. Сэ насыпыншагъэ гуэр къыспоплъэ. Нэрымылъагъуу жин фIыцIэ си пхъум ипкъ хыхьащи, ар сIэщIихыну хэтщ.

Т у б а л. Тхьэм щхьэкIэ, мыхэр жумыIэ, Шорэ! АдыгэлIым хуэфащэкъым ар. Къысхуэгъэгъу, ауэ бзылъхугъэм хуэдэу уотхьэусыхэ! Ди напэм къемызэгъын гуэрщ мы пщIэр! СынолъэIу шыIэныгъэ зыхэбгъэлъыну!

Ш о р э. Уа, си къуэш, игъуэджэр езыр аракъэ! Сезэуэну, си лIыгъэр иризгъэунэхуну бий къыспэувыгъамэ, сэркIэ насыпышхуэт, мы къысщыщIам елъытауэ. ЗищIысыр къытхуэмыщIэ, дызэрезэуэну щIыкIэр къыдгурымыIуэ бийщ си гущIэр къызэзыгъэдзэкIыр. (*И пIэм ижыхьауэ зытэлайкIэ щыму щытщ.*) Къысхуэвгъэгъу, тхьэм щхьэкIэ! ФызгъэгумэщIащ, фэ сыт фи лажьэ, сэ си щхьэр си лажьэмэ...

Т у б а л. Дэ дыIуэхукъым, уэ уигу умыгъэкIуэд закъуэ! Моуэ къэтIыс зэ, дызэчэнджэщынщ, лIэныгъэм фIэкIа хэкIыпIэ гуэр зимыIэ щыIэкъым. ИтIанэ, нетIи жысIаи: пщащэм игу щыщIэ псор къэзылъхуа и адэанэ дыдэми къаримыгъэщIэнкIэ мэхъу.

Шорэ укIытауэ мэтIысыж. Абы и гур фIы хуащIыжыну, и гуауэр щхьэщахыну адрейхэр я ужь итщ: хэт игу къэкIыжа гуэр къеIуэтэж, хэти ауан, гушыIэ хуэдэхэр псалъэмакъым къыхедзэ. Гупыр зэрыгъэплъауэ мэуэршэр. Сценэр кIыфI мэхъу, Iупхъуэр зэхуащIыж.

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

Безрыкъуэ Шорэ и пщIантIэрщ. ПщIантIэм дэт Iэнэм К ъ а ф э р э и ныбжьэгъу пщащэхэмрэ бгъэдэсщ. Къафэ Т а у х ъ а н къыбгъурысщ, адрейхэр Iэнэм тIэкIу пыIукIуэтауэ къыщыт тетIысхьэпIэм тесхэщ.

### Япэ теплъэгъуэ

Хъыджэбзхэр мэуэршэр. И ныбжьэгъу псалъэрейхэм еплъу зыри жимыIэу Къафэ щысщ.

Т а у х ъ а н. Мыбдеж дыкъызэрытIысрэ зы псалъэ закъуэ уи жьэм къыжьэдэкIакъым, Къафэ! Сыт телъыджэ ар! ЗыгуэркIэ уигу зэдгъэбгъа?

К ъ а ф э (*«хьэуэ» къригъэкIыу и щхьэр ещI*).

Т а у х ъ а н (*къотэджри щысхэм я щIыбагъ къыдо-*

*хьэ*). ТIэкIу ебгъэлейуэ къыпщыхъужыркъэ иджы, дахэ?! Сыт-на мы зэрызыкъытхуэпщIым къикIыр? Дыгъуасэ амкIыщIэм хуэдэу псалъэу, дыхьэшхыу щытар нобэ бзагуэ хъуащ.

Г у н а й. УзыгъэгумэщIыр сыт, Къафэ? Щхьэж хулъэкIымкIэ зыпщIэдгъэкъуэну дыхьэзырщ. Ди хьэдрыхэ щэхущ, дунейм къытедгъэхьэнкъым. Ухуеймэ, тхьэ пхуэтIуэнщ. (*Адрей пщащэхэм захуегъазэ.*) Хъункъэ, хъыджэбзхэ?

Т а у х ъ а н. Аращ, псалъэ быдэ удот!

Г у н а й. Хьатыш, уэри Зани фыарэзы?

Х ь а т ы ш р э З а н э р э. Дыарэзыщ.

Г у н а й (*Таухъан зыхуигъазэурэ*). Таухъан, уэри уи дэлъху нэхъыжь Iэжэ зы псалъэ жепIэжынкъым.

Т а у х ъ а н. Абы щхьэ шэч къытепхьэрэ, Гунай?

Г у н а й. Зэхэпхакъэ, Къафэ? ФIыуэ дыкъэплъагъур пэжмэ, къыджеIэ уи псэр зыгъэхыщIэр сытми! Дызэгъусэу хэкIыпIэ гуэр къэтлъыхъуэнщ!

К ъ а ф э (*«апхуэдэ Iуэху сыхэткъым» кърикъэкIыу и щхьэр ещI*).

Т а у х ъ а н. КъыдгурыIуащ. Иджы укъыдэпсэлъэнуи уи щхьэ теплъхьэжыркъым. Безрыкъуэпщым и пхъур пагэ ухъуащ, дыкъызупэсыжыркъым! Ауэ зэгъащIэ, дахэ, дэри зыгуэрым дыкъыкIэрыхуауэ пабжьэм дыкъызэрыщамыгъуэтар, адыгэ лIакъуэлIэш нэхъ цIэрыIуэхэм дазэрыщыщыр…

К ъ а ф э *(Таухъан еплъурэ, абы жиIэхэр зэрымыпэжыр кърикъэкIыу, и щхьэр егъэсыс).*

Т а у х ъ а н. АтIэ, сыт уи бзэр щIиубыдар? Хуэш хыхьа уи бзэгум?

К ъ а ф э (*«хьэуэ» кърикъэкIыу и щхьэр егъэкIэрахъуэ*).

Т а у х ъ а н. Фи фIэщ зэрыхъун си щхьэр зэтрихуамэ Къафэ и Iуэхум! Зыхуэзмыхь щыIэкъым мыбы къыщыщIар!

Г у н а й. Къафэ, зыгуэр фIыуэ плъэгъуауэ жыпIэн ушынэу е уукIытэу ара?

Т а у х ъ а н. Нэрхьэкъуэ Къамбот?

К ъ а ф э (*псынщIэу къыдоплъейри губжь къызыщIыхьа и нэхэр Таухъан треубыдэ*).

Т а у х ъ а н. КIуэ, хъунщ, къызгурыIуащ: Къамбот фIыуэ плъагъужыркъым. Ар сэ къысхуэбгъэнэжащ…

Г у н а й. Къэгъанэ, кхъыIэ, Таухъан! УщыгушыIэн хуейр пщIэжу щыт!

Т а у х ъ а н. Иджы дыдэ Джылахъстэнейм и пщы цIэрыIуэ Джэныкъуэ Тубал къыфхуеблэгъащ, и къуэр

и гъусэу. И цIэр Темырщ, хуабжьу щIалэ къекIуу жаIэ. ЗэрызэхэсхамкIэ, и цIэри осетинхэм къыфIащащ. Абыхэм я лъэпкъ хьэлу, фи адэхэр зэпсэлъэху захуабзэу зэфIэту ящхьэщытащ. Ауэ уэ уи напIэр къэпIэту зэ нэхъ мыхъуми абы уеплъакъым. Ахэр къыщIэкIуар уэ узрагъэлъагъуну арат.

К ъ а ф э (*губжьауэ аргуэру Таухъан йоплъ*).

Г у н а й (*Таухъан зыхуигъазэурэ*). СогушыIэ жыпIэурэ, Къафи дэри ди шыIэныгъэр бухащ.

Т а у х ъ а н. Пэжыр жыпIэмэ, пщым ипхъуми фэри тIэкIу зывтезгъэхьэлъащ, къысхуэвгъэгъу!

К ъ а ф э (*арэзы хъуауэ, къыпогуфIыкI*).

Т а у х ъ а н. Телъыджэщ ди нэгу щIэкIыр! Ди пщым и пхъур нэкIэ къыдопсалъэ, къыдгурымыIуэ къыхэкIмэ, и щхьэр ищIурэ ирырегъэкъуж, ауэ и бзэр иубыдащ. Иджы дыхуейщ и макъ зэхэтхыну! (*Пщащэхэр мэдыхьэшх.*)

К ъ а ф э (*къызэрыщыдыхьэшхыр ифIэфI зэрымыхъур къригъэлъагъуэу псоми гъуэрыгъуэурэ йоплъ*).

Т а у х ъ а н (*къокIуэри Къафэ къыбгъэдотIысхьэ*). Уэ зы цIыкIу къоузкъым, гукъеуэ лъэпкъи уиIэкъым. Уэ зыгуэрхэр уоущэху, ауэ наIуэ хъунщ – зэманым сэтей къимыщI щыIэкъым. (*Къотэджри адрей пщащэхэм ябгъэдохьэж, итIанэ Къафэ зыкъыхуегъазэ.*) Мы уи щытыкIэм уи адэ-анэр егъэгузавэ, япхъу закъуэм къыщыщIар къахуэмыщIэу бампIэм ехь.

К ъ а ф э (*къотэджри Таухъан жиIэхэмкIэ зэрымыарэзыр къигъэлъагъуэу абы йоплъ, итIанэ зегъазэри унэм щIыхьэжыну йожьэж*).

Т а у х ъ а н. Щхьэ феплъын Безрыкъуэпщым ипхъу закъуэм! Псори дыкъызэхинауэ езыр унэм щIолъэдэж! Хэт илъэгъуа апхуэдэ?!

К ъ а ф э къызэплъэкIыркъым икIи зыри жиIэркъым. Ар псынщIэу дэкIуеипIэмкIэ докIуейри унэм щIохьэж.

Г у н а й. Дапщэрэ бжесIа зэребгъэлейр! Игу хэбгъэщIащ хъыджэбз тхьэмыщкIэм!

Т а у х ъ а н. Сэ жысIэр сымыщIэжу сыщыткъым. ДахэкIэ щымыхъум, къэзгъэгубжьу зыгуэр жезгъэIэну сыхуежьати, ари къызэхъулIакъым. Пэж дыдэу, Къафэ зыгуэр къыщыщIащ.

Г у н а й (*къотэджыж*). Зыри къызгурыIуэкъым. Зыгуэр фIыщэу илъэгъуащ, хьэщыкъ хуэхъуащ жытIэнущи, абы щыгъуи мыпхуэдэу зыпщIын хуей? Фэри фощIэж Нэрхьэкъуэ Къамбот зэрыхущытар. Ар илъэ-

гъуамэ, занщIэу и гукъыдэжыр къэкIуэжырт. Махуэ зыбжанэ ипэкIэ зэIущIати, епсэлъэн дэнэ къэна, уеблэмэ еплъыххакъым.

Х ь а т ы ш. Бзаджэнаджэ зэран къыхуэхъуауэ пIэрэтIэ? Зыгуэрым хьэпэщыпхэ хуригъэщIагъэнри хэлъщ...

Г у н а й. УвыIэ, кхъыIэ, сыт жыпIэми хъуну уи гугъэжрэ?

З а н э. Пэжыр жыпIэмэ, сэри абы сегупсысащ: Къафэ шейтIан е жин фIыцIэ зэран къыхуэмыхъуауэ шэсыпIэ фихьэфыну фэ?

Т а у х ъ а н. Зы цIыкIуи къыщыщIакъым, шейтIани къегуэуакъым. И нэхэр флъагъуакъэ: мэлыд, мэцIу...

Хьатышрэ Занэрэ мэдыхьэшх.

Г у н а й. Хьэуэ, хьэуэ, жин Iэужькъым ар зыгъэпIейтейр. Мыбы нэгъуэщI зыгуэр щыщыIэщ. И сэфэтым итыжкъым тхьэмыщкIэр: шхэжкъым икIи ефэжкъым. И пэшым зыщIиубыдэжауэ, мыпсалъэу икIи мыбауэу щIэсщ. Япэрей Къафэм щыщ къыхэнэжакъым.

Х ь а т ы ш. Пэж мыгъуэщ...

Т а у х ъ а н. Сэ апхуэдэхэр си тхьэкIумэ изгъэхьэркъым. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, зыгъэгумэщI гуэри иIэкъым абы – ерыщ екIуауэ station. Хьилэшыгъэ зыхэлъ Iуэху гуэр и щхьэм ирилъхьащ. Ауэ, пэжыр жыпIэмэ, къэсщIэну сыхуейт абы мурад ищIар зищIысыр.

З а н э. Сыт апхуэдэу гурыщхъуэ уэзыгъэщIыр?

Т а у х ъ а н. Къафэ зыхуэдэр фымыщIэж нэхъей, ар сыт щIэупщIэкIэ? Зигъэпагэу, зигъэтIатIэу къытхэтащ, гушыIэ зригъэщIурэ, зэзэмызи ди жагъуэ къищIу.

Г у н а й. ЩIумыгъатхъэт иджы! Сыт гушыIэ, сыт жагъуэ зи гугъу пщIыр? Сэ къысхуэщIэжыркъым апхуэдэ къэхъуауэ! Нэхъыжьи нэхъыщIи жимыIэу, уеблэмэ и адэ дыдэми апхуэдэу дэгушыIэ уи гугъэрэ?

Т а у х ъ а н. Езы Безрыкъуэ хьэл-щэн Iуэху къыхэмыхуэ закъуэмэ, адрей псори идэнущ.

Хъыджэбзэхэр мэдыхьэшх.

Г у н а й. Дэ тхуэдэ гуэркъэ «удэфащ» жыхуаIэр?! Едгъэлеищауэ си гугъэщ!

Унэбжэр къыIуехри Ч э р э с къыщIокI. Гукъыдэжыншэщ. Ар щалъагъум, Хьатышрэ Занэрэ къотэдж.

Ч э р э с (*пщащэхэм къахохьэ*). ПщIантIэм фи закъуэу фыкъыдинащ, аракъэ?

Г у н а й. Iуэхукъым, дэ хамэу зытлъытэжыркъым.

Ч э р э с. Фыпсэу! ФытIысыжхэ!..

Г у н а й *(тIысыпIэмкIэ и Iэр ишийурэ)*. Моуэ мыбыкIэ къакIуэ! *(МэтIыс.)*

Т а у х ъ а н. Гуащэ, сыт дымыщIами, Къафэ тхуэгъэпсэлъакъым.

Ч э р э с. Зыри фхужиIакъым, аракъэ?

Т а у х ъ а н. ДахэкIэ и ужь сихьам, къэзгъэгубжьынщи, зыгуэр жезгъэIэнщ жысIэри сыхуежьам, ауэ зыри къикIакъым.

Ч э р э с. СщIэнури жысIэнури схузэхуэгъэкIуэжыркъым. Зи щхьэм бжьэ еуам сыхуэдэщ. И адэми зытет щIыр илъагъужыркъым. Дыгъуасэ «щакIуэ сокIуэ» жиIэри дэкIащи, иджыри къыздэсым къекIуэлIэжакъым.

Т а у х ъ а н. И закъуэуи?

Ч э р э с. Хьэуэ, Уэрдэн и гъусэщ. IуэхутхьэбзащIэ щIалэхэм ящыщ здишэну селъэIуати, идакъым. ЛIыжьитIым сыти къащэкIун, и щхьэр дихащ пщIантIэм армыхъумэ... (*Пэну унэм къыщIокI.*) Пэну, хъыджэбзхэр зэдзэкъэн гуэр къахуэхь. Кхъуейжьапхъэр хьэзыр хъуа си гугъэщ.

П э н у. Иджыпсту, гуащэ!

Ч э р э с *(Пэну кIэлъыплъурэ)*. Пэну зыгуэр ещIэ, ауэ къытщебзыщI. Си гум апхуэдэу жеIэ.

Т а у х ъ а н. Ухуеймэ, аргуэру зэ сепсэлъэжынщ.

Ч э р э с. Мыхьэнэ иIэкъым. Уэри зыри къыбжиIэнукъым абы. Пэнурэ Къафэрэ фIыуэ зэгуроIуэхэр, я щэхуи ябзыщIыф.

Т а у х ъ а н. Пэжщ. Пэну Къафэ нэхъ и ныбжьэгъу дыдэщ. Абы зыгуэр зэрищIэм шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым.

Ч э р э с. Ара щхьэкIэ зы псалъэ къыжьэдэпшыфынукъым. Езыри гумахэ цIыкIущи, хэзгъэзыхьыфыркъым, сфIэпсэкIуэд мэхъу.

Г у н а й. Нэбзий-щэ?

Ч э р э с. Куэдрэ я гъусэ щхьэкIэ, апхуэдэу гъунэгъу зыкъыхуащIыркъым. Нэбзий нэгъуэщIщ – ар хьэрэмагъ лъэпкъ зигу къэмыкI цIыхущ. Iущ цIыкIуу, сытри ипхъуатэу щыткъым, кIэщIу жыпIэмэ апхуэдэ Iуэхухэм ар хуэхейщ.

Т а у х ъ а н. Нэбзий уепсэлъатэкъэ?

Ч э р э с. Сепсэлъат, ауэ абы зыри ищIэркъым. ИщIэу щытами хуэбзыщIынутэкъым, къэхэшэнут. Пэ-

ну апхуэдэкъым. Зыгуэр ищIэу зэрибзыщIым щхьэкIэ, и нэгу дахэ-дахэу сригъэплъэжыркъым. И гуэныхь къытесхми сщIэркъым, ауэ гурыщхъуэ сощI.

Т а у х ъ а н. Гуащэ, абы сызэрыщIэупщIэм щхьэкIэ емыкIу сыкъыумыщI, ауэ Къафэ игу хигъэщIын хуэдэу иужьрей махуэхэм фи унагъуэм псалъэмакъ къихъухьа?

Ч э р э с. Апхуэдэ лъэпкъ щыIакъым! Сэри ар сигу къэкIат, зыгуэркIэ Къафэ и жагъуэ тщIауэ пIэрэ жысIэри. ЗыIэзыбжьэу къэхъуа Iуэхущ мыр. Ди напэр мэс, ди щхьэ хуэдгъэфащэркъым, ауэ сыт тщIэн? Тхьэм апхуэдэу иухагъэнщ. (*Чэрэс и щхьэр иубыдыжауэ зыкъомрэ щытщ.*)

Т а у х ъ а н. Iэзэ хуэгъэплъамэ, мынэхъыфIу пIэрэ?

Ч э р э с (*нэщхъейуэ Таухъан йоплъ*). И адэм зэхихыну хуеиххэкъым Къафэ сымаджэу.

Х ь а т ы ш. Тхьэ, сэри Iэзэ хуэвгъэплъэн хуейуэ къысщохъум.

Ч э р э с. И адэм идэрэ? «Безрыкъуэ ипхъу закъуэм и щхьэр зэтесыжкъым» жаIэу жылэм ухахьэни!

Т а у х ъ а н. Къафэ хуэгъэзауэ апхуэдэу хэт жызыIэфынур?!

Ч э р э с. ЗэкIэ зыми зыри жиIэркъым, ауэ апхуэдэу дяпэкIи Къафэр ялъагъумэ, хэт и жьэ бубыдынур?

Таухъан къотэджри нокIукI-къокIукI, итIанэ зыгуэр игу къызэрыкIар къапщIэу псынщIэу егъэзэжри мэтIысыж.

Т а у х ъ а н. Чэрэс, зы гупсысэ гуэр си щхьэм къихьащи...

Ч э р э с. Сыт гупсысэ?

Т а у х ъ а н. Джэгу дывгъэщI. Къафэ бысым хъыджэбзщи, джэгум хэтын хуейщ. Абы зэ къыхэтшэмэ, хэт ищIэрэ гукъыдэж игъуэтыжынкIи хъунщ.

Ч э р э с. Гупсысэ дахэщ.

Т а у х ъ а н. Хуит сыфщIмэ, си дэлъху Iэжэ сепсэлъылIэнщи, селъэIунщ имыгъэгувэу щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ зэхуишэсыну.

Ч э р э с. ФIы дыдэщ. ФщIы апхуэдэу, си хъыджэбзхэ!

Абы хэту шейщIэтхэр иIыгъыу П э н у унэм къыщIокI. Ахэр пщащэхэм ярет. Сценэр кIыфI мэхъу.

## ЕтIуанэ теплъэгъуэ

Куэд дэмыкIыу кIыфIым къыхэIукIыу щIедзэ Къафэ игу ирихь макъамэр. Сценэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр нэху къохъу. Абы къыхохьэ К ъ а ф э. Пщым и пхъум и ужь итщ П э н у. Ар нэхумрэ кIыфIымрэ я нэзым деж къыщызэтоувыIэ.

К ъ а ф э (*макъамэр къыздиIукI лъэныкъуэмкIэ зишийурэ мэдаIуэ*). Ихъуреягъым цIыхупсэ щыдымкъым, сыту фIыт!

П э н у. ЖысIакъэ, псори псыхъуэм зэрыхьащ. Абы щекIуэкIыну шыгъажэм еплъыну мыкIуар зы закъуэщ!

К ъ а ф э. Хэт ар?

П э н у. Жэнэкъуэрщ, фи Iэхъуэрщ.

К ъ а ф э (*Пэну дежкIэ зыкъегъазэри и нэщхъыр къыхузэхеукIэ*). Иджыри банэ си гум къыхэпIуу ара?

П э н у (*шынауэ зы лъэбакъуэкIэ йокIуэтыж*). Хьэуэ! Сэ жысIэну сызыхуеяр ар шыгъажэм зэрымыкIуарщ. Къамылым епщэр щыаракIэ, гурыIуэгъуэкъэ Жэнэкъуэр абы зэрыщымыIэр?!

К ъ а ф э. Макъамэр сэри зэхызох, езы Жэнэкъуэри солъагъу.

П э н у (*Къафэ бгъэдохьэ*). Къысхуэгъэгъу, Къафэ, уи жагъуэ сщIащ.

К ъ а ф э (*макъамэр къыздиIукIымкIэ маплъэ*). Жэнэкъуэм къамылым къригъэкI макъамэм и цIэр къэсщIэну сыхуейт.

П э н у. Ар дауэ зэдгъэщIэну?

К ъ а ф э. Абы и закъуэкъым, а макъамэр зыхуиусами сыхуейщ.

П э н у. Дауэ?

К ъ а ф э. Жэнэкъуэм зыхуэзмыгъазэу хъунукъым.

П э н у (*къэгузэвауэ*). Жэнэкъуэми?! Зыгуэрым укъилъагъумэ...

К ъ а ф э. Зы цIыхуи мы щIыпIэм щымыIэу уэракъэ жызыIар?

П э н у (*къэгузэвауэ зеплъыхь*). ЖысIа щхьэкIэ, хэт ищIэрэ...

К ъ а ф э. Псори шыгъажэм кIуауэ жыпIакъэ?

П э н у. Мо Iуащхьэм Iэхъуэ Iулэ гуэрхэр къинамэ, жызоIэри... (*Зеплъыхь.*) Iэщыр щхьэрыутIыпщу къагъэнэн уи гугъэ?

К ъ а ф э. Уэ мыбдеж щыт! Сэ Жэнэкъуэм зыхуэзгъэзэнщ, зыгуэр къакIуэу плъагъумэ, хъыбар къэзгъащIэ!

П э н у (*и Iэхэр ешэщI, Къафэ имыгъэкIуэну, иубыдыну хэту*). СынолъэIу, къэувыIэ!..

Къафэ ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ макIуэ. Сценэр кIыфI мэхъу. ИужькIэ ижьырабгъумкIэ нэху къохъуж. Ж э н э к ъ у э р мывэм тесщ, къамылым епщэу. КIыфIым къыхокIри абы Къафэ къыбгъэдохьэ.

Ж э н э к ъ у э (*Къафэ къызэрилъагъуу, къэщтауэ къыщолъэт*). Мыр сыт, Къафэ?! Хэт къэплъыхъуэр?

К ъ а ф э. Мы макъамэм зэреджэр сыт? Аращ къэслъыхъуэр.

Ж э н э к ъ у э (*тIэкIурэ еплъыхыу щытщ, итIанэ и щхьэр къеIэтыж*). Абы сыткIэ ухуей уэ, Къафэ?

К ъ а ф э. Хэт макъамэр зыхуэгъэзар?

Ж э н э к ъ у э. Абыи ухуэныкъуэу къэслъытэркъым.

К ъ а ф э. Мы макъамэр уэр нэмыщI зыгъэзащIэ щыIэкъым. Абы фIэщыгъэцIэ гуэр имыIэнкIэ Iэмал иIэкъым! Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, ар зыгуэрым хуэбусащ.

Ж э н э к ъ у э (*укIытауэ еплъыхыу*). АрагъэнкIи хъунщ!

К ъ а ф э (*къыпогуфIыкI*). Дзыхь къысхуэпщIрэ къызжепIамэ, хуабжьу си гуапэ хъунт!

Ж э н э к ъ у э (*тIэкIу къызэрыгумэщIар къыхэщу*). Уи фIэщу жыпIэрэ?

К ъ а ф э. Абы шэч къытумыхьэ.

Ж э н э к ъ у э. БжесIэрэ, уи жагъуэ хъужмэ...

К ъ а ф э. Умыгузавэ абы щхьэкIэ.

Ж э н э к ъ у э. Ар уигу иримыхьынкIи хъунщ.

К ъ а ф э. Тхьэм щхьэкIэ апхуэдизу сызумыгъэлъэIу!

Ж э н э к ъ у э (*и щхьэр ехьэхауэ*). «Къафэ»!

К ъ а ф э. «Къафэ» жыпIа? Макъамэм си цIэр фIэпщауэ ара?

Ж э н э к ъ у э. Аращ.

К ъ а ф э. Сэра макъамэр зыхуэгъэзари?

Ж э н э к ъ у э (*ерагъкIэ къыдришейуэ*). Н-тIэ!

К ъ а ф э. Ар дауэ? Сэ уэ сыкъэпцIыхуркъым, сэри уэ усцIыхуркъым!

Ж э н э к ъ у э (*щэху дыдэу*). Сэ узоцIыху.

К ъ а ф э. Дауэ? Дэнэ?

Ж э н э к ъ у э. Ар жызмыIэми, хъунущ.

К ъ а ф э. Мы макъамэ дахэр сэр щхьэкIэ быусыныр сытым къыхэпха?

Ж э н э к ъ у э (*укIытауэ йоплъых. Зыри жиIэркъым*).

К ъ а ф э. СынолъэIу! Тхьэм щхьэкIэ, зыгуэр жыIэ!

Ж э н э к ъ у э *(Къафэ еплъурэ).* Уи цIэ дахэр игъащIэкIэ цIыхухэм я гум къинэн щхьэкIэ.

К ъ а ф э *(хьилэшагъ хэлъу).* НтIэ, сэр нэмыщI, нэгъуэщIхэми макъамэ яхузэхэплъхьэрэ?

Ж э н э к ъ у э. Хьэуэ!

К ъ а ф э. Апхуэдэ муради уиIэкъэ?

Ж э н э к ъ у э. ЗэкIэ сиIэкъым.

К ъ а ф э. Уи макъамэм и цIэр зыщIэр си закъуэщ, аракъэ? Ауэ макъамэ щэхум си цIэр дауэ игъащIэкIэ зэрихъумэнур? Мо ди бгыжьхэра си уэрэдыр жызыIэнур хьэмэрэ жьыбгъэра?

Ж э н э к ъ у э. СынолъэIу ауан сыкъыумыщIыну! Сэ апхуэдэ тезыр къэзлэжьакъым... Дунейм зы щэхуи щубзыщIын плъэкIынукъым, зэгуэр зэ къыщIэмыщыж щыIэкъым.

К ъ а ф э. Уэри зы махуэ гуэрым цIыхухэм я пащхьэ укъиувэнщ, «мыр Къафэ и уэрэдщ» жыпIэнщи, псори ебгъэдэIуэнщ. Ара?

Ж э н э к ъ у э. КъэкIуэнур хэт зыщIэр, ауэ сэ си хъуэпсапIэр адыгэр щыIэху уи цIэри щыIэнырщ.

К ъ а ф э. А зызакъуэра?

Ж э н э к ъ у э. НэгъуэщIу сегупсысакъым. ИтIанэ схуэмыхьын къалэн си пщэ дэслъхьэжыну сыхэт сэ? СыIэхъуэ тхьэмыщкIэщ.

К ъ а ф э (*тIэкIу ауан хэлъу*). Iэхъуэ къудей... НэгъуэщI лъэпкъ хэмылъу, ара?

Ж э н э к ъ у э (*тIэкIурэ щыму щотри*). Аращ, уи адэм сриIэхъуэ къызэрыгуэкIщ.

К ъ а ф э. Апхуэдизу тхьэмыщкIафэ зытумыгъауэ иджы. УщIэтхьэусыхэн гуэри уиIэкъым уэ!

Ж э н э к ъ у э (*и щхьэр егъэсыс*). Хьэуэ, сэ сытхьэусыхэкъым... (*Зыри жимыIэу тэлайкIэ щытщ.*) Сэ жэнэ адыгэ лъэпкъым и уэркъ нэхъ цIэрыIуэхэм сащыщщ.

К ъ а ф э. Сыт-тIэ уи лъэпкъри лъахэри щIэббгынар?

Ж э н э к ъ у э. Арыншауэ хъуакъым.

К ъ а ф э. ЛъыщIэж Iуэху хьэмэрэ фIыуэ плъагъуа пщащэ щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

Ж э н э к ъ у э. ТIури аракъым.

К ъ а ф э. АтIэ?

Ж э н э к ъ у э. Апхуэдэу хъун хуеят...

К ъ а ф э. КъызжепIэну ухуейкъым... Хъунщ, содэ апхуэдэуи. НэгъуэщIкIэ сыноупщIынщ: Къэбэрдейр уигу ирихьрэ?

Ж э н э к ъ у э. Хуабжьу.

К ъ а ф э. Пэжуи? Сыт ар нэхъ уигу иризыгъэхьыр?

Ж э н э к ъ у э. ГъэщIэгъуэнщ уи упщIэр?

К ъ а ф э. КъызэрысфIэщIымкIэ, абыи жэуап къептынукъым уэ?

Ж э н э к ъ у э (*укIытауэ*). Лъахэм и дахагъэм нэмыщI, нэгъуэщI щыIэкъым, сымылъагъумэ, сыхуэзэшу.

К ъ а ф э. Уи къамылыр-щэ?

Ж э н э к ъ у э. Ар нэгъуэщI Iуэхущ.

К ъ а ф э. Къамылым узэрепщэр гъунэгъуу сэ зэи слъэгъуакъым.

Ж э н э к ъ у э. Си гуапэу уи цIэр зыфIэсща къафэм сеуэнщ! КъедаIуэ!

Жэнэкъуэ къотэджри къамылым епщэу щIедзэ. Абы кърищэкI макъамэм декIуу и лъакъуэри и Iэри ищIу къожьэ. Къафэри абы декIуу мэкIуатэ. («ЗэхуэкIуэ» адыгэ къафэр абдежым къыщежьауэ яIуэтэж.) Сценэр кIыфI мэхъу. Къафэрэ Жэнэкъуэрэ плъагъужыркъым, ауэ макъамэр иджыри къоIу.

### Ещанэ теплъэгъуэ

Безрыкъуэ Шорэ и пщIантIэрщ. Зы лъэныкъуэмкIэ щIалэхэр, адреймкIэ пщащэхэр къыщытщ. Гупым хэтхэр тIурытI-щырыщ зэрыгъэхъуауэ зопсалъэхэр. Псори дахэу хуэпащ.

К ъ а м б о т (*щIалэхэм къахокIри Iэжэ и гупэ къоувэ*). Сыт мыр зи щIысыр? Лей къыттехьэу къыпщыхъукъэ уэ?

Къамбот и макъыр щызэхахым, псоми псэлъэн щагъэтащ.

I э ж э. Зэ Iэжьэкъур иумыч, Къамбот! Къэхъуа щыIэкъым, къуэш!

К ъ а м б о т. Къэхъуам ущIэупщIэжыну щыт, зиунагъуэрэ? ХьэщIэу дыкърагъэблэгъащ, ауэ дыкъезыгъэблэгъэн хуейм иджыри къэс и нэгу диплъакъым. Ар уфIэзахуэу ара уэ?

I э ж э. Нэрхьэкъуэ и къуэ, шыIэныгъэ нэхъыбэ уэращ зыхэлъын хуейр! Тхьэм щхьэкIэ, тIэкIу зыIэжьэ!

К ъ а м б о т. Апхуэдэу фIэкIа ди хабзэхэм пщIэ хуэзымыщIым и пщIантIэм сэ адэкIэ сыдэтыну къезгъэкIуркъым.

I э ж э. СынолъэIу, Къамбот, зэ зыIэжьэ!

К ъ а м б о т. Къытпежьэу дригъэблэгъэным и пIэкIэ езым псори дожьэри дызэхэтщ. Абы дигъэпуду къыпщыхъуркъэ уэ?

Т а у х ъ а н (*Къамбот йокIуэталIэри*). Къысхуэ-

гъэгъу, щIалэ, ауэ жылэм я пащхьэ хъыджэбз ныбжьыщIэм и цIэр щыбгъэулъиину узэрыхуежьар къезэгъыркъым. Къафэ уи губжь тепкъутэну мурад пщIамэ, мыбдеж къыщызэхуэсахэм сыт я лажьэр?

К ъ а м б о т (*Iэжэ зыхуигъазэурэ*). Уи шыпхъум зэзэмызэ ди жагъуэ къещI... Хъунщ, абы нэхъыбэ жызмыIэмэ, нэхъыфIщ. (*Къамбот и щхьэр ехьэхауэ макIуэри здэщытам деж мэувыж. Хъыджэбзхэр къыщиудауэ мэдыхьэших, ауэ я Iэхэр я Iупэм Iулъщи, макъ ирагъэщIыркъым.*)

I э ж э. Таухъан, Къамбот жиIэмкIэ иджыпсту тхуэгъэкъуэншэнукъым. СынолъэIу, Къафэ жеIэ гупыр зыпимыгъэплъэну!

Т а у х ъ а н. Иджыпсту!...

Т а у х ъ а н унэм щIохьэ. ЩIалэхэри хъыджэбзхэри гуп зэрыгъэхъужауэ мэуэршэр. Абы хэту Таухъан бжэщхьэIум къытохутэж.

Т а у х ъ а н (*щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я зэхуаку дыхьэурэ*). Иджыпсту къыщIэкIынущ!

Зэпсэлъэныр щагъэтри псоми бжэмкIэ загъазэ. П э н у р э Н э б з и й р э я зэхуаку дэту К ъ а ф э къыщIаш. Пщащэхэм я сатырым къыщысым, Пэну къиxьа пхъэ вакъэм трагъэувэ. Пэнурэ Нэбзийрэ и щIыбымкIэ йокIуэтыж. Къафэ гукъыдэжыншэщ.

Т а у х ъ а н (*пщащэхэм къахокIри щIалэ хьэщIэхэм ябгъэдохьэ*). Къафэ тIэкIу зэрыгукъыдэмыжым щхьэкIэ къэгуващи, мэукIытэ. Абы къыхэкIыу, сэ фыкъезгъэблэгъэну къызэлъэIужащ. Аращи, пщы Безрыкъуэхэ нобэ къахуеблэгъа псоми фIэхъус фызох! (*Таухъан и увыпIэм щыувыжым, нэбгъузкIэ абы къеплъа фIэкIа, Къафэ зыри жиIакъым.*)

I э ж э (*утыку къохьэ*). Безрыкъуэхэ сызэраIыхьлым папщIэ хуит сыфщIмэ, сэ джэгур зэхэсшэнщ. (*ЩIалэхэр здэщыт лъэныкъуэмкIэ зегъазэ.*) Жэндар, ухьэзыр?

Жэндар шыкIэпшынэм еуэурэ, щIалэхэм «Лъапэрышэ» къафэр ирашажьэ. ЩIалэхэмрэ пщащэхэмрэ абы декIуу Iэгу йоуэ.

I э ж э (*Жамбэч дежкIэ хьэтиякIуэ башыр еший*). Жамбэчу псэтIэкIузанэм къыпыза, уи лъэгу дыщIэбгъэплъэну, уи зэфIэкI дыбгъэлъагъуну ныбжьэгъухэр къолъэIу.

Жамбэч утыкум къохьэ. Таухъан Хьатыш и Iэгъуапэр иIыгъыу къыдешри щIалэм бгъэдешэ. НэрыбгитIым къэфэн ирагъажьэ. Дахэу къофэхэр, макъамэри нэхъ псынщIэ мэхъу. Зым адрейр зэблихъуурэ, псори къофэ. ИужькIэ Жэндар шыкIэпшынэм еуэныр зэпегъэу... И Iэпэхэр еша хуэдэщи, ахэр еIуэт.

I э ж э. Уеша къысфIощI, Жэндар!..

Ж э н д а р. Хьэуэ, хьэуэ, джэгур дубла къудеи! Пщащэхэм захебгъэхыу сумыгъэукIытэ! *(Мэдыхьэших.)*

I э ж э. НтIэ, еуэ къафэм адэкIэ, Жэндар!

Ж э н д а р. СфIэфI дыдэу!

I э ж э *(и макъым зригъэIэту)*. Иджы утыкур хуит худощI Нэрхьэкъуэ Къамбот!

К ъ а м б о т. Къысхуэвгъэгъу, мыр тIэкIу къемызэгъ хуэдэу щытщ, ауэ сэ Къафэ сыкъыдэфэну сыхуейщ!

Т а у х ъ а н. Дэгъуэщ! Къэгъафэ ди Къафэ!

Жэндар къафэ дахэ шыкIэпшынэм кърегъэкI. Къамбот утыкум къохьэ. Таухъан Къафэ бгъэдохьэри и Iэгъуапэм къокъу. Къафэ «сыхуейкъым» кърригъэкIыу и щхьэр ещI. Ар щилъагъукIэ, Къамбот мэгубжьри йокIуэтыж.

Т а у х ъ а н (*Къамбот бгъэдохьэри*). Хъунумэ, сэ сыкъыбдэфэнщ!

Къамбот фIэмыфIыщэу Таухъан къигъафэу хуожьэ. Къэхъуар фIэгъэщIэгъуэну утыкум къина Iэжэ йокIуэтыж. ШыкIэпшынэм и макъыр нэхъ ин мэхъу, Iэгуми зеIэт. Абы ирихьэлIэу К ъ а ф э пхъэ вакъэм къоувэхри дэкIуеипIэм дэкIуеижу хуожьэ. Къафэ зэрыщIыхьэжыр щилъагъум, Къамбот къоувыIэ. Ар зи жагъуэ хъуа Таухъани утыкум йокIыж. Къафэ и ужь иувэну ар зэ йожьэ, ауэ къызэтоувыIэж. Пщым и пхъур здыщIыхьэжа бжэмкIэ псори маплъэ, къэхъуар къагурымыIуауэ.

Уэздыгъэхэр ягъэункIыфI. Iупхъуэр зэхуащI.

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

Iупхъуэр зэIуахыж. Жэнэкъуэм къамылым кърригъэкI макъамэ дахэр къоIу. Сценэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр нэху мэхъу.

### Япэ теплъэгъуэ

К ъ а ф э р э П э н у р э нэхум къыхохьэ. Къафэ макъамэр къыздиIукIымкIэ зеший, Пэну гузавэу ихъуреягъыр къеплъыхь.

П э н у. Iейуэ согузавэ. КхъыIэ, Къафэ, дыгъэгъэзэж!

К ъ а ф э. Сыт ущIэгузавэр? Умышынэ, зыри къэхъункъым!

П э н у. Зыгуэрым дыкъилъагъумэ... Сошынэ, сэращ псори зытехуэнури зыпшыныжынури.

К ъ а ф э. Сыт къэхъуну уи гугъэр? Упшыныжынури сыт? ЖыIэ!...

П э н у. Зыри умыщIэ хуэдэ, кхъыIэ, фэ зытумыгъауэ! Мыбы дыкъызэрыкIуар къащIэмэ, уи адэ-анэм сэращ ягъэкъуэншэнур.

К ъ а ф э (*зэрылъэлъу мэдыхьэшх*). ЕмыкIу тщIэрэ дэ? Губгъуэм тIэкIурэ къыщыткIухьыну, тIэкIу дыбэуэну мурад тщIамэ, сыт абы мыхъуну хэлъыр? ИтIанэ мыбы дыкъызэрыкIуар сянэми ещIэ.

П э н у. Ара щхьэкIэ къэткIухьыркъым, Жэнэкъуэ Iэхъуэм и къафэм додаIуэ...

К ъ а ф э. Ар емыкIу-тIэ? КъэткIухьурэ, мыбы дыкъэсауэ къамыл епщэ макъ зэхэтхамэ, ди тхьэкIумэхэр дубыдыжын хуей? (*КъыпыгуфIыкIыурэ, Пэну и нэхэм щIоплъэри макъамэр къыздиIукIымкIэ зегъэзэж.*)

П э н у. Къафэ, сынолъэIу укъыздэмыджэгуну. Сэ езым си псэр IукIауэ сошынэ. Дапщэрэ плъэгъуа уэ зыгуэр къыпщыщIыху сэ мысэ сащIу?

К ъ а ф э. Умышынэ! Нобэ зыгуэр мысэ хъун хуеймэ, сэращ хъунур. Iуэхур абы хуэкIуэмэ, псори сэ зытеслъхьэжыну псалъэ быдэ узот. Ауэ, зэрыжысIауэ, мыхъун гуэри дэ тщIэркъым. Плъагъуркъэ? Мыбдеж дыщытщ – дызыбгъэдыхьи къыдбгъэдыхьи щыIэкъым!

П э н у. Къысхуэгъэгъу! Уигу илъ псор сэ сымыщIэнкIи мэхъу: мазэ бжыгъэ хъуауэ цIыху ухыхьэркъым, зыми уепсалъэркъым. «Япэрей Къафэр щыIэжкъым» зыхужыбогъэIэ цIыхухэм. Зы гупым усымаджэу жаIэ, адрей гупым... (*И псалъэр нимыгъэсу жьэделъэфэж.*)

К ъ а ф э. ЖыIэ, жыIэ! Адрей гупым...

П э н у. Къысхуэгъэгъу, ауэ бзаджэнаджэ зэран къыпхуэхъуауэ, уи щхьэр зэтемысыжу ягъэхъыбар.

К ъ а ф э (*гухэхъуэу мэдыхьэшх*). Зыхуей дыдэр жрыраIэ!

П э н у. Уигу къызыумыгъабгъэ, Къафэ, ауэ иджыри зыгуэр бжесIэнут...

К ъ а ф э. Иджыри къэс жыпIэнIауэ ппэзубыда, хьэмэрэ абы щхьэкIэ сыщыношхыда къэхъуа? ЖыIэ узыхуей дыдэр! Ди зэхуэдэ щэхущ.

П э н у. Жэнэкъуэ уигу ирихьыр пэж?

К ъ а ф э (*псынщIэу Пэну дежкIэ зыкъегъазэ*). Сыт апхуэдэу жозыгъэIэр?

П э н у. Жэнэкъуэм и макъамэм япэу дыщедэIуа лъандэрэ нэгъуэщI зыгуэр ухъуащ.

К ъ а ф э (*тIэкIурэ Iэнкуну щытщ, итIанэ макъамэр къыздиIукIымкIэ зегъэзэж*). Пэжщ, Пэну, пэжщ.

П э н у. Жэнэкъуэр фIыуэ плъэгъуащ, аракъэ?

К ъ а ф э. Аращ...

П э н у. Араи Нэрхьэкъуэ Къамбот уи нэгу щIыщIумыгъэплъэжыр!

К ъ а ф э (*Пэну жиIэр игу зэрыримыхьыр къигъэлъагъуэу абы йоплъ*). Нэрхьэкъуэ Къамбот къызыфIэщIыжа гуэрщ!

П э н у. ИтIани ар уэркъ щауэщ. Абы и адэм фIэлIыкIышхуэ иIэщ.

К ъ а ф э. Жэнэкъуэр зэрыIэхъуэм щхьэкIэ Къамбот пэпщIыркъым, ара?

П э н у. Жэнэкъуэри згъэикIэркъым, ауэ абырэ Къамботрэ дауэ зэрызэбгъэпщэнур? Уи Iыхьлыхэм ар зыдэн къахэкIыну уи гугъэ?

К ъ а ф э (*и гур кIуэдарэ нэщхъейуэ*). Ар сэри къызгуроIуэ, Пэну, ауэ сщIэнурщ сымыщIэр армыхъумэ...

П э н у. Зы Iэмал гуэри имыIэу ара?

К ъ а ф э. ИIэу къысхуэгъуэтыркъым.

П э н у. Жэнэкъуэр фIыуэ плъэгъуащ, ауэ ар зэриухынкIэ хъунум уегупсыскъым...

К ъ а ф э. Согупсысри зыри къысхуэгупсыскъым, Пэну!

П э н у (*тIэкIурэ хэгупсысыхьауэ щыту*). КъызэдаIуи Жэнэкъуэр уигу игъэху, Къафэ! Уэри бэлыхь зыхомыдзэж, уи Iыхьлыхэми Iэхъуэми гущIэгъу яхуэщI! Жэнэкъуэм цIыху зримыгъэкIуалIэу, езыр-езыру зызэкIуэцIигъэпщхьэжауэ мэпсэу. Хэт абы игу илъыр зыщIэр? Уэри уи щхьэм пщIэ хуэщIыж. Уэ пщым урипхъу закъуэщ. Апхуэдэщ уи ныбжьэгъухэри, укъэзыухъуреихь псори. И ужь икI мы Iуэху мыщхьэпэм!

К ъ а ф э. А псори къызгуроIуэ. ИтIани схуэмыубыдыжу си гум Жэнэкъуэр къелъыхъуэ, и макъамэр си псэм зэхихыну щIохъуэпс. Ар щызэхэскIэ, нэгъуэщI дунейм сыкъыщохутэ...

П э н у. Щыгъэт. Ар къыпфIэщI къудейуэ аращ. Уэ узэригугъэм хуэдэу ар къыщIэмыкIынкIэ мэхъу. СынолъэIу апхуэдизу гурыщIэм зыдомыгъэшэхыну. Пщэдей ухущIегъуэжынри Iуэхум хэлъщ.

К ъ а ф э *(нэщхъей къэхъужауэ)*. Ари къызгуроIуэ.

П э н у. Зыщумыгъэгъупщэ ди хабзэр зэрыткIийр. Безрыкъуэпщым ипхъум Iэхъуэ гуэр фIыуэ илъэгъуащ жаIэу, жылэм ухэIуэмэ, уи адэм и гур къэчэнщ!

К ъ а ф э. Пэжщ. СощIэ ди хабзэм ар къызэремы-

зэгъри, си адэм зэримыдэнури! Си пащхьэ къит лъэпощхьэпохэр Iуащхьэмахуэ хуэдизу лъагэщ!

П э н у. АтIэ сыт псори бэлыхь щIыхэбдзэнур, си Къафэ дахэ?!

К ъ а ф э. Лъагъуныгъэ мафIэм имылыпщIам дауэ ар къызэрыгурыбгъэIуэнур? Я цIэмрэ я щхьэмрэ иризэрагъэщIагъуэу а уэркъ жыхуэпIэхэр исынущ я гъуэмбым, езыхэм хуэдэхэм фIэкIа зрамыгъэкIуалIэу. Абыхэм я унафэкIэ зэхуэфащэ лIакъуэхэм фIэкIа фIыуэ зэрылъагъу хъунукъым. Иджыри къэс сэри апхуэдэу къысфIэщIу щытащ. Ауэ Жэнэкъуэм сызэрыхуэзэрэ къызгурыIуащ лъагъуныгъэр узэрыхуейуэ Iэпхлъэпх пщIы зэрымыхъур. Арыншамэ гъащIэр купщIэншэ зэрыхъур!

П э н у. Уи гукъеуэр къызгуроIуэ, Къафэ, итIани сошынэ мыгъуэ...

К ъ а ф э. Умыгузавэ, Пэну! (*Макъамэр къыздиIукIымкIэ зеший.*) Дуней жэнэтым сыщыIэщ иджыпсту сэ! Укъыспэрымыуэ, сегъэIуб и IэфIым хуиту! ИтIанэ содэ адэкIэ жыхьэнэмэ мафIэр къыкIэлъыкIуэнуми.

П э н у. Ара щхьэкIэ, а дуней жэнэтыр насыпыншагъэ ину къыптепсыхэжынкIэ хъунущ!

К ъ а ф э. Ирехъу апхуэдэу! А лъагъуэм жыхьэнэмэм сыхуишэми, къыхызох ар. (*Макъамэм йодаIуэ.*) Еплъ, Пэну, езы Жэнэкъуэри гукъеяуэшхуэм зэрыхэтым! И къамыл епщэкIэм ар занщIэу къыуегъащIэ!

П э н у. Хъуащ, куэдщ! Иджы къызжыIэ: «Куэдрэ екIуэкIыну мыпхуэдэу?»

К ъ а ф э. УмыпIащIэ, Пэну! Си закъуэу сыкъыумыгъанэ. Апхуэдэу пхъашэуи укъызэмыпсалъэ, сигури хыумыгъэщI. Арыншами цIыкIу хъуурэ, къыхэнэжаIакъым. ГущIэгъу къысхуэщI...

П э н у. Си гуащэ дахэ! Сигу пщIогъу, усфIэгуэныхьщ, ауэ сыбдэIэпыкъуфыркъым... (*Къыщеудри магъ.*)

К ъ а ф э *(Пэну тригъэужыну хэту)*. Си закъуэу губгъуэм сыкъибнэн сфIэщIри сышынат. Уэ зыращ сыкъыгурыIуэу, си губампIэ зыхуэсIуэтэфу сиIэр... Умыгъ, си псэ, къыздэIэпыкъуи нэхъыфIщ. Уи псалъэхэм къару къысхалъхьэжынущи, сытегъэгушхуэ, гъуэгур къысхузэIух! (*И псалъэхэр зэпегъэури зеплъыхь.*) Сэ Жэнэкъуэм деж сокIуэ.

П э н у (*«хъунщ» кърищэкIыу и щхьэр ещI*).

Сценэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр къэзыгъэнэху уэздыгъэр мэункIыф. К ъ а ф и П э н у и плъагъужыркъым. Зытэлай докIри сценэм и ижьырабгъур нэху къохъу. Ж э н э к ъ у э мывэшхуэ гуэрым тесу къамылым йопщэ.

## ЕтIуанэ теплъэгъуэ

КIыфIым къыхокIри К ъ а ф э нэхум къыхохьэ. Ар щилъагъум, Жэнэкъуэр къэгузэвауэ къыщолъэт.

Ж э н э к ъ у э. Уэра ар, Къафэ?

К ъ а ф э *(нэщхъейуэ)*. Сэращ.

Ж э н э к ъ у э. Мыбы укъэкIуэн хуеякъым, Къафэ!

К ъ а ф э. Сыт щхьэкIэ?

Ж э н э к ъ у э. Псалъэмакъ ухэхуэнщ, арыншами...

К ъ а ф э. Сыт арыншами?

Ж э н э к ъ у э. ЛIакъуэлIэшхэм жаIэр сщIэркъым, ауэ Iэхъуэшыхъуэхэр къыпхуопсалъэ: «Пщым и пхъур зыгуэрым хьэщыкъ хуэхъуащ», жаIэ.

К ъ а ф э. Зыгуэр фIыуэ плъагъуныр, хьэщыкъ дыдэ ухуэхъуныр Iей-тIэ, хьэмэрэ абы емыкIу хэлъ?

Ж э н э к ъ у э. Хэмылъ щхьэкIэ...

К ъ а ф э. Сыт атIэ, хэмылъмэ?

Ж э н э к ъ у э. ЩIыхэмылъыращ: фIыуэ плъэгъуар уэ пхуэмыфащэу ягъэхъыбар. Уэри абы щхьэкIэ нэгъуэщI зы щIали уеплъыжыну ухуэмейуэ жаIэ.

К ъ а ф э. Адрей щауэхэм семыплъыжынуи? Еплъ иджы... (*ТIэкIурэ зыри жимыIэу щытащ.*) Хэт-тIэ апхуэдизу фIыуэ слъэгъуауэ ягъэхъыбарыр? Абы и цIэр кърaIуэркъэ?

Ж э н э к ъ у э. Хьэуэ! Уэ уи дуней тетыкIэ хъуаращ зытепсэлъыхьхэр. «Езым хуэдэ гуэрым егуэкIуауэ щытамэ, псоми ящIэнт», жаIэ.

К ъ а ф э. АтIэ ара уи деж сыкъэкIуэну ущIыхуэмейр?

Ж э н э к ъ у э. Ари Iуэхум хэлъщ. Дызэгъусэу дыкъалъагъумэ, псалъэмакъыр ягъэбэтэнщ.

К ъ а ф э. «Къафэ Iэхъуэ щIалэр фIыуэ илъэгъуащ» жаIэну ухуэмейуэ аращ, хьэмэрэ ушына?

Ж э н э к ъ у э (*нэщхъейуэ и щхьэр ирехьэх*). Хьэуэ! Сэ сыти къысхужраIэ, ауэ сошынэ, сыщIэшынэри уэращ. Сыхуейкъым пцIы къыптралъхьэну, уи цIэр ягъэулъиину... Уэ къызэрыпфIэщIым хуэдэу ар цIыхухэм къалъытэу щытамэ, сэ нэхъ насыпыфIэ щымыIэу зыслъытэжынт, ауэ...

К ъ а ф э. Нэгъэс, нэгъэс и кIэм къебгъэжьар!

Ж э н э к ъ у э. Сэ фи унагъуэм сриIэхъуэ къызэрыгуэкIщ, уэ ууэркъ пщащэщ. Уэркъ пщащэм IуэхутхьэбзащIэм лъагъуныгъэ хуищI хъунукъым. Аращи, дызэщIыгъуу дыкъамылъагъумэ, нэхъыфIщ. Абы уэри сэри фIы къыхэтхынукъым.

К ъ а ф э. Уэ-щэ? Уэ фIыуэ сыкъэплъагъу щхьэ мыхъурэ?

Ж э н э к ъ у э. Уэри?! (*Мэдыхьэшх, итIанэ зызэтреубыдэжри, укIытэжауэ, и щхьэр ирехьэх.*) Апхуэдэ хуитыныгъэ сиIэ сэ?..

К ъ а ф э. ИтIани уи макъамэм си цIэр фIэпщащ.

Ж э н э к ъ у э (*аргуэру мэдыхьэшх*). Ар нэгъуэщI Iуэхущ.

К ъ а ф э. Сыт щхьэкIэ?

Ж э н э к ъ у э. Пщым и пхъум и цIэр мыкIуэдыжын сщIыну сыхуеящ. Нэхъыбэжи хуэфащэщ а хъаныпхъум.

К ъ а ф э. «Хъаныпхъум» жыпIа? Хъаныпхъухэми урагъусауэ къыщIокI иджы. Уэ тэтэрхэм уапыщIауэ ущыта?

Ж э н э к ъ у э. Хьэуэ, сыщытакъым. Жэнэхэм я лъахэм и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щопсэу тэтэрхэр. Хъаныпхъухэм хуаус хабзэщ уэрэд. Зэгуэрым кобуз иIыгъыу зы тэтэр лIыжь жэнэхэм яхьэщIати, абы жиIэу зэхэсхащ апхуэдэ уэрэд. Сэ уэрат пщым ипхъуу слъэгъуари, си макъамэм уи цIэр фIэсщащ.

К ъ а ф э. А тэтэр усакIуэм хъаным и пхъур фIыуэ илъэгъуауэ арат?

Ж э н э к ъ у э. Си фIэщ хъуркъым – усакIуэм и ныбжьыр хэкIуэтат, и нэхэм фIыуэ ялъагъужыртэкъым.

К ъ а ф э. НтIэ, уэри а усакIуэ набгъэм ухуэдэ?

Ж э н э к ъ у э. КъызгурыIуэркъым абыкIэ жыпIэну узыхуейр?

К ъ а ф э. ЖысIэну сызыхуейращ: фIыуэ сыкъэплъагъуркъым, ауэ уэрэд схуэбусащ.

Ж э н э к ъ у э. Апхуэдэ сигу къэзгъэкIын къудейм сытегушхуэркъым. Ар сымыщIэн хуэдизу си акъыл зэтекIауэ щыткъым. Сэ... сэ сызыхуей закъуэр уи дахагъэмрэ уи щэныфIагъэмрэ сIэтынырщ.

К ъ а ф э. Iуащхьэмахуэрэ Къазбэчрэ я лъагагъэм усакIуэхэр зэрыхуэусэм хуэдэу...

Ж э н э к ъ у э (*мэдыхьэшх*). Хьэуэ, Къафэ! ЗыкIи абы ещхькъым. (*ЗымащIэкIэ и псалъэр зэпегъэу.*) Ауэ дэ ди зэхуаку лъэмыж зытемылъ къуэ куу дэлъщ. Ар сэ сымыщIэу е пIалъэкIэ сщыгъупщауэ сыщыткъым. Уэр папщIэ уэрэд сыусмэ, ари схурикъунущ сэ. А макъамэр къамылым къыщизгъэкIкIэ, сэ дуней тхъэгъуэр сиIэщ, сэ нэхъ насыпыфIэ щымыIэуи зыкъысщохъуж.

К ъ а ф э. АтIэ сэ уи макъамэри сигу ирохьри, уэри фIыуэ узолъагъу...

Ж э н э к ъ у э (*кӀэрэхъуауэ*). Зэт... апхуэдэу жумыӀэ! Ар хъункӀэ Ӏэмал иӀэкъым! Си уэрэдыр фӀыуэ лъагъу, ауэ сэ...

К ъ а ф э. Сыт щхьэкӀэ?

Ж э н э к ъ у э. Пщым и пхъум Ӏэхъуэ тхьэмыщкӀэр фӀыуэ илъагъу хъунукъым!

К ъ а ф э. Сыт щхьэкӀэ?

Ж э н э к ъ у э. Апхуэдэу хъун хуейкъыми аращ.

К ъ а ф э. Ди лъэпкъ хабзэм ар къезэгъыркъым, аракъэ?

Ж э н э к ъ у э. Ари Ӏуэхум хэлъщ.

К ъ а ф э. ФӀэгъэнапӀэ пщӀы псоми мыхьэнэ яӀэкъым. Иджыри къэс дунейм зы пащтыхьи лӀыхъужьи къытехъуакъым езыр здыхуеймкӀэ цӀыхухэм я гурыщӀэр иунэтӀыфауэ.

Ж э н э к ъ у э. Апхуэдэ насыпкӀэ сэ Тхьэм сыщыгугъыркъым... итӀанэ бэлыхь ухэздзэнкӀи мэхъу. Сыхуиткъым сэ уэ фӀыуэ услъагъуну...

К ъ а ф э. Сыт сызыхэбдзэнкӀэ хъунур?

Ж э н э к ъ у э. Бэлыхь. Фэ уэркъ псори бий къыфхуэхъунущ, вгъэпудауэ къалъытэнурэ. Сэри сагъэтыншынукъым: «МыпщампӀэрэ мыгъуапэу псэу Ӏэхъуэ зеиншэм щхьэ къыдикуха?» – жаӀэнщ.

К ъ а ф э. НтӀэ, иджы а жаӀэну псом я куэщӀым дэ зидгъэхуэн хуей?

Ж э н э к ъ у э. Узыхьыну псым уеныкъуэкъукӀэ сыт и мыхьэнэр?

К ъ а ф э. Абы щыгъуэ дыщӀэгъэпхъуэж. ПэӀэщӀэ зыдгъэщӀ фӀыуэ зэрылъагъухэм пэрыуэ хабзэми дыкъызыгурымыӀуэ лъахэми! Ди лъагъуныгъэр дыгъэхъумэж!

Ж э н э к ъ у э. Ар щытхузэфӀэкӀыну щӀыпӀэ дунейм теткъым, си Къафэ дахэ! ЩӀым и гъунэ дыкӀуами, ар ныткӀэлъысынущ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ а дызыфӀыщӀэпхъуэжыну хабзэ-зэхэтыкӀэр дэ езым ди лъым хэлъщ. Ар ди псэм щыщ хъуащ икӀи дэнэ дыкӀуэми, здэтхьынущ.

К ъ а ф э. КъызгурыӀуэркъым сэ а уэ жыпӀэхэр... икӀи сыхуейкъым.

Ж э н э к ъ у э (*нэщхъейуэ еплъыхыурэ*). Псэм утекӀуэн плъэкӀынукъым. Аращи, си лъагъуныгъэу псэкӀэ фӀэкӀа гъунэгъу зызыхуэзмыщӀыфынум и цӀэр къыхренэ си уэрэдым. Ирехъу ар зэгуэкӀуа псоми я уэрэд. А зыращ сэ хъуэпсапӀэу къысхуэнэжыр.

К ъ а ф э. Нэхум щышынэ жэщбзум ухуэдэщ уэ. Къафэ и цӀэр, и щытхъур адыгэ хэку псом щызэлъе-

бгъэщIысыну ухуейщ, ауэ уэ езым зыщыбгъэпщкIун щIыпIэ къыболъыхъуэ.

Ж э н э к ъ у э. Сыт пщIэн, аращ си натIэ хъуар! Тхьэм апхуэдэу иухагъэнщ. Ауэ сыхуейщ уэ насыпыфIэ ухъуну. Дэ дуней зырыз дыщопсэу, щIымрэ уафэмрэ хуэдиз я зэпэжыжьагъыу.

К ъ а ф э. Арами, укъысхуеймэ, укъыздикIыр мазэ дыдэрами, си гум лъагъуэ къыхуэбгъуэтыфынщ.

Ж э н э к ъ у э. Къафэ, уигу хыумыгъэщI, ауэ сэ уэ гухэлъ пхуэсщIакъым. Иджыри жызоIэри – сэ сызыхуеяр уи цIэр згъэлъэпIэнырщ...

К ъ а ф э (*къэуIэбжьауэ зы лъэбакъуэкIэ йокIуэтыж*). Хьэуэ, хьэуэ пэжкъым ар, укъэрабгъэщ уэ! Уи гум илъ дыдэр къэпIуэтэфыркъым. (*ПсынщIэу зегъазэри кIыфIым хокIуэдэж.*)

Ж э н э к ъ у э. Къафэ, Къафэ, зэ къэувыIэ! Тхьэм щхьэкIэ... (*Къафэ здэкIуа лъэныкъуэмкIэ зедз, ауэ имыгъуэтаIауэ къегъэзэж.*) Аращ, пэжщ, сэ Къафэщ фIыуэ слъагъур. Ауэ ар пщащэм хуэсIуатэу и гур хэзгъэщIыфынукъым, и насыпи схуэкъутэнукъым. Сыт сэ абы естыфынур? Дауэ зэрызгъэпсэунур? ГъащIэр къамылым къиIукI макъамэ къудейкъым... Лъагъуныгъэм зи нэр къыщригъэпхъуа пщащэ ныбжьыщIэм ар гурызгъэIуэн слъэкIакъым. Си псэри гугъапIэ щэху гуэрым иубыдащи, къиутIыпщыжыркъым. Си гум илъ пэжри схужыIэркъым. Шэми шхуми сес... Сэ хэхэс тхьэмыщкIэм си гур щхьэ апхуэдизу пхъэр хъуа? Хэт илъэгъуа пщым и пхъур и Iэхъуэм ириту? Апхуэдэ псысэ дыдэми къыщыхъуркъым!...

И гур хуабжьу здыхэщIым, Жэнэкъуэ зыкъомрэ маплъэ Къафэ здэкIуэжа лъэныкъуэмкIэ. ИтIанэ къамылыр къещтэри Къафэ и макъамэр къригъэкIыу щIедзэ. Макъамэр нэхъ цIыкIу мэхъу, уэздыгъэхэри мэункIыфI.

## Ещанэ теплъэгъуэ

Пщы Безрыкъуэ и пщIантIэрщ. Ч э р э с, П э н у, Н э б з и й сымэ пщIантIэм дэт Iэнэшхуэм бгъэдэсщ. Чэрэс жьантIэмкIэ къыдэсщ, хъыджэбзитIыр мыдрей лъэныкъуэмкIэ щысщ. Iэнэм щэкI гуэр телъу, ар хадыкI.

Ч э р э с (*хэдыкIыныр зэпегъэури*). Согузавэ, Къафэ зи нэхъыфI хъуркъым. (*Пэну и щхьэр къимыIэту хэдыкIыным пещэ, Нэбзий къоувыIэри къыдоплъей.*) Мыпхуэдэ махуэ дахэм кIапсэкIэ иупхами унэм пхущIэ-

зэгъэнутэкъым ар. ПщIантIэм къыдэлъэдэнти, псори зэщIигъэхьэнт, итIанэ хадэм жэнт. ЗэмыIусэрэ зэмыпсалъэрэ зы удз гъэгъаи зы жыги къигъэнэнтэкъым... Иджы и Iэпкълъэпкъыр щIэлIауэ унэм щIэсщ – и фэри и нурри кIуэдащ. (*И псалъэр зэпегъэури, Пэну и нэхэр триубыдауэ, йоплъ.*) Уи бзэр иубыдауэ щхьэ ущыс, Пэну? Сызэгуэбгъэудыну ара? Уэ зыгуэр умыщIэу щыткъым! ЖыIэ!

П э н у (*хэдыкIыныр зэпегъэу*). Къысхуэгъэгъу, гуащэ, сэри сегъэгумэщI Къафэ, ауэ абы ехьэлIауэ жысIэн сиIэкъым.

Ч э р э с. УиIэщ, Пэну! Мы унэм исхэм ящыщу уэращ Къафэ зыгуэр зыжриIэр, уэращ и дзыхь зригъэзыр! Уэ къэхъуам хыумыщIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым! ХыумыщIыкIмэ, зэбгъэщIэн хуейщ!

П э н у. Пэжщ, гуащэ, зэзгъэщIэн хуейщ, ауэ зэкIэ зыми сыщыгъуазэкъым. Къафэ нэхъ гъунэгъуу сызэрилъытэр сощIэ, абы срогушхуэ. Арагъэнщ мысэ сыщIэхъури, зыгуэр збзыщIу псоми къафIощI.

Ч э р э с (*Пэну аргуэру йоплъ*). Пэну, зыри хыумыщIэкIыр пэж?

П э н у (*ерагъкIэ къыдришейуэ*). Сэ зыхэсщIыкIыращи, Къафэ и хьэл-щэным тIэкIу зихъуэжащ. Фэри абы фыщыгъуазэщ.

Ч э р э с. Абы дэри дыщыгъуазэщ, дызыщымыгъуазэр ар къызыхэкIаращ, уэ къыджепIэн умыдэрщ.

П э н у. НэгъуэщI сэ жысIэн сщIэркъым, гуащэ! (*ХэдыкIын ирегъэжьэж.*)

Ч э р э с (*къэгубжьауэ и макъым зрегъэIэт*). ПщIэри умыщIэжу укъэнащ уэ! УзэкIуэкIащ уэри, узэрыщымыта ухъуащ! НапитI зиIэ удырщ иджыпсту узэщхьыр. СощIэ сэ уэ зыгуэр зэрубзыщIыр – зыкъом щIауэ зыспыIубодз, уи нэгу сибгъэплъэжыркъым! ЖыIэ! ПщIэ псори жыIэ иджыпсту, зы псалъэ думыгъэхуу!

П э н у (*и щхьэр къимыIэту*). Къафэ и щытыкIэ хъуам сэри сегъэгумэщI, гуащэ, согупсыс, ауэ къысхуэщIэркъым. Абы къыхэкIкIэ мысэу зызолъытэжри, уэри адрейхэми си щхьэр къэсIэту сынывэплъыфыркъым.

Ч э р э с. Уи закъуэкъым Къафэ къыщыщIам игъэгумэщIыр, ауэ уэ пхуэдэу зыспыIузыдз абыхэм яхэткъым.

П э н у. Къытезгъэзэжурэ а жысIа дыдэр жызмыIэмэ, сэ нэгъуэщI сщIэркъым, гуащэ! Къафэ сэ нэхъ сызэрипыбжьэгъум папщIэ, егъэлеяуэ си гур хощI, сфIэпсэкIуэдщ. Ауэ сыт сщIэн? СыдэIэпыкъунути, си Iэ-си лъэ къихьыркъым. *(Къыщеудри магъ.)*

Ч э р э с (*щыму зыкъомрэ Пэну йоплъ, итIанэ къотэджри Iэнэр къекIухь. Пэну бгъэдохьэ*). Хъунщ, щыгъэтыж! Iэмалыншагъэм къыхэкIащ си губжьыр. Къафэ хуэдэ дыдэу уэри фIыуэ узэрыслъагъур уощIэ. Сыанэщи, си гур хощI, си лъыр щIым хоткIуэ. *(Гузэвэгъуэр и псэм телъу утыкур къызэхекIухь. Абы ирихьэлIэу куэбжэр къыIуехри Уэрдэн къыдохьэ.)*

## ЕплIанэ теплъэгъуэ

Хъыджэбзхэр къотэдж. Уэрдэн гуфIэу гуащэм пожьэ.

У э р д э н. Пщыр къэсыжащ, гуащэ! Къевгъэблэгъэж зиусхьэныр!

Ч э р э с. Къэсыжа? Дэнэ щыIэ-тIэ?

У э р д э н. Моуэ иджыпсту къыдыхьэжынухэщ. Сэ абыхэм сапежьэнщ.

Уэрдэн куэбжэмкIэ макIуэ. Пэнурэ Нэбзийрэ пIащIэу бзыхьэхуэхэмрэ Iуданэхэмрэ зэщIакъуэж.

Ч э р э с. ФепIэщIэкI, дахэ! (*Езым куэбжэмкIэ егъазэ. Абы хэту Безрыкъуэ Шорэ къыдохьэж.*) Къохъусыж, тхьэмадэ!

Ш о р э. Упсэу, Мэртазэхэ япхъу! Дауэ фыщытхэ? Унагъуэр тэмэм?

Ч э р э с. Тхьэм и шыкуркIэ, псори хъарзынэщ!

Ш о р э. Сыту фIыт! (*IэнэмкIэ макIуэ.*)

П э н у р э Н э б з и й р э. Къохъусыж, зиусхьэн!

Ш о р э. НасыпыфIэ фыхъу, си хъыджэбзхэ! Дауэ фыщыт?

П э н у. Тхьэм уигъэпсэу, зиусхьэн! Дыузыншэщ.

Ш о р э. Къафэ слъагъуркъыми-тIэ? Ар дэнэ щыIэ?

П э н у. Унэм щIэсщ, зиусхьэн, ари хъарзынэщ!

Ш о р э. ЗэрызмылъагъумкIэ гурыIуэгъуэщ абы и Iуэхур зытетыр. А зэрыщытым хуэдэ иджыри? *(Пэнурэ Нэбзийрэ жэуап къратыжыркъым, я щхьэр ехьэхауэ щытхэщ. Безрыкъуэр тетIысхьэпIэм тотIысхьэ.)*

Ч э р э с. Пэну, фыкIуэ, тIысэ, фи Iуэху и ужь фихьэж! Зиусхьэныр гъуэгу тетащ, зэдзэкъэн гуэрхэр къыхуэфхь!

П э н у р э Н э б з и й р э унэм щIохьэж. Уэрдэнрэ IуэхутхьэбзащIэ щIалэмрэ зэпаIыгъыу зэкIуэцIыпха гуэрхэр, хъуржынхэр пщIантIэм къыдахьэ.

У э р д э н (*гуфIэу пщымрэ гуащэмрэ захуегъазэ*). Мыхэр унэм щIэтхьэну, зиусхьэн!

Ш о р э. ЩIэфхьэ, Уэрдэн, абыхэм уэр щхьэкIи зы тыгъэ цIыкIу хэлъщ.

У э р д э н *(щхьэщэ ещIри)*. Тхьэм уигъэпсэу, зиусхьэн!

Уэрдэнрэ щIалэмрэ хьэпшыпхэр унэм щIахьэ.

У э р д э н. Пэну, мыхэр тIыфх! (*Хьэпшыпхэр хъыджэбзхэм иратри езыхэм къагъэзэж.*) Зиусхьэн, хуит дыпщIмэ, ди Iуэху и ужь дихьэжынщ, шыхэри зыхуей хуэгъэзэн хуейщ.

Ш о р э. Ей, Уэрдэн, Уэрдэн, шыхэр зыхуей хуэмызауэ уэ езым уигу зэгъэнукъым! (*Мэдыхьэших.*) Шы къарапцIэр аврахэм сIэщIагъэкI пэтащ.

У э р д э н. Дауэ, зиусхьэн!

Ш о р э. Лъэбакъуэ сагъэчыртэкъым. Зылъагъур къытелIэрт. «Къыдэщэ» жаIэурэ, си ужь икIхэртэкъым.

У э р д э н. Зэрумыщар фIыуэ пщIащ, зиусхьэн. Ар пщамэ, хуабжьу си жагъуэ хъунут.

Ш о р э. Уэлэхьи, Уэрдэн, НатIэгъуджэр апхуэдизу фIыуэ плъагъуу сымыщIа! Апхуэдэу щыхъуакIэ, сэ ар уэ пфIэсхынкъым – ууейщ нобэ къыщыщIэдзауэ шы къарэр! Хьер пхухъу!

У э р д э н. Тхьэм уигъэпсэу, зиусхьэн! Уи гулъытэр ину, уи щхьэр нэхъ лъапIэжу Тхьэм дунейм куэдрэ утригъэт! Шуууеиныр сэркIэ блэкIа Iуэхуми, уи тыгъэр си дежкIэ лъапIэщ... и теплъэ къудейм си гур хегъахъуэр! Иджы хуит сыщI, зиусхьэн, си Iуэху и ужь сихьэжыну!

Ш о р э. Хъунщ, Уэрдэн! Адрей шыхэм ятелъ хьэпшыпхэри къытефхи унэм щIэфхьэ!

У э р д э н. КъызгурыIуащ, зиусхьэн! *(Уэрдэнрэ пщIантIэдэт щIалэмрэ сценэм йокIыж.)*

Ш о р э. Уэрдэн апхуэдизкIэ сесащи, сяпэ лIэмэ, дауэ сыхъужыну жысIэу, сыщегупсыс щыIэщ.

Ч э р э с. Псори десащ абы. Ар мы пщIантIэм дэмытыжу къызыфIэгъэщIыгъуейщ. Шы фIыуэ елъагъу. Абы нэхъ псэущхьэ губзыгъэ дунейм темыту тхьэ еIуэ.

Чэрэс и псалъэр зэпегъэу. Зыри жимыIэу тэлайкIэ щысщ еплъыхыу. Шори къыгурыIуащ гуащэр зыгъэпIейтейр.

Ш о р э (*и щхьэгъусэм еплъурэ*). Ди хъыджэбзыр сыт хуэдэ? Иджыри а къызэрызгъэна?

Ч э р э с. Къызэрыбгъэнам хуэдэщ. ЦӀыхум яхыхьэну хуейкъым, Пэну фӀэкӀ зыми епсалъэркъым. Махуэ зыбжанэ хъуащ пщӀантӀэм къызэрыдэмыхьэрэ.

Ш о р э. Сыт апхуэдизу унэм щӀищӀыхьыр?

Ч э р э с. Зыгуэри ищӀэу слъагъуркъым. И закъуэну хуейщ. Ауэ зэзэмызэ, Пэну и гъусэу, Псынащхьэм макӀуэ. Абы щӀэкӀуэр Пэну къызжиӀащ, тӀэкӀу бэуэну аращ.

Ш о р э. Адрей я ныбжьэгъухэр здашэркъэ?

Ч э р э с. Сыт ныбжьэгъу зи гугъу пщӀыр? Ахэр псори пщӀантӀэм къыщызэхинэу езыр унэм зэрыщӀэлъэдэж лъандэрэ къыткӀэлъыкӀуэжхэркъым. УкӀытэм къыхахыу зэзэмызэ Ӏэжэрэ Таухъанрэ къокӀуэ. НыбжьыщӀэхэм саӀуплъэн сыукӀытэу сыкъэнащ.

Ш о р э. Ар хъун-тӀэ? Я закъуэу губгъуэ нэщӀым къыщакӀухьыну дауэ хуит пщӀа?

Ч э р э с. Сыт-тӀэ сыбгъэщӀэнур? ЦӀыхухэм защидзейуэ унэм зыщӀиубыдэж щыхъум, абы зэрыкӀуэри къызигъэщтэжащ. Зи мыхъуми жьы къабзэ тӀэкӀу къащӀихунщ. И сэфэтым итыжккъым хъыджэбзыр, и фэр пыкӀауэ къэнащ.

Ш о р э. А бгъуэщӀыр ди Ӏэщ хъупӀэщ. Джабэ нэкӀухэми Ӏэщыхъуэхэр ит зэпытщ, ауэ, итӀани, ныбжьыщӀитӀым абы къыщакӀухьыну къезэгъыркъым.

Ч э р э с *(зиплъыхьурэ)*. Абыхэм я закъуэу я гугъэщ, ауэ сэ Уэрдэн щэхуу якӀэлъызогъэплъ.

Ш о р э. Ар уигу къызэрыкӀар дэгъуэщ. Ауэ губгъуэм сыт щащӀэр хъыджэбзхэм? Ар зэригъэщӀа?

Ч э р э с. ЗэригъэщӀауэ щытамэ, хъарзынэтэкъэ! Уэрдэн зэрыжиӀэмкӀэ, Псынащхьэм носхэри абдеж тӀэкӀурэ щос, итӀанэ къагъэзэжри къокӀуэжхэр. Пэну щтэӀэщтаблэу ихъуреягъыр къызэпиплъыхьурэ макӀуэри къокӀуэж, ди пхъум и щхьэр къиӀэтыркъым. Къафэ зэрыцӀыкӀурэ а щӀыпӀэр фӀыуэ елъагъу.

Ш о р э. Гузэгъэгъуэ къозыткъым уи псалъэхэр, гуащэ!

Ч э р э с. Сыт мыгъуэр сщӀэн-тӀэ? Си гур пыткӀукӀыурэ къыхэнэжаӀакъым. Ди пщӀантӀэм псэ зыӀут щыдымыжккъым, зыри къыдыхьэжкъым – псоми зыкъытщадзей. Абы Ӏейуэ сегъэшынэ.

Ш о р э. Зумыухыж апхуэдизу, къэхъуа щыӀэкъым!

Ч э р э с. СощӀэ сэ абыхэм ди пхъум фӀэкӀа Ӏуэху зэрамыӀэжыр, нэгъуэщӀми зэрытемыпсэлъыхьыжыр.

Ш о р э. ЦӀыхум насыпыншагъэ гуэр къылъысамэ, ар ягъэщӀагъуэ хабзэ?

Ч э р э с. Мыхабзэми аращ.

Ш о р э. Тепсэлъыхьмэ, трырепсэлъыхь. ЦIыхум я жьэр бубыдын плъэкIынкъым. Дэ дызытеукIытыхьын ткъуэлъкъым. Пэжщ ди пхъум и щытыкIэ хъуар тэмэмкъым, дэри абы дегъэгузавэ, ауэ сыт тщIэн?..

Ч э р э с. Уэ зыгуэр къэпщIа?

Ш о р э. Аврахэм я деж зы муслъымэн еджагъэшхуэ гуэрым сыщечэнджэщащ.

Ч э р э с. Сыт-тIэ къыбжиIар?

Ш о р э. Ди хъыджэбзым и дуней тетыкIэ хъуар щыхуэсIуатэм, дыхьэшхри: «Уи пхъум зыгуэр фIыуэ илъэгъуащ», – къызжиIащ.

Ч э р э с. АтIэ, гущэ! Апхуэдэу щытамэ, ар дэ дымыщIэу хъурэт?

Ш о р э. Сэри ар дыдэр жысIащ, ауэ лIыр и псалъэм текIын идакъым.

Ч э р э с. ИтIанэ-щэ?

Ш о р э. ИтIанэри ещанэри аращ.

Ч э р э с. Ара мыгъуэ зэрыхъури?

Ш о р э. СыкъыщыкIуэжым Къэбэрдейм и пщышхуэм деж сыдыхьат. Абы аврахэм ящIауэ сэшхуэ къыхуздэсхьащ. Хуабжьу щыгуфIыкIащ. Пщышхуэм и къуажэм сызыщрихьэлIари гъэщIэгъуэнщ. Чыристан диныр адыгэхэм кърагъэщтэну зэуэ абы гупитI къыхуэкIуат. Къуажэм ибгъу зырызым я шэтырхэр щагъэувауэ ахэр щыст. Зыр ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ, адрейр урымхэм я деж – Генуем къикIат. ГъэщIэгъуэнракъэ, а гупитIри зэныкъуэкъурт, езыр зи лIыкIуэ дин къудамэр нэхъ пэжу жиIэу. Адыгэхэр я лъэныкъуэ ящIынуи лъэкI къагъанэртэкъым.

Ч э р э с. Телъыджэр жыбоIэри! Ауэ...

Ш о р э. Ди пщышхуэм гупитIми дзыхь яхуищIыртэкъым. Я диныр зыми, лъэныкъуитIыр зэбийт, зэтеплъэ хъуртэкъым.

Ч э р э с (*къыпыгуфIыкIыурэ*). Сэ ахэракъым сызыхуейр. Ди пхъум и Iуэхум ехьэлIауэ узэупщIа щыIэ иджыри?

Ш о р э (*мэдыхьэшх*). ФыгъэщIэгъуэнщ фэ цIыхубзхэр – фэ езым фызыхуейм фIэкIа нэгъуэщI зэхэфхыну фыхуейкъым. НтIэ, ищхъэрэкIэ къикIа гупым я нэхъыжьым ди пщащэр илъагъуну хуеящ. «Хэт ищIэрэ, си Iэзэгъуэ итынкIи хъунщ», – къызжиIащ. Пщышхуэм си мурадыр щыхуэсIуатэм, къысхуидакъым: «Мыбыхэм си хэкум къыщакIухьыну сыхуейкъым», – жиIэри.

Ч э р э с. АтIэ?..

Ш о р э. Адрей гупым щыщ зы щоджэн щIалэщIэм зыхуэзгъэзати къызжиIар пщIэрэ?

Ч э р э с. Сыт? Тхьэм щхьэкIэ, сызэгуэмыуд щIыкIэ къызжеIэ.

Ш о р э. Мис а муслъымэн лIыжьым къызжиIа дыдэр аращ. «Фи пхъум зыгуэр фIыуэ илъэгъуащи, – жи, – ар къывжиIэну мэукIытэ е мэшынэ».

Ч э р э с (*къэуIэбжьауэ*). ЕмыкIу гуэр къыткIэщIищIыхьауэ... (*Къэшынауэ зеплъыхь.*) Адыдыд мыгъуэ, зыгуэр къэмыхъуауэ къыщIэкIащэрэт!

Ш о р э (*и щхьэгъусэм пэроуэ*). Мы жыпIэхэр сыт? Уегупсысрэ а къыупсэлъхэм?

Ч э р э с. Апхуэдэу къыщIэкIмэ, сыт дэ тщIэжынур?

Ш о р э. Зэ бэяу! А щоджэн щIалэм чэнджэщ гуэрхэр къызитащ.

Ч э р э с. Сыт хуэдэ, тхьэмадэ? КхъыIэ, кIыхьлIыхь умыщI!

Ш о р э. Езым къыхиха щауэмкIэ дызэрыарэзыр пщащэм жетIэну къытхуигъэуващ.

Ч э р э с. Сыт, на-а, абы къикIыр?

Ш о р э. Езым фIыуэ илъэгъуамкIэ, ар хэтуи къыщIрекIи, абыкIэ дэ дызэрыарэзыр жетIэну аращ. КIэщIу жыпIэмэ, езыр зыхуейм дэкIуэну хуит тщIыну аращ. Абы щыгъуэ и гукъыдэжри къэкIуэжынущ, зэрыжаIэу, фэи лыи ищIыжынущ.

Ч э р э с. Ар Iуэху-тIэ? ЩIалэ хъарзынэхэр къылъохъу. Къыхрех езыр зыхуейр. Дэ дыхуейкъэ дипхъу закъуэр насыпыфIэ хъуну!

Ш о р э. А уэ узэригугъэ дыдэм хуэдэу щыткъым ар! Арыншамэ, апхуэдэу абы зыкъытщигъэпщкIунутэкъым!

Ч э р э с. Уи пхъур лIы дэкIуэну ухуейкъым уэ сэ слъагъум, «си хъыджэбз цIыкIу» жыпIэу зыбгъэдэбгъэсынущ.

Ш о р э. Хьэуэ, сэ ар унагъуэ ихьэну сыхуэмейуэ аракъым. *(И псалъэр зэпегъэури хэгупсысыхьауэ тIэкIурэ щысщ.)* Ди пщащэм фIыуэ илъэгъуар дэ малъхъэу дызыхуэмей гуэру къыщIэкIынкIэ хъунущ.

Ч э р э с. Адыдыд Iей... зэт. Уэ хэт гурыщхъуэ зыхуэпщIыр? Уэркъ щауэ куэдым я хъуэпсапIэщ Къафэ псэуэгъу яхуэхъуну.

Ш о р э. Хьэуэ, Мэртазэхэ япхъу, ущымыуэ! Дэ тцIыху щIалэхэм ар ящыщу щытамэ, ди пхъум апхуэдэу зищIыну къыщIэкIынутэкъым.

Ч э р э с. Содэ, хэту щытми! Си хъыджэбз цIыкIур цIыху теплъэм къихьэжауэ слъагъужыну фIэкIа, зыри сыхуейкъым!

Ш о р э. Арауэ къыщIэкIынущ, гуащэ, нэхъ тэмэмри. Ди пхъум къыхихар уэркъыу щымытми, езым и псэм фIэфIыращ нэхъыщхьэр. ФIыуэ илъагъунумкIэ цIыхур и щхьэм хуитыжу щытын хуейщ. Пэжщ, ар уэркъ хабзэм къезэгъыркъым, ауэ япэ лъэбакъуэр зыгуэрым ичын хуейщи, ар дэ Тхьэшхуэм Iизын къытщищIауэ къыщIэкIынущ...

Ч э р э с. Уи Iущыгъэр сытым щыгъуи согъэщIагъуэ, тхьэмадэ. Арауэ къыщIэкIынущ абы Iэмалу иIэри. Ауэ дауэ къэтщIэну а щIалэр хэт хъунуми?

Ш о р э. Зэт! *(Мэгупсысэ.)* Уэрдэн зэ сепсэлъэн хуейщ. А дыгъужьыжьым Iэмал гуэр къимыгъуэту къигъэнэнкъым.

Ч э р э с. Си фIэщ хъужыркъым ди хъыджэбзыр гуфIэу тлъагъужыну!

Ш о р э. Си гум жеIэ ар щIэх тлъагъуну!

Ч э р э с. Тхьэм ди хъуэпсапIэр нахуапIэ тхуищI!

Ш о р э. Махуэ зыбжанэ хъуауэ шым сытесщ. Хуабжьу сешащ, тIэкIу зызгъэпсэхунщ.

Ч э р э с. Зыгъэпсэху, тхьэмадэ, гъуэгу утетащ.

Б е з р ы к ъ у э Ш о р э р э Ч э р э с р э зэкIэлъхьэужьу унэм щIохьэжхэр. Сценэр кIыфI мэхъу.

### Етхуанэ теплъэгъуэ

«Къафэ» макъамэр къоIу. Сценэм и ижьырабгъу лъэныкъуэр нэху къохъу. Ж э н э к ъ у э р мывэшхуэм тесщ, къамылым епщэу. Гукъыдэжыншэщ. У э р д э н кIыфIым къыхокIри абы къыбгъэдохьэ. Жэнэкъуэр къотэдж.

У э р д э н. Уи махуэ фIыуэ, Жэнэкъуэ!

Ж э н э к ъ у э. НэхъыфIыжу, Уэрдэн, еблагъэ!

У э р д э н. Мыр сыт, Жэнэкъуэ, усымаджэ, тIысэ, сыту Iейуэ узэхэуфа?

Ж э н э к ъ у э. Сысымаджэкъым. Лажьи сиIэкъым!

У э р д э н. АтIэ, сыт мы уи щытыкIэм узэреджэнур?

Ж э н э к ъ у э (*Уэрдэн и нэхэр щигъэпщкIуурэ*). СщIэркъым, зыуи.

У э р д э н. «Зыуи» хъун? Уеблэмэ къамылым хущIэхъумакъым узэрыгукъыдэжыншэр, зыгуэрым узэригъэнэщхъейр.

Ж э н э к ъ у э. А-а, ара жыхуэпIэр? КIуэ, сытми зэманыр ирызогъакIуэ.

У э р д э н. Махуэ къэси а зы макъамэмкIэ зэманыр богъакIуэ...

Ж э н э к ъ у э. Махуэ къэси жыпIа? Ар уэ дэнэ щыпщIэрэ? Ар нэхъапэкIи зэхэпхат?

У э р д э н. Аращ, жыжьэу сыщыту седэIуащ, си гуи ирихьащ. Иджы нэхъ гъунэгъуу седэIуэну сыхуейт. Сыт и цIэр уи уэрэдым?

Ж э н э к ъ у э. И цIэри? *(И псалъэр зэпегъэури тIэкIурэ мэгупсысэ.)* ЦIэ иIэкъым!

У э р д э н. УбзыщIми, апхуэдэ макъамэ дахэм фIэщыгъэцIэ зэриIэ хабзэм псори щыгъуазэщ.

Ж э н э к ъ у э. Хьэуэ, иIэкъым!

У э р д э н. Пащтыхьыпхъухэр зэрагъафIэ макъамэхэм хуэдэщ мыр.

Ж э н э к ъ у э. КъызгурыIуэкъым, Уэрдэн, мы жыпIэхэмкIэ къэзбгъэIуэтэну узыхуейр.

У э р д э н. КъозгъэIуэтэну сызыхуейм тезгъэхуа си гугъэщ.

Ж э н э к ъ у э. Абы щыгъуэ мыращ жысIэнур: сэ сыIэхъуэ къызэрыгуэкIщ, пщыхэми пащтыхьхэми япхъухэм яхузиIуэху щыIэкъым. Ауэ апхуэдэ дыдэу щрети, сыт абы мыхъуну хэлъыр? ИтIанэ сэ абыхэм уэрэд щIахуэзусынури сыт? И фIагъыуи сыт къызэкIынур?

У э р д э н. Уэ нэхъ пщIэжынщ абы и фIагъыу къокIынур. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр. Уэращ хуитыр, уэрэд хэт хуэбусынуми. АбыкIэ уэ пэрыуэгъу зыри къыпхуэхъуфынукъым.

Ж э н э к ъ у э. Уэ зыгуэр зэхэбгъэзэрыхь си гугъэщ, Уэрдэн-дадэ! А уэ жыпIэхэр сэ зыкIи сэхьэлIакъым.

У э р д э н. Зыхэзгъэзэрыхькъым, си щIалэ! ФIы пщIэн, цIыхуфIу ущытын щхьэкIэ, уэркъ лъэпкъ укъыхэкIауэ ущытын хуейкъым.

Ж э н э к ъ у э. НтIэ?

У э р д э н. Уэркъ лъэпкъым укъыхэкIауэ ущытыным и Iуэхур щхьэхуэщ. Сэ абы и гугъу сщIыркъым, ауэ зэчийкIэ Тхьэр къыпхуэупсэныр нэгъуэщIщ. Апхуэдэ цIыхур псэкIэ бейщ. Уэ абыкIэ ди щхьэщыгу итыр зыхуэупсахэм уащыщщ.

Жэнэкъуэ и щхьэр ехьэхауэ щытщ, зыри жиIэркъым.

У э р д э н. Зумыгъанэ, щIалэ, апхуэдэуи зумыщI. Иужьрей мазэхэм къэхъуа псоми сыщыгъуазэщ сэ.

Ж э н э к ъ у э *(къэгумэхауэ)*. Сыт узыщыгъуазэр?

У э р д э н. Мы макъамэм «Къафэкъэ» и цIэр? НэгъуэщIу жыпIэмэ, «Къафэ и уэрэдкъэ»?

Ж э н э к ъ у э. «Къафэ» жыпIа? КъафэкIэ еджэу сэ зыри сцIыхуркъым!

У э р д э н *(ауаныщIу къыпыгуфIыкIыу)*. НтIэ, жыIэ уэ а узиIэхъуэ пщым и пхъум и цIэр умыщIэу, хэт ищIэрэ зыгуэрым и фIэщ ухъунри Iуэхум хэлъщ. Ауэ сэ къызжумыIэ ахэр! Мы макъамэр ди пщым ипхъу Къафэ хузэхэплъхьащ. Ар езы Къафи ещIэ. Иужьрей зэманым Къафэ и хьэл-щэным хуабжьу зихъуэжащ уэ уи зэранкIэ.

Ж э н э к ъ у э. Пэжкъым ар!

У э р д э н. Мыдэ къызэдаIуэ, щIалэ, абы убзыщIыну зыри хэлъкъым...

Ж э н э к ъ у э. Пэжкъым ар!

У э р д э н. Сэ уэ Къафэ узэрепсэлъари слъэгъуащ.

Ж э н э к ъ у э. Ари плъэгъуа?

У э р д э н. Слъэгъуащ.

Ж э н э к ъ у э (*и щхьэр къыфIэхуауэ*). Дауи, жылэм датеIуауэ къыщIэкIынщ.

У э р д э н. Делафэ зытумыгъауэ иджы. Жылэм уахэсхьэжыну щытамэ, сэ мыбы сыкъэкIуэнтэкъым.

Ж э н э к ъ у э. НтIэ, сыт укъыщIэкIуар?

У э р д э н. Уэ пщым и пхъур бэлыхь хэбдзащ, шыгъушыпсыпIэм хэлъу уогъэпсэу. Хъыджэбз дахэкIейр, губзыгъэр и акъылым ипхуащ. Ар зыми къыпхуимыдэну Iуэхущ.

Ж э н э к ъ у э. Сыхуейуэ къэхъуа Iуэхукъым мыр!

У э р д э н. Къэхъунур къэхъуащ. Иджы ар гъэзэкIуэжын хуейщ.

Ж э н э к ъ у э. Дауэ? КIэбгъу зысщIу пабжьэм сыхэлъэдэжыну ара фызыхуейр?

У э р д э н. Хьэуэ, апхуэдэу пщIэххэ хъунукъым. Уи макъамэр махуэ заулкIэ бгъэувыIэн хуей къудейуэ аращ.

Ж э н э к ъ у э. Ар слъэмыкIын гуэрщ. А зырщ губампIэдэхыу къысхуэнар.

У э р д э н. Уэр щхьэкIи Къафэ щхьэкIи апхуэдэу умыщIэу хъунукъым.

Ж э н э к ъ у э. Куэдрэ щытыну апхуэдэу?

У э р д э н. Иджыпсту нэхъыбэ бжесIэфынукъым. Ауэ уэ ди бжьахъуэхэм я деж – Беслъэн щIыпIэм умыкIуэу хъунукъым. Сэ хъыбар уэзгъэщIэху, абы ущыIэнщ.

Ж э н э к ъ у э. Былымыр-щэ?

У э р д э н. Абы щхьэкIэ умыгузавэ, дэ нэгъуэщI Iэхъуи диIэщ.

Ж э н э к ъ у э. Къафэ абыкIэ сщывгъэгъупщэну фыхэтмэ, фыщоуэ.

У э р д э н. Дыхэткъым.

Ж э н э к ъ у э. Хъунщ. Уэ зэрыжыпIэм хуэдэу махуэ заулкIэ сынывэжьэнщ. Ауэ фи мурадыр нэгъуэщIу къыщIэкIмэ, асэтинхэри шэшэнхэри зэщIэзгъэхьэнщ, жэнэхэм я лъахэм згъэзэжынщи, абазэхи, шапсыгъи, бжьэдыгъуи къэзгъэнэнкъым къэбэрдеипщ Безрыкъуэ Шорэ ипхъу Къафэрэ Iэхъуэ щIалэмрэ я лъагъуныгъэм и хъыбарымрэ «Къафэ» макъамэмрэ зэхэзмыха. Къытренэ ар дунейм лъагъуныгъэшхуэм и фэеплъу, игъащIэкIи иремыкIуэдыж! НэгъуэщI мыхъуми, къэнэнщ цIыхухэр зэхуэмыгъэдэным, зэхэгъэж щIыным насыпыншэ ищIахэм я фэеплъу.

У э р д э н. ЩIалагъэ-псынщIагъэм къыхэкIащ а жыпIэхэр. Мы Iуэхум зыкIи ехьэлIакъым. Сэ бзаджагъэ си гум илъу щытамэ, мы къомыр къыпхуезгъэкIуэкIынтэкъым. ИтIанэ, уэ зыщыбогъэгъупщэ Къафэ и Iуэхур нэхъ зэрыгугъур. Къафэ пщым ипхъуу зэрыщытым и хуитыныгъэр куэдкIэ зэригъэмащIэр къыбгурыIуэркъэ?

Жэнэкъуэ и щхьэр ехьэхауэ щытщ, зыри жимыIэу.

У э р д э н. Тхьэм и шыкуркIэ, псори тэмэму зэфIэкIын хуэдэщ. И пхъур фIыщэу зэрилъагъум къыхэкIыу, Безрыкъуэ Шорэ къэдгъэдэIуэфыну си гугъэщ.

Ж э н э к ъ у э *(зэхихыр и фIэщ мыхъуу Уэрдэн йоплъ)*. Дауэ? Пщыми ищIэрэ?

У э р д э н. ИщIэркъым, ауэ ар зыхуей закъуэр и пхъур насыпыфIэ хъунырщ. ЯпэщIыкIэ Къафэ и щытыкIэ хъуам игъэгубжьащ, ауэ иджы нэхъ къэщэба хуэдэщ. И пщащэм и гукъыдэжыр къезытыжым...

Ж э н э к ъ у э. КъызгурыIуэркъым...

У э р д э н. Куэд дэмыкIыу ди пщым унафэ дахэ гуэр ищIыну къыщIэкIынущ. Апхуэдэ гупсысэ зэриIэм сыщыгъуазэщ.

Ж э н э к ъ у э. Сыт унафэ?

У э р д э н. И пхъум зыгуэр фIыуэ илъэгъуауэ Безрыкъуэпщым гурыщхъуэ ещI. Ар дэ тщыщынкIи щIыпIэ жыжьэ къикIагъэнкIэ хъунуи къыфIощI.

Ж э н э к ъ у э. ЩIыпIэ жыжьэ къикIауи?

У э р д э н. Къэбэрдейр инщ. ИтIанэ, адрей адыгэ хэкухэм къикIыурэ, Безрыкъуэ хьэщIэ куэд къыхуоблагъэ.

Жэнэкъуэ ар зэрыпэжым щыхьэт техъуэу и щхьэр егъэсыс.

У э р д э н. Безрыкъуэпщым и пщIантIэм мыгувэу

ныбжьыщIэхэм джэгу щащIынущ. Къафэ хэт къыдэфэми...

Ж э н э к ъ у э (*нэщхъейуэ*). Къафэ, дауи, дахэу къафэ хъунщ!

У э р д э н. Къафэ зэрызищIынур къэщIэгъуейщ, ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым. Джэгум цIыху куэд кърагъэблэгъэнущ.

Ж э н э к ъ у э. Арагъэнщ.

У э р д э н. Арагъэнуращи, уэри хъыбар зэрозгъащIэу унэкIуэнщ.

Ж э н э к ъ у э (*къэуIэбжьауэ*). Дауэ? Абы щызэхуэсынур уэркъхэм я бынхэрщ! Сэ абыхэм дауэ сахыхьэн икIи сызыхагъэхьэну?

У э р д э н. Уэркъ зэхыхьэкъым ар, атIэ джэгущ. Абы псори хэт хъунущ. ИтIанэ, пщыр хуейщ Къафэ къыхихынур хэтми ищIэну. А зы Iэмалырщ щыIэр уэркъым и пщIэри мыкIуэду, пщащэми зыхуейр къыхихыфын хуэдэу.

Ж э н э к ъ у э. Уэркъ щауэхэр щыту, сэ Къафэ къыздэфэн уи гугъэрэ?

У э р д э н. Сэ лъэныкъуэкIэ сыщыту сынывэплъынущ. Къафэ фIыуэ илъэгъуар хэтми абы наIуэ къыщыхъунущ. Безрыкъуэпщым и пщIантIэ дэту зыми ирикуфынукъым Къафэ къыхихар игъэпудын. Псоми ящIэ ар зэрыхуамыгъэгъунур.

Ж э н э к ъ у э. Къафэ сэ къыздэфэну тегушхуэну пIэрэ?

У э р д э н. АбыкIэ шэсыпIэ сихьэфынукъым, ауэ Къафи уэри а зыращ Iэмалу фиIэр. Къафэ Iущщ, и гулъытэри жанщ. Си гугъэщ пщым и мурадыр къыгурыIуэну, а Iэмалри зыIэщIимыгъэкIыну.

Ж э н э к ъ у э. ЗыгуэркIэ сэ Къафэм сыкъыхихрэ къыздэфэмэ, уэркъ щауэхэм, ар щхьэжэ ящыхъуу, къаугъэ къамыIэтыну ущыхьэт?

У э р д э н. Iэу-у, укъэрабгъэщ икIи ухуэмыхущ уэ! Къафэ уэ укъыхихынщи, зыми емыплъу къыдэкIынщи, къыбдэфэнщ. Абы ирихьэлIэу уэркъ щIалэхэм я Iэщэхэр кърахынщи, уэ къыптезэрыгуэнщ. Ара жыхуэпIэр?

Ж э н э к ъ у э. НтIэ, апхуэдэу мыхъуну къыпфIэщIрэ?

У э р д э н *(и щхьэр егъэсыс).* Хъыджэбзыр къызыхэкIами къэзылъхуахэми емыплъу, къыдэкIынурэ, жылэм я пащхьэм иту, фIыуэ илъагъум къыдэфэнущ. Ауэ абы игури и псэри зрита щауэр «мопхуэдэу е мыпхуэдэу хъумэ» жеIэри щытщ. УкIытэркъэ, щIалэ?

Ж э н э к ъ у э *(и щхьэр ирехьэх).* Узахуэщ, Уэрдэн, къысхуэгъэгъу.

У э р д э н. «Къафэ» макъамэр мазэ бжыгъэ хъуауэ къамылым къыбогъэкI. Ар адрей Iэхъуэхэми зэхахагъэнущи, гурыщхъуэ ямыщIын щхьэкIэ, пIалъэкIэ зэпыгъэу.

Ж э н э к ъ у э. Хъунщ, къызгурыIуащ.

У э р д э н. БжесIахэр гъэзащIэ! Сэ сожьэж, фIыкIэ!

Ж э н э к ъ у э. Гъуэгу махуэ! Псори зэрыжыпIам хуэдэу сщIынщ. *(Уэрдэн сценэм йокIыж, Жэнэкъуэр абы кIэлъоплъ.)* Уэр папщIэ сымыщIэнрэ сымышэчын гугъуехьрэ щыIэкъым, Къафэ! *(Егъэзэжри мывэм тотIысхьэж, и къамылри къещтэж. Зыгуэрым хуабжьу зэригъэпIейтейр къапщIэу щысщ, хэгупсысыхьауэ.)*

### Еханэ теплъэгъуэ

Сценэр нэху мэхъуж. Безрыкъуэ Шорэ и пщIантIэрщ. УэрамымкIэ хэлъ куэбжэмкIэ пщIантIэм къыдохьэ I э ж э, У э р д э н, з ы I у э х у т х ь э б з а щ I э щ I а л э.

I э ж э *(тетIысхьэпIэу къагъэсэбэп пхъэ зэпыхахэмкIэ и Iэр ишийурэ).* Мыхэр утыкум идвгъэхи, блыным кIэрыдвгъэгъэувэ, цIыху къыдыхьэмэ, зэран хуэмыхъун хуэдэу.

У э р д э н. Тэмэм, нобэ хьэщIэ куэд къытхуэкIуэнущ.

Абы хэту Таухъанрэ Пэнурэ унэм къыщIокI.

Т а у х ъ а н. Къэсахэ?

I э ж э. Дапоплъэ. Мыр тIэкIу зэщIэткъуэнщи, итIанэ къыдэтшэнщ.

У э р д э н. Ди пщыр щыIэ си гугъэкъым.

Т а у х ъ а н. Ар зэрыдэкIрэ куэд щIащ. Гъусэ иIэу щакIуэ кIуащ. СщIэркъым къызыхихар, ауэ мыбы хэтыну хуеякъым, емыкIуу къилъытагъэнщ.

У э р д э н *(и щхьэм хужиIэжу).* Арагъэнк Iи хъунщ. Ар щакIуэ здэкIуэ хабзэр сэ сощIэ. Мы Iуэхур зэ дахэдахэу зэфIэкIмэ, хъыбарыр лъэзгъэIэсыжынщ. *(ТетIысхьэпIэр къещтэри Iэщ псэуалъэхэр здэщыIэмкIэ хэлъ бжэмкIэ макIуэ. Абы и ужь йоувэ IуэхутхьэбзащIэ щIалэри.)*

I э ж э (*Таухъан зыхуегъазэ*). Къафэ дауэ щыт?

Т а у х ъ а н. ИджыкIэ хъарзынэщ. Дэ апхуэдэу къытфIощI, ауэ и пэжыпIэр хэт ищIэн? Псалъэркъым, бауэркъым, игу илъыр дауэ къэпщIэн? (*Уэрдэнрэ IуэхутхьэбзащIэмрэ къагъэзэж. Iэнэр утыкум ирах. Iэжэрэ*

*Таухъанрэ абыхэм якIэлъоплъ.*) Жыжьэ къикIа хьэщIэхэри щыIэ?

I э ж э. Ахэри зыбжанэ мэхъу. Джэныкъуэ Тубал и къуэ Темыри къэкIуащ.

Т а у х ъ а н (*игъэщIагъуэу*). Джэныкъуэ Темыри жыпIа? Ари къэкIуа? КъызэрыщIэкIымкIэ, и гугъэр иджыри хихыжакъым.

I э ж э. Зэрыгугъэм нэхърэ зэрыфIэгъэщIэгъуэныр нэхъыбэу къэкIуэнри хэлъщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Къэбэрдейм мыпхуэдэ Iуэху япэу къыщыхъуу аращ.

У э р д э н. Иджы хьэщIэхэр пщIантIэм къедгъэблагъэ хъунущ.

I э ж э. Пэжщ, абы фIэкIмэ, идогъэлей. (*Таухъан зыхуегъазэ.*) Хъыджэбзхэм зегъэгъэхьэзыр!

Т а у х ъ а н. Дэ куэд щIауэ дыхьэзырщ, унафэ щыIэным дыпоплъэ.

I э ж э, У э р д э н, I у э х у т х ь э б з а щ I э щ I а л э р сценэм йокIыж.

П э н у (*Таухъан зыхуигъазэурэ*). Iейуэ согузавэ!

Т а у х ъ а н. Сынэхъ Iейщ. Ауэ зышыIэ, узэрыгузавэм Къафэ гу лъумыгъатэ. Мы псори къыщIетхьэжьар Къафэ къыгурыIуэу, утыкум дыкъриукIэнкIэ хъунущ. (*ДэкIуеипIэм здыдэкIуейм, Пэну дежкIэ зыкърегъэзэкIыж.*) Пэну, пэж дыдэу, Къафэ апхуэдизу фIыуэ илъэгъуа гуэр щыIэ?

П э н у («*сщIэркъым*» *къригъэкIыу и дамэр дрешей*). Зыри хэсщIыкIыркъым.

Т а у х ъ а н. СощIэ, сощIэ уэ зыри зэрыжумыIэнур, ауэ сытми сыноупщIат армыхъумэ...

Т а у х ъ а н р э П э н у р э зэкIэлъхьэужьу дэкIуеипIэм докIуеиж. Таухъан иримыгъэлъагъуу зыкъригъэзэкIауэ Пэну мэдыхьэшх. ТIэкIу докIри сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ псалъэмакъ къыщоIу. Куэбжэр зэIуахри I э ж э р э У э р д э н р э къыдохьэ.

I э ж э (*и гупэр куэбжэмкIэ гъэзауэ*). Фыкъытхуеблагъэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ! Псоми фIэхъус гуапэ фыдох!

Хъыджэбз гуп къыдохьэ. Ахэр Iэжэ зы лъэныкъуэкIэ егъэув. Абыхэм я ужь итщ щIалэхэр. Д ж э н ы к ъ у э Т е м ы р зи пашэ гупым хэтщ К ъ а м б о т и, Ж а м б э ч и, М э т и. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэпэщыту дахэу мэув. Ж э н д а р и, шыкIэпшынэр иIыгъыу, гупым я пащхьэ къотIысхьэ. П э н у р э Н э б з и й р э унэм къыщIокI.

І э ж э (*утыкум къохьэ*). Ди хьэщІэ лъапІэхэ! Безрыкъуэ Шорэ и унагъуэм фыкъызэрыхуеблэгъам щхьэкІэ фІыщІэшхуэ фхузощІ икІи иджыри зэ фІэхъус фызох! (*ХьэщІэхэм зыри къыпадзыжыркъым, Іэжэ йодаІуэ.*) Фэри фызэрыщыгъуазэщи, ди пщым ипхъу Къафэ – дуней гъэбжьыфІэрэ цІыху гъэгуфІэу щытар – гукъыдэжыншэу къэнащ. Дуней зытетри фІэдэхэжкъым, цІыхум къахыхьэнуи хуеижкъым. Къыщыщ Іар къытхуэщІэркъым, зызэригъэпщхьэжауэ унэм щІэсщ. Ар къызыхэкІыр тщІэркъым, ауэ гурыщхъуэ дощІ хъыджэбзым и гукъыдэжыр цІыху гуэрым елъытауэ щытынкІэ хъуну. (*И псалъэр зэпегъэури къызэхуэсахэр къызэпеплъыхь.*) Ар хэтми – лІакъуэлІэшхэм ящыщми, пщылІ е Іуэхутхьэбзащ Іэ къызэрыгуэкІми, щІыпІэ жыжьэ къикІа хьэщІэми – Безрыкъуэ и унагъуэр гуапэу пежьэнущ. Адэ-анэр пэрыуэнукъым я хъыджэбз закъуэм и насыпым. ИкІи ди Іуэхур гухуит-щхьэхуиту екІуэкІын щхьэкІэ, Безрыкъуэ Шори адрей ди нэхъыжьхэри мыбы хэтынукъым. Псори дэ дзыхь къытхуащІащ. (*Аргуэру и псалъэр зэпегъэури гупым яхоплъэ.*) Иджы си ныбжьэгъухэр чэзу-чэзуурэ, Къафэ фыкъыдэфэну фыкъыдэсшынущ. Чэзур къызылъысыр пшынэм екІуу къытохьэри, Къафэ къигъэфэну кърегъэблагъэ. Къафэ утыкум къихьэн имыдэмэ, къаугъэ къимыІэту йокІыж е адрей хъыджэбзхэм языхэз къыдеш. (*ТІэкІу мэгупсысэри и псалъэм пещэж.*) Къафэ къезыгъэблагъэхэм ящыщу къыдэфэну къыхихар хэтми, сынызолъэІу ар уэим адрейхэм фымыщІыну. Апхуэдэ къиинығъэр фшэчыну, зышыІэныгъэ фхэлъыну си ныбжьэгъухэм сыфщогугъ. Ди мурадыр фэ фщыщу Къафэ къыхихынур дгъэнэхуэнращи, Тхьэм къыдигъэхъулІэ! (*ДэкІуеипІэмкІэ зегъазэ.*) Пэну, дэ дыхьэзырщ!

П э н у. Иджыпсту, зи щІыхьыр инхэ!

П э н у р э Н э б з и й р э псынщІэу унэм щІохьэж. МыдэкІэ гупыр зэхэтщ, адэкІэ къэхъуным псори йожьэ. ТІэкІу докІри К ъ а ф э р э Т а у х ъ а н р э къыщІокІ. Абыхэм я ужь итщ П э н у р э Н э б з и й р э. Къафэрэ Таухъанрэ хъыджэбзхэм я сатырым и пэм къоувэхэр. Пэну ахэр пхъэ вакъэм трегъэувэ.

І э ж э (*псори зэпеплъыхьри Жэндар зыхуегъазэ*). ЩІэдзэ, Жэндар, къэгъэпсалъэ шыкІэпшынэр! (*«Лъапэрышэ» къафэр Жэндар и шыкІэпшынэм кърегъэкІыу щІедзэ.*) Япэу утыкум къихьэну, и лъэгу дыщІигъэплъэну къыдогъэблагъэ Джылахъстэнейм къикІа ди хьэщІэ Джэныкъуэ Темыр! *(Темыр къытохьэ. Макъа-*

*мэм декIуу утыкур зэ хъурейуэ къекIухьри Къафэ кърригъэблагъэу и щхьэр ещI. Къафэ и щхьэр къиIэтыркъым икIи къэфэну къытехьэркъым. Апхуэдэу щыхъум, Темыр Гунай къыдешри къегъафэ. Апхуэдэурэ, щIалэ зыщыплI утыкум къохьэ, ауэ зыми Къафэ къыдэфэн идэркъым.*) Иджы чэзур лъысащ зи лIыгъэр адыгэ лъахэм щызэлъащIыса уэркъ щауэ Нэрхьэкъуэ Къамбот! ДыщIэгъаплъэ уи лъэгу, нартыжь лIакъуэу ди щауэ пагэ!

К ъ а м б о т. Упсэу...

Къамботи утыкур зэ къефыхьри Къафэ деж нос. Къафэ утыкум къригъэблагъэу, къызэрыфэм хуэдэурэ, и щхьэр ещI. Къафэр къыдэкIыркъым, мыдрейри ерыщ екIуауэ ар къефыхь. ИужькIэ мэгубжьри къоувыIэ, лъакъуэ ижьымкIэ щIым тоуэри, нэгъуэщI пщащэ къимыгъафэу, утыкум йокIыж. Псоми я нэжэгужагъэр кIуэдауэ, ящIэнури ямыщIэу къонэ. Iэжи ар и жагъуэ хъуауэ ищIэнур имыщIэу здэщытым, Жэндар шыкIэпшынэр зэриIыгъыу утыкум къолъадэ.

Ж э н д а р. Ей, щауэхэ! Ей, пщащэхэ! Феуэт Iэгум!...

Жэндар зигъэджэрэзу утыкур къефыхь. Къафэ деж носри къэфэну къерегъэблагъэ, ауэ хъыджэбзыр къытехьэркъым. Ар зыкIи и жагъуэ мыхъуауэ, нэгъуэщI хъыджэбзи къыдимышу, езыр, чыным хуэдэу, утыкум щоджэрэз. Псори нэщхъыфIэ къохъуж.

Г у н а й. Нэхъ псынщIэу, иджыри нэхъ псынщIэу, Жэндар!

Гунай къытолъадэри Жэндар къыдофэ. Къэфэн щаухкIэ, Жэндар Гунай трешыж, щхьэщэ хуещIыжри и увыпIэм мэкIуэж.

Ж э н д а р (*гупым захуигъазэу*). Хуит сыфщIмэ, тIэкIу зызгъэпсэхунут. *(ГушыIэ хэлъу.)* Тхьэм и нэфI зыщыхуахэм сахэткъым – пщым и пхъум сыкъыдэфэну си насып къихьакъым. Игу срихьакъым. *(Псори мэдыхьэшх, ауэ Къафэ гушыIэхэми дыхьэшххэми ящыщкъым.)*

I э ж э. Узахуэщ, Жэндар! Дыбгъэтхъащ, дыбгъэджэгуащ, пщым ипхъу дэнэ къэна пащтыхьыпхъу къэзыгъэфэн Тхьэм уищI! Иджы тIэкIу зыдгъэпсэхунщ...

ЩIалэхэри хъыджэбзхэри сценэм икIыжхэркъым, тIурытI-щырыщ зэрыгъэхъуауэ мэуэршэрхэр. Абы ирихьэлIэу Ж э н э к ъ у э р пщIантIэм къыдохьэ, и къамылыр иIыгъыу. Уэрдэн ар щилъагъум, щIалэхэм я щIыбагъымкIэ къыдохьэри Жэнэкъуэ гу зылърегъатэ.

У э р д э н (*адрейхэм захримыгъэхыу, щэху дыдэу*). ЩIэдзэ, си щIалэ!..

Жэнэкъуэр Къафэ и къафэм еуэу щIедзэ. Макъамэр гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ псоми ар къыздиIукI лъэныкъуэмкIэ загъазэ. Ар зэрызэхихыу Къафэ и щхьэр хуэмурэ къеIэт. Абы адрейхэми гу лъатащ. Жэнэкъуэр утыкум кIуэ щыхъум, зэлъыIукIуэтхэри гъуэгу иратащ. Ар Къафэ и пащхьэ иувэри, утыкум кърыгъэблагъэу, щхьэщэ хуищIащ, и къамылми епщэн щIидзэжащ. Къафэ пхъэ вакъэм къеувэхри щабэу къытехьащ. Щытхэм ялъагъур зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу, йоплъ. Макъамэм зеIэт, Iэгуауэри нэхъ ин мэхъу. Жэнэкъуэрэ Къафэрэ къызэдофэ. Къафэ и нэкIум гуфIэгъуэр къыихьэжащ...

Нэхум мащIэ-мащIэурэ хощI, сценэр кIыфI мэхъу, къамылым и макъри зэхэпхыж къудейщ.

*I у п х ъ у э*

# УЭТЭР Самий-Хьэмзэ

*(Сирие)*

## ЖЫГ КЪУДАМЭ

Рассказ

Си кIуэцIыкIыщIэр къреIуэнтIыкI, гу IэшкIэ бгъэ гъуэмбым илъыр гъущI уадэу иреудэкI, щIы хъеям иудынышIэ блыну бгъэр къыпхриудыну къоныкъуэкъу.

Сызыпэмыплъа къэхъуауэ ара, хьэмэрэ укIытэ е шынэ къыстекIуар?! Сщыгъупщэну сызыщIэхъуэпст ар, ауэ дэнэт?! Си щIалэгъуэ дахэм дыркъуэу къытенащ – тхьэбзэу.

«Ей, щIалэ... ПщIар сыт?» псалъэхэм си псэм зыхаукъуэдиящи, мафIэри зыми щыщтэкъым абы елъытауэ. ГуфIэгъуэри, жьы щтэгъуэ имыгъуэтурэ, бауэкIэщIым дэбзэхащ.

Сэ сыдэлъейри си IитIыр зэрысшиифкIэ сыдэпхъуеят, хуэрэджэ нэкIуплъ дыщафэ хъурейхэр зыIэрызгъэхьэну. Зыгуэрхэр къысIэрыхьэ хуэдэу хъури, сIэщIэцIэфтыжащ, ауэ напIэзыпIэм адрей IэмкIэ къэспхъуэтэжащ. Къудамэ лантIэм сыкIэрыщIауэ сыщехуэхым, си лъакъуэр зэфIэзгъэпкIами, си бгыр къэзгъэшами, щIым хуищIэу сытехуащ, гуэщIыкI макъ жагъуэри зэхэсхащ. Сыдэплъеймэ, къудамэр жыгыпкъым къыпылэлырт, щымыщ гуэр фIэкI умыщIэну.

ЛIым и хъурджауэр щIопщу си щIыфэм къытехуэрт, мывэ фIыцIэшхуэм зыкъуэзгъэпщкIуэну зызущэхуауэ сыщыпщым. Шыпсыранэри етауэ къызэдзакъэрт, къызаутIыпща псалъэхэм къыстрадза уIэгъэхэм банэу зыкъыхаукIэу. Жьыми зиудыгъуащ, си псэм игъэв гуауэм и пыхьэ макъыр зэхихмэ фIэфIу. Апхуэдизк Iэ даущыншэти, жьэдэсшэну жьы згъуэтыжыртэкъым.

Хадэмрэ ди унэмрэ я зэхуаку дэлъыр нэзыншэ хъуат.

КъысщыщIа щIэщхъур си щхьэм дэуеижат. ЛIым илъэгъуар ибзыщIынутэкъым, къуажэ псом Iуэху сыщищIынут. ЛIыжьхэм, хабзэ яхуэхъуауэ, ичынды нэмэз нэужьым мэжджыт пщIантIэм щызэхуэсырти, жылэм и унафэ ящIырт. Дауи, сэри нобэ утыку сыкъралъхьэнущ.

Си нэгу къыщIэуващ си адэр укIытэм зэщIиIулIауэ и ныбжьэгъухэм яхэту. Зыми зыкъыхуигъазэу къегиенутэкъым абы, зыIуэтэжым илъэгъуар жиIэж фIэкIа. ЕдаIуэхэм къахэкIынутэкъым жызыIэн: «Уи къуэр щхьэ умыгъэсарэ?» Щымынухэт. Мис, а зэрыщымынурат езыр псэр зыгъэхашэ тезыр хьэлъэр.

ИкIэм-икIэжым пщIантIэм сыдохьэж. Псыкъуийм сыкIэроувэри псы къызош. Кхъуэщынми, хьэкхъуафэми, тасми, къубгъанми ярыз сощI... удз гъэгъами, бжьынми, бжьыныхуми ящIызокIэ... Шыри къыдырри псы изогъафэ... Джэдкъазми нартыху яхузопхъ, хьэкури вэнвейрэ хьэуазэкIэрэ сокудэ.

«Уэракъым нобэ зи чэзур, уи къуэшхэми къахуэгъанэ», – гу къыслъетэ си анэм. Сэ сщIэрт сызэримычэзур, ауэ щIэщхъу къысIэщIэщIар си псэм къытехьэлъэрти, зытезгъэурт. Си адэ къыдыхьэжар мафIэу къэлыбауэ си нэгум къыщIидзэрти, зыпыIуздзыну сыхэту арат.

Си адэр тэмакъкIыхьщ, и пIэм къизышыфыр и бынхэм ятеухуауэ мыхъумыщIагъэ щызэхихкIэщ. УкIытэр къыстекIуэри, гуэщым сыщIыхьащ. Тхьэм зыхуэзгъэзауэ щэхуу солъэIу КъурIэным иту сигу къэкIыж псомкIи. СыщIэтащ абы, ди адэм и макъыр си тхьэкIумэм къиIуэхункIэ. Ар си къуэшым еупщIырт сыздэщыIэмкIэ. АдэкIэ зэхызох си анэм жриIэу: «Хуэрэджэм и IэфIагъыр щызгъэгъупщэнщ сэ абы... цIыхупсэ бгъэнри жыг ибупщIыкIри зыщ».

Илъэс плIыщI дэкIащ абы лъандэрэ, ауэ си адэм и псалъэр иджыри итщ си тхьэкIумэм, псэр игъэжагъуэу.

...Тхьэм селъэIуащ дунейм ехыжа си адэр здэкIуам щигъэтыншыну. Абдежым, езым къызгурымыIуэжу, гуфIэгъуэ гуэр къыспкърыхьэу зыхэсщIащ. «Уи адэр лIауэ щхьэ угуфIэрэ?» – жиIэу зыгуэрым зыкъысхуигъэзауэ къысщыхъури сыкъэскIащ. Зыми къыгурыIуэнутэкъым асыхьэтым си гур къыщIигуфIыкIам и щхьэусыгъуэр – ар хадэм жыгыу итыр зэрыраупщIыкIыжыр имылъагъуу си адэр дунейм зэрехыжарт.

# КЪАНДУР Мухьэдин

*(Иордание)*

## МАЖДЭ

(«Шэрджэсхэр. Балкан тхыдэ» р о м а н ы м щ ы щ п ы ч ы г ъ у э)

ЩхьэдэхыпIэр къэблэгъэху, гъуэгури нэхъ бгъузэ хъуурэ, къурш бжэн лъагъуэм хуэкIуэжат. Иджы дыдэ гупыр къызыкIуэцIрыкIа хъупIэ щхъуантIэхэр къыр пцIанэхэр щытепщэ мывалъэ лъахэм хуэкIуэжат.

Аслъэн Тимур къриджэри унафэ хуищIащ:

– Япэ уимыщу хъунукъым, уэ гъуэгур къытхузэIупхыну дыпщогугъу. Мыр хъунщIакIуэхэмрэ башибузыкъхэмрэ щызеуэ хабзэ щIыпIэщ. СогъэщIагъуэ иджыри къэс ахэр къызэрытпэмыувар.

– СынодаIуэ, зисхьэн албай!

Абы къыфIигъэкIакъым Тимур. Албайри (полковникри) щIалэм хуэарэзыуэ еплъащ: ар жыIэдаIуэт, жант икIи Iущт, нэхъыщхьэращи, Аслъэн жиIэнур и жьэм къыжьэдэмыкI щIыкIэ ипхъуатэрт.

Ауэ Тимур зы лъэбакъуи ичыну хунэмыс щIыкIэ къыр хьэдзэ къуагъым къыкъуэцIэфта щIалэ цIыкIум къиутIыпща мывэр и нэжьгъым къытехуащ. Удыным игъэундэрэщхъуа зауэлIыр лъэныкъуэкIэ ещIэри, зэпхъуа Iэщэри хуэIыгъыжакъым.

– Зывгъэхъеинщи, фи кIуэдыр къэдгъэсынщ! Дэ Iэщэ ди куэдыкIейщ икIи псори фэ къыфтегъэпсащ! – жиIащ, зигъэгурыкъыу, къырыщхьэм къытеува щIалэжь цIыкIум, Аслъэн дежкIэ и фочыпэр къишийурэ. Ар гупым зэрапашэр къыгурыIуагъэнт.

И теплъэкIэ IэмащIэлъэмащIэ цIыкIуми, и макъымкIэ къыуигъащIэрт ар зэрымыгушыIэри, жиIэр умыгъэзащIэу зэримыдэнури. Аслъэн и Iэхэр иIэтащ, абыкIэ ямыщIапхъэ и гъусэхэм ящIэ зэрымыхъунур къагуригъаIуэу. Тимури зы лъэбакъуэкIэ къикIуэтыжри албайм къыбгъурыувэжащ, лъыр къызэжэх и щхьэр Iэ

лъэныкъуэмкӀэ иӀыгъыу. Абы зэригъэщӀэгъуэнур ищӀэртэкъым сабиифэ дыдэ зытет щӀалэ цӀыкӀум хэлъ быдагъымрэ ерыщагъымрэ.

– Сэ си гъусэхэр щтапӀэ ихьэжа цӀыхухэрщ, – жиӀащ Аслъэн тыркубзэкӀэ, къырым къытетым зыхуигъазэурэ, – дэ ди зэран зыгуэрым едгъэкӀыну дыхэткъым. Мыхэр зауэ щекӀуэкӀ щӀыпӀэхэм къырахуа шэрджэсхэщ, лӀыжь-фызыжь, сабий хуэдэхэщ.

– Уэ тырку зауэлӀ гъуэншэдж пщыгъщ. Сэ абыхэм сатеплъэ хъуркъым! – И псалъэр щӀригъэбыдэжу и фоч кӀакхъур щӀичащ абы. Шэр Аслъэн и лъапэ дыдэм деж къыщытехуащ, сабэ мащӀэ къигъэхъейуэ.

ЦӀыхубзхэр зэрыгъэкӀиящ, зыкъомми щӀым зыхадзащ, я сабийхэм зытраубгъуэурэ.

– Уи псэлъэкӀэмкӀэ уэри утыркукъым! – зыхуигъэзащ Цыгъу щӀалэ цӀыкӀум.

Адрейм занщӀэу жэуап къитыжакъым.

– Пэжщ, сэ сытыркукъым, – жиӀэри аргуэру и псалъэр зэпигъэуащ щӀалэ цӀыкӀум, итӀанэ къыдыщӀигъужащ: – Сэ иджыпсту ди нэхъыжьыр къэсшэнщ, фэ фи пӀэм фимыкӀ, арыншамэ... Зыщывмыгъэгъупщэ ди фочхэр фэ къыфтегъэпсауэ зэрыщытыр!

Аслъэн сабийм жиӀэхэм шэч къытрихьауэ абы нэхъ гъунэгъу зыхуищӀын мурадкӀэ ежьат, ауэ зы лъэбакъуи ичыну хунэсатэкъым, етӀуанэ шэр гъунэгъу дыдэу блэцӀэфту и гупэ къит къыр хьэдзэм щытехуам щыгъуэ. Аслъэн къызэплъэкӀащ. Иджы шэр къыздикӀар и бгъумкӀэ къыщыт блын джафэм и щхьэмкӀэт. ЩӀалэм къыгурыӀуащ къапэувахэр хэту щытми зэрымыгушыӀэр, ӀэщэкӀи зэрызэщӀэузэдар. Ахэр хъунщӀакӀуэуи, комитуи, зауэлӀ къыщӀэпхъуэжахэуи къыщӀэкӀынкӀэ хъунут.

Гупыр умэзэхауэ зэхэтт, адэкӀэ къэхъунум ежьэу. Куэд дэмыкӀыу къырыщхьэм къытеуващ и инагъкӀэ нетӀэрейм къызэрыщхьэщыкӀ щӀагъуэ щымыӀэ «нэхъыжьыр». Ар щалъагъум, щтапӀэ ихьэжахэм абыкӀэ загъэзащ, унафэ къыхуащӀам хуэдэу.

– Сэ си цӀэр Маждэщ, – жиӀащ «нэхъыжьым» адыгэбзэкӀэ, капюшоныр и щхьэм фӀихыурэ.

Аслъэн къызэщӀэкӀуащ, илъагъур и фӀэщ мыхъуу. ЦӀыхубзым тепхъуа щӀыӀутелъым фочыр къыщӀихащ. Абы и ӀыгъыкӀэмкӀэ щӀалэм къыгурыӀуащ и пащхьэ къитым Ӏэщэ и щыпэлъагъуу зэрыщымытыр.

– Сэ тыркудзэм сриалбайщ, си цӀэр Аслъэн-бейщ, Нис дивизэм сыщыщщ,– зауэлӀ хабзэу зэкӀэлъигъэпӀэщӀащ Аслъэн. – Иджыпсту дзэм согъэзэж, абы и

унафэщI къалэныр къэсщтэн хуейуэ. Фымышынэ, сэ си зэран къывэкIынкъым. Ауэ япэщIыкIэ гузэвэгъуэ хэхуа мы си лъэпкъэгъухэр шынагъуэншэ щIыпIэ гуэрым нэзмыгъэсу хъунукъым.

– МыIейуэ зэхэплъхьащ! Ахэр уэ гъэру къэбубыдауэ, дэри ди ужь гъэпцIагъэкIэ укъихьауэ къыщIэкIмэ-щэ?

Цыгъу гупым къыхэкIуэтащ. АфIэкIа хэмылъу зи Iэпэр кIакхъум егъэкъуа зы щIалэ цIыкIу Маждэ къыбгъэдэхутащ.

– Сэ уэ узоцIыху, – жиIащ лIыжьым. – Уэ Нисавэ адрыщI къикIа шапсыгъхэм уащыщщ. ПщIэжрэ, дэ фэ шхын фэттауэ щытати? Си жьыщхьэм къеплъи, гущIэгъу къытхуэщI, дэри фэ фхуэдэу дыкърахужьащ.

– Фи Iэщэхэр псори зы щIыпIэ деж щызэтефлъхьэ! – къэIуащ Цыгъу и лъэIум и жэуапу цIыхубзым и унафэр.

Iэщэ зыIыгъыр Аслъэнрэ Тимуррэт, иджыри лIыжь зытIущым. Ахэр Маждэ сымэ зытет къырым и лъабжьэм деж щызэтралъхьащ.

– Иджы фи нэхэр щыфпхыкI! Аращ. Дэ дыхуейкъым фыздэтшэр флъагъуну!

– Цыгъу, уэ япэ ищ! – жиIащ Аслъэн.

– ФыкъакIуэ, си ужь фыкъиувэ, си псэхэ! – захуигъэзащ и гъусэхэм лIыжьым. – Тхьэм и шыкуркIэ, дыщIэшынэн щыIэжкъым! Дыдейхэрщ дызыхуэзэжар! Фымышынэ, псори тэмэм хъунущ!

Абы хэту щIалэ цIыкIуитI къыкъуэжри Iэщэхэр зэщIакъуащ, апхуэдэ дыдэуи псынщIэу бзэхыжахэщ. Мажди, капюшоныр и щхьэм фIилъхьэжри, кIыфIым хэкIуэдэжащ. Гупыр ежьащ. Аслъэн якIэлъыплъурэ псори блигъэкIащ.

– Уи нэхэр щупхыкIыну жысIакъэ, албай! – къыздикIари къыздихуари къыхуэмыщIэу и щIыбагъымкIэ къыщыIуащ нетIэрей цIыхубзым и макъыр икIи фочыпэр и блэгъукIэм кърикъуащ. Аслъэн лъэпэрапэу ежьащ. ЗдэкIуэм, щIэх-щIэхыурэ фочыпэр щIалэм и тхыцIэм къеIусэрт, абы къыкIэлъыкIуэрт здигъэзэн хуей лъэныкъуэм теухуауэ Маждэ и унафэр. Аслъэн и щхьэр зыфIиудыжырт – зэрымысакъам хущIегъуэжат. И пщIэр хэутэн ящIу къыфIэщIырти, и псэр ткIурт, ауэ зиIыгът...

КъатIэтэжа и нэхэр мафIэм идз нэхум емысэу зыкъомрэ Аслъэн фIызэтеуащ. ИтIанэ хуэм цIыкIуурэ къиплъыхьу щIидзащ и лъэпкъэгъухэм егъэзыпIэ ящIа щIыпIэр. Ар бгы зэгуэгъэзам и лъащIэт, къуршыпс щIыIэмыл цIыкIу щежэхыу – нэхъыфI уигъэ-

лъыхъуэнт зыгъэпщкIупIэу. ДыхьэпIэ зэхуакум и щхьэм фочауитI къытегъэтIысхьи, итIанэ зикI укъыхэмыщтыж. Апхуэдэ дыдэуи ящIат адыгэхэм. Къырыщхьэм щыплъырт илъэс зыбгъупщI нэхъыбэ я теплъэкIэ зумытын щIалэ цIыкIухэр, ауэ я ныбжьым емылъытауэ Iэщэм хуэIэкIуэлъакIуэхэр. Аслъэн щыгъуазэт балигъхэм нэхърэ сабийхэр нэхъ щIэх гугъуехьым зэресэм икIи мы и лъэпкъэгъу цIыкIухэр фIэпсэкIуэд хъурт.

Маждэ и гъусэ цIыхубзхэр щтэIэщтаблэу къеплъырт яхуэкIуахэм. Аслъэни къыгурыIуэрт ахэр зыгъэгузавэр: «уи щхьэ, ди щхьэ нэхърэ си щхьэ гуэр» жыхуаIэ щытыкIэм къихутахэм кIэрыщIэн лей сыту ящIынт? Ахэр тIасхъэщIэхыу тыркухэм хуагъэкIуарэ хуамыгъэкIуарэ ящIэрэ абыхэм? Я лъэпкъэгъу дыдэуи щрети, я хэщIапIэр фIаубыду я гъуэмылэ тIэкIухэр къытрамыхыну ущыхьэт? Апхуэди къыщыхъу зэманщ иджыпсту...

– Япэрауэ, – жиIащ Аслъэн и макъым зригъэIэтурэ, – ерыскъыуэ къыздетхьэжьа псори фыдот. Абы пэкIуэу дызыхуейр фи гъусэу мыбдеж жэщ щидвгъэхынырщ, ныжэбэризэм дыкъэфхъумэнырщ.

– Аркъудейт узыхуейр? – жэуап къитыжащ Маждэ, и псалъэм ауан мащIэ щIэлъу. – Узэрыхуа щытыкIэм нэгъуэщI къыуигъэгупсысакъым, аракъэ, албай? Дзэм къыхэкIуэсыкIыжа гуэру ущымыту пIэрэ уэ езыр?

Аслъэн хуейтэкъым ихъуреягъыр мафIэм зэрызэщIищтам, лъэпкъхэр зэпэщIэувэжауэ къызэрызэреупщIэтэхыжым и гугъу иджыпсту ищIыну. Ар щыму щытт, а зэрыщымым и зэрани къекIыжащ.

– Фыпх ар, мо щIалэри и гъусэу!

Тимур и нэкIур къызэщIэнащ. КIуэцIрыхуам нэхъ къищтэнт абы иджыпсту кърашIэ напэтехым нэхърэ. ЩIэп кIапсэ гъум яIыгъыу цIыхубзитI къабгъэдыхьэри, я пашэм и унафэр ягъэзэщIащ. Ар зылъэгъуа цIыхубзхэр зэщIэгъуагэу хуежьат, ауэ Маждэ и Iэр иIэтащ, «фыувыIэ» къригъэкIыу.

– Дэ фэ лей фэтхыну дыхуейуэ фи мыгугъэ! Расмия! Хьэлимэт!

Зы цIыхубзышхуэрэ щхьэцыгъуэу зы гъур цIыкIурэ гупым къахэкIри къэкIуахэр тIууэ ягуэшащ.

– МыбыкIэ фыкъыдыхьэ! – унафэ ищIащ Расмия. Абы ипкъ псыгъуэ цIыкIум апхуэдэ макъ лъэщ къыпкърыкIыну уи фIэщ хъунтэкъым. – Мес, мобдеж зыщывгъэпсэхунщ. Дэ гъуэрыгъуэурэ жэщ псом фытхъумэнущ, ауэ Маждэ жеIэ фэ фщыщ дэтхэнэми номер

иIэн хуейуэ. Абы щыгъуэ тыншу фыдбжыфынущ, фэри фыщIэпхъуэжыфынукъым, ди хэщIапIэр хэIущIыIу фщIын хуэдэу. КъызгуроIуэ апхуэдэ къызэрыфхэмыкIынури, итIани быдэ и анэ гъыркъым... МыдэкIэ фыкъыдыхьэ!

Хьэлимэти адрей гупым ар дыдэр яжриIащ. Ахэр цIыху пщыкIутху хъурт. ЦIыхубзхэми, цIыхухъухэми, сабийхэми номер иратурэ, щхьэегъэзыпIэ ящIынур ирагъэлъэгъуащ. Абы иужькIэ Хьэсэн ипхъу цIыкIухэм хьэнтхъупс пщтыр фалъэ зырыз, хьэлу бзыгъэ щIыгъуу, псоми къыхуагуэшащ.

Аслъэнрэ Тимуррэ адрейхэм хуэдэу ирагъэблэгъакъым. ЩIалитIыр мывэжь гуэрым ирапхащ. Гъуэгуанэ хьэлъэм зи къару щIихахэм щIэх дыдэ зыхащIащ кIапсэм икъуз я Iэхэмрэ мывэ дзакIэм егъэкъуа я блэгъукIэхэмрэ хуэш къазэрыхыхьэр. Ауэ узри къыфIэмыIуэхужу Аслъэн игъэщIагъуэу кIэлъыплъырт «нэхъыжьым» и унафэхэр псынщIэу икIи IэкIуэлъакIуэу адрейхэм зэрагъэзащIэм.

Маждэ мафIэм и гъунэгъуу щылъ мывэм тетIысхьащ, и лъакъуэхэм Iэлъэщ Iувыр къришыхьэкIри, икIи Аслъэн и уанэ къуапэм къыфIиха хъуржыным илъ документхэр кърихыурэ щыгъуазэ захуищIу щIидзащ. Аслъэн илъагъур и фIэщ хъуртэкъым, и тэмакъыр зыгуэрым щиубыдыкIати псалъэ къыхудэшеижтэкъым. Абы зыкъищIэжыху, Маждэ еджащ Нис и комендатым и рапортхэм: дзэм и хэщIапIэхэр къыщыгъэлъэгъуахэм, Iэщэ къыздрашхэм, ахэр къызэрашэ гъуэгухэм теухуахэм, кIэщIу жыпIэмэ – псоми, «щэху дыдэщ» псалъэхэр зытет нэгъунэ къимыгъанэу.

Иджы Аслъэн ину дыхьэшхыну хуейт. Абы зэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым, апхуэдэ тхыгъэхэр къыгурыIуэныр щыгъэтауэ, абыхэм адыгэ бзылъхугъэр зэреджэфыр. Ауэ асыхьэтым щIалэм игу къэкIам дыхьэшхэн Iуэхур IэщIыб иригъэщIащ: мы цIыхубзхэм я гъусэ гуэрхэр къыщIэпхъуэжахэм ящымыщу къыщIэкIмэ-щэ? Е ахэр Болгарием и гъунапкъэхэм щызеуэ гуп зыкъэзыIэтахэм я жасусмэ-щэ? ЛIыжь-фызыжьхэмрэ сабийхэмрэ шапэIудз папщIэу къамыгъэсэбэпыну уи гугъэ абыхэм? Дапщэрэ къыджаIа Черногорием и цIыхубзхэри я цIыхухъухэм ящIыгъуу зэрызауэр. Ахэр кIапсэкIэ бгым къехыурэ, зэуапIэ губгъуэхэм къина уIэгъэхэр яхъунщIэ, яукI, бийм и Iэщэ, и ерыскъы хъумапIэхэр ягъэс... Тырку сулътIан ерум и бийуэ лъэпкъ куэдым зыкъыщаIэта мы зэманым зыми дзыхь хуэпщI хъунукъым.

Тимур и щэIу макъым ар и гупсысэхэм къыхашыжащ.

– Си Iуэхур щIагъуэкъым, зиусхьэн албай, си нэ ижьми зыри илъагъужыркъым!

Аслъэн зыкъриIуэнтIэкIыну къеIащ, щIалэм и лажьэр зригъэщIэну. Мывэ зытехуа и щхьэм лъыр иджыри къызыпхивырт, и напIэ къэпщам и нэри къыщIигъэплъыжыртэкъым. Иужьрей махуэхэм Тимур къэхъукъащIэ куэдым хэхуат, ауэ и ныбжьым хуумыгъэфэщэну бэшэчуи къыщIэкIат. Иджы Аслъэн къыщыхъурт Тимур и натIэ зэгуаудам нэхърэ хэутэн ящIа и псэр нэхъ Iейуэ къеузу.

– Къысхуэгъэгъу, зиусхьэн, – ерагъкIэ къыдришеящ Тимур, шупэхутэ къалэныр къызэремыхъулIамкIэ езым зигъэкъуэншэжу. АдэкIэ къыпищэну хунэмысу абы и щхьэр къыфIэхуащ.

ЗауэлIым Мамдэ зыхуигъэзащ:

– Эвлия, – жиIащ абы тыркубзэкIэ.

ЦIыхубзыр къэплъащ, ауэ зыкъигъэхъеякъым.

– Сэ, ухуеймэ, нэху щыху епхауэ сыIыгъ, ауэ сынолъэIу си адъютантыр къэптIэтэну – абы уIэгъэ телъщ.

Маждэ зытэлайкIэ гупсысащ, итIанэ къабгъэдыхьэри Тимур и щIыфэм зыхэзыукIа кIапсэр зэпиупщIащ. ЩIалэр хуит къызэрыхъужу гупэкIэ хэщIащ. Абы и Iэхэр фIэущхъуэнтIыкIат. Маждэ хьэмбыIуу къэтIысри ахэр иIуэту хуежьащ. Гъунэгъу дыдэу къэтIыса цIыхубз щIалэм къыпкърыкI хуабэр Аслъэн и щIыфэм малъхъэдису ирижащ.

Тимур къыхэщэIукIащ – абы зыкъищIэжат.

– И щхьэр иджыпсту хуезгъэпхэнщ, – жиIащ цIыхубзым зэхэпх къудейуэ.

Асыхьэтым Тимур и пащхьэм къихутащ зэтIолъхуэныкъуэ щIалэ цIыкIуитI. Абыхэм яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьырт зауэлIым и фащэр, шыгъэцIыв хужьыбзэхэр къызыхэцIуукI, фэ щабэм къыхэщIыкIа и шырыкъухэр.

– ЗыIуевгъэхыт иджыпсту! – ящIэкIиящ абыхэм Маждэ. ХьэлимэтицIыкIухэм зэрызэ яхущIэуэри ирихужьэжащ. Мыдрейхэри къыздикIамкIэ щIэпхъуэжащ, зэтIыркъ-зэшыркъыу.

Маждэ хьэнтхъупс фалъэ иIыгъыу къигъэзэжри Аслъэн къыбгъэдэтIысхьэжащ. Ауэ къитIэтэжакъым, а зэрыщытым хуэдэу фалъэр и жьэм хуихьащ, иригъэIубыну.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, уэри уадыгэщ?

– Сыадыгэщ, сышапсыгъщ, Данил хьэжым сри-

къуэщ. Си адэ-анэр Сочи кърашри мыбы кхъухькIэ къашауэ щытащ... ИлъэсипщI ипэкIэ.

Маждэ и нэкIур зэхэуащ. Абы псори ищIэжырт.

– Дэ дызэфIэкIуэдыгъащ, – Аслъэн щыгугъырт, нэхъыбэ жиIэху, Маждэ дзыхь нэхъ къыхуищIыну, дауи, езыхэм ящыщу ар къыщIэкIмэ. КъыщIэмыкIыу я бий дыдэу щытми, псалъэр лей хъуну къыфIэщIыртэкъым. – Сэ сыщыгъуазэкъым ахэр здагъэкIуам. Сэ кхъухьым сыкъызэребэкъуэхыу сапхъуатэри дзэм сашащ. Абы лъандэрэ Анадолэм къулыкъу щызощIэ. Иджы, мис, мыбы сыкъагъэкIуащ, – Аслъэн хьэнтхъупсым еIубащ. – Уэ мы щIыпIэм щызэхыумыхауэ пIэрэ Данил хьэжымрэ абы и щхьэгъусэ Марянрэ я хъыбар?

КъызэреупщIхэр Маждэ игу зэрыримыхьыр къыуигъащIэу и щхьэр игъэкIэрэхъуащ:

– ЦIэ-унэцIэкIэ укъызэмыупщI. Зыми я цIи я унэцIи бжесIэнукъым.

– НтIэ, уэ езым зыдгъэцIыху, эвлия! – къикIуэтакъым Аслъэни. – Уэ у-Маждэщ, уи унэцIэр...

– Сэ си цIэр Маждэщ. Абы нэхъыбэ зэкIэ уэ пщIэн хуейуэ къэслъытэркъым.

– Содэ апхуэдэуи!

Аслъэн хьэнтхъупсым аргуэру еIубащ. «Сыт хуэдэ IэмалкIэми мы цIыхубз ткIийм, ауэ ягъэшынам гурыIуэн хуейщ», – егупсысащ ар.

– Мы щIыпIэм сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу икIын хуейщ, эвлия! Сэ гурыщхъуэ сощI сербхэр гъунэгъу къытхуэхъуауэ. ИужькIэ абыхэм КосовэкIэ ягъэзэнущ. Уэри ущыгъуазэу къыщIэкIынщ а щIыналъэр абыхэм я адэжь лъапсэу зэрабжым.

Маждэ псалъэ къыпимыдзыжу Аслъэн къедаIуэрт. Албайми къыгурыIуат мы щIыпIэм щызеуэ дзэ пакIэхэмрэ зыкъэзыIэта гупхэмрэ я зэжьэхэуэныгъэхэм цIыхубзыр фIыуэ зэрыщымыгъуазэр. Абы и тхылъымпIэхэри къыгурыIуауэ къыщIэкIынутэкъым.

– Иджыпсту дэ Нови Пазар провинцэм хыхьэ Санджакъ щIыпIэм дыщыIэщ. Мыр Тыркумрэ Сербиемрэ зэпаубыдауэ щIызэзауэ щIы Iыхьэщ. Куэд мыщIэу мы щIыпIэм къэсынущ тыркудзэр. Сэ сызэреплъымкIэ, уи цIыхухэр къебгъэлыну ухуеймэ, дыгъэ къухьэпIэмкIэ умыунэтIу хъунукъым, Черногорием ухуэкIуэу. Абы и бгылъэ щIыпIэхэр зыгъэпщкIупIэфI фхуэхъунщ.

Маждэ икIэм-икIэжым къэпсэлъащ:

– Дауэ мы къомыр гъуэгу зэрытепшэнур, ерыскъыншэрэ къаруушэхэу? Уэ аргуэру си щхьэгъэузым кър-

схухэбгъэхъуащ. Мо лIыжь-фызыжьхэмрэ сабийхэмрэ жыжьэ нэсыфыну уи гугъэ?

Аслъэн и гур къызэрыгъуэтыжащ. Iуэхум теухуауэ «нэхъыжьыр» къыщечэнджэщкIэ, адэкIэ тхьэм жыхуиIар хъунщ. Нэхъыщхьэращи, япэ лъэбакъуэр тэмэму ча хъуа хуэдэщ.

– МэкъумэшыщIэ куэдым, дауи, зэхахауэ къыщIэкIынущ мыбы щекIуэкIыну зауэм и хъыбар. ЕпIэщIэкIыу абыхэм я унэ-лъапсэхэр къызэрагъанэм сэ гу лъыстащ. Пщэдей щIалэ зытIущ зыщIызгъуу сежьэу, сэ къэсщIэфынущ Iуэхум и щытыкIэр. Хэт ищIэрэ, апхуэдэ щхьэусыгъуэкIэ къагъэна унэхэм ерыскъы гуэрхэр къыщыдгъуэтынкIи хъунщ. Зи щхьэр мафIэм хэзых цIыхухэм куэд къыздащтэ хабзэкъым...

Маждэ и нэгу къыщIыхьэжащ езыхэр къызэрежьа щIыкIэр.

– Хъунщ, – жиIащ абы, тIэкIурэ гупсысэри, – ауэ мо щIалэр мыбы къэбгъэнэнущ!

– Тимури? Къырыренэ, уэ ар нэхъыфIу къыщыплъытэкIэ. Абы щыгъуэ фэ фщыщ гуэр си гъусэн хуейщ.

– Исмэхьил.

– Ар тырку зауэлIхэр фIыуэ зымылъагъура?

– Ара дыдэщ. Абы и гъусэнущ си пщыпхъу Сэкынати. Абы шы тесыкIэ фIыуэ ещIэ, езыри бэшэчщ. Тырку бзылъхугъэхэм фахуэзэрэ абыхэм я деж шхын къыщыфщэхун хуей хъумэ, Сэкынат сэбэп къыфхуэхъужынщ, – жиIэри Маждэ и псалъэр зэпигъэуащ, итIанэ къыпищащ: – Сэ ахъшэ тIэкIуи фэстынщ, пщIэнукъым фыхуей зэрыхъужынур! Сыфщогугъ дыгъуэнрэ хъунщIэнкIэ цIыхухэм я губгъэн къэфхьу гущыкI къытхуевмыгъэщIыну. Ауэ дыгъэр къуэмыхьэ щIыкIэ къэвмыгъэзэжмэ...

– Къэзгъэзэжынщ, лейуэ сыумыгъэшынэ.

Маждэ и напIэр ирихьэхащ, укIытэжауэ. Куэд щIат абы апхуэдэу пщIэ къыхуищIу цIыхухъу къызэремыпсэлъэжрэ. Аслъэни абы къыфIигъэкIакъым. Иджыт и пащхьэ къит цIыхубзыр абы щызэпиплъыхьыр. Маждэ лъагъугъуафIэт, ауэ гугъуехь зыхэтым и нэпкъыжьэ цIыхубзым и нэкIу дахэм тримыдзэуи щыттэкъым. Аслъэн и нэгу къыщIигъэхьэрт зыхэт мы бэлыхь къомыр щхьэщыкIауэ гупсэхугъуэ зыгъуэтыжа бзылъхугъэм и щытыкIэнкIэ хъунур. Дауи, абы щыгъуэ нэхъ щIалафи тетынт, нэхъ дахэжуи щытынт. Аслъэн фIэпсэкIуэд хъуат ар, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ, зэрыфIэкIуэдрэ куэд щIа и шыпхъуу къызыфIигъэщIри.

– Уэ езыми къыбгурыIуакIэщ сэ дзэм сыкъызэрыхэкIуэсыкIыжар. Аращи, егъэлеяуэ укъыстемышыныхь. А сыздыщIэпхъуэжыну жыхуэпIэм сызэрынэсыжу срагъэукIынущ.

– НтIэ, щхьэ укъэкIуэсэжат? – Маждэ щIалэм теухуауэ нэхъыбэ къищIэну зэрыхуейр къапщIэу абы къеплъащ.

– Сэ Румелиеми Болгариеми сыкъыкIуэцIрыкIащ, шапсыгъ къуажэхэр къэслъыхъуэу. Ауэ иджыщ къыщызгурыIуар нэкъыфIэщIыр къэзгъуэтыну и ужь сызэритар – си унагъуэм, си благъэ-Iыхьлыхэм я хъыбар зыщIэ гуэр сылъыхъуэрт. Адыгэхэми, тыркухэм хуэдэу, ябгынэу къыщIэкIынущ лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ мафIэм зэщIищта мы чыристан лъахэр. Сэ къызгурыIуащ мафIитIым я кум къыдэхута адыгэхэр куэдкIэ нэхъ гугъу зэрехьыр икIи мурад сщIащ, нэгъуэщI мыхъуми, абыхэм ящыщ гуэрхэр шынагъуэншэ щIыпIэм нэсшэсыну. Сэ сызэреплъымкIэ, къадэIэпыкъункIэ щыгугъыу адыгэхэм тырку сулътIанми абы и дзэми зыхуагъэзэн хуейкъым.

– Сыт щхьэкIэ?

– Дымухьэжырщи – щтапIэ ихьэжа дылъэпкъщи, дызэлъэIунухэм я диныр тIыгъми.

– Хэхэс, шыдыгъу...– Маждэ игу къэкIыжащ Тепелик-Пять къуажэм щыдэсам я гъунэгъу кхъуахъуэ цIыхубзыр къызэрещу щыта псалъэхэр. – Мыбы дэ зыри къыщытхуейкъым – я щIыр яфIэдубыдауэщ къазэрыщыхъур.

– Апхуэдэ гуемыIу псалъэхэр сэри куэдрэ зэхэсхащ, – жиIащ Аслъэн, я псалъэмакъыр къызэрыгуэкI Iуэхум зэрыхуэкIуэжам щыгуфIыкIыу. Сыту пIэрэт жиIэнур Маждэ, зэрапхъуа адыгэ къуажэхэр илъэгъуауэ щытамэ?

– Хьэнтхъупсыр ух! Пщэдей ерыскъы лъыхъуэ уежьэныр пэжмэ, фIыуэ зыбгъэпсэхун хуейщ.

– СыкъэптIэтэну уигу илъкъэ, эвлия?

Маждэ ищIэнур къыхуэмыщIэу тIэкIурэ гупсысащ.

– Хъунщ, ауэ япэщIыкIэ мес мохэр къэший, – цIыхубзым и Iэр Аслъэн и лъакъуэхэмкIэ къишиящ. – Арыншэу уэ щIэпхъуэж уиIэкъым!

Аслъэн къыщиудри дыхьэшхащ:

– Дэгъуэщ, – афIэкIа хэмылъу абы и шырыкъуитIыр зыщидзащ, – ауэ фахуэсакъ, сэ ахэр Галатием щыщ журт шырыкъуэщIэ цIэрыIуэм схуищIыгъащ.

Маждэ абы къыпидзыжаIакъым, ней-нейуэ къеплъа мыхъумэ...

Нэхулъэ къыщищІым ирихьэлІэу гупыр ежьащ. УщызэкІэщІэплъу хьэуар къабзэт. Радан бгы щыгумкІэ дыгъэми хуэму зыкъыщиІэтырт, губгъуэхэмрэ хъупІэхэмрэ бэяу гъуатІафэкІэ ириІэу. Къурш тхыцІэр ипщэ лъэныкъуэмкІэ къэзыухь Топлик аузымкІэ кІуауэ щытамэ, ахэр сыхьэт зыбжанэкІэ Косовэ бгъуэщІым – Сербием и гупсэм – къыщыхутэнут. ЛІэщІыгъуэкІэрэ серб минхэм я щхьэр щагъэтІылъа а губгъуэ цІэрыІуэм зауэр щыфІахьэхури, ахэр я адэжь лъапсэм пэІэщІэ ящІат.

Шухэр сэху къызэгъэжэха амбархэм бгъэдыхьащ. Аслъэн и гъусэхэм унафэ яхуищІащ къэувыІэу зэщІэдэІукІынхэу. Псэ зыІут дунейм щыдымтэкъым – амбарышхуэм къегъэщІылІауэ къыщыт унэ цІыкІум и уэнжакъри Іугъуэншэт.

– Фэ мыбдеж фыкъыщызэжьэ, – захуигъэзащ Аслъэн и гъусэхэм, къуэгъэнапІэмкІэ и Іэр ишийурэ. – Сэ мыбы зыгуэр щыпсэурэ щымыпсэурэ зэзгъэщІэнщ.

Ар шым къепсыхри и къамэмкІэ Іэбащ. Исмэхьил ар щилъагъум, къыпыгуфІыкІащ икІи езым пщІэхэлъ къамэмрэ фочымрэ зыпщІэхихри зейм иритыжащ.

– Маждэ жиІат мыхэр уэстыж хъуну!

Аслъэн кІэнауэм елъэри, гъэщхъауэ, амбарымкІэ щІэпхъуащ. ЩІапІэр куэд щІауэ зэрыхыфІадзэжар нэрылъагъут – хьэ къудей пщІантІэм дэлъыжтэкъым. ПэІущІэ амбарышхуэм и бжэр гъэбыдат. Щэху дыдэу абы екІуалІэри Аслъэн бжэ дамэдазэмкІэ дэплъащ. Амбарым гъавэ ярылъу къэп зыбжанэ щІэтт, адкІэІуэкІэ дагъэ ярыту кхъуэщын зытІущи къыщытт, блыным бжьын блаи фІэдзат. Асыхьэтым щІалэм и тхьэкІумэм макъ гуэр къиІуащ, пхъэбгъум джэду епІэстхъ хуэдэу. Макъыр къыздиІукІымкІэ плъэмэ, лъэгум иуда хьэуазэм зы лІыжьрэ фызыжьрэ хэст, сабий шына цІыкІуитІ я гъусэу.

– Сыт зыщІэвгъэпщкІур? Зыгуэрым фигъэшынауэ ара?

Жэуапым и пІэкІэ гъы макъ щэху дыдэу къэІуащ. Аслъэн абыхэм ябгъэдыхьащ. Утыкум мыхъейуэ зы цІыхубз илът, и бгъэр шэм пхиудауэ. Адрейхэр абы щхьэщыст.

– Сербхэм адрей амбар псори яхъунщІащ... Дэ дыпомакщ...– къэпсэлъащ лІыжьыр.

«Болгар муслъымэнхэщ», – егупсысащ Аслъэн.

– Абыхэм си пхъур яукІащ. Ар япэуват сербхэм... Ди Іуэху къызэрамыхуауэ щытамэ, мыбы щІэлъым щІымахуэр ирыдигъэхынут...– лІыжьым жиІэхэр хузэ-

кIэлъыгъэкIуэжыртэкъым. – Езыри яхэуащ… Ар иджыри псэущ. Дгъэхуэбатэмэ, хэт ищIэрэ?..

Аслъэн абыхэм ядэIэпыкъуфынутэкъым.

– Тхьэмадэ лъапIэ, гузэвэгъуэ зылъыса цIыхухэр сэри къызожьэ. Ауэ куэд мыщIэу иджыри зэ сыкъыфлъыгъуэзэжынщ. ДэнэкIэ сербхэм зыдаунэтIар?

– НискIэ ягъэзэжащ.

Аслъэн амбарым къыщIэкIыжри Сэкынатрэ Исмэхьилрэ къабгъэдыхьэжащ.

– ДемыпIэщIэкIыу хъунукъым, и хъуреягъым хъунщIакIуэхэр щызоуэ. Нэхъ ипщэIуэкIэ дыкIуэтэнщ. Сербхэм мыр зэщIалъэщIакIэщ. Я хьэлъэр ирикъуа хъунти, зэкIэ ягъэзэжащ.

Зыкъомрэ ипщэ лъэныкъуэмкIэ кIуауэ абыхэм къалъэгъуащ унэ зыбжанэ фIэкIа мыхъу жылагъуэ цIыкIу гуэр. МэкъумэшыщIэ унэхэм ящыщ зым и уэнжакъым Iугъуэ кърихурт. Гупым абыкIэ иунэтIащ, ауэ асыхьэтым пэIущIэ унэм къыщIэIукIа фоч уэ макъым къызэтригъэувыIэжахэщ. Я пащхьэ дыдэм къытелъэлъа шэпхъхэм къыбжаIэрт бысымхэр хьэщIэ зэремыжьэр. Аслъэн и пщэм дэлъ бэлътоку хужьыр къыдипхъуэтри иIэтащ. Адрей IэмкIэ Сэкынат и Iэблэр иубыдащ, а тIур зэлIзэфызу къащигъэхъуну.

Унэбжэр кIыргъри дамэдазэу къэувыIэжащ.

– Дэ мэжэщIалIагъэм дыкърихужьащ! Тхьэм щхьэкIэ, хъуххэнумэ, шхын гуэр къыдэфт е къыдэфщэ!

Аслъэн тыркубзэкIэт зэрыпсалъэр, ауэ бжэм зи щхьэр къыдэзышиикIар зэрилъагъуу, Сэкынат джащ:

– Уэ уадыгэщ, адыгэ цIыхубзхэрщ апхуэдэу IэлъэщI зытезылъхьэр. Ди щхьэр къывэтхьэлIащ, дыныволъэIу гущIэгъу къытхуэфщIыну!

Бжэр зэIужри пырхъуэм къытеуващ курыт ныбжьым итын цIыхухъур, фочыр зэриIыгъыу.

– Мыбы фыкъыщызэтемыувыIэ! Дежьэну ди хьэпшыпхэр дэри зэщIэткъуэу аращ. Жылэм зы цIыху къыдэнакъым. Дэ ди сабийр сымаджэти дакъыкIэрыхуащ. Нобэ-ныжэбэ мыбы сербхэр къэсынущ, фаIэрыхьэмэ, псэууэ факъыIэщIэкIынкъым!

– Ерыскъы гуэр здэдмыхьу дыкIуэж хъунукъым! – къэпсэлъащ аргуэру Сэкынат.

– Ахъмэт и гуэнхэм фиплъэ, ар езыр дыгъуасэ ежьащ. КъигъэнаIами, къыхуэсэбэпыжыну къыщIэкIынукъым. Вгъуэту хъуар къафщтэ, си шыпхъу, Тхьэм фыкъихъумэ!

ЛIым и щIыбагъымкIэ къыдэт фызыр къэпсэлъащ:

– ФепIэщIэкI, си псэхэ! Ауэ фысакъ, мыбы сэлэт-

хэмрэ заптияхэмрэ щызоуэ, фапэщIэхуэмэ – фагъэтIысынщ!

Аслъэн сымэ гъавэ хъумапIэхэмкIэ щIэпхъуащ. IэмалыншагъэкIэ нэхъ зыхуеину тIэкIуфэкIухэр къащтэу пIащIэгъуэкIэ щIэпхъуэжахэм къагъэна псори адэ-мыдэкIэ щикъухьат. Амбархэм ящыщ зым чеишхуэ щIэтт, къэбыстэ гъэфIэIуа илъу. Исмэхьил абы щхьэщыхьэри хэуащ икIи къыIэрыхьар зэрыщыту и жьэм жьэдиубащ. Аслъэнрэ Сэкынатрэ щIалэ цIыкIум гущIэгъу хэлъу еплъа фIэкIа, зыри жаIакъым. Амбарым нэгъуэщI щагъуэтакъым, мэкъу Iэмбатэ цIыкIумрэ нартыху зэрылъа къэп гъуанитIымрэ я гугъу умыщIмэ. Адрейхэр, дауи, здрашэжьагъэнут...

– Сэкынат, уэ мэкъумэшыщIэм урищхьэгъусэу щытамэ, дэнэ щыбгъэпщкIунт фи гъавэр?

Сэкынат къыгурыIуащ Аслъэн зыхуейр. Адыгэхэм игъащIэми къадокIуэкI къуэдзэщ я унэхэм хащIыхьу. Иджы ар къэгъуэтын хуейт. Сэкынат зи пырхъуэр лъэныкъуабэ хъуа унэмкIэ щIэпхъуащ, ауэ игъуэтаIакъым. Абы къыбгъурыт унэм и хъуреягъри щIищыкIащ.

– Къэзгъуэтащ! – къыхэкIиикIащ ар.

Унэ щIыбагъ блыным бжэ цIыкIу хэлът, пхъэрыгъажэ игъэлъэдэжауэ. Аслъэн ар Iуиудри, бжэ цIыкIум адэкIэ къыIулъ пхъэ зэпыгъэлъэлъахэр къыIуихыу хуежьащ. Асыхьэтуи къалъэгъуащ зэгъэкIуа дыдэу зэтелъхьа къэпхэмрэ чей зыбжанэрэ – абыхэм къагъуэтат къуажэ цIыкIум и щIымахуэ гъэтIылъыгъэхэр.

Аслъэн чеитI-щым я щхьэр триудри абыхэм ярылъ хьэжыгъэ, прунж, джэш хуэдэхэр къэпхэм ирикIутэу щIидзащ. Из хъур Сэкынатрэ Исмэхьилрэ Iуахыурэ шыхэм трагъэзагъэрт.

– ТIэкIу дедзэкъэнщи, дэ езыхэм плIэкIэ тхуэхьынум хуэдизи къыздэтщтэнщ, – жиIащ Аслъэн. – ПсынщIэу дынэсыжу ныжэбэ фIэмыкIыу гупыр едмышажьэу хъунукъым, арыншамэ, зэхэуэ гуащIэм и кум дыкъинэнущ.

Къахуэхьынум хуэдиз къащтэри, гупыр гъуэгу къытеувэжащ. Сэкынат и плIэм илъ къэп хьэлъэм апхуэдизкIэ иришэхати, зэрыкIуэм нэхъри зэрыжэр нэхъыбэт. Исмэхьил къищтари хьэлъэIуэу къыщIэкIащ. ЩIалэм и псчэр абы къигъэхъейуэ и тэмакъыр щиубыдыкI щыхъум, абы и къэпыр Аслъэн къыIихри шхуэIур хуишиящ:

– Шыхэр уэ нашэ!

Помакхэм я къуажэм къыщысыжым, Аслъэн къэувыIащ.

– ДыкъыщыкIуэм дызыхуэзахэм я Iуэху зэрыхъуар зэзгъэщIэнщ, зыгуэркIэ сэбэп сахуэхъуфмэ, сеплъынщ, – жиIащ абы. – Фэ фыкъэмыувыIэ, нартыхупкъэм фыхэтурэ фынакIуэ! Сэ сыныфлъэщIыхьэжынщ!

Аслъэн и дамащхьэм телъыр гъуэгубгъум деж щигъэтIылъри, езыр амбархэмкIэ щIэпхъуащ. Бжэр щыIуихым, щIалэм илъэгъуам къигъэуIэбжьащ. ЦIыхубзыр псэужтэкъым. АдкIэIуэкIэ, блыным кIэрыгъэщIауэ, къыщыст лIыжьыр. Абы и лъэгуажьэм телът зэфIэшэжауэ зи псэр хэкIа сабиймрэ лIыжьым и джанэкIэр икъузауэ зэфIэдыкъа фызыжьымрэ. Аслъэн къыщIэкIыжыну къигъэкIэрэхъуащ, ауэ, гурыщхъуэ ищIауэ, лIыжьым щыхуеплъэкIыжым, къэскIащ – абы и нэ лъэныкъуэр и нэкIущхьэ пхыудам къищырт. ЛIыжьым и щхьэм щIэгъэкъуауэ къэна фочым къыбжиIэрт, зиукIыжыну хэкIыпIэншагъэм ар зэрырихулIар. Аслъэн еплъэкIыжын хуей щIэхъуа сабий нэхъыжь цIыкIур къыIэщIэлъэгъуакъым – уи щхьэ Iуэху уэ зехуэж жаIэу, нэхъыжьхэм ар яутIыпщауэ къыщIэкIынут.

Адыгэ щIалэм хьэдэхэр амбар лъэгум щызэбгъурилъхьэри хьэуазэкIэ щIихъумэжащ, дыуи ятрищIэжащ. И гур къутауэ абы къыщIэкIыжри и къэпхэр къищтэжащ. Амбарым къыщIэна ерыскъыпхъэхэм ар еIусакъым, мэжэщIалIэу зыгуэрхэр кърихьэлIэмэ, къахуэсэбэпыжынщ жиIэри.

* * *

...Пшапэр зэхэуэу хуежьами, гупыр къэмыувыIауэ кIуэрт, сыт хуэдизкIи щIыпIэ шынагъуэм пэIэщIэ зыхуащIыну еIэу. Иджы ахэр цIыху щэ ныкъуэм нызэрыхьэсырт. Хьэсэн и анэ жьы дыдэ хъуар зекIуэфыртэкъыми, ари цIыхухъухэм гъуэрыгъуэурэ яхьырт.

– ХуэмыIуэу дымыкIуэу пIэрэ? – еупщIащ Маждэ Аслъэн.

– Хуэмщ, ауэ ди къарум къызэрихьыр аращ.

– Хьэсэн и анэр тхуэшхэркъым. Зехьэней сыхъуну сыхуейкъым, жеIэ.

ЗдэкIуэри зыхуэкIуэри къызыгурымыIуэж адыгэхэм апхуэдэу я гъуэгу хагъэщIырт. Зыт зэгупсысхэр – тыркухэмрэ сербхэмрэ лIэнкъэнэну щызэпэщIэува щIыпIэм сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу я щхьэ зэрырахынырт. ЦIыху минхэр щысхьыншэу зи бэсым иракIутэ зауэ щхьэлыжьым аргуэру зрамыгъэхуэну еIэхэрт. Я ерыскъы тIэкIури яIэщIэухати, хьэлу пIащIэ цIыкIухэр ягъажьэурэ, апхуэдэ зырыз цIыху къэс ма-

хуэм ирату арат. ЗыблэкI губгъуэхэм, мэзхэм адыгэхэм мэракIуэ, пхъэщхьэмыщхьэ хуэдэхэр къыщацыпырт, щIапIэ бгынэжа хуэзэми, пшхы хъун гуэрхэр къыщаулъэпхъэщырт.

СанджакъкIэ зэджэ щIыпIэ къуейщIейр зэпаупщIын ипэ цIыхухэм тIэкIу зрагъэгъэпсэхуну къагъэувыIащ. Умаррэ Тимуррэ къалэн щащIат псым цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ иризэпрашыну выгу е шыгу къагъуэтыну.

Абы ирихьэлIэу Тимур къэсыжащ.

– СыноупщI хъуну, зиусхьэн албай!

– Хъунущ! – кIэщIу жэуап итыжащ Аслъэн, итIанэ дыхьэшхри: – Си акъылым сипхуащ, щIалэ! Сэ дзэм сыхэтыжкъым, ауэ уэ итIани зауэлI хабзэм тету укъызопсалъэ!

Тимур и дамащхьэр дришеящ:

– Къысхуэгъэгъу, зиусхьэн албай! Сэ езым сымыщIэжу апхуэдэу сфIохъу, ауэ ар сэ икIи нэхъ сигу ирохь!

– Хъунщ, капрал. Сытыт узыхуейр?

– Хуит сыщI, цIыхуищ хуэдиз зыщIызгъуу, мы щIыпIэм щыпсэу мэкъумэшыщIэхэм выгуитI къаIэщIэзгъэкIыну!

– А выгухэр къызыIэщIэбгъэкIынухэр езыхэр дапщэ хъурэ?

– Зы чыристан къуажэ цIыкIу хуэдиз.

– ГурыIуэгъуэщ. Къуажэр зейр болгархэра хьэмэрэ сербхэра?

– СщIэркъым, зи щIыхьыр ин! Ауэ си фащэр щыстIагъэрэ...

– Зэ умыпIащIэт! Сэ езым апхуэдэ хуитыныгъэ хабзэм къызет. Дэнэ мэкъумэшыщIэхэм щащIэр сэ Пирот щаIыгъ дзэм и унафэщIу сыщымыту?

– Узахуэщ, зиусхьэн албай! – Тимур къыпыгуфIыкIащ. Ар дыдэрт щIалэми и мурадыр.

– Дэгъуэщ, Тимур! Иджы цIыхухъухэм яхэупщIыхь башибузыкъухэм я фащэкIэ зихуэпэну арэзы яхэтрэ яхэмытрэ. Сэ сэлэт гуп цIыкIу сыхуейщ. НакIуэ!

Ауэ лъэбакъуитI-щы фIэкIа имычу, Аслъэн къэувыIэжащ.

– ДыкъикIыркъым, Тимур! Мы ди теплъэмкIэ хэт дэ дызауэлIу зи фIэщ хъунур? НэгъуэщI мыхъуми зыдупсын хуейкъэ? Сэ гъуджи сабыни сIыгъкъым...

Псалъэмакъыр зэхихати, Хьэсэн и щхьэгъусэр абыхэм къабгъэдыхьащ.

– Сэ Хьэсэн и фэеплъу зэрызиупсу щыта Iэмэпсымэхэр зызохьэ. Къигъэзэжмэ, хэт ищIэрэ?..

– Упсэу, Хьэтхъан!

ЦIыхубзым Аслъэн пхъэ лъэдакъэжь гуэрым тригъэтIысхьэри и жьакIэр къабзэу хуиупсащ. Тырку офицерхэм пащIэ фIэкIа ягъэкIыну хабзэм хуит зэримыщIым псори щыгъуазэт. Хьэтхъан лэныстэ къигъуэтри щIалэм и щхьэцри нэхъ кIэщI хуищIащ. Аслъэн и ужь Тимури зрагъэупсащ. Абы и щхьэц фIыцIабзэ утIэрэзахэр удзым щыхэхуэм, щIалэ цIыкIухэр епхъуат, ауэ Маждэ яхуилъащ.

– ФемыIусэ абыхэм! ЩIэтIэн хуейщ ахэр. Щхьэц кIэпхъхэм е къуалэбзум зэбрахыну фIыкъым – уи мурад къохъулIэркъым, жаIэ.

– Алыхьым дыкъелъагъу нэгъуэщI Iэмал дызэримыIэр, – хэщэтыкIащ Хьэлимэт, – ауэ зикI си гум къищтэркъым сэ мы кърахьэжьа Iуэхур...

«ЗауэлI» гупыр хьэзыр хъуакIэт.

– ЦIыхубзхэр фынежьэ! – жиIащ Аслъэн. – Умар псы икIыпIэм фыныIуишэнщ!

Аслъэнрэ абы и «башибузыкъухэмрэ» ищхъэрэкIэ яунэтIащ. Жьапщэм кърищIыкIэха жыг къудамэхэм зекIуэгъуей ящIа лъагъуэм тету мэзым кIуэцIрыкIри, ахэр губгъуэ нэщIышхуэм ихьащ. Гъавэ щIапIэри абы къыбгъурыт жыг хадэшхуэри болгар гуэрым ейт. Абы и пщIантIэм витI дэтт, мэкъумэшыщIэ гуэри щытт, гухэм епэщэщу. Бжэ IухамкIэ Аслъэн къилъэгъуащ бахъэр къызыщхьэщих шхыныр зытет Iэнэм лIищ бгъэдэсу.

– Хайда! – жиIэри джащ  Аслъэн икIи и кIэрахъуэр дригъэуеящ.

Ауэ зыпэмыплъа хьэщIэхэм бысымхэр къапежьакъым – бжэр псынщIэу кърадзылIэжащ. Унагъуэр хъунщIакIуэхэм ящихъумэну къащта муслъымэнбекджым выгу къуагъым зыкъуидзауэ и фочыр зэриузэдыр илъэгъуащ Аслъэн.

– Пащтыхьым и цIэкIэ жызоIэ, вгъэтIылъ Iэщэр! Сэ тхылъ сIыгъщ, выхэр къыфIысхыну хуит сищIу! – Аслъэн тхылъымпIэ гуэрхэр иIэтри и щхьэ щыгум щигъэкIэрэхъуащ. Абы шэч къытрихьэртэкъым болгар мэкъумэшыщIэхэр зэрыщIэныгъэншэм. Тырку мыхъурыр зыхуэдэм емылъытауэ, абыкIи къэбгъэпцIэфынут ахэр. НэгъуэщI жимыIэу «башибузыкъухэм» дежкIэ зыкърigъэзэкIри унафэ яхуищIащ: – Мес мо выхэр къыдэфху! ФепIэщIэкI, дэ зэман диIэкъым!

Выхэм Аслъэн щIытригъэчыныхьыр зэхэуэ къэхъумэ, ахэр къуэдзапIэу къигъэсэбэпын щхьэкIэт. Абыхэм шэ къатехуэнкIэ зэрыхъунум игъэшына болгарым и

гъусэхэр зэтриIыгъэт. Лъапсэр зейм и гъусэ тырку судыщIэр нэхъ лIыхъужьу къыщIэкIащ. Абы и щхьэр бжэм къыдигъэжри пщIантIэм дэтхэм унафэ къахуищIащ, Iэщэм емыпхъуэнхэу.

– Челеби! – зыкъыхуигъэзащ болгарым Аслъэн. – Зиусхьэн лъапIэ, бакъшышыр-щэ?

– Сыт ахъшэ? – щIэгубжьащ абы Аслъэн. – Мыбыхэм дащIыхуейр къэралым и шынагъуэншагъэр хъумэным епха щэхукIэ къэдгъэсэбэпын щхьэкIэщ!

Аслъэн сымэ выгу зэщIэщIаитIыр кърахужьэри къежьэжащ. Япэм выхэр зейр ист, етIуанэм – тырку хъумакIуэмрэ зауэлI фащэкIэ яхуэпами, башибузыкъум зыкIи ещхь мыхъуа Хьэмзэтрэ.

Дунейр даущыншэт. Пшапэр зэрызэхэуэу, мы щIыпIэм бадзэ щыдымыжыртэкъым; цIыхухэм я бжэщхьэгъубжэхэр къагъэбыдэжырти, унэхэм щIэтысхьэжырт. Iэщ псэуалъэхэм хэлъ бжэхэм пхъэрыгъажэхэр Iуалъхьэжти, абы нэмыщIкIэ IункIыбзэ къэбышхуэхэр фIадзэжырт. ДэнэкIи хъунщIэ-теуэр щыетати, псоми я псэр IукIат.

Иджы Аслъэн тхьэ щIелъэIур Тимур мыгъуэщэнырт. Гупыр гъуэгум текIри губгъуэр кIуэцIратхъыу ежьащ. Абы ирихьэлIэу выхэр зейм зыкърыгъэзэкIри и ужь ит выгум ис тырку хеящIэм егуоуащ: «Мыбыхэм Ибар псы икIыпIэмкIэ яунэтIащ. Аращ, нэгъуэщI абыкIэ щыIэкъым!» «Ибар» псалъэр зэрызэхихыу Аслъэн и гур псэхужащ – абы къыбжиIэрт щымыуауэ ахэр псы икIыпIэм зэрыхуэкIуэр.

Болгар лIыжьым жиIар пэжт – куэд дэмыкIыу ахэр псы Iуфэм нэсащ. Аслъэн лIыжьым псы къыхуихьащ.

– Ефэ, тхьэмадэ! Умыгузавэ, куэдрэ фыдгъэгувэнукъым!

ЛIыжьым зыри жиIакъым, зэхихам шэчышхуэ къытрихьэу и нэхэм щIэIуэтыхьа мыхъумэ.

Дунейр нэхъ щIыIэтыIэ зэрыхъум Аслъэн гу лъитат. Псыми, Тимур къызэрыжриIам хуэдэу, Iэсафэ теттэкъым – ар шынагъуэу еукIуриехырт.

– Мес ахэр! – зыпэплъэхэр къыщилъагъум, гуфIащэри адыгэбзэкIэ къыхэкIиикIащ Тимур.

Аслъэн и нэщхъыр абы хузэхиукIэри тыркубзэкIэ унафэ хуищIащ:

– Япежьи, мыбыкIэ къашэ ахэр! ЕпIэщIэкI!

Ауэ болгарым абы гу лъитакIэт. ЯпэщIыкIэ ар гъуэгуанэм зэхиукIа цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ яхэплъащ, итIанэ Аслъэн дежкIэ зыкъригъэзэкIыжащ.

– Сыт мыр зищIысыр?! – губжьат ар.

– Зыгъэсэныгъэхэр йокIуэкI. Уи Iуэху зыхэмылъым ущIэмыупщIи, нэхъыфIщ...

– Дзэ Iуэхукъым мыр, атIэ шейтIан Iуэхущ! – жиIэри тырку хъумакIуэр къэтэджыну къеIат, ауэ уащхъуэдэмыщхъуэу къытехуа Хьэмзэт и фоч лъэдакъэм ар гум къридзащ.

– Дэгъуэу пщIащ, Хьэмзэт! – ауан мащIэ хэлъу жиIащ Аслъэн. – Ауэ иджы гублащхьэм дэсынур уэращ, дэри ди хъумакIуэхэм зы яхэщIащ.

ЦIыхубзхэр, зым адрейр хущIэрыIэу, гум итIысхьэу хуежьащ. А зэрызехьэм къыхэкIри сабий цIынэ зи Iэблэм тес анэр Аслъэн къыбгъэдыхьащ. Ар Чэмалрэ Хьэмзэтрэ я гъусэу иужькIэ къахыхьэжахэм ящыщт.

– Аслъэн-бей, си сабийр диящ, къысхуэушыжыркъым. КъысIэщIэлIэнущ жызоIэри, си псэр IукIащ. Иджыри куэдрэ дыкIуэну? Дапщэщ мафIэ тщIыуэ зыдгъэхуэбэж щыхъунур?

– Куэд мыщIэу, ди шыпхъу, куэд мыщIэу... – къигъэгугъэн нэмыщI, Аслъэн нэгъуэщI къыхуэнэжатэкъым цIыху гужьеяхэр ирыригъэсабырыжыну. Абы нэхъ лъэрызехьэIуэу зы цIыхубз гум кърigъэкIри сабий зыIыгъыр иригъэтIысхьащ.

– Тимур, узэпрыкIыу уеплъа псым? Сыт хуэдиз и кууагъыр?

– Шыныбэпхым къос, зиусхьэн албай!

– СщIэркъым сэ нэхъ кууэ къыщIысщыхъур! – жиIащ Аслъэн, псым хэплъэурэ. – Уэ япэ иувэ-тIэ! Уэ, Умар, нэхъ ипщэIуэкIэ ехи, абдежым псым щикууагъыр зэгъащIэ!

ИтIанэ болгар лIыжьым зыхуигъэзащ:

– КъикI гум, мыбдеж укъыщыдэжьэнщ!

– Мы дунейм теткъым сыпсэууэ сэ мыбы сизыгъэкIын! – къэуIэбжьащ ар. – Сэ езым сивхэр псым зэпрысхунщи, къызэпрысхужынщ. Ахэр нэгъуэщIым едэIуэнукъым!

– Додэ ари. Абы щыгъуэ, Хьэмзэт, уэ етIуанэ выгур зэпрыпхунщ. Чэмали уи гъусэу нрекIуэ!

Маждэ и фэр пыкIарэ бауэбапщэу Аслъэн къыбгъэдэлъэдащ:

– ЗикI сфIэкъабылкъым сэ мыпхуэдиз цIыхур зэуэ псым хэшэныр! ТIэу е, дыхуей хъумэ, нэхъыбэкIэрэ выгухэр къэдгъэсэбэп хъунукъэ, Аслъэн-бей?

Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ жыхуаIэм хуэдэу, жэщым къуршым къыщешха уэшхым псыр нэхъ куу ищIауэ къыщIэкIащ. КIуэтэхуи ар нэхъ ин хъурт. Псы

щIыIэмылыр выгу кIуэцIым къызэриуэу, цIыхубзхэр зэрыгъэкIиящ.

– Фи жьэр фубыд! – къащIэкIиящ абыхэм болгар лIыжьыр. – Выхэр вгъэщтэнущ!

Аслъэн серб лъэныкъуэмкIэ псым къыIутт. Япэ гупыр ирагъэкIри выгухэм къагъэзэжащ.

– КуэдыIуэ зэуэ иремытIысхьэ! – унафэ ищIащ абы. – Ещанэуи гухэр зэпрыдгъэкIынщ!

Яужьу зэпраш гупыр псыкум нэсауэ топ уэ макъ къэIуащ. Аслъэн уанэм зыкъытриIэтыкIри ар къыздиIукIамкIэ плъащ. КъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыт лъагапIэхэмкIэ зэкIэлъагъэпIащIэу къыщыпIэнкIыу хуежьат топ псынщIэхэр. Ахэр зымащIэкIэ зэпыури топ хьэлъэхэм чэзур ялъысащ.

– А зырат иджы дэ къытхуэтыжыр! – жиIащ Аслъэн, къэхъуар и щхьэм дэуеяуэ. – ЦIыхухэр къэфIэт! Сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу икIын хуейщ мы щIыпIэ угъурсызым!..

ЦIыхубз гужьеяхэр псым хэпкIэрт, выгур Iуфэм щынэсыным пэмыплъэу. Выхэри езыри хэкIуэдэнкIэ зэрыхъунум нэхъри игъэгубжьа болгар лIыжьыр гум къиувэри, щIыкIейуэ Аслъэн зыкъыхузэкIэщIишащ:

– Уэри уи гъусэ куэпэч гупри гъуэгу мыгъуэ фижьэ, шэрджэс хъунщIакIуэ! Зыкъихуэпащ-тIэ лIым тырку офицеру!

Тимуррэ Умаррэ болгарым и хьэкъ ирагъэгъуэтыжыну задзат абыкIэ, ауэ Аслъэн къызэтригъэувыIэжащ:

– И гугъу фымыщI! Аракъым дэ иджыпсту ди Iуэхур!

КIыфIити, зытеувэр ямылъагъуу, лъэпэрапэурэ жэрт цIыхухэр. Уафэр хьэплъыфэу къэлыдыху, топ уэ макъхэр къыздиIукIымкIэ зрагъэзэкIырт. Иджы хуабжьу ужэкIи мыхьэнэ иIэжтэкъым – мортирэжьхэм къаутIыпщ топышэхэр къэкIуатэурэ къалъэщIыхьат. Аслъэн и щхьэм хуэшхыдэжырт щIыпIэм фIыуэ щымыгъуазэ капралыр тIасхъэщIэх зэригъэкIуам, абы къихьа хъыбархэм тещIыхьауэ гупыр къызэрыришэжьам щхьэкIэ. Тимур тIасхъэщIэх Iейуэ аратэкъым, ауэ ар зэсар Анадолэм и бгылъэ щIыпIэхэм хуэдэт. Мыбы и Iуащхьэ щхъуантIэхэм апхуэдизу IэкIуэлъакIуэу дзэм и хэщIапIэхэр щагъэпщкIуфыну щIалэм игу къэкIакъым. Аслъэн хуэдэу иджырей зэуэкIэм и щэху псоми щыгъуазэхэрт гу лъызытэнкIэ хъунур Iуащхьэ щхъуантIэр бydaпIэу зэрыщытым. КъэкIуатэ тыркудзэм удын щрадзыну мы щIыпIэр сербхэм ягъэхьэзырат. Иджы абы къызэрыпакIухьыну закъуэу

адыгэхэм къахуэнэжар Черногорием и щIыналъэм щыщIидзэ Мокрэ Гора бгым и лъапэрт. Адыгэхэр абыкIэ щIэпхъуащ. Иджы ахэр дэжын хуейт зэпэщIэува лъэныкъуитIым я зэхуакум. Асыхьэтым абыхэм я щхьэщыгум фочышэхэр щывууащ. ЦIыхубз гужьеяхэр зэщIэгъуэгащ, язынықъуэхэми щIым зыхадзащ, я сабийхэм зытраубгъуэри.

– Фытэдж! – ящIэкIиящ абыхэм Аслъэн. – ЗэрызыфIэжьэ дэтхэнэ дакъикъэри ажалщ!

Аслъэн я Iуэхур щIэзыгъэпсынщIэ хэкIыпIэ къигъуэтащ: Умар, Тимур, Хьэмзэт, Чэмал, езым я шыхэмкIэ сабийхэмрэ лIыжь-фызыжьхэмрэ губгъуэм зэпрахыну унафэ ищIащ. Сабийхэмрэ жьыкIэфэкIэхэмрэ фочышэхэр къыздилъэтыкIымкIэ мыхъуу, мыдрей лъэныкъуэмкIэ шым кIэраIыгъэу яхьырт.

– Ибрэ хэхуэж мо псы цIыкIумкIэ фыжэ! Бгы лъапэмкIэ! АбыкIэ нэхъ щышынагъуэншэщ! – и макъым къызэрихькIэ кIийрт Аслъэн.

Цыгъу Аслъэн зыкIэриукIауэ шым тест. Ар щIым зэрыригъэувэхыу, лIыжьым и лъапэ дыдэм шэхэр къыщелъэлъэхащ. ЦIыхухэм щIым зыхадзащ. Абы ирихьэлIэу уафэр нэхубзэ къэхъуащ. Аслъэн и нэгу къыщIыхьэжащ Абдул Хьэмид сулътIан тахътэм щрагъэтIысхьа махуэм и пщыхьэщхьэм Истамбыл щата салютыр. Абы зыкIи къыкIэрыхуртэкъым ныщхьэбэрейр. Сербхэр хъийм икIауэ топхэмкIэ яхэуэрт тыркудзэм.

Маждэ Аслъэн къыбгъэдэлъэдащ:

– Я Алыхь закъуэ, сыт хуэдэ гуэныхь мыгъуэу пIэрэ дэ къэтхьар дуней жыхьэнэмэкIэ дыпшыныжын хуейуэ! – гуIэрт ар, и IэштIымитIым и нэкIур дикъузэурэ.

Аслъэн цIыхубзыр зрикъузылIэри и шинелыр къришэкIыжащ.

– Хьэуэ, эвлия! Абы зэреджэр «feu de joie»-щ (гуфIэгъуэм хуэзэша гурыщIэщ). Сербхэр йокIуэт, абы къыхэкIыу, тыркухэм яIэрыхьэнкIэ хъуну псори зэтракъутэ. КIэщIу жыпIэмэ, я IэштIымыр тыркудзэм хуагъэдалъэу аращ.

Топышэхэм я удын хьэлъэхэм щIыр дэгызырт. Дунейкъутэж къэхъуам игъэшынауэ Маждэ зытIэкIурэ щытащ, Аслъэн зыкIэрикъузэу, итIанэ зыкъищIэжри псынщIэу къыIукIуэтыжащ, икIи, укIытэжауэ, и нэкIур IэлъэщI кIапэхэмкIэ щIихъумащ.

– Адрейхэми ар яжесIэнщ! – Маждэ цIыхубзхэм я дежкIэ щIэпхъуэжащ.

Адыгэхэр аргуэру гъуэгу теувэжырт...

* * *

Къуршым дунейр щыфэзэхъуэкIщ. Мис иджыпстуи, пэмыплъагъэххэу, уэс цIынэр къриупцIэхыу хуежьащ. Гъуэгуанэ гугъусыгъум зэхиукIа цIыхухэр абы къигъэувыIащ – адэкIэ зэрыкIуэн къару яIэжтэкъым. Мажди Аслъэни Iуэхум хэгужьеихьыжат: иужьрей махуэхэм абыхэм яхузэфIэкIатэкъым я цIыхухэм ирагъэшхын гуэр зыIэрагъэхьэн. И хъуреягъыр мывэрэ пшахъуэрэ щытепщэ щIыналъэ псэншэт.

ЩIыфэр зыпхызылыгъукI жьы щIыIэм зыщагъэпщкIуу адыгэхэм мывэ, къыр къуагъхэм зыкъуадзащ. И щхьэмкIэ удэплъеймэ, абыхэм къащхьэщытт зи щыгур уэсым щIихъума къуршым къэрэгъул папщIэу къыхэпIиикI къыр фIыцIэхэр. Абыхэм шынагъуэу къыбжаIэ хуэдэт я лъахэм ихьэ дэтхэнэми щысхь лъэпкъ къызэрыхуамыIэнур.

Къыр блын зэгуэгъэзам Аслъэн зыдиукIащ, нэхъ жьыугъуэджэ хъун и гугъэу. Абдеж щытт Мажди.

– Тыркумрэ Черногориемрэ я гъунапкъэхэр щызэпыхьэм нэсщ си картэм къыщыгъэлъэгъуар. Абы куэд мыщIэу дынэсынущ. АдэкIэ гъуэгуанэр картэкIэ субзыхужыфынукъым, – жиIащ Аслъэн, ар и жагъуэ хъууэ.

Маждэ зыри къыпидзыжакъым. Аслъэн и картэм еплъ хуэдэу зищIри, абы нэхъ гъунэгъу зыхуищIащ.

– Сэ сызэгупсысыр пщIэрэ? – жиIащ Маждэ щэху дыдэу. ЦIыхубзым и псалъэр зыхригъэхыну хуейтэкъым къыр къуагъым зыкъыкъуаудыгъуауэ къыкъуэс Чэмалрэ Хьэмзэтрэ. – И чэзу хъуащ уэри ар пщIэну... Уэ езым уи фIэщ сыхъурэ сэ, Аслъэн-бей?

– Шэчыншэу! Дызэгъусэу мы дыкъызыхэкIа къомым я ужькIэ щхьэ апхуэдэу укъызэупщIрэ?

Маждэ картэм еплъурэ и псалъэм къыпищащ:

– Чэмалрэ Хьэмзэтрэ нэмыплъ къызату къысфIощI, Аслъэн-бей! Уэр нэмыщI ахэр нэгъуэщIым и унафэ едэIуэну хэткъым. КъызгуроIуэ сэ абыхэм я дежкIэ къызэрыгуэкI цIыхубзу сызэрыщытыр...

Аслъэн къыпыгуфIыкIащ:

– Сэри сощIэ уэ узэрыбзылъхугъэр, Маждэ!

– Щыгъэт, кхъыIэ, иджы!.. – Маждэ Iэпиудащ Аслъэн и гушыIэр.

Аслъэн и Iэхэр иIэтащ зэрыгушыIар, дяпэкIэ апхуэдэу зэримыщIэжынур къигъэлъагъуэу.

– Къысхуэгъэгъу, Маждэ! Сэ сщIэращи, пцIы лъэпкъ зыхэмылъыжыр зыщ – уэращ мы цIыхухэм я пашэр. Ар хьэкъщ. Уэращ уи къуажэгъухэр ажалым къезы-

гъэлар! Уэращ гъуэгугъэлъагъуэ уи цIыхухэм сахуэхъуну сэри дзыхь къысхуэзыщIар, япэу дыщызэIущIам щыгъуэ занщIэу сывукIыфыну щытами. Ди гупым нэхъыбэр цIыхубзщ, абы къыхэкIыу пашэу щытын хуейри уэращ. Цыгъу щхьэ мытхьэусыхэрэ? И ныбжь елъытауэ аратэкъэ гупым и унафэщIу щытын хуеяр? Уи тхьэмадэ ХьэтIутI, Хьэлимэт и адэ Тамбий сымэщэ? Абыхэми зыгуэр жаIэ хъунут, ауэ къагуроIуэ дызэрыхуа щытыкIэр зыхуэдэр, а бэлыхьым къыхэзышыфынкIэ хъунур хэтми ящIэ.

– Гуп цIыкIуурэ зыдгуэшмэ, мынэхъыфIу пIэрэ, Аслъэн-бей? – Маждэ иджы Iущащэурэт зэрыпсалъэр.

– Сыт абыкIэ жыпIэну узыхуейр? – цIыхубзым и упщIэр гъэщIэгъуэн щыхъуауэ еплъащ абы Аслъэн.

– ЗауэлIыр мыпхуэдэ Iуэхум зэреплъыр къэсщIэну сыхэту аращ. Фэ дзэм, дауи, фыщрагъэджагъэнщ мыпхуэдэхэм деж щIапхъэхэм...

Маждэ зыщIэупщIам и жэуапыр тынш дыдэт, ауэ Аслъэн дежкIэ абы гукъэкIыж шынагъуэхэр пыщIат. Адыгэ щIалэм и нэгу къыщIыхьэжащ дыгъэ жьэражьэм къигъэплъа пшахъуэм хэту Самсун деж тенджыз Iуфэм зэрыIутыгъар. Хуабэ узым лъэрыщIыкI ищI и хэкуэгъухэм и гур якъутати, зыхуеиж дунейм теттэкъым, асыхьэтым гъуэлъу лIэну фIэкIа. КъэщIэгъуейщ адэкIэ къэхъуну щытар, а махуэ дыдэм яубыду дзэм ямышэгъамэ. СулътIаным и зауэлIхэм абы псынщIэу зыкърагъэщIэжащ. Аслъэни бзаджагъэ хуекIуащ: и Iэблэм сабий цIынэ тесу тенджыз Iуфэм къыIуна цIыхубзыр и унагъуэм щыщу жиIэри, дзэм яшэм и адэ-анэм къэралым къарит хабзэ дэIэпыкъуныгъэр лъигъэсыгъащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дэIэпыкъуащ зи закъуэу къэна нэгъуэщI зы лIыжьми. Ауэ езым и адэанэр сыт имыщIами къыхуэгъуэтыжакъым.

ГукъэкIыж ткIыбжьхэр Аслъэн и гум апхуэдизкIэ ешыкъылIати, иджыпсту зыхэт гузэвэгъуэри дуней етари пIалъэкIэ IэщIэхуат. Апхуэдэу куэдрэ щыта, мащIэрэ щыта, сытми щхъыщхъ макъ гуэрым щIалэм зыкърригъэщIэжащ. Къыдэплъеймэ, Маждэ Iуигъэзэ ыкIыжауэ цIыхубзхэм я деж кIуэжырт, Чэмалрэ Хьэмзэтрэ и пащхьэ къитт, зызыхуашэу.

– Тхьэм щхьэкIэ, къыджеIэ адэкIэ тщIэнур? Си унагъуэр къызоупщI, къытпэплъэр зыхуэдэр ящIэну хуейщ, – жиIащ Чэмал, и Iэ пIыщIахэр иIуэтурэ.

– Хъунщ, – жиIэри Аслъэн къэкIуэтащ, картэр лIыжьхэм ялъагъун хуэдэу. – Иджыпсту дэ мис мыбдеж дыщыIэщ, ауэ зытIэту Мокрэ Гора лъагапIэм ды-

щхьэдэхын хуейщ. Сэ фэ Пек къалэм, албан къэрал гъунапкъэм фыхузошэ. АдэкIэ си картэр еух. Си мурадыр Адриатикэ тенджыз Iуфэм ди лъэр нэтхьэсынырщ.

Аслъэн илъагъурт жиIэхэр лIыжьитIым къазэрыгурымыIуэри, уеблэмэ къызэремыдэIуэххэри. Ахэр, дауи, нэгъуэщIт зыхуейр.

– Дэ дегупсысати... – кърйгъэжьащ Хьэмзэт.

– Мо бгъуэщI дыкъызыкIуэцIрыкIам щекIуэкIа зэхэуэм иужькIэ... – пищащ абы и псалъэм Чэмал.

– Захуагъэу пIэрэ мы дэ тщIэр? – щIэупщIащ Хьэмзэт, жиIэм шэч къытрихьэжу.

– Фэ сыт-тIэ щIэн хуейуэ къэфлъытэр?

– ЩIэн хуейми дегупсысыщакъым, ауэ бгым дехыжу тыркухэм зетт щхьэ мыхъурэ? Абыхэм сербхэр щыхагуакIэ, къыддэIэпыкъунщ, девгъэлъэIуи. Сыт ди псэм хьэзабищэр тетлъхьэжауэ мы жыхьэнэмэ гъуэгум дыщIрикIуэнур? Уэ езым пщIэркъым дыздэкIуэри дызыхуэкIуэри!

– Тыркухэр Санджакъ деж щытекIуакIэ, зауэр къахьэхуауэ убж хъунукъым. Зы зэхэуэ цIыкIум къигъэпкI щыIэкъым. Тыркухэракъым иджыпсту зауэм зи кIэн къыщикIыр. Аращи, дэ абыхэм дакъыфIэIуэхунукъым! – къэгубжьыщати, Аслъэн псалъэхэр зырызу фIэкIа къыхуэпсэлъыжыртэкъым.

«Дэ абыхэм дакъыфIэIуэхунукъым» псалъэхэр апхуэдизкIэ хуабжьу жиIати, къырхэр къыпэджэжа къыщыхъуащ. Езым и щхьэми джэрпэджэжу щыIурт ахэр. Зэи хуэмыдэжу иджы щIалэм фIэщхъуныгъэ иIэ хъуат зыщIидза мы Iуэхур и кIэм нэгъэсынымкIэ. «Сэ иджыпсту ар зэрысщIынур сщIэркъым, ауэ си хэкуэгъухэр ажалым къезгъэлынщ!» – щывурт абы и щхьэм.

Аслъэн нэхъ зызэтриубыдэжащ.

– Япэрауэ, сэ жысIэмрэ сщIэмрэ фи фIэщ хъун хуейщ, – захуигъэзащ абы лIыжьитIым. – Сэ, къыгуэслъэфу, япэу сигу къэкIыр си унафэу сыпсэукъым. Сэ Iуэхур тызощIыхь щтапIэ ежьэжа цIыхухэм я бжыгъэмрэ ахэр зыщыщ лъэпкъхэмрэ, дзэзешэхэм я рапортхэм, Нис щекIуэкIа зэIущIэм щызэхэсхахэм, икIэм-икIэжым дыгъуасэ ди нэгу щIэкIа зауэм. А псори зэпэсшэча нэужьщ сэ зыгуэр щыжысIэр...

Хьэмзэтрэ Чэмалрэ зэплъыжащ, щIалэм жиIэр я фIэщ зэрымыхъущэр къикIыу. А плъэкIэм къыбжиIэрт ахэр зэгупсысыр: Аслъэн щыуауэ къыщIэкIрэ болгархэми, сербхэми, урысхэми, уеблэмэ черногорхэми я дзэхэр тыркухэм ирагъэкIуэтыжауэ къыщIэкIмэ-щэ? Дунейм щекIуэкI псори дэнэ щищIэнур Тхьэр зэбга мы щIыпIэм къина офицерым?

– ФщIэн хуеймкIэ сэ фэ фыхэзгъэзыхьыну сыхуиткъым, – жиIащ Аслъэн. – Нэхъ ффIэтэмэмым хуэдэу фщIы! ИкIэм-икIэжым Iуэхур зэхьэлIар фи цIыхухэрщ.

– Аракъэ езыр дызыгъэгузавэр...– къыщIидзат Хьэмзэти, Аслъэн и Iэр къиIэтри къызэтригъэувыIэжащ:

– Сыхуейкъым, къызгурыIуащ жыпIэнур. Зы гуп фытхэкIыу фыздыхуеймкIэ фунэтIынумэ, фэ абы фыхуитыжщ! Сэ нэхъыбэм я гъусэу сыкъэнэнущ.

– Ар акъылыншагъэщ, Аслъэн-бей! Дэ тыркухэм я деж лIыкIуэ дгъэкIуэну аркъудейщ дызыхэтыр, гъуэгур тхузэIуахыну делъэIуу,– зэкIэлъигъэпIэщIащ Хьэмзэт.

– Фигу къэвмыгъэкIыххэ апхуэдэ! Сэ сыдезертирщ. СазэрыIэрыхьэу саубыдынурэ саукIынущ.

ЛIыжьхэм зыри къыпадзыжакъым, ауэ ахэр зыхуейр Аслъэн къыгурыIуат.

– Фэ Тимуррэ Умаррэ гъусэ фщIыну фи мурадщ, пэжкъэ? Фэ цIыхухъу къару фыхуэныкъуэнущ.

– Пэжыр жыпIэмэ, аращ...

– Мис ар фхуэзмыдэн Iуэхущ. Сэ сызэригугъэм хуэдэу, абы шэч къытесхьэжкъым, тыркухэр хагъащIэр пэжмэ, фазэрыIэрыхьэу хьэпсым фрадзэнущ икIи башибузыкъухэр ди ужь къраутIыпщхьэнущ. КIэщIу жыпIэмэ, аргуэру дыкърахуэкIыу щIадзэжынущ. Сэ абы сыхуейкъым, куэдщ дэ ди фэм дэкIар! – Аслъэн и псалъэр кIийм хуэкIуэжат, ауэ псынщIэу зызэтриубыдэжащ. ЛIыжьхэм зэрыщIэкIиям щхьэкIи укIытэжауэ нэхъ щабэу захуигъэзащ: – Фэ, дауи, фи унагъуэхэр дэ къытхуэвгъэнэну фыхуейщ!

ЛIыжьхэм жэуап къатыжакъым, ауэ гурыIуэгъуэт апхуэдэ мурад зэраIэр.

– Фэ фыщогугъ, – пищащ псалъэмакъ гугъум Аслъэн, – тырку зауэлIхэр мыбы къагъэкIуэну, шыгу зэщIэщIахэмкIэ шхын къыфхурагъашэу. Фыкъахъумэну, фрашэхыжу щIы къыватыну фапоплъэ! Фи пщIыхьэпIэ къудей къыхэвмыгъахуэ ар! Зэрыхъунур фэ лъэхъуэщым фрадзэу дэ зауэлIхэр къыдауштынырщ. Аращи, зыми фыкъыфIэмыIуэхужу фэ тутнакъэщым фрагъэфыхьынущ, дэри мывэ лъахэм драукIыхьынущ!

– Хъунщ, Аслъэн-бей, Iуэхум дегупсысынщи, дэ нэхъ тфIэзахуэр бжетIэжынщ, – жиIащ Чэмал, и дамащхьитIыр гъуэрыгъуэу дришейурэ.

Абы къыбгурымыIуэну хэлъыр сытыт? Аслъэн и гур ябгъэдэкIуэтат лIыжь ерыщхэм. Ахэр зэрыIукIыжу Тимур албайм къыхуихьащ псы пщтыр крушкIэ.

– Мыбы тхьэмпэ гуэрхэр хэлъщ, зиусхьэн албай! Ди цIыхубзхэм нэхъыфIыIуэу мыращ ягъэхьэзырыфар!

Аслъэн шей пщтырым еIубащ.

– Мы тIум щэху гуэрхэр зэрахьэ, Тимур! Уэрэ Умаррэ хуабжьу фысакъын хуейщ. Ныжэбэ гъуэрыгъуэурэ фымыплъыру хъунукъым!

– Ар зыкIи къыдэхьэлъэкIынукъым, зиусхьэн албай! Мыпхуэдэ щIыIэм хэт бгъэжеинур? Сэ япэу къалэныр гъэзэщIэным сыпэрыхьэнщ.

– Сэ къыщIэздзэнщ ар, Тимур! Уэрэ Умаррэ иужькIэ сызэфхъуэкIынщ. Ауэ япэщIыкIэ мес мо щIыпIэхэр къэфхутэ! – Аслъэн и Iэр ишиящ пшагъуэм къыхэщ къудейуэ къэплъагъу бгыхэмкIэ. – Тхьэм щхьэкIэ, Тимур, хъыбарыфI къытхуэхь! Къытхуэгъуэт шэрджэсхэм ядэIэпыкъуну хьэзыр нэмыцэ чыристан миссионерхэр е абыхэм яхуэдэ гуэр!..

Тимур дыхьэшхащ, и унафэщIым и гушыIэкIэр игу ирихьауэ.

– Сыхьэзырщ, зиусхьэн! Къызощтэ адыгэхэр къегъэлын къалэныр!

Тимур шым шэсыжри IуигъэзыкIыжащ. Ар зытес шы уэдыкъуар фIэпсэкIуэд хъуауэ, Аслъэн абы зыкъомрэ кIэлъыплъыжащ. Абы хэту Маждэ бауэбапщэу къэсащ.

– Аслъэн-бей, плъэт мобыкIэ! Мес мо бгы лъабжьэмкIэ!..

Бгы лъапэм къэблэгъауэ, губгъуэр къыкIуэцIракъутыкIырт зи щхьэр къезыхьэжьэжа цIыхухэм.

– Ялыхь, гу къытлъумыгъатэ! – тхьэ елъэIуащ Маждэ икIи, епIэщIэкIыу, духьэ къибжу хуежьащ, ауэ псынщIэу зыкъищIэжри: – Я дэ ди Тхьэ, сыт щыIэ нэхъыкIэ гузэвэгъуэ хэхуа цIыхум удэмыIэпыкъун нэхърэ?! Сэ абыкIэ Алыхьым солъэIу. Сысыт цIыху сэ абы и ужькIэ?! Тобэ...тобэ...

Егъэлеяуэ зигу хэщI цIыхубзыр игъэудэIужыну хуежьащ Аслъэн:

– Пэжщ жыпIэр, Маждэ! Ауэ абыкIэ къуаншэр уэракъым икIи уи гуракъым, атIэ зауэрщ. Апхуэдэущ дунейр къызэригъэщIар, сыт пщIэн?!

Адыгэхэр я пIэм иумэзэхауэ кIэлъыплъырт къахуэблагъэ насыпыншэхэм. Уэсыр зыкIэрыщтхьэжа я щыгъын хужьхэм къыпщигъэхъурт ахэр нэкъыфIэщIу.

– БгымкIэ ягъэзам, арат, – жиIащ Аслъэн, къыщIэпхъуэжа тхьэмыщкIэхэм игу ящIэгъуу. – Губгъуэм къинэмэ, щIыIэмрэ мы жьыбгъэ етамрэ зэтраукIэнщ!

Адыгэхэр кIэлъыплъурэ гупыр уэс борэным хэкIуэдэжащ.

Жэщ къазэрытехъуэм, Тимуррэ Умаррэ къызэрымысыжым игъэгузавэрт Аслъэн. Ауэ адэкIэ зыпIэжьэж хъунутэкъым, цIыхухэр лей хуэзэнут.

– Фынежьэ, абы фIэкIмэ, догувэ! – унафэ ищIащ абы...

Сыхьэт зыбжанэ хъуауэ адыгэхэр бгым дэкIырт. ДэкIырт гугъуехьышхуэ хэтми, тхьэусыхэрэ псалъэ лейрэ жызыIэ къахэмыкIыу. КъэувыIэурэ зэщIэдэIукIхэрт, шы лъэ макъ зэхэтхыну пIэрэ жаIэу. ГугъапIэ закъуэу къахуэнэжар Тимуррэ Умаррэ къыхуахьыну хъыбарырт. Щхьэхьу щхьэдэхыпIэм хуэкIуэ цIыхухэр къигъэскIащ асыхьэтым къэIуа кIий макъ шынагъуэм. Исмэхьил щIэцIэнтхъури щыхупIэм щыхуат, ар къиубыдыжыну кIэлъыпхъуа ХьэтIутI дади и гъусэу. Псори абдеж щызэхуэжэсащ. Зыгуэрым дагъэм хэлъэфа хъыдан къешэкIауэ иIыгъ башыр щIигъэнащ. Маждэ абыи емыжьэу къуэмкIэ зидзащ. Исмэхьил и фэр пыкIарэ лъы защIэ хъуа и нэкIур къыдэгъэзеяуэ щылът, абы къыбгъурылът лIыжьри. Маждэ и тхьэмадэр къызэфIигъэтIысхьэну къеIащ. ЛIыжьыр бэуэжтэкъым.

– Дадэ, уэ дадэ мыгъуэ!.. – къыхэкIиикIащ Сэкынат, и адэм и хьэдэм зрикъузылIэурэ.

ХьэтIутI и щхьэгъусэ Зэхърэи къэсри лъэгуажьэкIэ щIым хэхуащ. Фызыжьым и Iупэ кIэзызхэм кIэрикъузэ бэлътокур псыф ищIат и нэкIущхьитIым псыхьэлыгъуэу къежэх нэпсым. ЦIыхубз гужьеяхэм къабгъэдэлъэдащ Аслъэн. Маждэ Исмэхьил къиIэтыжырт. ЩIалэ цIыкIум и нэхэр къызэтрихри къыхэпсчыкIащ, асыхьэтуи и жьэм лъы къыжьэдэжащ.

– Я дэ ди Тхьэ, сыт гуэныхь дэ мыпхуэдизу ттелъыр, хьэзаб мыухыжкIэ дыпшыныжын хуейуэ! – гуIэрт Маждэ.

– Мыдэ сэ къызэт! А, си щIалэ цIыкIу мыгъуэ...– къэлъэIуащ Расмия.

Аслъэн Исмэхьил къипхъуатэри къуэм къыдихыжащ. Ар и анэм IэщIилъхьэжри псынщIэу игъэзэжащ.

– Къэтэдж! ЗытIэжьэ хъунукъым! – и Iэр хуишиящ абы Маждэ.

– Сэ зыщIыпIи сыкIуэнукъым! Мыбдеж сэри сыщылIэну сыхуейщ!

– Сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу бгым дыщхьэдэмыхыу хъунукъым, Маждэ! Нэхъ егъэзыпIэ гуэр къэ-

гъуэтауэ уи тхьэмадэр щIэлъхьэн хуейщ. ЦIыхухэм зедмыгъэгъэпсэхумэ, адэкIэ кIуэфынукъым.

Мaждэ зыри жиIэртэкъым, зэрызэщыджэт.

– КъэдаIуэ, Маждэ! Уи тхьэмадэр щIэлъхьэнымкIэ уи гуащэмрэ пщыпхъумрэ уадэмыIэпыкъуу хъунукъым. Ар уэ уи фарзщ! Сызэхэпхрэ?

– Пэжщ, Аслъэн-бей, къысхуэгъэгъу! – зыкъищIэжащ Маждэ. – Сыкъэдзыхащ! СощIэ сэ апхуэдэ хуитыныгъэ сызэримыIэр...

Маждэ и гуащэмрэ и пщыпхъумрэ ябгъэдыхьащ.

– Тэдж, Сэкынат, къыздэIэпыкъу!

А тIум хьэдэм зыкIэрызыукIа фызыжьыр къаIэтыжащ.

Гупыр иджы зэщхьыр кхъэм жэнэзыщI дэкIхэрт.

Тимур и шыр! Асыхьэтым ар къыщалъэгъуащ зи лъабжьэм щIэкI Iуащхьэм и щыгумкIэ.

– МыбыкIэ фыкъакIуэ! ПсынщIэу! Iэщыхъуэхэр щыпсэуа пщыIэ зыбжанэ къэзгъуэтащ! Иджы щхьэегъэзыпIэ диIэщ! ЩIыIэми дыкъелауэ бжы! – зыкIэлъигъэпIащIэрт гуфIэща щIалэм.

ЦIыхубзхэм я гуIэ нэпсыр гуфIэ нэпсым хуэкIуэжат. Ажалым щызыхъума Алыхь лъапIэм фIыщIэ хуащIу, щхьэж ищIэ духьэр къибжырт. ЦIыхухъухэр Тимур къаригъэлъэгъуа лъэныкъуэмкIэ щIэпхъуащ. Ар зылъэгъуа сабийхэр зэрыгъэкIиящ, бий къатеуа яфIэщIри. Абыхэм ягъэунэхуакIэт балигъхэр щIэпхъуэмэ, Iуэху шынагъуэ къызэрыкIэлъыкIуэр.

Къазэрыщыхъуам нэхърэ нэхъ жыжьэу къыщIэкIащ Iэщыхъуэхэм я пщыIэхэр. Абы къигъэуIэбжьыжауэ щIэпхъуахэр Тимур зытет IуащхьэмкIэ къеплъэкIыжащ, къытфIэщIауэ пIэрэ-тIэ жыхуаIэу. ЩIалэм шым зыкъытриIэтыкIри, аргуэру къэджащ:

– МыдэкIэ фыкъакIуэ! Жыжьэжкъым, дыкъэсащ!

– Жыжьэжкъым! ЩIым и гъунэщ жыпIэркъэ?! – хъущIэрт Аслъэн.

Ар бгъэдыхьащ гуфIэщауэ зи Iупэхэр зэтемыхьэж и адъютантым. Аслъэн зэрыщыгугъауэ Тимур лъыхъуакIуэ Iэзэу къыщIэкIат. НэгъуэщI зыгуэру щытамэ, иджыпсту цIыхухэр зыдыхьэ дэкIыпIэ зэвым гу лъимытэу блэкIынкIэ хъунт. Тхьэ иным и гущIэгъумрэ Тимур и набдзэгубдзаплъагъымрэ адыгэхэр къыхуашат зи хъуреягъыр бгыхэмкIэ къегъэбыдэкIыжа мы щIыпIэ телъыджэм. Ахэр кърихьэлIат ныкъуэкъутэ хъуа псэуалъэ зыбжанэ зэрыт щIы IэнэщIышхуэм. Гъэмахуэм мыбы, дауи, цIыху щыпсэуат, щIыми щелэжьат.

Иджы адыгэхэми ар къапэплъэрт...

# НАТХЪУЭ Къадыр

## *(Америкэм и Штат Зэгуэтхэр)*

### ЩХЬЭЛАЖЬЭ

(Николасрэ Надюшэрэ»
р о м а н ы м  щ ы щ  п ы ч ы г ъ у э)

* * *

Шэджагъуэхуэкlуэ хъуауэ Николас итlысхьащ Неаполь икlыу Рим кlуэ мафlэгум. Ар къахэхутат бэзэр lуэхукlэ къалэшхуэм зэрыхь мэкъумэшыщlэхэм. Гъусэ къыхуэхъуахэм я зэрызехьэмрэ псалъэмакъымрэ ирагъэша Николас дурэш гуэрым зафlыдиукlэри, и кlартlуз натlэр кърикъухыжащ, щхьэукъуэну мурад ищlа хуэдэ закъыщигъэхъуну. Ауэ дунейм фlыгъуэ теттэкъым асыхьэтым ар зэрыпхуэжеин. Адрейхэми япэщlыкlэ щlалэр къазэрыфlэlуэхуа щыlэкъым, ибэ гуэрщ жаlэри. Мэкъумэшыщlэ псэлъэрейхэм зэштегъэупlэ къамыщlынырт ар езыр зыхуейр, ауэ...

– Ей, къуэш, хэтыт жыпlа уи цlэр? – къыкlэщlэуlуащ абы къыбгъурыс лlы тыкъыр цlыкlур.

– Роландэ... Аращ, Роландэщ къызэрызэджэр, – жиlащ абы, жейбащхъуэу къащигъэхъуну хущхьэурэ.

– Дэнэ нэс уздэкlуэр, Роландэ? – щlэупщlащ нэгъуэщl зыи.

– Рим!

– Хэт мыгъуэ уэ абы къыщыпхуейр? – ауаныщlу къыхидзащ аргуэру лlы тыкъырым икlи жиlар игу ирихьыжауэ къызэрылъэлъащ, и ныбэ къикlар уфафэу.

– Зыри къысхуэмейми, сыкlуэнущ!..

– Хьы, еплъ мыбы, мыр икlи цlырмыкъ гуэри! – зыкъигъэзащ Николас дежкlэ щlалэ цыплъышхуэм, гъусэ яхуэхъуам и псэлъэкlэр игу иримыхьауэ.

– Фыкlэрыкl абы! Флъагъуркъэ ар зэрешар? – ящlэкlиящ абыхэм адэlуэкlэ къыщыс цlыхубзыр.

– ТхьэмыщкIэ, – игу къыщIэгъуащ абы къыбгъурыс цIыхубзми, – IэпкълъэпкъкIэ Тхьэр къыхуэупсами, акъылкIэ...

– Тхьэр апхуэдэу ахьмакъ уи гугъэ уэ, псомкIи зым етэу?! – къэIуащ цIыхухъу макъ итхъунщIыкIа гуэри.

Гупыр аргуэру зэщIэдыхьэшхащ. Ауэ зэпишу кIийурэ мафIэгум гулъэф ищIу щыхуежьэм, къэхъуар зрагъэщIэну псоми щхьэгъубжэмкIэ задзри, Николас пIалъэкIэ яIэщIэхужащ. «Зыгуэр къэмыхъуу Рим зэ дынэсащэрэт!» – къэгузэващ Николас.

– Роландэ!

Николас къигъэщтащ псоми къахэкIауэ къыхуэгуфIэу и пащхьэ къит щIалэ цIыкIум. Илъэсих зи ныбжьын сабийр абы зрикъузылIэри и щхьэм Iэ дилъащ. Адрейри зыхуеяр ара нэхъей, къыхуэгуфIэри Iужыжащ.

Николас и щхьэм щIэтIэхъуэжащ, и Iэ цIыкIухэр къыхуищIурэ и анэм и куэщIым зизыгъэпщкIуэж сабийм кIэлъыплъурэ. ЩIалэ цIыкIум къигъэуша гупсысэхэм ар гукъэкIыж жыжьэхэм хахьэжу хуежьат...

Езыри а ныбжьым итт абы щыгъуэ. Дапщэщу пIэрэт ар? А-а, аращ, 1945 гъэм и накъыгъэ мазэрт, зауэр увыIа къудейуэ. Австрием и щIыналъэм хыхьэ Одердраубург дежт ар къыщыхъуар. Зэдарэгъу къухьэпIэ къэралхэм я дзэхэр а щIыпIэм къэса къудейт. Лиенцрэ Филлахрэ я зэхуакур зауэлI бжыгъэншэхэм, танкхэмрэ автомашинэхэмрэ яуфэбгъуат. Советхэм я къэралым зи щхьэр къизыха, щхьэлажьэу дунейм къытена цIыху минхэр зэщIэгъуагэу мыжурэпэкIэ вагонхэм иракIутэурэ ирагъэшэжырт. Я дэ ди Тхьэ, сыту теплъэгъуэ гукъутэт ар! ИгъащIэкIэ мыкIыжын дыркъуэу къытенащ ар сабиипсэм...

Варшавэ гъущI гъуэгу станцым къытена щIалэ зеиншэ цIыкIур Дэмэд дадэ зришэлIэжат. Адыгэ лIыжьым и Iэпэр иIыгъыу къэкIуат ар мы щIыпIэм, Италием и къалэ Пиано-Арто къикIри. Ахэр гупышхуэ хъурт.

– Алыхьым и шыкурщ, – къыдришеящ ерагъкIэ я гъусэхэм ящыщ зым, – къуршым дыкъыщхьэдэха хуэдэщ, мор Драущ!

– Сыт, дадэ, Драур? – Николас къекъуащ Дэмэд и Iэгъуапэм.

– Модэ плъэт! Плъагъурэ мо псыр? Ар Драущ!

– Сыт дэ Драу щытщIэнур?

– Зыри, си щIалэ! Зыри щытщIэнукъым, дыщысынущ, унафэ къытхуащIынум дежьэу, – жиIащ Дэмэд, зыгуэрым зэригъэпIейтейр и макъым къыхэщу.

– Дадэ, сыт узэгупсысыр? Уигу иримыхьу ара мы щIыпIэр?

– Аращ, си псэ. Партизанхэм защыпхъумэнымкIэ мыр нэхъ щIыпIэфIщ щыжаIэм, си фIэщ хъуат. Сэращ къуаншэр, мы щIыпIэм укъэсшэни, мы цIыху Iувым уакъыхэсшэни хуеякъым. ЦIыхур гупым хэхуэрэ абы ищIэр ищIэу ежьэжмэ, зыхэтхэм яхозэрыхьыж, и гупсысэр фIокIуэд. Сэри къысщыщIар аращ, ауэ сигу къеуэр уэри абы узэрыздезгъэхьарщ. Зыри схуэщIакъым: си къарури акъылри пэлъэщыжакъым... хамэщIым, хамэбзэхэм, хамэ цIыхухэм. Жьы сыхъуащ, жьы...

Сабийм и Iэр икъузу лIыжьыр тэлайкIэ бжьэпэм тетащ щыму, Драу аузым дэплъэу. Ар цIыхухэм яуфэбгъуат.

– Дэмэд, еплъыт мо къомым! Хэт ахэр?

– Ахэри дэ тхуэдэщ, си щIалэ, насыпыншэхэщ. Партизанхэмрэ плъыжьхэмрэ защыдохъумэ жаIэурэ, кIуэхэри къапхъэным дэтIысхьащ. Си гум жеIэ зы тхьэмыщкIагъэ гуэр мыбы къыщыхъуну.

– Дэмэд, ди гъусэхэм загъэхьэзырыж, закъыкIэрыдмыгъэхумэ, нэхъыфIщ, – жиIащ Дэмэд и къуажэгъу КIэмхьэз, я Iэпэр зэрыIыгъыу щыт лIыжьымрэ сабиймрэ къабгъэдыхьэжри. Абы фIыуэ зэкIуэцIыпха и хьэпшып тIэкIур и плIэм иридзэжри Дэмэд къеплъу къэувыжащ.

– Уэ кIуэ абыхэм урагъусэу, сэ сынэкIуэнукъым.

– Дэмэд, сыт къэхъуар? КъызгурыIуэркъым мы жыпIэхэр! – КIэмхьэз лIыжьым къеплъащ, къэуIэбжьауэ.

– Уэ кIуэ, къуэш, ауэ щIалэмрэ сэрэ дгъэзэжынущ.

– Бгъэзэжынуи?! Дэнэ?

– ДыкъыздикIам.

– ДыкъыздикIами? Дэнэ езыр а дыкъыздикIар?

– СщIэркъым... мэзым, къуршым.

– А-а, гурыIуэгъуэщ, мо сабийр Альп бгыхэм нэгузегъэужь къыщепшэкIынущ, – губжьри ауанри зэщIэлъу жиIащ КIэмхьэз. – Сыт хуэдизрэ апхуэдэу упсэуфыну къыпщыхъурэ? Абы уегупсыса? Хьэуэ, Дэмэд, хьэзабым дыхэту щIым и Iыхьэ ныкъуэр лъэсу зэщIэдгъэхьащ, адрей къэнари зэгъусэу зэдэткIунущ.

– Хьэуэ! – Дэмэд и псалъэр пигъэщащ. – НакIуэ, си псэ! – ЩIалэ цIыкIум и Iэпэр иубыдри, лIыжьым къыздикIамкIэ иунэтIыжащ.

– УмыщI апхуэдэу, Дэмэд! Сабийм мэз псыIэмрэ къурш уэсылъэмрэ куэдрэ къыщикIухьыфынукъым. Ар къаруушэ хъуащ, мэмэжалIэ, и лъакъуэхэри псыфщ. Сабийр къуршым йомышэ, щыпфIэлIэнщ!

– Iы-хь, – хьэлъэу къыхэщэIукIащ Дэмэд, къуэм хуэкIуэу ежьа КIэмхьэзрэ адрей и гъусэхэмрэ якIэлъыплъурэ. – Николас, си щIалэ цIыкIу, КIэмхьэз дедаIуэмэ, нэхъыфIу си гугъэщ. ДыгъакIуэ дэри ахэр здэкIуэм! – Дэмэд къриIуэнтIэкIыжащ.

– Сэ мэзми бгыми сыщышынэркъым, дадэ! – жиIащ Николас и пIэм зригъанэурэ. – Сэ нэхъ къыр лъагэ дыдэми сыдэпщеифынущ. Зы цIыкIукIи сешакъым икIи сыпIыщIакъым.

– СощIэ, си псэ, уэ узэрыбэшэчри узэрылIыхъужьри, – зэкIэлъигъэпIэщIащ Дэмэд. – Ауэ сэ сыкъэплъагъуркъэ? Сэ жьыи къаруунши сыхъуащ. НакIуэ, мобыхэм закъыкIэрыдомыгъэгъэху. Абы зы фIы гуэр къыщытпэплъэми тщIэркъым. Сэ лIыжь жьэмызагъэ жыхуаIэхэм хуэдэ сыхъуауэ къыщIэкIынущ.

Дэмэдрэ Николасрэ гупым я ужь иувэжащ. Абыхэм я хьэпшып тIэкIури КIэмхьэз ихьырт. ЩтапIэ ихьэжахэм яхэтт шыгу зэщIэщIам иси, шым теси, ауэ нэхъыбапIэр лъэст, хъыдан кIапэ тIэкIухэм кIуэцIыпха я хьэпшыпхэр я плIэм идзэжауэ. Шынагъуэт сабий зи Iэблэм тес анэхэм уаIуплъэну: хуабэр зыхэкIа я нэкIум идиихьа я нэхэм нур ящIэтыжтэкъым. Iуейурэ еша сабийхэм я лъэIури абыхэм зэхахыжтэкъым. Псоми я псэр япэкIэ яхьт, зыхуахьыр езы дыдэхэми къагурымыIуэжу.

КъыщIэпхъуэжахэм я сатырым апхуэдизкIэ зиукъуэдияти, и пэр Драу бгъурыту ех гъуэгушхуэм щынэсам и кIэр иджыри мэзым къыщIэкIатэкъым. Дэмэд сымэ бгъуэщIышхуэм гуп-гупурэ щитIысыкIахэм щаблэкIым, «Фэ фыадыгэкъэ?» – жиIэри, зыгуэр шэтырым къыщIэкIиикIащ.

– НтIэ, дыадыгэщ! – жэуап итыжащ КIэмхьэз.

– Абы щыгъуэ фэ мыбдежщ хэщIапIэ фщIын хуейр, – къыщIэбэкъукIащ шэтырым зы щIалэ. – Мыбдежырщ я зэхуэсыпIэр Кавказ Ищхъэрэр къэзыбгына псоми.

Дэмэдрэ КIэмхьэзрэ зэплъыжащ.

Зи щхьэр теха джипым ису инджылыз офицеритI абыхэм яблэжри псым нэхъ и гъунэгъуу къыщыувыIащ. Машинэм иту зы зауэлIым цIыхухэм закъыхуигъэзащ:

– ФIэхъус фыдох псоми! – жиIащ офицерым, и макъым зригъэIэтурэ. А псалъэ дыдэхэр урысыбзэкIи къэIуащ. – Мыбдеж фыкъыщызэтеувыIэ, фымышынэ, дяпэкIэ фэ зыри къывэIусэжынукъым! Фэ фыкъахъумэнущ союзникхэм я зауэлIхэм. Дэ псоми фызыщIэсын шэтыр фэттынущ, сыхьэт зытIущ хуэдэкIэ ерыс-

къыи къыфхуэтшэнущ. Фэ, дауи, фешащ икIи фымэжэлIащ. Зывгъэпсэху, иджыри дызэрылъагъунщ, тхьэм жиIэмэ.

– Зэхэпха, Дэмэд? – къэпсэлъащ КIэмхьэз. – ЖаIэр пэжмэ, ди Iуэхур Iей хъун хуэдэкъым.

–Аращ, Алыхьым жихуиIар тлъагъунщ.

ЦIыхухэм бгъуэщIым зрагуэшащ. Дэмэди псым нэхъ пэгъунэгъуу зы щIыпIэ хигъэунэхукIри КIэмхьэз къриджащ.

– ПщыIэ дыгъэщI, КIэмхьэз, мыбдеж зыкъомрэ зыщытIэжьэну къыщIэкIынущ.

КIэмхьэз Iуэхум «хьэуэ» къыхигъэкIакъым. Сытым щыгъуи къыздрихьэкI джыдэ цIыкIур къищтэри абы псы IуфэмкIэ иунэтIащ, дзэл къудамэхэр къыгуиупщIыкIыу къихьын мурад иIэу. Дэмэди щIым къазыкъ зыбжанэ хиукIэри пкIэлъейуэ зэрипха бжэгъухэм я лъабжьэхэр абыхэм яригъэубыдыжащ. КIэмхьэзрэ Николасрэ къахьа чы лантIэ цIыкIухэр абыхэм даухуэнэжри уэсым къыщIэщыжа удз гъуахэмрэ тхьэмпэхэмкIэ ябгъэжащ. ПщыIэр хьэзыр хъуат: щIыIэм ущимыхъумэми, ар жьыугъуэджэт. Апхуэдэ гуэрхэр ящIащ адрейхэми. Бгъэным и пIэкIэ щыгъын щIыIутелъхэр къэзыгъэсэбэпаи щыIэщ.

Дихьэхыпауэ пщыIэм елэжь Дэмэд сымэ гу лъатакъым нетIэрей джипым и ужь иту хьэлъэзешэ машинэшхуэ гуэр гъущI гъуэгум къызэпрыкIыу адыгэхэм я хэщIапIэм деж къызэрыщыувыIам. Инджылыз офицерыр джипым къикIри бгырыс щIэпхъуэжахэм я нэхъыжьыр ириджащ.

– Феплъыт абы, – къыхэкIиикIащ адыгэхэм зыгуэр, – инджылыз офицерыр урысыбзэкIэ дэгъуэу зэрыпсалъэм! Зэхэфхрэ?

– УрысыбзэкIэ псалъэу етIуанэ инджылыз офицер! – къэпсэлъащ нэгъуэщI зыи. – ТIэкIу мыкуэдыIуэу пIэрэ ар зы махуэм?! ИтIанэ дэ урысыбзэкIэ къыдэмыпсалъэми хъунущ, дэ дыадыгэщ!

Гурыщхъуэ ящIауэ адыгэхэр къикIуэтыжу хуежьащ, ауэ хьэрэмагъ лъэпкъ зыхэмылъ гуфIэкIэкIэ къахуэкIуэ зауэлIым Iэнкун ищIыжахэщ. Адыгэхэм я нэхъыжьыр гупым хэкIри офицерым и Iэр иубыдащ.

– Сэ фэ, Кавказ Ищхъэрэм къиIэпхъукIахэм, си нэIэ фтезгъэтыну къалэн къысщащIащ, – закъыхуигъэзащ абы адыгэхэм. – Дауэ фыщыт? Гъуэгуанэ хьэлъэм Iейуэ фригъэша? Сымаджэ къыфхэт? Апхуэдэ щыIэмэ, сэ занщIэу хъыбар сывгъащIэ, дэ дохутыри сымаджэщи диIэщ. Си гугъэмкIэ, мыбдеж хэщIапIэ зыщIар адыгэ-

хэрщ, пэжкъэ? Дэ алыфбейм дытету щтапIэ ихьэжа лъэпкъхэм дэIэпыкъуныгъэ ядот. Мис, фэ япэу шхын къыфхуэтшащ! АдэкIэ далъэIэсынущ балъкъэрхэм, дагъыстанхэм, ингушхэм, къэрэшейхэм, осетинхэм, шэшэнхэм. Тутын уефэну? – зригъэзэкIащ абы адыгэхэм я пашэм дежкIэ. Тутыныр хущIигъанэурэ адэкIэ офицерым и псалъэм пищащ: – Иджы сывгъэтх дапщэ фыхъуми! Спискэ щIауэ фиIэ? Дэгъуэ гуэрщ, къэфхь мыдэ ар. Абы сыщIыхуейр иджы нэужь ерыскъыуэ къыфхуэсшэнур зыхуэдизыр сщIэн щхьэкIэщ!

Офицерым Iэ яхуищIри адэIуэкIэ къыщыт сэлэтхэр къыбгъэдэлъэдащ. Ахэр псынщIэу Iужыжхэри хьэлъэзешэ машинэр гупым къыбгъэдахуащ.

– Сэ фэ къыфхуэсшащ, мыкуэд дыдэми, зэкIэ фызэрызэIурыун: щIакхъуэ, быченэ, шкIэлад, былымыл, банкIхэм ярылъу, хьэнтхъупсу вгъэвэн гуэрхэр, шэ, кофе, шей, фошыгъу, нэгъуэщI ерыскъыхэкIхэри. ИтIанэ котелоки къыфхуздэсшащ, хьэнтхъупс ирагъэвэнщ жысIэри. Яхуэвгуэш а псори фи цIыхухэм – ахэр ешащ икIи мэмэжалIэхэр. Пщэдеи зэ дыкъыфлъыгъуэзэнщ. Узыншэу фыщытхэ!

Офицерыр джипым итIысхьэжри IукIыжащ, ящIэнур зымыщIэ цIыхухэр кIэлъыплъу къызэхинэри. Хьэлъэзешэм илъхэр зауэлIхэм кърахыурэ ауэ деж къыщызэтралъхьащ. Тхьэусыхэ, гъы, щэIу макъ фIэкI куэд щIауэ зэхэзымыхыжа тхьэмыщкIэхэр Iэнкуну зэхэтт, ялъагъур я фIэщ мыхъуу. Инджылыз сэлэтхэр тхылъымпIэ пхъуантэхэр къызраха хьэлъэзешэм дэлъеижхэри ежьэжащ, цIыхухэри щтэIэщтаблэу ерыскъым хуэкIуэу ежьащ. АдэкIэ къэхъункIэ хъунур къызыгурыIуа нэхъыжьым щIалэ нэхъ лъэрызехьитI къыхихри унафэ яхуищIащ ерыскъыр зэхуэдэу псоми хуагуэшыну. ЩIалэхэм щтапIэ ихьэжахэр къызэтрагъэувыIащ икIи тхьэмадэм къащищIа къалэныр IэкIуэлъакIуэу ягъэзащIэу щIадзащ – зэрызехьи зэныкъуэкъуи Iуэхум къыхагъэкIакъым.

КIэмхьэз езыми, Дэмэди, Николаси я Iыхьэхэр къиихьри пщыIэм къыщIыхьэжащ.

– ИгъащIэм зэгъэуIуауэ слъэгъуакъым мыпхуэдиз ерыскъы хьэлэмэт! Инджылызхэм жагъуэу дыкъалъагъуу къыщIэкIынкъым. Сытуи цIыхуфIыщэхэ икIи жумартхэ! – игъэщIагъуэрт КIэмхьэз.

– Ахэр, дауи, хуэщIауэ псэухэу къыщIэкIынщ. ИтIани, яIэм хэзымытыкIыф дапщэ щыIэ?! Инджылызхэр фIэрафIэ гуэр хъунщ, – жиIащ Дэмэд, Николас игъэшхэну и куэщIым иригъэтIысхьэурэ.

Дэмэд егугъупэурэ щIалэ цIыкIур игъашхэри шкIэлад Iыхьи тригъэшхыхьыжащ. ИтIанэ тхьэмпэ гъуа нэхъыбэ щызэтрилъхьам деж и кIагуэр щиубгъури абы Николас тригъэгъуэлъхьащ.

– Иджы уэ тIэкIу жей, си щIалэ, КIэмхьэз кIуэуэ ди гъунэгъухэм я Iуэху зытетыр къытхуищIэху.

– Сыт зи гугъу пщIыр, Дэмэд? – лIыжьыр зыхуейр къыгурымыIуауэ къызэфIэтIысхьащ КIэмхьэз.

– НтIэ, къаз идзам хуэдэу уагъашхэу уаIыгъыну ара уи гугъэр? – Дэмэд и нэщхъыр зэхиукIащ. – Уи фIэщ хъуауэ ара а нобэ уагъэлъэгъуа шейтIан джэгур?

– СщIэркъым жысIэнури... – и псалъэр щIилъэфыжащ КIэмхьэз.

– УмыщIэмэ, кIуэи, зэгъащIэ! Пщэдейрей махуэм уемыгупсысу упсэу хъунукъым, си къуажэгъу лъапIэ! Хэт сымэ ди гъунэгъухэр? Сыт я мурадхэр? ДэнэкIэ здагъэзэну я гугъэр?

– ГъэщIэгъуэныр жыбоIэри, Дэмэд, хэт а псор зыщIэр?

– Уэ езым бгъэщIэгъуэжынщ, цIыху къызэрыгуэкIхэм ящIэр жебгъэIэфмэ, – жиIэри Дэмэд сабийм хуигъэхьэзыра пIэм Николас хигъэгъуэлъхьащ.

– Хъунщ, сэри зыгуэрхэм сыщIэупщIэнщ. Уэ зыгъэпсэху, си псэ! Дэ иджыпсту къэдгъэзэжынщ. Умышынэ, ди хьэпшыпхэри хъумэ!

ЩIалэ цIыкIур пщыIэм къыщIанэри, Дэмэдрэ КIэмхьэзрэ IукIащ.

Николас къыщыушам, пшапэр зэхэуа къудейт, ауэ пщыIэ кIуэцIыр кIыфIт. Дэмэди КIэмхьэзи къагъэзэжатэкъым. Николас къэгузэвауэ пщыIэм къыщIэкIащ. И хъуреягъым цIыхухэр зыбгъэдэс мафIэхэр щыблэрт. АдэIуэкIэ, нэхъ ищхъэрэкIэ, адыгэ уэрэдыжьым и макъамэ гуузыр зыгуэрым пшынэм кърigъэкIыртиг, цIыхухъу зыбжани абы дежьурт. Ауэрэ гъыбзэр къафэ псынщIэм хуэкIуэжри ислъэмейр псыхъуэ псом тепщэ щыхъуащ. ПхъэцIычри къызэрылъэлъащ. Зы щIалэ гупым къыхэлъэтри лъапэпцIийуэ утыкур къызэхижыхьащ, ар зэлъыIуигъэкIуэту. Абы къеувэкIахэри я Iэгум щысхьыжтэкъым. Хьэзабищэ ятелъу нышэдибэ къуршыр къызэпызыупщIа гупырауэ къыпхуэщIэжынтэкъым мыбдеж къыщызэхуэсахэр. Сыту зэпэгъунэгъущэ гуауэри гуфIэгъуэри! Сытуи мащIэ цIыхур зыхуейр насыпыфIэу зилъытэжын папщIэ!

А псор къызэрыфIэIуэху щыIэтэкъым и сабийр быдз иригъафэу щыс цIыхубзым. И закъуэу ар мафIэм бгъэдэст, зэхэзежэу пщыхьэщхьэшхэ зыгъэхьэзыр

цIыхубзхэм я дежкIи еплъэкIыртэкъым. Николас абыкIэ иунэтIащ, ар и анэр ара хуэдэу къыщIыфIэщIар езыми къыгурымыIуэжауэ. Ар хуейтэкъым абы и гущIэгъуи, пэплъэтэкъым и псалъэ IэфIи – и гъусэу мафIэм зригъэун къудейуэ арат.

– Николас, си щIалэ цIыкIу! – къызэхихащ абы Дэмэд и джэ макъыр. Ар къэувыIэри къызэплъэкIащ – лIыжьыр бауэбапщэу къыкIэлъыжэрт.

– Укъэтэджа, си дуней нэху? – ар къэсри сабийр зрикъузылIащ. –НакIуэ, Николас, дэри мафIэ тщIынщ!

Николас дзадзур зыгъашхэ цIыхубзымкIэ зэ еплъэкIыжри Дэмэд дежкIэ къигъэзэжащ. ЛIыжьым мафIэ зэщIигъэнэху, КIэмхьэзи къэсыжащ.

– ФIэхъусыж, си къуэш, уздэщыIа хасэм сытхэр къыщыулъагъу, сытхэр къыщыущIэ? – дэгушыIащ абы Дэмэд.

– СыздэщыIа хасэм фIы лъэпкъ щызмылъагъут, фIы лъэпкъи щамыIуатэт! – зыкъыпищIыжащ абы Дэмэд. – Ауэ гушыIэр хэбдзмэ, цIыхухэр хуабжьу мэгузавэ, пщэдейрей махуэм имыгъэпIейтей яхэткъым. ТIэкIу зыстхьэщIынщи, нэхъ гупсэхуу дытепсэлъыхьыжынщ слъэгъуахэмрэ зэхэсхахэмрэ, – жиIэурэ, сабыныр къищтэри, КIэмхьэз псымкIэ иунэтIащ.

– Уэ сыт пшхын, си щIалэ? – зыкъыхуигъэзащ Дэмэд Николас.

– Лы.

Дэмэд банкIым и щхьэр трихри илъыр фалъэ куум кърилъхьащ. Хьэлу Iыхьэ къыдыщIигъури, ар сабийм къыIэщIигъэуващ.

– Шхэ, си щIалэ, уэ быдэу ушхэн, къару зэбгъэгъуэтын хуейщ!

Николас арэзыуэ и щхьэр ищIащ. Абы хэту КIэмхьэзи къэсыжащ, псы пэгун иIыгъыу.

– Мылым хуэдэу щIыIэщ псыр. ЗызгъэпскIынщ жысIати, сыдыкъащ! – тхьэусыхащ ар, мафIэм къетIысылIэурэ.

Дэмэд абыи шхын иритащ. ИтIанэ, зэкIэлъигъэпIащIэу лы тыкъыр цIыкIухэр езыдзых и къуажэгъум еплъурэ, щIэупщIащ:

– Сыт къэпщIэфа, КIэмхьэз?

– УижыIауэ, цIыхухэм ямыщIэ щыIэкъым. Мы дыздэщыс щIыпIэм зэреджэр Одердраубургщ, – жиIащ КIэмхьэз, и жьэм жьэдэлъыр иригъэхри. – Мы аузыр, къуршымрэ Драу псымрэ я зэхуакур, хэщIапIэ зыщIар Кавказ Ищхъэрэм къиIэпхъукIахэрщ. Ахэр нэрыбгэ мин тIощIым ноблагъэ. Мо Iуащхьэжьым адэкIэ

Филлах къалэр къыщысщ. Аращ Инджылызым и дзэр щиIыгъыр. Кавказым къикIа нэгъуэщI цIыхухэри щыIэу жаIэ мыбы. ЗэрагъэхъыбарымкIэ, къэжэр гупышхуэ Италием щаубыдри мыбы къашащ, ермэлырэ куржыуэ мин зыбжанэ Лиенц деж щаIыгъщ. ЦIыхухэм жаIэр уи фIэщ пщIымэ, тэтэр, тырку, монгол, нэгъуэщI нацменми мин щиплIым нэс мы аузым щызэхуэсащ.

– Хэт нацменкIэ зэджэр? – зэпиудащ КIэмхьэз и псалъэр Дэмэд.

– Урысхэм нэмыщI, Совет Союзыр зыбгына нэгъуэщI лъэпкъ цIыхухэм мыбы зэрыщеджэр нацменщ.

– Урыс къыщIэпхъуэжахэм щхьэкIэ зыгуэр жаIэу зэхэпха?

– Урысхэм тепсэлъыхьхэу зэхэсхакъым, ауэ украинхэр куэдыкIейщ. Уеблэмэ ахэр нэхъыбэ дыдэ хъууэ жаIэ. Тэн, псыжь, тэрч къэзакъхэри мин тIощIрэ пщIырэ хуэдиз хъууэ щхьэхуэу Лиенц деж щаIыгъщ. Абы нэмыщIкIэ зэхэсхащ генерал Власовым и дзэр Карлсбад, Чехословакием щыIэу. ЗэрыжаIэмкIэ, «террор плъыжьым» зыщахъумэу къыщIэпхъуэжахэм я бжыгъэр псори зэхэту зы мелуаным ноблагъэ.

– Чехословакиер дэнэкIэ здэщыIэр? – щIэупщIащ аргуэру Дэмэд.

– СщIэркъым, – зиумысыжащ КIэмхьэз. – Котчахрэ Лиенцрэ къуэкIыпIэмкIэ щыIэу жаIэ, Шпиттельрэ Филлахрэ – къухьэпIэмкIэ. Шпиттель иджыри адыгэ гуп щаIыгъыу зэхэсхащ.

– Сыт хэпщIыкIрэ генерал Власовым и зауэлIхэр инджылызхэм я дзэм хыхьэну къызэрыхуагъэувам? ИтIанэ сыт мы аузым урыс командованэ нэхъыщхьэм и лIыкIуэхэм щащIэр?

– Сыт урыс?

– Коммунистхэрщ, дауи. Ахэр ди цIыхухэм къахопсэлъыхь, я хэку ягъэзэжыну къыхураджэу.

– Си фIэщ хъуркъым. Пэжщ, сэ цIыху куэд срихьэлIащ, инджылызхэм дзыхь хуамыщIу. Абыхэм жаIэ инджылызхэр зэрыхьилэшыр, ауэ дауэ зэрадэр коммунист-командирхэм мыбы хуиту къыщакIухьу? Ар акъылыншагъэщ. ИтIанэ сэ зэхэсхащ коммунистхэм къаIэщIэкIахэр Канадэм е Австралием ягъэIэпхъуэну.

– Сэ къызгурыIуаращи, – жиIащ Дэмэд къэтэджыжурэ, – мыбы щекIуэкIхэр узыщыгуфIыкIын гуэркъым. ЦIыху Iувыр гуартэм ещхьу IумпIафIэ мэхъу, уздыхуеймкIэ пхуэшэу. Ауэ сэ сыIэщкъым икIи зыми хуэздэнукъым си Iизыншэу сыздыхуэмеймкIэ сашэу.

Сэ щхьэхуиту сыпсэуащ, щхьэхуиту сылІэжынуи сыхуейщ. Си гум жеІэ фІы лъэпкъ мыбы къызэрыщытпэмыплъэр, ауэ иджыпсту дывгъэжей. Деплъынщ пщэдейрей махуэм къытхуихьми...

Драу аузыр щтапІэ ихьэжахэм псэупІэ зэращІрэ махуэ зыбжанэ дэкІат. Гуп щхьэхуэхэм я пашэхэм лІыщхьэ зыбжанэм лъэІукІэ зыхуагъэзат я къэралхэм щыпсэуну хуит ящІынуи, псори жэуапым ежьэрт.

Зы махуэ гуэрым инджылыз офицерыр аргуэру къакІуэри цІыхухэр къыхатхыкІыну къахуигъэуващ. ЦІэ-унэцІэм, къыщалъхуа гъэмрэ щІыпІэмрэ, зыщыщ лъэпкъым къадэкІуэу ятхырт цІыхум зэрихьэ динри, и фэр, и нэхэр, щхьэцыр зыхуэдэ плъыфэри, и щІэныгъэр, ІэщІагъэр, нэмыцэхэм ядэлэжьарэ ядэмылэжьарэ, нэгъуэщІхэри.

Гупхэм я пашэхэм къыхуащІа унафэр къызэрыжраІа дыдэм хуэдэу ягъэзащІэри спискэхэр инджылыз офицерым Іэрагъэхьэжащ. Ауэ абы цІыхухэр нэхъри къызэщІиІэтащ. Ягъэхъыбар хъуащ Союзым ягъэзэжыну куэд дыдэ щІэлъэІу хуэдэу, щІадзауэ ахэр ягъэбелджылыуэ. Пшынэ макъми пичащ, гушыІи дыхьэшхи афІэкІа къэІужакъым.

Зы пщэдджыжь гуэрым инджылыз офицерым къытригъэзащ, зауэлІ гупышхуэ и гъусэу. ЦІыхухэр зэхуригъэшэсри абыхэм я пащхьэ кърищащ полковник гуэр. Ар кІыхьу икІи мыгурыІуэгъуэу тепсэлъыхьащ Великобританиемрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ коммунистхэм я дарэгъуу куэдрэ зэремыкІуэкІынум, коммунизмэмрэ демократиемрэ зэзэгъынкІэ Іэмал зэримыІэм. ИтІанэ щтапІэ ихьэжахэм ящыщу зи узыншагъэ къихьынухэм закъыхуигъэзащ Инджылызым и дзэм хыхьэну зрагъэтхыну. Инджылыз сэлэтхэм я хуитыныгъэхэм хуэдэ дыдэ абы хыхьэ псоми кърагыну тхьэ щиІуэжырт полковникым: еджэну хуейхэр офицерхэр щагъэхьэзыр еджапІэхэм щІагъэтІысхьэнущ, къулыкъукІи драгъэкІуэтеинущ. Ауэ абы и пэ къихуэу... щтапІэ ихьэжахэм Іэщэу яІыгъыу хъуар инджылызхэм иратын хуейт. Апхуэдэу щІащІыр жьы хъуа урыс, нэмыцэ Іэщэхэр инджылызхэм яй, иджырей зэрызауэ Іэщэ нэхъыфІхэмкІэ зэрахъуэкІынущи аращ, тригъэчыныхьырт полковникым. Абы и ужькІэ Іэщэ къызыкъуаххэм Великобританием и хабзэхэм япкъ иткІэ ткІийуэ зэрабгъэдыхьэнури ибзыщІакъым офицерым.

Полковникым и псалъэхэр имыух щІыкІэ хьэлъэзешэ машинэшхуэ гуэр къыІуахуэри къагъэувыІащ.

– ФIыгъ Iэщэ псори ифлъхьэ мобы! – и Iэр ишияш машинэмкIэ офицерым. – Зыми фи цIэ-унэцIэри къефхьэлIа Iэщэр зыхуэдэри итхынукъым. Фымышынэ, фыкъекIуалIэ! Дэ дызыхуейр мы щIыпIэм Iэщэ лей щыземыкIуэнырщ...

– Фэ, инджылызхэр, апхуэдизу фыщыхабзэщIэкъукIэ, сыт жасусу къытхаутIыпщхьа коммунист къомыр щIэвмылъагъур? – къыхэгуоукIащ цIыху зэхэтхэм зыгуэр.

– Зиусхьэнхэ! – пищащ и псалъэм полковникым. – Сэ сыкъыщIэкIуар коммунизмэм дызэребэныну щIыкIэр вжесIэн щхьэкIэкъым. Апхуэдэ къалэн сэ къысщащIакъым, апхуэдэ хуитыныгъи сиIэкъым: сэ унафэ къысхуащIар вжесIэжа къудейуэ аращ. Фэ езыхэр фыхуитыжщ, ар фи фIэщ фщIынуми фымыщIынуми, ауэ фыкъызэдаIуэрэ вжесIар вгъэзащIэмэ, фи дежкIэ нэхъыфIщ. Аращи, дывмыгъэгувэ, къефхьэлIэ Iэщэхэр! Дэ ахэр зэрывгъэпщкIум дыщыгъуазэщ!

ЦIыхухэр зэщIэхъеящ, ящIэнумкIэ зыр адрейм еупщIыжу хуежьащ. Абы хэту, гупым зы щIалэ къыхэкIри Италием щащIа щакIуэ фочыр машинэм иридзащ. Абы къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщIхэри. Дэмэдрэ КIэмхьэзрэ ялъэгъуащ нэмыцэ вермахтым и офицер фащэ зыщыгъхэми яIыгъ Iэщэхэр къызэрахьым. КIэмхьэзи пщыIэм щIэлъэдэжри и кIэрахъуэр къыщIихащ. Дэмэд абы IэщIэуэри кIэрахъуэр къыIэщIиудащ икIи пIащIэу и гуфIакIэм дидзащ.

– Сыт пщIэр, Дэмэд? – къэуIэбжьащ КIэмхьэз.

– Уэращ зыщIэр, КIэмхьэз, сэракъым! – хуилъащ абы Дэмэд, и нэщхъыр хузэхиукIэурэ. – Зы псалъэ къыфIумыгъэкI, иджы щыщIэдзауэ кIэрахъуэр зейр сэращ. Лъытэ ар машинэм иплъхьауэ!

Николас къэгузэват зэкъуажэгъуитIым зызэрадзынкIэ, ауэ нэщхъ IейкIэ зэплъхэри абы къыфIагъэкIаIакъым. ИтIанэ тесабырэжхэри, машинэм зыщызыIэт Iэщэхэм еплъу увыжахэщ.

– КIэрахъуэр едгъэтмэ, нэхъыфIщ, Дэмэд, – къэпсэлъащ зыкъомрэ щыму щыта КIэмхьэз.

– Абы утемыпсэлъыхьыж щыжысIакIэ, утемыпсэлъыхьыж, КIэмхьэз, – идакъым Дэмэд. – Зы махуэ гуэр уэ езым фIыщIэ къысхуэпщIыжынщ апхуэдэу зэрозмыгъэщIам щхьэкIэ!

– ЗэикI къэмыхъуну аращ апхуэдэу!

– Алыхьым жиIэ! – къыпыгуфIыкIащ Дэмэд, и ныбжьэгъум и дамэм теуIуэурэ.

КIэмхьэз зыри къыпидзыжакъым. Адрей махуэхэм

хуэмыдэу, гукъанэ тӀэкӀу зым адрейм зэрыхуиӀэр къапщӀэу, ахэр зэдэшхэри лъэныкъуэ зырызкӀэ ӀукӀащ, цӀыхухэм яхэупщӀыхьын, я гуращэхэр зрагъэщӀэн мурад яӀэу.

Инджылызхэм Ӏэщэр зэщӀакъуэри ӀукӀыжа къудейуэ Ӏуащхьэм къыщхьэщыхьащ зы бронемашинэ. «Ныбжьэгъухэ, фыкъэдаӀуэ!» – къиӀукӀащ абы урысыбзэ къабзэкӀэ, аузыр зи хэщӀапӀэхэр къигъащтэу, икӀи «Яблочко» уэрэдыр кърагъауэу хуежьащ:

Эх, яблочко,
Куда ты катишься?
Ты мне в рот попадешь,
Не воротишься...

Ар зэхэзыха цӀыхухэм я фэр пыкӀащ. Нэхъыбэу ягу щӀыхьар уэрэдым хэт псалъэхэрт – ахэр езыхэм я щхьэм хуахьат. Иджы зыми шэч къытрихьэжыртэкъым инджылызхэр къазэребзэджэкӀам.

– Я «Яблочкэр» къащӀэзмыгъэныжмэ, си тхьэрыӀуэщ! – жиӀэри зы щӀалэ щӀэпхъуат бронемашинэмкӀэ, ауэ лъэбакъуэ зытхух фӀэкӀ ирамыгъэчу инджылыз сэлэтхэм ираудри езыхэм я машинэмкӀэ иралъэфэжьащ, и Ӏэхэр ӀэпщэхъукӀэ зэкӀэрыӀулӀауэ. Ауэ абыкӀэ Ӏуэхур зэфӀэкӀакъымӀ – я ныбжьэгъур кърагъэлыну адыгэ щӀалэ зыбжанэ зауэлӀхэм ятезэрыгуащ. Зэрызехьэ, хъуанэ, зэхэуэ... Абы хэту къэса инджылыз сэлэт гупышхуэм зыкъэзыӀэтахэр гъущӀ гъуэгум къызэпрадзыжри, нэхъ къиинхэр джипхэм ирадзэурэ Ӏуашащ.

– Дэмэд, плъэт мобыкӀэ! – жиӀащ КӀэмхьэз, Ӏуащхьэм къыщхьэдэхауэ къахуэкӀуэ сэлэтхэмкӀэ и Ӏэр ишийурэ.

– Уэ уи гугъат инджылызхэр щихъыу! – пидзыжащ Дэмэд, и макъым губжь къыщӀыхьауэ. – Мыдэ къакӀуэ уэ, Николас, си Ӏэр къэубыд! КӀэмхьэз, дэ даубыдыну хуежьэмэ, псым дыхэпкӀэнурэ зредгъэхьэхынущ, ди къарур пэлъэщыху. Хэт ищӀэрэ абы дыкъригъэлынкӀи хъунщ мы жыхьэнэмэм!

– Сыт жыпӀэр, Дэмэд, псыр мылым хуэдэщ! Абы сабийр хэбгъэхьэ хъурэ? Зыгуэрхэр зэпрысыкӀыну хуежьати, хитхьэлыхьащ е инджылызхэм хаукӀыхьащ!

– Хъунщ, абы щыгъуэ дзэл къудамэ зыбжанэ къыпыупщӀи къэхь, – унафэ хуищӀащ и гъусэм Дэмэд. – Ахэр зэкӀуэцӀытпхэнщи, плот папщӀэу къэдгъэсэбэпынщ.

– Ари хъунукъым. Мыр къуршыпсщи, уэр дыдэщ, псыпыхухэри архъуанэхэри и куэдщ.

– ИтIани, дыхуей хъумэ, дытегушхуэнщ!

КIэмхьэз джыдэр къиищтэри псы IуфэмкIэ иунэтIащ. Дэмэдрэ Николасрэ якIэлъыплъырт аузыр къэзыухъуреихь дзэм. Пулеметхэр зи щхьэщыгум къит бронемашинэхэр нэпкъитIым екIуэкIыу къргагъэувэкIат.

– Дэмэд, ахэр дэ къытхэуэну ара? – щIэупщIащ Николас.

– Хьэуэ, си псэ. Си фIэщ хъуркъым апхуэдэу ящIэну. Ахэр зыхуейр Совет Союзым драгъэшэжыну аращ. Умышынэ, сэ сыпсэууэ уэ лей ухуэзэнкъым!

– СощIэ!

– Дэнэ щыпщIэр? – къыпыгуфIыкIащ Дэмэд.

– СощIэ сэ уэ узэрылIыхъужьри, кIэрахъуэ узэриIэри. Слъэгъуащ ар КIэмхьэз къызэрытепхар.

– А-а, зи гугъу пщIыр КIэмхьэз и кIэрахъуэра? Уэри уэ, си бзаджэ цIыкIу... – жиIащ Дэмэд, щIалэ цIыкIум и щхьэм Iэ дилъэурэ. Николас и Iэ гъур цIыкIуитIымкIэ лIыжьым и пщэм зришэкIащ.

Аузыр къэувыхьыныр зэрызэфIэкIыу щтапIэ ихьэжахэм я пашэхэр инджылызхэм я дзэ унафэщIхэм ираджащ. Куэд дэмыкIыу ахэр хьэлъэзешэ машинэхэм ирагъэтIысхьэри Шпиттель къалэмкIэ ирашэхащ, хъумакIуэхэр ящхьэщыту.

– Ди унафэщIхэр ягъэтIысащ! Ди пашэхэр тхагъэкъэбзыкI! – къыхэкIиикIащ инджылызхэм ящIэхэм якIэлъыплъу зэхэт гупым щыщ гуэр. Аузыр зэщIэхъеящ. Зыкъомми машинэхэмкIэ задзащ, ауэ сэлэтхэр къапэувври ягъэкIуакъым.

– Плъагъурэ къэхъухэр? – щIэупщIащ губжьауэ КIэмхьэз.

– Солъагъу, КIэмхьэз, епIэщIэкI! Сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу зи ужь дихьа Iуэхур ухын хуейщ. ЖысIатэкъэ, абыхэм Iэщэр щеттым дызэрыщыуэр? – жиIащ Дэмэд, и къуажэгъум къихьа дзэл къудамэхэр зэрипхыурэ.

Абы хэту зэрыпсалъэ тепщэчышхуэр зытет машинэ псынщIэр къахыхьэри цIыхухэм закъыхуигъэзащ:

– Зиусхьэнхэ! ФыкъэдаIуэ! – къиIукIащ «тепщэчым» урысыбзэкIэ цIыхубз макъ. – Мыр зыхуэгъэзар урыс гражданствэ зимыIэхэрщ. Инджылыз командованэр къыволъэIу гупым факъыхэкIыу гъуэгубгъум фыкъыIухьэну. Фэ фи тхылъхэр къапщытэнурэ нэгъуэщI лагерхэм фагъэкIуэнущ! Къытызогъэзэж...

– Сыт абы къикIыр? – щIэупщIащ КIэмхьэз.

Дэмэд и дамащхьэр дришеящ.

– Лагерь нэхъыфI гуэрым ягъэIэпхъуэну арагъэнщ, – жиIащ абы.

– Адрейхэр-щэ?

– Алыхьым ещIэ адрейхэм я Iуэху зэрыхъунур.

ЦIыху зыбжанэ асфальт гъуэгу Iуфэм еувэкIащ, я хьэпшып тIэкIухэр зэкIэрыпхауэ яIыгъыу. Абыхэм я нэхъыбапIэр зи ныбжь хэкIуэта лIыжь-фызыжьхэт, пащтыхьыр щытрадза зэманым Урысейр зыбгынахэт. Я тхылъхэм еплъурэ, сэлэтхэм ахэр хьэлъэзешэ машинэхэм ирагъэтIысхьэри Iуашащ. Мыдрейхэм къэхъуар къагурымыIуэ щIыкIэ «бауэбапщэу» мафIэгу фIыцIэ кIыхьыжь къэсри лагерым ику дыдэм къыщыувыIащ. Асыхьэтым IуащхьэмкIэ къиIукIыу щIидзащ «Яблочко» уэрэдыр. Ар зэпыури, цIыхухэм зэхахащ:

«Ныбжьэгъухэ, зи хэкур зыбгына ныбжьэгъухэ! Фэ къыводжэ совет командованэр! ФыкъакIуэ, фыкъыдбгъэдыхьэ, езыхэм ффIэфIу Совет Союзым вгъэзэжыну фызэрыхуейр къэвгъэлъагъуэ! Апхуэдэу зымыщIхэр щIегъуэжынущ... Фи насыпыр фи IэкIэ фымыкъутэж!»

Лъыр лъынтхуэм изыгъэпцIыхь псалъэ жагъуэхэр зэхэзыха цIыхухэр дымыжтэкъым – аузыр даущыншэ хъуат. Ауэ апхуэдэу куэдрэ щытакъым. Пхъэ вагоныжьхэм я бжэхэр кIыргъри, IэщэкIэ зэщIэузэда инджылыз зауэлIхэр къищэщу хуежьащ.

– Фынежьэ! – унафэ ищIащ Дэмэд.

Къудамэ зэкIуэцIыпхахэм я кIапитIыр яубыдри Дэмэдрэ КIэмхьэзрэ псым яхьащ. Дэмэд псынщIэу къигъэзэжри хъуржын цIыкIур къищтэжщ, Николас и Iэпэр иубыдри псымкIэ щIэпхъуэжащ.

– НыбэгукIэ тегъуалъхьи, уи IэхэмкIэ быдэу убыд мыр, Николас! Сыт къэмыхъуами, умыутIыпщ! – жиIащ Дэмэд, сабийр тригъэтIысхьэурэ. Езыхэми апхуэдэу ящIащ.

Ахэр псы уэрым ирихьэжьащ, зэм щIигъэмбрыуэу, зэми къыдридзеижу.

Гу къалъызыта хъумакIуэхэми шэр къытрагъэлъалъэу щIадзат, ауэ аузым къыщыхъуа зэрызекъуэм яIэщIигъэгъупщыкIыжагъэнщ, щIэх щагъэтыжащ. Нэр темыпыIэу ирихьэх «кхъуафэр» мывэшхуэ гуэрым жьэхэуэри Дэмэд кърихдзыхащ. Хъыдан кIапэ хуэдэ ипхъуэтауэ псым ирихьэх лIыжьым гужьеяуэ Николас зыкIэлъидзащ:

– Дэмэд, Дэмэд! – и тхьэ къызэрихькIэ кIийрт ар.

КIэмхьэз пхъуэри сабийр къиубыдыжащ, ауэ езыр псым хэпкIащ. Николас и щхьэр къиIэтри илъэгъуащ

КIэмхьэз и Iэ лъэщхэмкIэ щIитхъуурэ Дэмэд гъунэгъу зэрыхуэхъуар, ауэ асыхьэтым езыр архъуанэм щIигъэмбрыуэри... дунейр къытеункIыфIащ.

Николас и нэр къыщызэтрихыжам, псыр къызыпыж сэлэт гуэр къыщхьэщыст, и Iэпэ пыдиикIахэр иIуэту. Абы нэгъуэщI зы сэлэт къыбгъэдэлъадэри, сабийр къагъэтIысащ. Николас зауэлIхэм закъыIэщIиуду щIэпхъуэжыну къеIащ, ауэ хузэфIэкIакъым. ЕтIуанэ сэлэтым къыхуишия шкIэлад Iыхьэри къыIихын идакъым. Абы хэту щIыпIэм щыщ зы мэкъумэшыщIэ лIыку гуэр блэкIырти, сэлэтхэм ар къагъэувыIэри щIалэ цIыкIур иратащ, и жыпми ахъшэ тIэкIу хуралъхьащ.

МэкъумэшыщIэм Николас и пщампIэр иубыдри ирилъэфэжьащ. Ауэ тIэкIу зыкъэзыщIэжа сабийр абы едэIуэн мурад иIэтэкъым, Николас и гупсысэр здэщыIэр и гъусэхэр щыфIэкIуэда псы Iуфэрт. ЩIалэ цIыкIум аргуэру зригъэнащ. Ар имыдэу, мэкъумэшыщIэр къеIунщIри сабийр къыхыфIихуащ. Николас къэтэджыжыну къеIэкъым. «Тэдж, дыгъужь шыр!» – жиIэу австрийцыр лъапэкIэ къыщеIунщIым, сабийр пхъуэри абы и лъакъуэр иубыдащ икIи и дзэхэр и лъэнкIапIэнэгэгъум хиукIащ. МэкъумэшыщIэр къыхэкIиикIри ехуэхащ. Николас ар къигъэсэбэпри нэпкъым екIуэкI чыцэхэм зыхидзащ. Ар банэхэм зэхафыщIэрт, лъэнтхъуийхэм яфIэуэурэ ягъэджалэрт, и бэуэнри къипиубыд хъуат, ауэ щIалэ ерыщ цIыкIур къэмыувыIэу жэрт.

– Ей, джигит! – къеджащ абы зыгуэр.

Николас къэувыIащ. «Хэт хъуну ар?» – егупсысащ сабийр. Кавказым «джигитым» лIыхъужь кърагъэкI. Абы и щхьэр къиIэтащ. БгъуэнщIагъ щIыхьэпIэ дыдэм къытетт зы щIалэ, цей хужьыбзэ, пыIэ хъурыфэ хужь, шырыкъу фIыцIэ щыгъыу. Абы и бгым ищIат адыгэ къамэрэ кIэрахъуэрэ.

– Дэнэ унэсыну, шууей? – аргуэру къэIуащ нетIэрей макъыр.

Николас ешыщати, и щхьэр Iэтауэ хуфIэIыгъэжтэкъым.

– Мыдэ къакIуэ! Умышынэ, сэ сы-Къазбэчщ!

«Къазбэч» псалъэр зэрызэхихыу, Николас и псэр къыхыхьэжащ. Дэмэд фIыуэ илъагъу и ныбжьэгъут Къазбэчыр.

– Къаз-бэч! – сабийр къызэрыгъуэтыжауэ абы бгъэдэлъадэри зридзащ.

– Дэнэ щыIэ Дэмэд? – къеупщIащ ар, щIалэ цIыкIур зрикъузылIэурэ.

– Псым итхьэлащ! – къыщиудащ Николас.

– КӀэмхьэз-щэ?

– Ари...

Къазбэч сабийм нэгъуэщӀкӀэ къеупщӀакъым, атӀэ и плӀэм ар дигъэтӀысхьэри бгъуэнщӀагъым щӀихьащ.

– Умыгъ, къуэш! Хэт ищӀэрэ, ди щхьэщыгу итым нэхъыфӀыныр а тӀум къахуищӀэжагъэнри Ӏуэхум хэлъщ, – жиӀащ Къазбэч, Николас и дамащхьэм къригъэувэхыжурэ. ИтӀанэ пӀыщӀа щӀалъэ цӀыкӀум и цей къуащӀэхэр кърищэкӀри аузымкӀэ игъэплъащ. – Еплъыт мо къуэм къыщыхъухэм! Сэ быдэу си фӀэщ мэхъу Ӏэхъулъэхъу илъу Дэмэд Сыбыр къыщыхутэ нэхърэ мыбы щылӀэмэ, нэхъ къищтэну зэрыщытар! Дэмэд щхьэхуитыныгъэр къытепхри букӀри и зэхуэдэщ. Еплъ инджылыз напитӀхэм ящӀэм! Абыхэм гу якӀуэцӀылъкъым, гущӀэгъу жыхуаӀэри ящӀэркъым – апхуэдиз хьэзаб зышэча тхьэмыщкӀэ къомыр зэщӀэгъуагэу мафӀэгухэм иракӀутэурэ коммунистхэм иратыж, Сыбыр зэрашэнур ящӀэ пэтрэ!

Теплъэгъуэ жагъуэт щӀалэмрэ сабиймрэ я нэгу щӀэкӀыр. Аузыр тенджыз къэукъубеяуэ зэрызехьэрт, зэм зы лъэныкъуэмкӀэ, зэми адреймкӀэ ещӀэу. Сэлэтхэмрэ бронемашинэхэмрэ хуэм-хуэмурэ вагонхэм иракъузылӀэ цӀыхухэм гужьеяуэ адэ-мыдэкӀэ задзырт. ЦӀыхубз тхьэусыхэхэмрэ сабий зэщӀэгъуагэхэмрэ къазэрыфӀэӀуэху щыӀэтэкъым инджылыз зауэлӀхэм.

ГъущӀ гъуэгум деж зэрызекъуэр щызэщӀэплъащ. Сэлэтхэм ятелъэлъащ мывэхэр, баш, къэрэкъурэ лъэдакъэхэр – цӀыху гужьеяхэм япэу къапэщӀэхуахэр. Фочхэр зэдэуащ, автоматхэр зэдэлъэлъащ; сэлэтхэм я хъущӀэ, хъуанэ макъым хэгъуэщэжащ мафӀэгум ирахулӀэ тхьэмыщкӀэхэм я лъэӀумрэ лъыр къапыжу щӀым хэхуэхэм я щэӀумрэ. Фоч лъэдакъэхэрт иджы Ӏуэхур «зэфӀэзыхыр».

Зэхэуэм къыхыхьащ я насыпыншэгъухэм ядэӀэпыкъуну къэса гъунэгъу лагерхэри. Зэи къэхъуащ сэлэтхэр ирагъэкӀуэту, абыхэм я сатырыр щӀыпӀэщӀыпӀэкӀэрэ щызэпатхъаи. ЦӀыху гужьеяхэр Драу хэпкӀэрт, абы зэпрыкӀмэ къелын гугъэ яӀэу. Ауэ къуршыпс щӀыӀэм къаруушэ хъуа цӀыхухэр ипхъуатэрти, и архъуанэхэм щигъэдийрт, итӀанэ псыхьэлъахуэу къыщыдридзеижырт. Зыгуэрхэри адрей нэпкъым нэсыфырт, ауэ апхуэдэхэр мащӀэт.

– Сыт щӀэпхъаджагъэ! Сыт напэншагъэ! – и фӀэщ хъуртэкъым и нэгу щӀэкӀыр Къазбэч. ЩӀалэ уардэм и нитӀым хуэфӀу къыщӀэува нэпсым аузыр пшагъуэм хригъэӀубат.

– Къазбэч, уэ угъыу ара? – къекъуащ абы и цеикIэм Николас, зи дамэхэр гуэлэла щIалэшхуэм худэплъейуэрэ.

Николас и упщIэм жэуап къыпэкIуакъым, Къазбэч ар нэхъри зрикъузылIа къудейщ.

ЩIалэхэм къалъэгъуащ Филлах лъэныкъуэмкIэ Iуащхьэм къыщхьэпрыкIа хьэлъэзешэ машинэхэм сэлэтхэр къызэрищэщыр. Куэд дэмыкIыу зэпыча сатырхэр абыхэм зэхуащIыжри, цIыхухэр ирахужьэжащ, зылъэщIыхьэхэм автомат лъэдакъэр я щхьэм техуэу. Удын зылъысхэм я нэхъыбэр ехуэхырт, ауэ ахэр къагъэтэджыжыну зыри хэттэкъым, къызыфIэIуэхуи щыIэтэкъым: ехуэхар абдеж къыщынэрт. УIэгъэхэмрэ хьэдэхэмкIэ псы Iуфэр сеят. Блыным хуэдэу зэкъуэува сэлэтхэм я мыжурэпэхэмкIэ мафIэгум ирахулIэхэр нэгъуэщI гупым щыщхэм къаубыдурэ вагонхэм ирадзэрт.

Зи адэ-анэхэр зыфIэкIуэда сабийхэри зэхэзежэрт, я макъхэм къимыкIыжIауэ, ауэ я нэхэм нэпсыр къащIэлъэлъу. И щхьэгъусэмрэ илъэсибгъу-пщIым итын и сабиймрэ сэлэт удыным щихъумэну къэува лIыр ираудри мафIэгумкIэ иралъэфэжьащ. Хъийм икIа цIыхубзыр мэз джэдум хуэдэу бийм телъащ, къыпэщIэхуэр ифыщIу, ичатхъэу, ауэ и щхьэм къытехуа удыным ар щIым хиIулIащ мыхъеижу. Ар зылъэгъуа щIалэ цIыкIум зидзри гъунэгъу къыхуэхъуа сэлэтым и кIэрахъуэр къыкIэриудащ икIи инджылызхэм яхэуэу иригъэжьащ. Зы сэлэт джэлащ, етIуанэр... къыщылъэтыжри щIэпхъуэжащ, ещIэкъуауэу. Ауэ асыхьэтым и щIыбагъымкIэ къыщытехуа фоч лъэдакъэм щIалэр ириудащ, пIэжьажьэу. Къыбгъэдэлъэда сэлэтхэм кIэрахъуэр абы къыIэщIаудыжри, езыр зэпылэлу, яхьри вагоным ирадзащ.

– Мыбдеж дыщывукI! Абы дгъэзэжми, аращ къытпэплъэр! Куэдщ дэ хьэзабу тшэчар! ДывукIи, дывгъэтыншыж! Дэ дывукI, ауэ гущIэгъу яхуэфщI ди сабийхэм! – къыхэIукIырт зэрыхьзэрийм цIыхубз гужьеяхэм я макъхэр...

МафIэгур кIыхьу къыхэкIиикIри хьэлъэу папщэурэ ежьащ, цIыху минхэм я гуIэ макъыр аузым дишу. Драу аузым кIыфIыр къыщхьэщыгъуалъхьэрт, мафIэгум и ужь иту щIэпхъаджагъэ иным и лъэужьыр щIихъумэжу. Ауэ абы иджыри куэдрэ къыхэIукIащ Къазбэчрэ Николасрэ я гур къизыIуэнтIыкI гузэвэгъуэ макъ жагъуэр.

– НакIуэ, Николас! – жиIащ Къазбэч, щIалэ цIыкIур бгъуэнщIагъ щIыхьэпIэмкIэ кърiIуэнтIэкIыжурэ.

– Дэнэ?

– Мы щIыпIэм сыт хуэдизкIи пэIэщIэ зыщIын хуейщ! Нэху зэрыщу инджылыз сэлэтхэм мыр щIащыкIыу хуежьэнущ, щIэпхъуэжахэр къаубыдыжын щхьэкIэ!

БгъуэнщIагъым щигъэпщкIу и хьэпшып тIэкIуфэкIухэр Къазбэч къызэщIикъуэжри ахэр Альп бгыхэм ихьэжащ...

* * *

– Ей, Роландэ, къэуш! Рим дыкъэсащ! – къекъуащ абы и джанэ кIапэм зыгуэр.

Николас и кIартIуз натIэр дригъэкIуэтеймэ, нетIэрей щIалэ цIыкIур къеплъу щытт щтэIэщтаблэу.

– Роландэ, уэ угъыу ара? Уи мамэр уигу къэкIауэ ара? – къеплъырт сабийр, гущIэгъу зыхэлъ и нэ фIыцIэ пIащитIыр къытриубыдауэ.

Николас зыгуэхэр жиIэнути, и жьэпкъ зэщIэдиихьар хузэщIэхыжакъым, ауэ Iэбэри сабийр зрикъузылIащ...

# А БЗИЙХЭР АДЫГЭМ ЩИГЪАФІЭРТ И ГУЩІЭМ

*Эргин Гунджер*
*Инэмыкъуэ Мулид*
*Кубэ Шэбан*
*Шыфэкъужь Самихьэ*
*Іэпэзауэ Жэмал*
*Къат Фейсал*
*Наурызокъуэ Мыхьмуд*
*АфэщІыж Іэмин*
*Къазбэч Самихь*
*Барут Исуф*
*Цурмыт Елдар*
*Дыгъужь ФуІэд*
*Джэнк Авджы*
*Хъунэгу Надия*
*Хъан Исмэхьил*
*Тхьэгъэзит Рэфикъ*
*Багъ Яшар*
*Чып Имдэт*



# Эргин ГУНДЖЕР

## НЭХУЛЪЭ

Къалэжьым и блынхэр къреIэ мазэщIэм,
Жэщ дыгъэу мазэщIэм уэгу лъагэр щIещыкI.
Адыгэ бзылъхугъэр хуогуфIэ мазэщIэм...
Бзу фIыцIэр зэ закъуи си Iупэм темыкI.

Нытохьэр мазэщIэр тенджызым и щыгум.
Нарыуэ псы щIагъым ар хуэму щIосыкI.
Щоушэ сабийхэр Шэрджэсым и щIыгум...
Бзу фIыцIэр зэ закъуи си Iупэм темыкI.

Тенджызым и Iуфэр къегъаблэ мазэщIэм.
Нэхулъэм и бзийхэр хъуащ нэгум щIэмыкI.
А бзийхэр адыгэм щегъафIэ и гущIэм...
Бзу фIыцIэр зэ закъуи си Iупэм темыкI.

Сихьауэ сэ лIыпIэ сошыхьыр тутыныр,
ХиупщIэу кIыфIыгъэр ар Iупэм темыкI...
Къэщтауэ бзу фIыцIэр толъэтыр си Iупэм –
Бзу фIыцIэр хъуащ нобэ нэхулъэм къыукI...

# ИНЭМЫКЪУЭ Мулид

## ТЕНДЖЫЗЫМ ЙОПСАЛЪЭ НЫУЭЖЬЫР

Тенджызыр мэушэ, мэятэ, мэгубжь,
Толъкъунхэр губжьауэ псы нэпкъым йозауэ,
Илъагъу къыфIощIри кIуэдахэм я ныбжь,
МэгуIэ фызыжьыр, тенджызым Iухьауэ.

IэмыщIэм изыбзэу псы кIантIэр къищтауэ,
Йопсалъэ фызыжьыр, йоубзэ, йолъэIу:
«Си лъэпкъым гуIэгъуэр и махуэщ куэд щIауэ,
Си лъэпкъым и гущIэм гуфIэгъуэр щыгъэIу».

МэхъущIэр тенджызыр, зешыхьыр гъуэжькуийуэ,
«Иджыри!» – жыхуиIэу, кхъухьыжьым йоIунщI.
Зэрехьэ кхъухьыжьыр тенджызым къуэщIийуэ,
Адыгэм и гуауэр псыжь ябгэм еIущI...

Тенджызыр мыушэ, мыдзакъэ аслъэну,
Дзыхауэ къыпфIощIыр кIуэдахэр игъей.
Си лъэпкъым и бынхэр, пшахъуэщIыр тепIэну,
Я лъахэм епщIыхьу псы щIагъым щожей...

Тодие ныуэжьым и нитIыр тенджызым,
Бзылъхугъэм и нитIым нэпс шыугъэр щIоткIухь.
Ар зэуэ къыхощтри ироплъэ тенджызым –
Псы Iуфэм ерагъыу къопщылIэ зы кхъухь...

КъелакIэщ си лъэпкъыр, гуфIэгъуэм и жьантIэр
Лъысауэ си щIэблэр Алыхьым къигъэхъу...
IэмыщIэм  изыбзэу къищтауэ псы кIантIэр
Йопсалъэ фызыжьыр, Iэ делъэ, йохъуэхъу.

# КУБЭ Шэбан

## ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Сэ Іуащхьэу щыІэм срамахуэщ,
СыІуащхьэщ сэ, сы-Іуащхьэмахуэщ.
Сэ сыжьэгъухущ мазэгъуэ нэгуу,
Дидэху и пыІэр щыслъагъуу уэгум.

Сэ срагъуазэщ кхъухьыжь гъуэщахэм,
Кавказ къуршыжьхэми сратхьэмадэщ.
КъысхуокІуэ хьэщІэ сэ лъагъунлъагъу,
Си лъапэ щІэсхэм я щыпэлъагъу.

ЩакІуэлІу лІыжьыр пщыІэм къыщІоплъыр,
Іэдакъэ жьауэу си нэкІум къоплъэр.
Уафэм пшэ телъмэ, кІагуэр къыздещтэ,
Дыгъэпсым хэтмэ, езым нэхъ къещтэ.

Къуэщхьэхъум хъушэр щохъурэхъуэкІыр,
Шыхъуэм уэрэдыр жыжьэ щегъэІур.
ЗэуІуу Іэщыр лІым къегъэдаІуэ,
Лъахэр и макъым ирегъэдаІуэ.

Къуршыщхьэ псынэхэр зи бгъафэм щІэжым
И жьыбгъэ ІэфІым хитІыр добжьыфІэ...

# ШЫФЭКЪУЖ Самихьэ

## ШЭРДЖЭС ЩІЫНАЛЪЭР ДИ ГУМ ПЫМЫКІ

У э р э д

Черкесск къалэр, эхьери-ри-рэ, гъатхэм догъагъэри, уей,
Хъыджэбз гъэгъахэр, эхьери-ри-рэ, зыми пэдмыщI, уей.
Кубаныпсыжьыр, эхьери-ри-рэ, уэру йожэхри, уей,
Иордан кIуэжын мыгъуэри, эхьери-ри-рэ, гугъуу
къытщохъур дэ.
Архъыз аузыр, эхьери-ри-рэ, дахэу къогъагъэри, уей,
Дэ къедгъэгъыхыурэ, эхьери-ри-рэ, хэкум докIыжыр,
уей.
Домбей и джабэхэм, эхьери-ри-рэ, уэсыр темыкIрэ, уей,
Ди гум имыкIыр, эхьери-ри-рэ, адыгэ тIэкIурщ дэ.
Куэшхьэблэ шухэм, эхьери-ри-рэ, дыгъэр къадофэри,
уей,
ГуфIэгъуэ махуэри, эхьери-ри-рэ, къэдвгъэIэтыт, уей.
Адыгэ шыгухэм, эхьери-ри-рэ, сабэр къаIэтри, уей,
ЗыдвгъэIэти, эхьери-ри-рэ, хэкум дывгъэкIуэжыт дэ.
Беслъэней къуажэми, эхьери-ри-рэ, и цIыхухэр
къытпоплъэри уей,
Ди гум къыдэплъэр, эхьери-ри-рэ, адыгэ тIэкIу
мыгъуэрщ, уей.
Архъыз и дыгъэр, эхьери-ри-рэ, пшэхэм щIелъафэри,
уей,
ДыщIимылъафэ щIыкIэ, эхьери-ри-рэ, къэдвгъэгъэзэжыт
дэ.

# ӀЭПЭЗАУЭ Жэмал

## НЭПЛЪЭЖЫГЪУЭ ДГЪУЭТЫЖЫНУ?

– Ди щӀыгужьу Адыгейр
щхьэ дбгынат, си нанэ?
– Адэжь лъапсэу ди дунейр
Тхьэр зэбгат а махуэм.
– Ди хэку дыщэм димызагъэу
щхьэ дикӀат, си нанэ?
– Ныуэжь гуӀэм зыдигъазэу
щӀыр дэгызт, си щӀалэ!
– Хэгъуэгу лъапсэр гум пымыкӀыу
щхьэ тхъуэжат, си нанэ?
– Хьэжрэт гъуэгум, лъыр нытеткӀуэу,
трахуат лъэпкъ тӀасэр.
– Хэхэс лъахъэр щитхыжынур
сытым щыгъуэ, нанэ?
Щигъуэтынур нэплъэжыгъуэр
уи бын дахэм дэнэ?..

# КЪАТ Фейсал

## СИ АДЫГЭ ПЩАЩЭ

Си адыгэ пщащэ, си къэрабэ гъуэжь!
Мазэу сыщытамэ, жэщ къэс сыпхуэзэнт,
уи нитI нагъуэр вагъуэу, сэ къыпхуэзгъэблэнт.
Си адыгэ пщащэ, си тхьэрыкъуэ пщэху!
Дамэ стетыгъамэ, уафэм сынихьэнт,
укъесхьэхыжынти, щIым ущызгъэфIэнт.
Си адыгэ пщащэ! Налмэс щыгъэ ткIуэпс
сыхъурэ, уэлбанэшхуэу сыкъешхамэ сэ,
гуауэ щIэтыр уи нэм щIэстхьэщIыкIыжынт.
Си адыгэ пщащэ, зеич лантIэу къэш!
Жьыбгъэу сыщытамэ, зыносшыхьэкIынт,
IэплIэ ныпхуэсщIынти, сынодэхэщIэнт.
Си адыгэ пщащэ, уэзджынэ зу макъ!
ЗишэщIамэ си гум шыкIэ налъэу зэм,
ныхихьэнт уэрэду уи дахагъэр бэм.
Си адыгэ пщащэ, си гугъапIэ жыжьэ!
Нытехьащи хым мы сигу  кхъуафэжьейр
Iэдииху и Iэблэу гъуазэ хуэхъу къудей.
Си адыгэ пщащэ, си пщIыхь дахэкIей...

# НАУРЫЗОКЪУЭ Мыхьмуд
## *(Мыхьмуд Самий аль-БАРУДИ)*

### ЛЪЭКIЫНКЪЫМ ЗЫМИ ЩХЬЭЩЭ СИГЪЭЩIЫН

Сэ джатэ гъэбзэкIэм сыщыгъуазэщ,
Нартыжьхэм я лIакъуэм срищылъхущ.
Техуэнкъым си гум тщхьэщыт гъуэзыр,
Къыхъумэм бэр мы си псэр тыхь хуэсщIынщ.

Дапщэщ лейгъэшым дыхэкIыну?
Щхьэ ди ержыбхэр убзэщхъуа?
ЛIы щымыIэжым пэжыр дигъэкIыну,
ХурелIэ цIыхур апхуэдэ дунейм.

Сэшхуэдзэр лейм дэ къытфIыIуигуэм,
Мывахъуэм дэддзэм, жан хъужынщ.
Мы си лъэр куэдрэ схущIаудми,
ЛъэкIынкъым зыми щхьэщэ сигъэщIын!

# АФЭЩІЫЖ Іэмин

## ХЭКУ ЗИМЫІЭР БЗЭНШЭЩ

– Хэкужь  и бзэ иІэжщ, жаІэ.
– СщІэркъым!
– Іэлыфбеи тхыбзи иІэ?
– СщІэркъым!
– Зэкъуэшыгъэм джэгу ныхуащІрэ?
– СщІэркъым!
– Адыгэжьхэр зауэм хэтхэ?
– СщІэркъым!
Аращ, сыткІэ къызэупщІми,
ЯжесІэнур сщІэркъым.
Хэку зимыІэр бзэншэу ІупщІщи,
ИІэр щхьэкъым, пщІэкъым.

# КЪАЗБЭЧ Самихь

## ТХЬЭМЫЩКIАГЪЭЩ

Хэхэсыныр тхьэмыщкIагъэщ,
БзэмыIуныр нэхъыкIэжщ.
Къылъысащи а мыгъуагъэр,
КIыфIщ хьэжрэтым и дунейр.
Ди адэжьхэр къущхьэхъу шухэт,
Я тIысыпIэр бланэ хэкут.
Хамэ лъахэр шыгъу мышыути,
Гу лъыстакъым, сигъэткIуху.
Си пщIыхьэпIэр адэжь хэкущи,
Си гуращэр удзу щокI.
ТхьэмыщкIагъэр бжьыхьэ уэгущи,
Къешхыр нэпсу къызобэкI.
ЩыкъухьэжкIэ къуршхэм дыгъэр,
Жьыбгъэ пхъашэм сеутхыпщI.
Сигу зыгъэфIыр зыщ – усыгъэщ,
Адрей псомкIи сыIэгу нэщIщ.

# БАРУТ Исуф

## БЛЭКIА ЗАУЭМ И НЭЛАТ

Гупсысэр нобэм и пщэдейщ,
Нобэр къопсыхыр нэхъыкIэжу.
Дуней хьэху дытет къудейщ,
Допсэур кIуам дыхуеплъэкIыжу.

Сыт тхьэмыщкIагъэ ишэчар
Си лъэпкъ хей зэбграхуам?
Уэ, адыгэщI, уи нэгу щIэкIар
Къуршышхуэ хъунт, зэтралъхьам.

Зы хьэлу IулъхьэкIэ ягъапцIэу
МащIэ уи быну дашэхар?
Итащ хамэщIым IэпцIэлъапцIэу
Пагэу зэгуэр шыбгым исыгъар.

Ди гупсысэр нэфщ, зэвгъащIэ,
Хамэ гупкIэ дисыхункIэ.
Сытым щыщ ныбэиз гъащIэр
Уи мыуэрэд жыпIэхункIэ?

ТхьэмыщкIагъэщ, ей адыгэ,
Хамэ джэгум дэ дыхэтщ.
Мы ди щIэблэр зыгъэгуIэр
БлэкIа зауэм и нэлатщ.

# ЦУРМЫТ Елдар

## ТХЪЭГЪУЭЩ СЭРКІЭ

Тхъэгъуэщ сэркIэ,
Си щIыгужь къэзгъэзэжащи.
Тхъэгъуэщ сэркIэ,
Хэхэс лъэхъур зисхыжащи.

Си Iум щызу жьэдызошэ уи жьыр,
Си пкъыр ныхоткIухьыр уи дунейм.
Уэрыншам зэшыгъуэт сэ къызэжьэр,
Си гур пхъэрт уэр папщIэ, Адыгей!

Илъэс дыджхэм яIуэнтIа шэрджэсым
И къэкIуэнур, сощIэ, фIы къудейщ.
Уэ къыппэплъэр гъащIэщ, хуэдэу псысэм,
Лъэпкъ зэкъуэтым дахэщ и пщэдейр.

Тхъэгъуэщ сэркIэ,
Си хэкужь сисыжщи.
Тхъэгъуэщ сэркIэ,
Щызотх абы уси.

# ДЫГЪУЖЬ ФуIэд

### УЗ

Уз Iеищэу къызоуз,
Къызоузри сегъэгыз.
Пхъэхым хуэдэу сызэпех,
КъысхыхьэхукIэ сегъэтхых.
Къызэузми – си гуапэщ,
СрищIыкIми – сфIэлъапIэщ.
Уэ си узу, бетэмал,
ХыумыгъэщIыт зы мэскъал.
Адыгэ псоми еуалIэ,
Псори зы щIыпIэ ешалIэ.
Уеуз хъумэ – заIэтынщ,
Уи хущхъуэгъуэр къагъуэтынщ.
Гъуэгу нэхъыфIым дытепшэнщ,
МыхъумыщIагъэм дыхэпшынщ.
Сэ си узыр хэт къищIэн?
И щэхуфIыр къыздищIэн?
Адыгагъэрщ къызэузыр,
ЦIыху пэжагъырщ сэ сызысыр.
ЗэрыцIалэми си узыр,
Сыхъужынут зэуэзэпсэу:
Си лъэпкъ мащIэр зы хъужамэ,
Iуащхьэмахуэ тлъагъужамэ.

# ДЖЭНК Авджы

## КАВКАЗУ СИ ЛЪАГЪУНЫГЪЭ

Кавказу си лъагъуныгъэ,
Дауэ ныпхуэсIуэтэн
Уи деж къыщыщIэкI дыгъэр
Къызэрысщыхъур жэнэт?

НэпситI сэ къысфIыщIокIыр,
Си дахэ, согупсысыху.
Зыр жьыбгъэм ныпхуехьыр,
Адрейр си бампIэдэхщ.

НэпситIыр хэкуитI щIагъэкIыу
АпщIондэхункIэ къысщохъу.
Удзри шыугъэу къыщокIыр
АпщIондэхункIэ Къущхьэхъу.

# ХЪУНЭГУ Надия

### УМЫЩIЫТ УИ ЖАГЪУЭ

УмыщIыт уи жагъуэ пшахъуэщI гъунапкъэншэр
Гуузу, гуIэу нэщхъей зэрыхъуар.
Щхъуэчыфэу хуэигъуэ си щхьэц зэрызешэм
Хьэрып щIыналъэр хэщхьэрыухьащ.

УмыщIыт уи жагъуэ си псалъэ къуэпсыщIэр
ГухэщIу узу зэрыкIэзызар.
Кавказ къурш щхьэхухэм хуэхъуапсэу, хущыщIэу
Си нэ къабзитIыр абы хуэплъызащ.

УмыщIыт уи жагъуэ, ппэIэщIэ сащIауэ
Сэ нрезгъэхми хамэщIым сэлам,
ПIащIэу мэпабгъэр си Iэгу пхуэгъущIар
Адэжь щIыналъэу сызыхуэзэшам.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и гъэмахуэ уафэр
Дыгъэ бзий нэхукIэ сыт щыгъуи гъэнщIащ.
Ауэ мы си псэр махуэ имыгъафIэ –
КъемыхуэбылIэу си гур упщIыIуащ.

Бахъсэн уэрэдыр къыщриш аузым
Сыдэту хуиту махуэ сыбэуам,
Зэуэ хъужынут сэ спкъырытыр узу,
Къэхуэбэжынут дыгъэ упщIыIуар.

# ХЪАН Исмэхьил

## ДЫНЭКIУЭЖЫНУЩ ХЭКУЖЬЫМ

Сымыпсэужу жаIэми,
СыкIуэдыпауэ хахьэми,
Гъусэ сиIэнущ – зэвгъащIэ,
Къысхуагъэдахэу гъащIэр.
Бзэ зимыIэж бзэншэхэр,
ЦIэ зимыIэж цIэншэхэр
Си гъусэу сынэкIуэжынущ –
Ди лъэпкъыр лъэрыхь хъужынущ.
ЩIэрыщIэу сэ фхуэстхыжынущ
Хэхэсым и тхыдэ жагъуэр,
Ди бынхэми яIуэтэжынущ,
Я нэм текIынущи пшагъуэр.
СылIауэ сэ зыгъэIуахэм
ИращIэ, укIытэжынущ.
Гум телъа дыркъуэр мыкIыжурэ
Лъахэм и дыркъуэр кIыжынущ.
ДынэкIуэжынущ щхьэхуиту,
Адэжь бэракъыр тщхьэщыту,
Мы ди псэр илъу зы чысэ,
И дыгъэр хэти къыттепсэу.

# ТХЬЭГЪЭЗИТ Рэфикъ

## ГУ ЩЫЗМЫХУЭЖЫНУ ПІЭРЭ?

НэгъуэщI зы лъагъукIэу
Уилъщ мы си гум уэ.
Тенджыз сыдж бэтауэ
Щос гурыщIэм ар.
Хэсщ си лъахэ нагъуэр
Псэм щызгъафIэ псом.
Гур хуопхъэр а гъуазэм,
Дэжми дяку псы къом...

Сымылъагъужыну пIэрэ?

Гъэхэр шыц уэс щабэу
ГъащIэ жьыбгъэм блех.
Гугъэр май къэрабэу
Адэжь лъахэм схуехь.
Къухьэу слъагъумэ дыгъэр,
Си псэр мэпIейтей.
Мы си лъэпкъ хьэжрэтыр
Насып щхьэ хуэхей?..

ИмыIуэтэжыну пIэрэ?

Тэрч и даущ макъым
Фэ сыщIэвгъэжей.
Сывгъэшэс алъп хъыжьэм,
Севгъэжьэж пщэдей.
НэгъуэщI зы лъагъукIэу
Солъагъу Къэбэрдейр,
ЩыIэ уэ къофIэкIыу
ЩIыпIэ мы дунейм?!

Гу щызмыхуэжыну пIэрэ?

# БАГЪ Яшар

## ДЭШЭХЫГЪУАФIЭ ЩХЬЭ ДЫХЪУАТ?

Мо дыгъэр, мазэр, вагъуэхэр,
Щыхьэт техъуэнущ а къэхъугъэм:
Ди къуршхэр, хыр, адыгэ лъахэр
ДэгуIэрт щIыгум къихъухьам.
Илъэс мыгъуэжьырт а лъэхъэнэр –
ЛIэщIыгъуэ зауэр щиухарт.
Ди хэкужь куэщIым бийр щыпэкIурт,
ИстамбылакIуэм щыщIидзарт.
Жэщ кIыфIым хэту макIуэ шур,
И закъуэу гъуэгум ныхегъэщI.
Къуэш, бын иIахэр бий ерум
Къелакъым – я псэр хъуащ шэхьид.
Иджы IэщIокIыр зым пимыщIыр,
Лъынтхуэу Iэпкълъэпкъым хатхъыр ар.
Щхьэхуимит лъахэм сыт къинар? –
И шы натIэхурщ къыхуэнар.
Къопсыхыр шыми, хетIэ сэшхуэр,
Къытохьэ къафэу ислъэмей.
ГуIэгъуэм хуещIыр шейтIан джэгур,
И нэпс къыфIокIуэр хуэмеяу.
И къамэм жэщыр ныхеупщIэ,
Пегъэщ зы тхьэмпэ дей хуэлам.
ЩIыгужь и ятIэ нықIуэцIелъхьэ,
ГуфIакIэм делъхьэ тыгъэ хъуар.
Нэсащ нэхущым ТIуапсэ,
Хьэдрыхэ лъапсэщ щепсыхар:
«Ей, си адыгэ, си нэ – си псэ,
Дауэ фыкIуэдт си лъэпкъ псыхьар?!»
Бэгащ хы Iуфэр адыгэкхъэу,
Къэнар псэунуи хуэмеиж.
Ещып тырку кхъухьым хъуапсэнэIуу –
Адыгэ лIакъуэр зэщIекъуэж.

Къолъэтыр и гур хуэмыубыду,
Щолэхъу сэламыр ирехыж:
«Ихьэж къурш бгъуэщIым емылыджу,
Щхьэхуиту псэу, си къуэш, хыхьэж!»
И натIэм ба хуещIыж иужьу,
И тхыцIэм щабэу Iэ делъэж.
Шым зыхищIащи, щтэIэщтаблэу,
Кхъухьым итIысхьэм хуоплъэкIыж.
Ауэ илъагъур сыт телъыджэ –
И хуарэр зэу IумпIафIэ хъуаи,
Хамэ зауэлIыр къызэреджэу
И ужь иувэри IукIаи!
«Фэ, ди къуршыжьхэ, нэпс щIэвгъэкIыр
Псы абрагъуэу хым хохуэж,
ДэшэхыгъуафIэ хъуащ тхьэмыщкIэр,
ЛIыхъур тесыжкъым – псэр мэгыз!»
НатIэху иужьу Iэ хуещIыжыр,
И нэпсыр напIэм имыхуэж.
Ича лъэбакъуэм хущIогъуэжыр,
И шым зыхуидзу къыщIоIэж.
Тырку капитаным къегъэувыIэ,
Бзэ имыщIыхумкIэ къоущий.
Мэхъу и шым ещхьу ар IумпIафIэ,
И ужь йоувэ тырку уэлийм…

# ЧЫП Имдэт

## УИ КУЭЩIЫМ СЫЩЫГЪЭЖЕЙ

Гъуэгуанэ жыжьэ зэпысчри
Сэ хьэщIэу сыкъыпхуэкIуащ.
Уэ IэплIэ къызэшэкI закъуи –
Си псэр псалъэншэу зэгъэнщ.

Хамэ щIыгум сыщезэшащи,
Уи куэщIым сыщыгъэжей.

Гухэлъ тIыгъуахэр Iумахуэу,
Си псэ, сэ уэ пхуэсIуэтэнщ.
Гупсысэу си жьэм щапхахэр
ТIэкIу-тэкIуу къыпхуэстIэтэнщ.

Хамэ щIыгум сыщезэшащи,
Уи куэщIым сыщыгъэжей.

Къызэфти зы щIакIуэ фIыцIэ,
ШхыIэну ар зэсшэкIынщ.
УпщIэншэу Iуащхьэмахуэжьым
Си щIыбыр сэ езгъэщIынщ.

Хамэ щIыгум сыщезэшащи,
Уи куэщIым сыщыгъэжей.

Гъуэгуанэ бзаджэм тетахэм
Я гъыбзэм нышIэдэIуж.
Зеиншэу къэна уи бынхэм
Уи бгъафэр хузэIухыж.

Хамэ щIыгум сыщезэшащи,
Уи куэщIым сыщыгъэжей.

## ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР

**IуэрыIуатэ – дыщэ пхъуантэ**


Тхылъыр зэхэзылъхьам къыбгъэдэкIыу . . . . . . . . . . . . 3

*Гъыбзэхэмрэ уэрэдхэмрэ*

Рахьмэ и гъыбзэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
ПсыикIыжыр гуауэшхуэт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Ди гур къутауэ хэкур добгынэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11
Дыгъу Мэрзан и уэрэд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Къарс зауэм и уэрэд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Тхыдэ къэхъугъэщ лъабжьэ хуэхъуар . . . . . . . . . . . . . . . 14
Адыгэ бынхэм я кIуэдыкIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Гуащэнагъуэ дахэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Псэуху хуэпэжащ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20

*Псалъэжьхэр* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 22

*Къуажэхьхэр* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25

*Хъыбархэр, псысэхэр, гушыIэхэр*

Уд фызыжьым шейтIаныр жылэм зэрыдихуар . . . . . . . . 26
Дзагуэ теуэм зэрыхэтар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
Гъуийсий хьилэшы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Сэ сыщIелъэIуар къысхуищIащ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Сынэсыжмэ, сыукIыжынщ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Гукъыдэжыр зэлъытар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Ныбжьэгъум и Iыхьэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
И жагъуэ хъужат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34


**Хьэжрэт гъащIэм псэр ехуз**


*Хьэгъур Ахьмэд.* Адыгэ уэркъхэр. Д р а м э. *ЗэзыдзэкIар Едыдж Нихайрэ ТIымыжь Хьэмыщэрэщ* . . . . . . . . . . . 37
*Хьэтыкъуэ Умар.* Абрэдж щхьэ закъуэ. Р а с с к а з. *ЗэзыдзэкIар ТIымыжь Хьэмыщэщ* . . . . . . . . . . . . . . . . . . 89
*Хьэтыкъуэ Умар.* Бгырыпх. Р а с с к а з. *ЗэзыдзэкIар ТIымыжь Хьэмыщэщ* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 95
*Фэукъуэ Расим.* Жан. П о в е с т ь. *ЗэзыдзэкIар Къалмыкъ Аднанщ* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
*ГъуэгулI Четин.* Былыз къыздихь гъатхэ. Р а с с к а з. *ЗэзыдзэкIар ТIымыжь Хьэмыщэщ* . . . . . . . . . . . . . . . . . 108
*Чынт Мусэ.* Фэбжь. П о в е с т ы м щ ы щ п ы ч ы г ъ у э. *ЗэзыдзэкIар Едыдж Нихайрэ ТIымыжь Хьэмыщэрэщ* . . . . 114
*Хъуэст Надия.* Гупсэхугъуэ щимыгъуэтауэ. Р а с с к а з. *ЗэзыдзэкIар ТIымыжь Хьэмыщэщ* . . . . . . . . . . . . . . . . . 124

*Хьэхъуратэ Уэсмэн.* Къафэ. П ь е с э. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* ........................... 130
*Уэтэр Самий-Хьэмзэ.* Жыг къудамэ. Р а с с к а з. *ЗэзыдзэкІар Къалмыкъ Аднанщ* .................... 183
*Къандур Мухьэдин.* Маждэ. Р о м а н ы м щ ы щ п ы ч ы г ъ у э. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* ......... 185
*Натхъуэ Къадыр.* Щхьэлажьэ. Р о м а н ы м щ ы щ п ы ч ы г ъ у э. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* .......... 211

### А бзийхэр адыгэм щигъафІэрт и гущІэм

*Эргин Гунджер.* Нэхулъэ. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* ...................................... 231
*Инэмыкъуэ Мулид.* Тенджызым йопсалъэ ныуэжьыр ... 232
*Кубэ Шэбан.* Іуащхьэмахуэ. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* ........................................ 233
*Шыфэкъужь Самихьэ.* Шэрджэс щІыналъэр ди гум пымыкІ ........................................ 234
*Іэпэзауэ Жэмал.* Нэплъэжыгъуэ дгъуэтыжыну? *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* .................... 235
*Къат Фейсал.* Си адыгэ пщащэ. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* .................................. 236
*Наурызокъуэ Мыхьмуд.* ЛъэкІынкъым зыми щхьэщэ сигъэщІын. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* ......... 237
*АфэщІыж Іэмин.* Хэку зимыІэр бзэншэщ ............ 238
*Къазбэч Самихь.* ТхьэмыщкІагъэщ. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* ............................. 239
*Барут Исуф.* БлэкІа зауэм и нэлат ................ 240
*Цурмыт Елдар.* Тхъэгъуэщ сэркІэ. *ЗэзыдзэкІар ТІымыжь Хьэмыщэщ* .......................... 241
*Дыгъужь ФуІэд.* Уз ........................... 242
*Джэнк Авджы.* Кавказу си лъагъуныгъэ ............. 243
*Хъунэгу Надия.* УмыщІыт уи жагъуэ ............. 244
*Хъан Исмэхьил.* ДынэкІуэжынущ Хэкужьым ....... 245
*Тхьэгъэзит Рэфикъ.* Гу щызмыхуэжыну пІэрэ? ....... 246
*Багъ Яшар.* ДэшэхыгъуафІэ щхьэ дыхъуат? *ЗэзыдзэкІар Чурей Алийрэ ТІымыжь Хьэмыщэрэщ* ........... 247
*Чып Имдэт.* Уи куэщІым сыщыгъэжей ............ 249